# IУАЩХЬЭМАХУЭ

ISSN 0206 – 5266

СЕНТЯБРЬ • 2017 • ОКТЯБРЬ

5



# IУАЩХЬЭМАХУЭ

**12+**

**ЛИТЕРАТУРНО-ХУДОЖЕСТВЕННЭ
ОБЩЕСТВЕННО-ПОЛИТИЧЕСКЭ
ЖУРНАЛ**

**1958 гъэ лъандэрэ къыдокI**

**сентябрь 5 октябрь**

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм КультурэмкIэ
и министерствэмрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм
я союзымрэ къыдагъэкI

РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР

**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, БищIо Борис,
Гъут Iэдэм, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид,
КхъуэIуфэ Хьэчим, ТIымыжь Хьэмыщэ, Хьэвжокъуэ Людмилэ,
ХьэIупщы МуIэед (жэуап зыхь секретарь)

НАЛШЫК
2017

# Псалъащхьэхэр

## ЖьантIэ

*Балъкъэр усакIуэ Кулиев Къайсын къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу*

**КIыщокъуэ Алим.** Кулиев Къайсын. *Усэ* ........ 5
**Къэжэр Хьэмид.** МыкIуэдыжын хъугъуэфIыгъуэ........ 7
**Сокъур Мусэрбий.** ЩIылъэм и шынэхъыщIэ........ 14
**Шэвлокъуэ Пётр.** Лъэхъэнэм и усакIуэшхуэ........ 20
**Эфендиев Сэлихь.** Уахътыншэ........ 23
**Эфендиевэ Тамарэ.** МафIэкIэ псыхъа зэныбжьэгъугъэ........ 27
**Елгъэр Кашиф.** Ноби срогушхуэ........ 29
Кулиев Къайсын хужаIахэм щыщ пычыгъуэхэр........ 31
Кулиев Къайсын теухуа усэхэр........ 35
**Кулиев Къайсын.** *Усэхэр*........ 44
**Кулиев Къайсын.** ГукъэкIыжхэр........ 56

*ТхакIуэ, щIэныгъэлI Къардэн Бубэ къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу*

**Балэ Иринэ.** IуэхугъуэщIэхэм я зэхэублакIуэ........ 59
**БищIо Борис.** Лъагъуэхэщ........ 63
**Къардэн Бубэ.** Фронтым адэкIэ. *Повестым щыщ пычыгъуэхэр*........ 77

*УсакIуэ, публицист Джэрыджэ Арсен илъэс 70 ирокъу*

**Ширдий Маринэ.** Гугъу сеэмыгъэхьыр си тумызагъагъэрщ.
*Интервью*........ 103
**Джэрыджэ Арсен.** *Усэхэр*........ 114

## Адыгэ хэхэс литературэ

**Абдурэхьман ал-Хьэмиси.** *Хьыбархэр*........ 126

## Культурэ

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Уэтей Хьэзэм и ехъулIэныгъэхэр........ 155

Псалъэзэблэдз........ 158

*Балъкъэр усакlуэ Кулиев Къайсын къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу*



*Кулиев Къайсын Шува и къуэр Шэджэм Инцэ балъкъэр къуажэм 1917 гъэм ноябрым и 1-м къыщалъхуащ. Къайсын илъэситI ирикъуатэкъым и адэр дунейм щехыжам. ЩIалэ цIыкIу ныбжьым итт ар, бгырыс цIыхухъум и IэнатIэ мытыншым щеуэлIам.*

*Къайсын еджэн щыщIидзар Шэджэм Ищхъэрэ къуажэм дэт школырщ. Ар къыуха нэужь, Луначарскэм и цIэр зезыхьэ Театр институтым щIэтIысхьащ. Литературэ институтми (Москва) щеджащ – 1935-1939 гъэхэм. Къэбэрдей-Балъкъэр пединституты зы илъэскIэ литературэкIэ щригъэджащ. 1940 гъэм дзэм къулыкъу щищIащ. 1941 гъэм къыщыщIэдзауэ Хэку зауэшхуэм хэтащ, абы уIэгъэ хьэлъэ зыбжанэрэ щыхьуащ. Зауэ нэужьым, 1956 гъэ пщIондэ, Къайсын Къыргъыз Республикэм щыпсэуи хуей хъуащ – я хэкур ирагъэбгына нэужь, балъкъэрхэм я нахъыбэм ращ екIуэлIапIэ яхуэхъуар. УсакIуэм и нэгу щIэкIащ лей зытехьа лъэпкъ*

хейм ирагъэщIа хъэзабыр, игъэунэхуащ и лъэпкъэгъухэм я натIэ хъуа гукъутэгъуэр, ар къыхощыж абы и усыгъэ куэдым.

Хэкум къигъэзэжа нэужь, Литературэ курс нэхъыщхьэхэм (Москва) щеджащ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я союзым и правленэм и унафэщIхэм ящыщ зыуэ щытащ, жылагъуэ IуэхухэмжыджэрукIэ хэтащ, ди республикэми СССР-ми я Совет Нэхъыщхьэхэм я депутату зыбжанэрэ хахащ.

Хэку зауэшхуэм щызэрихьа лIыгъэмрэ къэралым и пащхьэм щиIэ фIыщIэмрэ папщIэ Кулиев Къайсын къратащ Ленин орден, Хэку зауэ орденым и I, II нагъыщэхэр, ГуащIэдэкIым и Бэракъ Плъыжь орденитI, медаль зыбжанэ.

Къайсын и япэ усэ тхылъыр 1940 гъэм къыдэкIащ. Абы къыкIэлъыкIуащ и усыгъэхэр щызэхуэхьэса тхылъ куэд – «Бгыхэр» (1957), «Си гъунэгъухэр» (1957), «ЩIымрэ уэрэдымрэ» (1959), «Псей щхъуантIэхэр» (1963), «Мывэ уIэгъэ» (1964), «Зейм и хъугъуэ», (1969), «ЩIым и тхылъ» (1972), «Гъэм и зэманхэр», «Ахъшам» (1975), «Дыгъуасэ. Нобэ» (1977), нэгъуэщIхэри. Къайсын и къалэмыпэм къыщIэкIащ «ЩIымахуэ» романыр, повестхэр; гукъэкIыжхэр, литературэм, культурэм, искусствэм теухуа тхыгъэ зэмылIэужьыгъуэхэр щызэхуэхьэсащ «Жыгри апхуэдэурэ мэкI» тхылъым (1975).

Къайсын и усэ тхылъхэм папщIэ къыхуагъэфэщащ РСФСР-м и Къэрал саугъэтыр («Мывэ уIэгъэ», 1966), СССР-м и Къэрал саугъэтыр («ЩIым и тхылъ», 1974), Ленин саугъэтыр (усакIуэр дунейм ехыжа нэужь, 1990). Къайсын 1967 гъэм къыфIащащ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ усакIуэ цIэ лъапIэр.

УсакIуэр 1985 гъэм июным и 4-м дунейм ехыжащ.

Кулиев Къайсын и усыгъэхэр балъкъэр литературэм и лъагапIэщ. УсакIуэ щэджащэм хуэфIэкIащ лъэпкъ литературэм и цIэр дуней псом щигъэIуни, ар гъуэгуанэщIэ тригъэуэн. Балъкъэр литературэм зыужьыныгъэшхуэ игъуэтамэ, ар псом япэу зи фIыщIэр зэчий абрагъуэкIэ Тхьэр зыхуэупса, гъащIэмрэ зэманымрэ я нэжьыпIэр куууэ къыщIэзыгъэлъэфа усакIуэ уахътынщ Кулиев Къайсынщ.

## КУЛИЕВ КЪАЙСЫН

Зы лъэгъуныкъум и кlапитlыр
Дэ тlум тlэщlалъу дыкъэхъуащ.
Ди Щэджэмыпсым и lуфитlыр
Адэ унапlэ дэ тхуэхъуат.

Ди жэщи махуи тlуми зыуэ,
Зы гуэзвагъуэщ дэ диlар.
Ди натlэ хъумкlэ дыщрэзыуэ
Дэ тщыгъупщакъым къыджаlар.

Къыщыхъум зауэ, дист зы абгъуи,
Зы гъуэгу дэ тlури дытехьащ.
Дыкъыщтэу тщlакъым зыми кlэбгъуи,
Гугъуехь тхуэфащэр тlуми тхьащ.

Къэрым дыщыlэу сэ сощlэжыр
Бгъуэнщlагъ дыщlэсу дыщыгъар,
Уlэгъэ птелъу лъы къыпщlэжыр
Къыбдалъагъуну уи гугъат.

Уи лъапкъ лъэужыр пхууэ лъэсу
Пхъэ лъакъуэр пlыгъыу гъуэгу уежьат.
Арт уи насыпыр зыдынэсыр,
Уэ нэщхъеигъуэм уцежьат.

Зэкъуэшщ жедгъэlэу, дымыхамэу,
Ди зэшыныгъэм куэд щlэттащ.
Пщэм къешэкlауэ мазэр къамэу
Дэ тlум ар lэщэу къыдататщ.

Ди lуащхьэмахуэр — ар зы lуащхьэщ,
Щхьитl пыту лъагэу урелъагъу.
Дыгъэпсыр хуадыр джанэ lэщхьэу
Абы хуэдизыр зи нагъ.

Уэ лъапкъым щlыхьыр хуэлlуощэ,
Абы хуэдизи къыбогъэкъу.
Илъэсым ящlэр махуэм уощlэ,
Аращ щlыпхуатхыр нобэ хъуэхъу.

Дэ зы уэрэдым и дамитIу,
Зы фоч зэгуэту дызэкъуэтщ.
Зы къамэ зэкъуэм дридзатIу
Дэ лIыгъи щIыхьи дымыгуэщ.

Дыщуэщ, тхуэфащэ дыкъикIуэтым?
Сыхэхуэм мафIэ, сыкъыхэх.
Тольскъуиным лъагэу зыкъиIэтым,
Ди гущхьэ дыдэм щотIысэх.

**КIЫЩОКЪУЭ Алим**





**КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ. Налшык псыхъуэ.** *1967*

# МЫКIУЭДЫЖЫН ХЪУГЪУЭФIЫГЪУЭ

Кулиев Къайсын и усэхэм укъыщеджэкIэ псом япэу гу зылъыптэр абы гъащIэм, къэзыухъуреихь дунейм яхуиIэ лъагъуныгъэрщ: «ГъащIэ! Сэ уэ фIыуэ узолъагъу – хьэуар бэум фIыуэ зэрилъагъум хуэдэу».

Е:
*ФIыщIэ хузощI сэ дыгъэм,*
*ФIыщIэ хузощI пшахъуэ налъэм,*
*ФIыщIэ хузощI тенджызу*
*Уэршэрэгъу къысхуэхъуам.*

А нэщнэр Къайсын дэплъагъурт щIалэщIэу литературэм къыщыхыхьа дыдэм къыщыщIэдзауэ.

*Жьыуэ сыпожьэ пщэдджыжьым,*
*Захуэзгъэщхьыу уащхъуэм,*
*Тхьэмпэхэм я щхъыщхъ макъым,*
*Сабийхэм я гурыфIыгъуэм.*

УсакIуэм и гур яхуэзэIухащ дунейм махуэрэ захуэзу сыт щекIуэкIми, щIы щIыIум сыт къыщыхъуми, сыт къыщыкIми.

*Щынэ цIыкIуми, удзми, хьумпIэцIэджми*
*Си гур яхуэмыгъуу сэ сопсэу.*

Е:
*Сохъуэхъу сэ жыгми, мывэми,*
*Щхъамыжми, Iэхъуэм мафIэ*
*ЗыщIищIа лэгъуп цIыкIуми.*

Сэ си фIэщ мэхъу Къайсын псэ зыIут цIыхуу езым зыкъыщищIэжам къыщыщIэдзауэ абы иригуфIэу, иригушхуэу зэрыщытар. «Сэ цIыхухэм сащыщ зыщ»/. ИкIи абы щыгъуи хьэкъыу зыхещIэ: цIыху ущытыныр, цIыху хуэдэу дунейм утетыныр – къалэн лъапIэщ, жэуаплыныгъэшхуи зыпылъщ.

*Си лъахэ, си щхьэр лъахъшэу пхузогъэщхъ.*
*ФIыщIэ пхузощI, си лъахэ, уэрщ*
*Къысхуэзытар псы исфыр,*
*Сихъы шыгъупIастэр.*
*Псори: уэшхыпсри дыгъэпсри*
*Дэ къыттелажьэ фIыгъуэщ.*

УсакIуэм зыхилъхьэ щыIэкъым жыгхэр. Жыгхэм псэ яIутщ: жыгхэр и ныбжьэгъуу, и къуэшу къыщохъу усакIуэм.

*Бгъым щыкI си жыгхэ, си псэм хуэдэу слъагъухэ,*
*Си ныбжьэгъу щхъуантIэхэ, си къуэшхэ!*

Жыгыр езым къызэрыщыхъур къигъэлъагъуэнти, абдеж къыщыувыlэжынт нэгъуэщl усакlуэр. Къайсын абыкlэ зэфlигъэкlыркъым: абы къеlуатэ жыгхэр усакlуэм къызэрыхущытыр.

*Щыму щытщ жыгхэр, сэ къызэплъу,*
*Сакъыгурыlуэу, сызыхащlэу,*
*Си гу къеуэкlам къыщlэдэlуу, –*
*Зы махуи мыкlуэ апхуэмыдэу!*

Усакlуэм жыгхэм ядельагъу благъэ гъунэгъухэм, lыхьлы lэфlхэм я гуапагъэ.

*lыхьлыхэм ещхъу, фыlэдэбт, фыщымт,*
*Фыкъызэупэкlауэ, фынэщхъейуэ*
*Фыкъысхуэщыгъуэрт си анэр щылlа махуэм.*

Зауэ заманым теухуа сатырхэм яхэтщ мыпхуэди:

*Сощlэж: псы lуфэм lутт псей цlыкlу,*
*Къудамэ темытыжми, жыжьапльэт,*
*Зауэлl lэшэм ярейуэ ар гумэщlт,*
*И гуауэри цlыху гуауэт.*

Усакlуэхэм куэд ятхащ псейм теухуауэ. Итlани абыхэм къахэщу сэ къысфlощl Къайсын и сатырхэр.

*Гъуэгу тетт дэр фронтым кlуэуэ,*
*Псейхэр, зэшыпхъу гуlэжхэм ещхъу,*
*Щlалэхэм якlэлъыплът нэщхъейуэ.*

Е:
*Хэт ищlэрэ, псей цlыкlухэм*
*Тхуаус хъунщ гъыбзэ,*
*Дэ фронтым дыщыlутым деж...*

Къайсын езым и дунейм щызэхуегъадэ псори: цlыхури, жыгри, удзэри, мывэри, уэсри, уэшхри, кlэщlу жыпlэмэ, и нэр зытеплъэ псори – ирепсэущхьэ, ирекъэкlыгъэ.

*Псейхэр, дэ дэщхьыркъабзэу,*
*Хуэныкъуэщ уафэ къащхъуэ.*

Къайсын и лирическэ лlыхъужьыр цlыху щыпкъэщ. Ар сыт щыгъуи зыкlэлъоплъыж: ярэби, нэгъуэщlым семыкъуэншэкlыу пlэрэ? Сыкъэзыухъуреихьхэми дауэ сакъыщыхъуу пlэрэ? Мес, аргуэру уэс къос. Икlи а и нэгу щlэкl дахагъэм усакlуэр куэдым ирегъэгупсыс.

*Хужьыгъэ дахэу а джэрэзым*
*Уи щхьэ ущlегъэгупсысыж:*

*Си хъуреягъ дуней тельыджэм*
*Сыхуэфlэщlыну сэ сыкъаблэ...*

ИкIэм-икIэжым, усакIуэм бзэ щхьэхуэ, езым и бзэ, къигъэщIыжа къыпфIощI – псэ зыIут дэтхэнэ зыми, сыт хуэдэ къэкIыгъэми а бзэмкIэ тэрмашу захуигъэкIын щхьэкIэ. ИкIи а бзэр усакIуэм зэригъэIурыщIэм тIэкIу-тIэкIуурэ уосэжри, «къабзабзэу щыт, псынэпс», «борэныр иреужьых – сабийхэр щыжей унэм зэрыникIу», «фIыщIэ пхузощI, жэщ гуапэ», «пыбжьыми фIыщIэ хузощI» щыжиIэкIэ фэрыщIыгъэ зэрыхэмылъыр уи фIэщ мэхъу.

Апхуэдэ бзэм, езым къигъэщIыжа бзэм, щэрыуэу ирипсалъэжыф усакIуэрщ кIуэрэ пэт моуэ жыIэфынур:

*Зригъэлъхри, щхьэнтэбжэм*
*Догъэ псейхэр – зэпэплъыхьу*
*НысащIэм и бостей хужьыпсыр.*

Иджыпсту къэсIуэтэнум еджакIуэ щIыкIухэри щыгъуазэщ. Л. Н. Толстой и «Холстомерым» (зэман кIыхьым къриубыдэу шыжьыр зыхэта бэIутIэIу хьэлъэхэр Iэзэу къыщыгъэлъэгъуэжа рассказым) къеджа нэужь, И. С. Тургеневым мыпхуэдэу авторым зыхуигъэзат: «Уа, Лев Николаевич, уэ пэм шыуэ ущымытауэ пIэрэ?»

Ар сигу къэзыгъэкIыжар Къайсын и мыпхуэдэ сатырхэрщ:

*Пхъэхыр жыгым щеIусэм деж –*
*Абы узу игъэтыр сыт хуэдиз!*

Мы къэхъа щапхъэхэм къакIэрымыхуу сатырэ жыIэгъуэу сыт хуэдиз къыпкърыкIа Къайсын! Пэж дыдэу, усгупсысыну зыхуэIуан щыIэкъым: хэт ищIэрэ, жыгхэри, удзхэри, бгыхэри, щэхуу зэгурыIуа пэхъей, пэплъамэ-щэ, мы усакIуэр къалъхуу ижь-ижьыж лъандэрэ я нэгу щIэкIымрэ ягъэнымрэ абы къыщиIуэтэну зэманым!

ПсэкIыналъхьэнIэт Къайсын щыпсэуа зэманыр (1917-1985). Абы къриубыдэу мы дунейм зэхъуэкIыныгъэу къыщыхъуа жыхуэпIэр!.. Тепщэгъуэр яхуэзрымыгъэгъуэту, зэрыщхьрт, зэзауэрт, зэрыукIырт... Дыгъуасэ пашэу щытар нобэ къралъэфохыжырти хаутэрт, пэкIэ щIыр ирагъавэу. Дыгъуасэрей лозунгхэм (къыхуеджэныгъэхэм) я пIэм нобэрейхэр къиуварт. А нобэрейхэми якIуи щыIэтэкъым. АрщхьэкIэ, щынобэрейкIэ, задумыгъэщу хъуртэкъым... Абы хэлъхьэж мы дунейр къызэриухуэрэ зауэу екIуэкIам я нэхъ гуащIэгъуэ дыдэм и курыкупсэм Къайсын зэрыхэтар.

ИтIани, сыт хуэдэ бэIутIэIу къытемынсыхами, Къайсын зэи Iэпыхуакъым щIалэ дыдэу къыхиха темэр – цIыхумрэ ар къэзыухъуреихь дунеймрэ зэрызэпыщIа лъыпэтхуэхэр псэлъем и IэмалхэмкIэ къэхутэныр. ИкIи абы хуэпэжу и гъащIэ псом щытащ.

Дауи, усакIуэм и Iэзагъэм зэрыхэхъуэм, и зэфIэкIым зэрызиужьым елъытауэ абы ирипэжьа, икIэм-икIэжым темэ нэхъыщхьэ хуэхъуа а Iуэхугъуэм зэрыбгъэдыхьэ щIыкIэхэми, а проблемэм и пкъыгъуэ щхьэ-

хуэхэр щигъэбатэкIэ къигъэIэрыхуэ Iэмалхэми захъуэкIыныгъэ ягъуэт, йофIакIуэ, нэхъ купщIафIэ мэхъу.

Къайсын и япэ усэхэм нэхъ зыщызыубгъу хабзэ гупсысэр – усакIуэр къэзыухъуреихь дунейр теплъабзэу зэрызэхалъыр, абы яхыхэри и хамэу зэрыщымытыр арамэ, иужьыIуэкIэ къыIэпыкIа усэхэм нэжагъыпхуэ хэлъу къыщиIуэтащ нобэ гъунэгъу дыдэ къытхуэхъуа мыгъуагъэр – экологием ехьэлIа Iуэхугъуэ ткIыбжьхэр.

*ЙокIакIуэ кIуэ пэтми дунейр.*
*НэщI мэхъу ди псыхъуэхэр, ди мэзхэр.*
*Бзу мащIэ дыдэщ къэнэжар.*
*КъыддэкIуэкI фIыгъуэр зыхъумэфу*
*ЦIыху хуэдэ цIыхури нэхъ мащIэжщ.*

ЦIыхумрэ ар къэзыухъуреихь природэмрэ, нобэрей цIыхумрэ нобэрей природэмрэ зэрыхуа щытыкIэр – а темэ абрагъуэм пасэу зэзыщIыта икIи ар нэхъ екIурабгъуу, нэхъ кууу къэзыщIэгъэлъагъуэ зэпкърызыха усакIуэм и цIэр къипIуэн хуей хъумэ, а цIэр – ма-Къайсыну пIэрэ? Нэхъ хэгъэзыхьыIуауэ жыпIэмэ, мыпхуэдэ гупсысэм ухуэзэкIуэну зыри хуэIуакъым: а зы темэ закъуэм фIэкIа нэгъуэщI зыми и щхьэфэ имыIэбатэми, ХХ лIэщIыгъуэм къриубыдэу зэпэща хъуа дунейпсо литературэм и тхыдэм Къайсын къыщалъытэнт щIыхь зыпылъ увыпIэ.

Къайсын тхэн къыщыщIидза дыдэми хэлъыт мыпхуэдэ хьэл щIагъуэ: и нэхъ къызэрыгуэкI Iуэхугъуэми хилъагъуэрт зы гъэщIэгъуэн, зы дахагъэ гуэр.

Хэку зауэшхуэм и пэ къихуэу абы етх «Си гъунэгъухэр» жыхуиIэ усэ Iэрамэр. Азие Курытым къикIыжу и лъахэ къигъэзэжа нэужь, япэу къыдигъэкIа и тхылъми арщ фIэщыгъэ хуэхъуар.

«Си гъунэгъухэр» – абы нэхъ къызэрыгуэкI фIэщыгъэ къыпхуэгъуэтын! Апхуэдэу, къызэрыгуэкI дыдэщ тхылъым узыщрихьэлIэ персонажхэри: абы яхэткъым зы иорали, зы кхъухьлъатэзехуэ цIэрыIуи, зы еджагъэшхуи. Я IэщIагъэри апхуэдэщ, къызэрыгуэкIщ: пхъащIэ, гъукIэ, шырыкъущIэ, егъэджакIуэ.

УсакIуэ щIалэм къелъытэ цIыху къызэрыгуэкIхэми усэ ятепхыхьыну къалэжу. Абы и щхьэусыгъуэри ибзыщIыркъым: цIыхум и цIыхугъэр усакIуэм къызэрищыгъэр абы гуащIэдэкIым, и IэщIагъэм хуиIэ псэ къабзагъэрщ. Мис ар лъэмкIи зэщхьэщ икIи зэтохуэ усакIуэ щIалэм зи гугъу къытхуищI цIыху къызэрыгуэкI зэмыщхьхэр. Ар хэтми щрырет, ауэ и сэбэп нэгъуэщI цIыхухэм екIмэ, и Iэужьыр абы яхуэщхьэпэн хъумэ, усэ тептхыхьыну къелэжь.

Мис, псалъэм и хьэтыркIэ, Къайсын лIыжьыр. Абы и махуэри и жэщри зэхуэдэщ: зыри имылъагъуу хьэфизщ. Абы ищIыIужкIи щхьэ закъуэщ. ИтIани ар тхьэусыхэу цIыхум зэхихакъым. Лэжьыгъэм къыдэхуэу уэрэдир мышыум тригъэкIуэдэн зэмани иIэкъым. Ар щIэча имыIэу мэлажьэ, цIыхухэм стIол, шкаф, гуэщэ, н. къ. яхуищIу, «и щIакхъуэ Iыхьэр зи нэр къапэлъэ куэдым нэхърэ нэхъ хьэлалу къилэжьу».

Е шырыкъущIэ Мухьэмэд. Абы и IэщIагъэри къызэрыгуэкIщ, ар шырыкъущIэу аркъудейщ. ИтIани ар мысэу, зыми емыхъуапсэу,

НэгъуэщІхэм яхуемыпльэкІыу, езым цІыху къехъулIэн хуэдэу мэпсэу, и ІэщІагъэм иригушхуэу, ирипагэу:

*Сэ си шырыкъухэм хуэдэ*
*Бгъуэтыну уимыгугъэ!*
*КъэпщІэнщ ар – хьыджэбзанлъэ*
*КІуэ щІалэм лъыгъым ипльы!*

Абыхэм къакІэрыхуркъым ди ІэнатІэ мытыншым гурэ псэкІэ бгъэдэт егъэджакІуэ Борис Игнатьевичи:

*Егугъуу бгъэрыс сабийхэм*
*Іэлъифбийр яригъэджыщт.*

ГъукІэ Къэрэбаш, бжьамиищэ Хьэжуэс, щхьэлтет Іэминат сымэщэ...

Къайсын щыщІалэ дыдэми куэдым гу лъитэрт, куэди хулэфІэкІырт. Абы псэу къытурыІуат усакІуэм и псэ зытетыпхъэр лажьыгъэ хэмыІэтыкІа зыгъэкащІэ цІыху къызэрыгуэкІхэр арауэ зэрыщытыр. ИкІи ар Къайсын гъуэгуджэу къыщиІуэташ мыпхуэдэ сатырхэм:

*КъызэрыгуэкІ ІуэхущІафэхэм телъыджэ*
*ХэзылъагъуэфырыщцІэ къызэІузыхыр.*
*Аращ усакІуэм, сурэтыщІым, еджагъэшхуэм*
*Я Іэужь уахътыншэхэм я лъабжьэр.*

И гъуэгъуэхэм ядилъагъу угъурлыгъэр усэбзэкІэ игъафІэу, абы и гуащІэдэкІ щхьэпэр игъэбэракъыу – абыкІэ къыщІидзащ усакІуэ щІалэм.

УвыІэгъуэ имыІэу и щІэнагъэм хигъахъуэм, и зэфІэкІым эригъэубгъуурэ, псэ бгъуфІэу къригъэубыдрэ псэ кууэ къриупщІэурэ, абы къищІыкІащ усакІуэшхуэ, усакІуэ Іэзэ – къэхъуа лъэпкъым, зыпІа лъыхэм, зыгъэса Хэкушхуэм я пэбэр пэхъуфІ, и пщэдейр псэ псэху зэрыхъуным езым къигъэщІыжа Іэмалхэмкіэ хузлажьэу.

Сабэм гъуэгу пхыкІащІыкІ хьуммІэщІадж цІыкІум къыщыщІэдзауэ зи щхьэгуху лъагэмкІэ уафэр щІэмыІэтэ Іуащхьэмахуэ нэс – а тІум я зэхуаку сыт къыдэувэми, ипсэпщхьэ, ипэкъэкІыгъэ, а псом и гур яхуэзІухарэ я къыщыжакІуэу къэуну, а зыхуигъэуныжа къалэн абрагъуэр псэ хуэІэнжьу зэригъэзэщІэн Іэмалыщ Іэхэр псэхугъуэ эримытыжу къилъыхъуэу – апхуэдэущ Къайсын зэрыпсэуар.

ИкІи араш дунейм и дэтхэнэ зы кІапэми (абы псэзиг щызэкІуэ закъуэмэ) Къайсын и псалъэм гулъытэ хэхарэ пщІэшхуэрэ къыщыщІыхуащІыр.

Кавказыр, Тхьэшхуэр дэ къызэрытхуэупса ди хэку уардэр, нэжь лъандэрэ усакІуэхэм я плъапІэу къэкІуэкІ.

Бгырыс усакІуэхэм я закъуэкъым щІыпІэ дахащэр поэзием и Іэмалхэмкіэ зыгъэлъапІар (Кавказыр я пэ къыфІоиэ КъуэкІыпІэмкІэ къипльми, КъухьэпІэмкІэ къипльми).

Къайсын и Iэужьыр къахолыдыкI Кавказым теухуауэ ятха усэ куэдыкIейм. Дауи, ар къызыхэкIри «Кавказ» псалъэм мыбдеж нэхъыбэрэ узэрыщрихьэлIэракъым. Щхьэусыгъуэр нэхъ куущ: Къайсын и усэхэр, зытеухуам емылъытауэ, лъагагъэм и салъкъып гуакIуащэу псэм дыхьэмкIэ сыт щыгъуи мэбауэ.

Аджэь хэкум и дахагъэ зыми хуэмыдэжыр, ди къыр задэхэм, мэз Iувхэм я теплъэ гухэхъуэр, щалъхуа, къыщыхъуа щIыпIэм и сэфэт гуимыхужым пагъыщэ хуэхъу щхьэхуэнигъэ лъапIэхэр – а псори екIуэецхьу хэухуэнащ Къайсын и IэрыкIхэм. Ауэ абыхэм этнографие (е географие) хуэмыбжьымэ зыхухэт къалэн гуэр ягъэзащIэу аракъым. УсакIуэм и лирическэ лIыхъужьыр пцIы хэмылъу философщ. ИкIи, сыт хуэдэ лъапощхьэпо хуэмызами, бгырысым гурэ псэкIэ къыздрихьэкI теплъэгъуэ уардэхэр зэи Iэпымыхуу, Къайсын Iэпэгъу щIинщIыр – ахэр и тегъэщIапIэу (е къегъэжьапIэу); философие лъабжьэ зиIэ гупсысэ куухэр нэхъ екIурабгъуу къыIуэтэн папщIэщ.

Ауэ Къайсын зэи IэщIыб имыщIыр сыт жыпIэмэ, нагъыщитIщ: Лъагагъэрэ Къабзагъэрэ, зыр адрейм хуэдиэрэ тIури ауэ къызэрымыкIуэу хэIэтыкIауэ.

Ахэр щалъэ гъуэзаджэу къэувырт (сэ езыр сыхэт икIи сыт ериуасэ) – усакIуэр езыр ирихыкIэлъыплъыжыи, пакIэнэщхьагъэ хэмылъу, ткIийуэ и Iэужьымрэ и Iуэхущlафэмрэ суд трищIыхьыжыфын папщIэ.

Дэнэ щIыпIэ щыIэми, усакIуэм и пэгу щIэт зэпытт «къыр лъагэ уэсылъэхэр», икIи нэхъ къыщытехьэлъэ дыдэхэм дежи (апхуэдэр и куэдщ Къайсын, и лъахэм пэIэщIэу щыщыта илъэс пщыкIущыр пхурикъуинти!) ахэр жьыIурыхьэгъуэ къезыт гупсысэт: «унэхъ лъагэху нэхъ тыншу уобауэ». «Зыхэлъхьэт бгым и ткIиягъ», – щыжеIэ Къайсын и зы усэм. Нэгъуэщl зым: «ШыIэмрэ лIыгъэмрэ нщIэпхуэ щаIэт апхуэдэу лъагэ лъахэм».

Къайсын бгы дэкIыпкIэ зызымыгъэнщI альпинистым ещхьт. Пэж дыдэу, «усэ птхынир бгым епкуэ пэлъытэщ». Ауэ бгым зэрыдэкI Iэмалхэри зэщхьэщокI. Абы къэуншIэжыкIэ нщIэртэкъым, дэкIыгъуэ къэскIи лъагъуэщIэ пхишырт, ялэм зытемыува гугъусыгъу къилъыхъуэу. Дауи, абы къокI: Къайсын, и IэщIагъэ лъагэм нэхъ хуэIэижь хъуп папщIэ, уныIэгъуэрэ псэхугъуэрэ зримытыжу лэжьащ, икIи кIуэ пэтми нэхъ IэпэIэсэу тхэуэ, и Iэзагъэм щIэмычэу хигъахъуэу – арaщ псэуху дунейм зэрытетар. Абы и зы щыхьэткъэ мыпхуэдэ сатыр купщIафIэхэри:

*Мывэ къырхэр къызэбокI си лъахэм*
*Хьэри, шыри, шыдри щIыкIу щIэхъукIырт.*
*Ауэ пшахъыр къызэрысу, лъагэу*
*Уафэ пэлъм вагъуэхэр къиуэрт.*
*Лъагэт бгыхэр, бгым къакIэрымыхуу*
*Щыху намысри лъагэт.*

Апхуэдэ Iэзагъэ усакIуэм щыдэнлъагъум деж, уогупсыс: сыт щыIэ псалъэм лъэмыкIын, псалъэр зыпемыуэфын искусствэ лIэужьыгъуэ щыIэну пIэрэ?

Псалъэм папщIэ, мыр скульптурэ хьэзыркъэ:

*Апхуэдэу щхьэ узэдэ, Ушбэ!*
*Дунейр зыщхуэм (ар щыщхуэм)*
*Уафэр нахь лъагэу щIэтыну*
*Уэ щIэгъэкъуэн ущыIа къысфIощI.*

Дауи, Къайсын и творчествэм къуэпс куэдыкIей щызэхуокIуэж: усакIуэр зэрысабийрэ зыщIапIыкIа IуэрыIуатэр, Гомеррэ Шекспиррэ, Гётерэ Лоркэрэ, Пушкинрэ Блокрэ, нэгъуэщIхэри...

Ауэ, а фIыгъуэ къомыр зэхэхуэжу зэхэшыпсыхьыжа нэужь, усакIуэм а псом къыхиупсыкI и Iэужьыр, нэгъуэщIхэм емыщхьу, езырт зэщхьыжыр. Ар апхуэдизкIэ Къайсын ейщхьыжти, хэбгъэзыхьмэ, усакIуэм и цIэр щIэмыту, нэгъуэщIхэм къаIэпыкIа сатыр минхэм, мелуанхэм «яхэбутIыпщхьэми», зейм и нэпкъыжьэмкIэ къахэпщIыхукIынут. Мис зы щапхъэ:

*Лъэпкъыншэу е лъэпкъ цIыкIу – дэтхэнэ лъэпкъри*
*ЩIыхуэщIэ зыхуэфащэхэм яшыщщ.*

Къайсын и дамыгъэр белджылыуэ къыпытещ сатырхэр апхуэдизкIэ куэд мэхъури, иджыри щапхъитI къэгъэлъэгъуэжащэрэт жызоIэ.

*1. Сыт хуэдэ зауэ къыщыхъейми щIыгум,*
*Псом япэу щэр зытехуэр анэм и гурщ.*

*2. Щыхубэм бэ яхуумыщIэфми,*
*Гъунэгъум декIуэкIыф, щыху хуэдэу.*

«Талантым, – итхыгъащ Къайсын, – жэуаплыныгъэшхуэ уи пщэ къыдельхьэ. Уэ жэуап щыбохь узытет дунейм, цIыхухэм, нобэ укъэзыухъуреихьхэм я мызакъуэу, уи япэ псэуахэми, уи ужь псэунухэми я пащхьэ. Ар икъукIэ къалэн хьэлъэщ икIи Iуэхум тэмэму уехъулIэн щхьэкIэ абы пэлъэщын дамащхьэ быдэрэ гу Iущрэ уиIэн хуейщ. Сабийм и нэ, бегъымбарым игу, зауэлIым и хахуагъэ, анэм и псэ щабагъэ, – а псор усакIуэм деж щызэхуэхьэсауэ щытыпхъэщ».

ТхьэмыщкIэр зимыIэрщ. ЗиIэр зимыщIэжри апхуэдэ къабзэщ. Дэ, Тхьэм и шыкуркIэ, дызыдэпльэнырэ щапхъэ тхуэхъунрэ диIэщ. Ди япэ ита лIыфIхэм, гупсысакIуэжь фIэрафIэхэм, усакIуэ щыпкъэхэм дэ къытхуагъэнащ мыкIуэдыжын хъугъуэфIыгъуэ. Ди анэдэлъхубзэр, ди литературэр, ди щIыхьыр тхьумэжыну дыхуеймэ, а хъугъуэфIыгъуэр дгъэбэгъуэну, ди ужь къинухэми джэлэс пащIэу яхуэдгъэлъэгъуэну къыттохуэ. ИкIи, си гугъэмкIэ, аращ Къайсын къытхуигъэна дерсхэм я нэхъыщхьэр.

**КЪЭЖЭР Хьэмид,**
*усакIуэ, критик, филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

# ЩІЫЛЪЭМ И ПШЫНЭБЗЭ

Илъэс тІощІ хуэдизкІэ узэІэбэкІыжмэ, цІыхухэм зэІэпахыу пльагъуит тхылъ пІащэфІ, и жинтым шу сурэт тещІыхьарэ и цІэр кІэщІу тетхэжауэ: «Бгъыхэр». ЛъэгапІэм дэлъэтейуэ тІэкІу зэзыІэжьа шур хэгупсысыхьу ирипльэ хуэдэт адэкІэ къыпэщыт гъуэгуанэм. Ар къыуегъащІэ уэгу лимоныфэм тхыпхъэ фІыцІэу тещІыхьа къуршыщхьэ набдзэм.

Ди лІэщІыгъуэр илъэсипщІ еплІанэм щихьэ дыдэм деж тхэн къэзыгъэжьа Къайсын Кулиевым и усэхэр урысыбзэкІэ япэу щызэхуэхьэжат а тхылъым, балъкъэр щІалэр Кавказым щыпсэу иджырей усакІуэ нэхъ цІэрыІуэхэм зэрахэувар къагъэлъагъуэу.

Зэ Іуплъэгъуэ кІэ, Къайсын и тхыгъэхэм къыщиІэтыр игъэвщІэ лъандэрэ цІыхухэм къадэгъуэгурыкІуэ гупсысэхэрщ: гъащІэр зищІысыр, лІэныгъэр, лъагъуныгъэр, хэкур, гуапэр, гуауэр – ахэрщ усакІуэм и тхылъ псоми и Іэпкълъэпкъыр зэщІэзыІыгъэр. Езы усакІуэм и зыужьыкІэмрэ зэманым зэрызихъуэжымрэ елъытауэ а макъамэхэр къэощІэращІэ, нэхъ кууэ икІи нэхъ зыубгъуауэ мэІу. Уеблэмэ дунейпсо цІыхубэм я гъэфІэн гупсысэшхуэхэр лъэпкъ щхьэхуэм и фащэкІэ къыщаІуатэм дежщ дахапІэм щиувэр, лъэхъэнэм щыпаджэжыр. Езы лъэпкъ фащэри зы пІэм иткъым – псом хуэмыдэжу ди лъэхъэнэм абы и пащхьэ къоувэ зэпымыууэ зихъуэжурэ бэгъуэн, къаруущІэ, лантІэ хъун къалэныр.

Псэм и лъагагъымрэ и къабзагъымрэ игъэдахэн щхьэкІэ, Къайсын куэд щІауэ къыхих нагъыщэр дунеймрэ абы и тепльэгъуэ мылъытэхэмрэщ. ГурыІуэгъуэщ къурш курыкупсэм щалъхуа усакІуэм бгъыр апхуэдэ нагъыщэхэм я щхьэ зэрыхуэхъур. Ауэ къуршхэм я щыгум итар «къриджыкІыфу» Къайсын езыгъэсари, дунейпсо культурэр абы къыхуэзэІузыхари езыр зыхалъхуа зэманырщ, псэукІэщІэрщ. Ахэр мыхъуамэ, жеІэ усакІуэм:

*Къырхэм себгъуу схъыит, си гъащІэр псэ*
*Си псэ махэр сатэзуам итхьэлэжу,*
*Сыхуэдэгуу Лермонтов и усэ,*
*Бетховени игу къысхуэмыблэжу.*

«А къырхэр» нэгъуэщІ пэщэнэу мэгъэдж, Кулиевым нобэрей гупсысэхэр щиІэткІэ, нобэрей цІыхум и дуней еплъыкІэр щиубзыхукІэ. Ахэр цІыхугъэм и лъагапІэр къызэрапщытэ фащэ мэхъу, напэмрэ псэмрэ и къабзагъэм пщалъэу яхуоув, хэкум и дамыгъэм къыщымынэу, гъащІэм и дахагъэр абыхэм зыхапщэ, псалъэм папщІэ, мы сатырхэм хуэдэу:

*Сылъэуджыдджэу, къуам сыдэтым,*
*Гуэныхь щІэрейхэми сахэсщ,*
*Ауэ бгы лъагэм зыдэсІэтым,*
*Си псалъэ си пси уэс къабзэпсщ.*

*Сопсалъэ сэ къуршыщхьэ иным,*
*Нэрыгъ хужьыгъэр зыхуэхъуам,*
*И напэщ ар дуней къиным,*
*Напэ хъумэнырщ зыгъатхъуар...*

*... Си лъэlуэщ фэ сахуэ фымыхъуну,*
*МафIэм къыщикуми къыщIэн,*
*Фэ сахуэ фыхъумэ, дунейм щым*
*Ди лIыгъэм гъуазэу сыт щыIэн?*

Дэтхэнэ цIыхуми иIэн хуейщ тегъэщIапIэ гуэр, уахътыншагъэм и зэхъэкIуэу. Кулиевым дежкIэ къуршхэр дунейм и зы теплъэгъуэ къудейкъым, атIэ гъащIэм, лIыгъэм, ажалыншагъэм я символщ. Цlыхум ар зыхещIэ псэукIэм и тегъэщIапIэ мыхъутэжу. УсакIуэм дежкIэ къуршхэм псэ яIэщ, гу яIэщ, фIымрэ бзаджэмрэ къагурыIуэ. Ахэр зэи къанэркъым хъэзабым я нэщхъэ къудейуэ, ахэр гунэфкъым, зыри зыхэзымыщIэ мыхъужь уищIыIужакъым, дунейм и джэгуакIуэ нэуфIыцIщхъэрыуэкъым. Уеблэмэ, езы мыхэ дылэр цIыхум къыльэIу мыпхуэдэу:

*Нэхсыр сэ къысфIокIуэри,*
*Си щхьэр пхуэзгъэщхь;*
*Бзаджэр зи тепщакIуэхэм,*
*КхъыIэ, сумыгъэщхь.*

Лъэпкъ Iэджэм я IуэрыIуатэми, литературэми, гъащIэми ущрохьэлIэ мыхэм епха гупсысэхэм. ЩыIэщ мыхэр бзаджэуи фIыуи къэзымылъытэ, ауэ Къайсын абы зэрепльыр нэгъуэщI зыгуэрущ: балъкъэр усакIуэм хуэфIокI и лъэпкъ тхыдэм епха Iуэхухэр мыхэм къригъэIуэтэн, ар цIыхухэм ядэгуфIи ядэгуIи ищIыфын, адкIэжкIэ пхъкI гукъэкIхэми пихусу:

*– Мыбдежырт къырым Прометейр ирипхыу*
*Зевс ар хъэзабым щыхидзау щытар?*
*– Мыбдеж хъунщ, ауэ зы къыр закъуи дибгъэм*
*Яхэткъым тхъэм къуаншагъэр къыдищтау!*

«Къуаншагъэр къимыщтам», дауи, къикIыркъым къырыр «гулъытэншэу» къэнауэ. А сатыриплIыр къызыхэтха усэр зэрыщыту теухуащ Кавказым, дэнэ хэкуи хуэдэу, гуауэмрэ гущIэгъумрэ гулъытэ дапщэщи зэрыхуищIыфым. Бгырысхэм я мащIэкъым мыхэм игъэ и гуфIэрэ къызыхэIукI уэрэдыжьхэр. Къайсын гъуэжу иIэщ «мыхэ уIэгъэм» ущрихьэлIэ тхыгъэхэр – «уIэгъэм и дыркъуэ мывэджэм тенауэ», «тоньшэм а мыхэр уIэгъэ ищIауэ», н. А псальытIыр зэхауэ – «мыхэ уIэгъэ» – къэкIуэн щIэхъуар, дауи, Къайсын зэрыбгырысырщ, ауэ абы и закъуэкъым – ар къапэщ зауэ екIуэкIам и лъэужь мыгъущыжхэми, цIыху гъащIэм и задапIэ куэдым усакIуэр зэрегупсысами, мыхэ куэщIым ису езыхьэкI цIыхухэм я псэукIэми. «Лъэпкъ куэдым акъылыр тхылъыжькIэ щIагъальэм, гурыльыр бгырысым щиIуатэр къыр напэрт», – тэмэму щыжыIащ усэ гуэрым. А псом нэмыщIыжкIэ «мыхэ уIэгъэм» къокI усакIуэм – псэ зыпыти зыпымыти – дунейм щилъагъуу хъуар и гум хуихьын мурадыр, езыми и жыIауэ, «къуршыщхьэ лъагэхэм и уэгри гъуэгу напщIэ сабэхэм и гъуэри».

Щалъхуа щIыпIэм и гъуапсъэхэм куэд щIауэ щхьэдэхащ Кулиевыр, иджыпстуи ар, шэч хэмыльу, игуохьэ ди зэманым и лирик нэхъ ин дылэхэм. Къайсын и тхыльхэр ди къэралым щыцэрыпхъуа, хамэ къэралхэм къыщыдокI, ди къэралыгъуэм и бзэ куэдкIэ зэрадзэкI. И хэку цIыкIум и теплъэр, и напэр, и хабзэр, и нэмысыр, и щIыхьыр, и хахуа-

гъэр, и гъуэгур, и тхыдэр – а псор дуней цIыхубэ лэжьакIуэм игъафIэ гупсысэ нихэм яподжэжу къыхэриIуэтэфырщ. Къайсын и щIэр зыIэтыр.

Балъкъэр усакIуэм езым и эстетическэ еплъыкIэ къыщIиуIукIыжащ, и псэкIэ илъагъурэ и псэкIэ къиубыду хъуар цIыхухэм ягу нэсрэ дерс яхуэхъуу усэкIэ къызэIуихыфащ щIэращIэн фIэкIа нэгъуэщI къарухэм «пIэщхьагъ» ямыщIыф мы дунейр...

... Мис, цIыхубзым зыщегъэпскI псым. Дыгъэр уэгу лъагэшхуэм къыщоуныIэри и пIэм йожыхь. Абы и бзий дыщафэхэр пщащэм и дамэм къоIуса, Iуфэ чыцIхэм я пыбжьыр псым хошыпсэ, удахэр бэуэжыркъым, мывэ псыфхэр щэхубзэщ, цIыхубзыр псым ходжэрэзыхь, дунейм тетыж хуэдэкъым гуауи, ажали, бэзэни, щIымахуи, лъэхъуэщи, факъырэ хъуржыни, зауэ лъэпкъыи:

*Пщащэм псыежэхым зыщегъэпскI.*

Къайсын и усэхэм тегъэщIапIэ мыкъутэжщ дапщэщи къыхахыр: абыхэм щхьэщIэщтагъэр ящIэркъым, дунейм хуиту, тегушхуауэ хуэзэIухащ, къызэрыгуэкIыу къыпфIэщI Iуэхугъуэхэр акъыл куукIэ къагъэпсалъэ, зи лъэ вакъэ ипылъхьэ псоми зыгуэркIэ къапэджэжу. Ахэр гъащIэм, дунейм йобгъэрыкIуэ, пэхугъэмрэ гурыфIыгъуэмрэ и уэчыл нэсщ. Къайсын и усэхэм щытэдж цIыхум мащIэ илъагъуакъым лIэныгъэрэ лъыуэ, гугъуехьрэ мыгъуагъэу, абы къыхэкIкIэ усакIуэм лъагэу еIэт ГъащIэр, Насыпыр, Лъагъуныгъэр, ГумащIагъэр. Сыт хуэдэ Iуэху «цIыкIуфэкIу» кърихьэжьами, ахэр зэпымыууэ хуокIуэ философием и гупсысэ куум, усэхэм щызэхуохэри щызэоупщIэIу гуфIэгъуэ махуэри зэманым хуэдэу жьы хъуа нэщхъеягъуэри... ТхьэкIумэкIыхь хужьу мэбырыб уэсыр, Мэзкуу февралыр щыщIыIэбжьэщ, ауэ цIыхубэ гуэрым къыхедзэ ныбгъуэм и уэрэдри, абдеж гъунапкъэу щыIэр мэткIуж, усакIуэм и пащхьэ къохутэ Арарат, мазэ гъуэжьышхуэм игъэхуабэрэ пшагъуэбэу щыIэм ящхьэщылыдэу; удэ гъужахэм я мэ гуащIэр абы шагъыру зыхещIэ, кIей уагъэ цIыкIэу мылым зищIащта щхьэгъубжэхэм щIыIагъыр яфIокIуэд, уэздыгъэ пагъэнауэ вагъуэхэр малъд, бгырыс пщIантIэ цIыкIур уэсым исенжщ, ауэ «ныбгъуэ, ныбгъуэ» псалъэхэр тхьэкIумэм ипщи, гъэ екIуэкIахэм я хьэлъагъыр усакIуэм тыншу зытрех. Мыбдеж дигу къэмыкIыжу къанэркъым КIыщокъуэ Алим и ныбжьэгъум хужиIа усэ псалъэхэр:

*Уэ лъэпкъым щIыхьыр хуэзэIуэщэ,*
*Абы хуэдизи къыбогъэхъу.*
*Илъэсым ящIэр махуэм уощIэ,*
*Арищ щIыпхуатхыр нобэ хъуахъу.*

*Дэ зы уэрэдым и дамитIу*
*Зы фоч зэгуэту дыздэкъуэтщ,*
*Зы къамэ закъуэм дрэдлитIу*
*Дэ зIыгъы щIыхьы дымыгуэш.*

*Дыщэщ, тхуэфащэ дыкъыкIуэтым?*
*Сыхэкуэм мафIэ, сыкъыхэх.*
*Тлъэкъуным лъагу зыкъыIэтым,*
*Ди гущхьэ дыдэм щотIысах.*



**ТхьэкIумэху КIыщокъуэ Алим, Журт Биберд, Кулиев Къайсын сымэ.** *1978*

Къайсын балигъыгъуэ зэрихуэри и нэгу щIэкIаи шэлъхуэ щIыналъэм и гуфIэгъуэри и гугъуехьри. СССР-м и Къэрал саугъэтыр къызыхьа тхылъхэр зэрытым «ЩIыналъэм и тхылъ» фIэщащ абы. Сэ сыбегъымбаркъым, щыжеIэ Къайсын а тхылъыр къызэIуэзых усэм, икIи къызэIусхакъым пэжагъым и лъапсэ кууху, ауэ жысIэ уэрэдхэм ди къырхэм я хъыз гуэр зыхалъхьамэ, уэгу къащхъуэм ахэр пщэжэжамэ, къуршщыпсхэм тIэкIу ядэпсынщIамэ, хуэрэджэ къудамэ абыхэм къецырхъамэ, къуэ зэным и бэмпIэгъуэмрэ уэгу хуитым и бгъуфIэхэмрэ дэплъеямэ, зейм сщхьу нэху нтIыфэр зыщIашамэ, сынасыпыфIэщ, арщ сэ сыщIэвсэур:

*Гъэ къызэгъэщIысхэм зэрекIуикIэ*
*Жэныгъам сэ сегупсысыщ,*
*Ауэ зы щIыхум къызикъиклъым*
*АжалкIэ щIыху сыхуэмытщ.*

*Словуащ сэ гъащIэр нэхъуеиныщ,*
*ХужыщIэщ хъыаэлыри къулыкъу.*
*Сенхащэ щытэщ щIым и бынжым,*
*И IэфIыр нэби схуримыкъу.*

«И кIэм нэсу хэт ущIэцжыкIа уэ, щIым и тхыль? – мауищIэ усакIуэр. – Угъуэапкъыншэщ, гъащIэм ещхьу. Хьыхуэ къащхъуэу е къырыщхьэ уэсу къызэгуох уэ уи напэкIуэщIхэр. Уэрэди, хабзи, чэщынэхуи – жыы мыхъу къэнакъым мы дунейм. Джатэр улъынигъэм иигхащ, псалъэхэр дэгу мэхъу, къалэхэр зэтощахэ, жыгейрэ пэт мэфыж – уэ пырщ, щIым и тхыль, щIалагъэр зыфIэмыкIуэдыр, уэ зырщ лъыри мафIэри зыпэмылъэщыр, Iэщэм и нэхъ гуащIэри зудхэгуфыр. Хэт и кIэм нэсу укъэдыхутэфар? Зы гъащIэр абы ирикъуи? Сэ псэкIэ уэ узыхэсщIэну сыщIокъу, схуэзфIэмыкIрэ пэт, щIым и тхыль, си дыщэ тхыль. Ар гъатхэми, гъэмахуэми, бжьыхьэми, щIымахуэми я тхылъщ, а тхылъым кIэух иIэкъым».

Шэч хэмылъу, «щlылъэм и тхылъыр» Кулиевым и лэжьыгъэ щыгуущ. Мыбы хэпщащ езы усакlуэм гупсэхуу икlи щхьэмыгъазэу къыдэригъэпэща дуней еплъыкlэм и lэпкъылъэпкъыр къызэрыгъэпэщ къарухэр. Прометей теухуа таурыхъ гуэрым ущрохьэлlэ абы хьэзаб щlишэчыр бзаджагъэ илэжьам къыша хуэдэу. Къырым кlэрыlулlарэ хьэрипшэру пщlыхь илъагъуу ар къыхощтри мэупщlэ: «Иджыри сэрэщ къыщыкlрэ щlым, щыни къыщалъхурэ?» Абы къыжраlэ удзхэри къэкlыу, щыпэхэри къалъхуу. Кулиевым егъэлахэ, псэ яхелъхьэ дунейм и нэщэнэу хъуам: абы дежкlэ нэхугъэмрэ гупсэхуу зызэтеlыгъэнымрэ псом нэщхьэщ. Ныбжьым хэхьуэху, щlалэгъуэ пшагъуэншэм и пlэ йоувэ хэгупсысыхьауэ гугъэныр, оптимизм жыхуаlэр. 1948 гъэм Пастернак Борис къыхуитхауэ щытащ Кулиевым:

«Сыт хуэдэ гугъуехь уlуумыуами, фlым дапщэщи хуэпабгъэ щlыхухэм уащыщу дунейм укъыгъэщlащ уэ, къыбдалъхуа акъылыр, дауи, лэжьыгъэпщхуэмрэ текlуэныгъэмрэ хуэпабгъэ къарущ, ауэ акъылым и къалэныр абыкlэ иухыркъым: акъылыр дуней псом йохъэйохуэ, а дунейр уи гум илъу къыщlокl е, нэгъуэщlу жыпlэмэ, уи гур дунейм и сурэт щlыкlуу мэуи, ар дунейр къызэрызэlуах тхылъу къызэкlуэщlокl. Акъылым щlыхур щlыхьымрэ лlыгъэмрэ хуеуэтl... Уэ уиlэщ акъылыр шабзэкъу пэщlауэ, ар уи насыпщ». Къайсын и усэхэм дэ щыдолъагъу XX лlэщlыгъуэм щlыхумрэ дунеймрэ щызэхуаlэ зэхущытыкlэ мытыншыр. Ди лъэхъэнэм икъукlэ гугъуущ щlыхупсэмрэ гъащlэмрэ фlыгъуэм хуэунэтlыныр, тыншкъым lуэхугъуэ фlыщlэхэр къызэлыж дунейр насыпым, гугъэм я бзий хуабэхэмкlэ къегъэнэхуныр, абы упхыпльу гъуэгу къабзэ тэмэм хэбубыдыкlыныр. Ди зэманым пхуэмыlуэтэну хэхъуащ щlыхугъэр хъумэн къалэным, зыр псоми къащхьэщыжрэ зым и уэчылу псори тэджын зэрыхуейм. Хэт темытхыхыр зауэ бзэкlам? Хэт ар щыгъупща? Мис Къайсын фашизмэм lэщlэкlуэдахэм яхужиlэр:

*Хьужащ куэд щlауэ ахэр lугъуэ,*
*Алъандэм гъахэр блэлъэтащ,*
*Иджыри къэскlэ дахуэщыгъуэу*
*Я гуауэм ди бгъэр къикъутащ.*

*Зеплъэнщlыр щlылъэм лъы ефэнкlэ,*
*Къытокlэ мывэм удз щхъуантlэпс.*
*Ауэ сэ си гум хъуаскlэ пlэнкlыу*
*Щызэрызохьэ гуlэ нэпс.*

Хемингуэй и роман щlэрыlуэм эпиграф хуищlащ пасэрей усакlуэ гуэрым и псалъэхэр: «Щыху къэскlэ дунейм и lыхьэщ, апхуэдэу щыхъукlэ, ущlэмыупщlэ тхьэгъуэшыр зыхуеуэм, ар уэри къыпхуоуэ». А псалъэхэр щыжаlар XVII лlэщlыгъуэрщ, ауэ я мыхьэнэр нобэ хуэдэу ткlыбжьу щlыхухэм зэи зыхащlагъэнкъым, сыт щхьэкlэ жыпlэмэ, ди лъэхъэнэрщ гъащlэр шынагъуэ ищхэм щlаlуувар. Усакlуэхэм щхьэж и lэмалкlэ къаубыдыф дуней щlыхубэм я зэхуэдэ а макъымэ гуащlэр, ауэ шынагъуэм щыпэщlэувэкlэ ахэр хьэзырщ псоми я гуауэр езыхэм я псэкlэ ягъэвыну. Маяковскэм жиlэгъащ: псом щхьэкlи уасэ стыпщ, псом щхьэкlи нэпс сэ щlэзгъэкlыпщ. Къайсын къиубыдащ щlыхугъэм а и дерс лъапlэр. И анэм фэеплъ хуищlа усэхэм абы щыжеlэ: анэншэ хъуа псоми я гуауэр спхыкlащ, сэ нобэ фи дежкlэ уэчыли сыхъуащ. Псом я хьэлъэ пхыдныр нэхъ гугъункlи хъуиц уи щхьэ закъуэм и хьэлъэ

нэхърэ, ауэ гуауэр адрейхэм къыбдагъэпсынщIэма, щэч хэмылъу, нэхъ гъэнщIауэ къыпщохъу. УсакIуэм и гущIэгъур жэнэшэчурэ къигъэлъагъуэркъым нэхъ мащIэ-нэхъыбэкIэ: ар щIэусакIуэр гущIэгъумрэ гулъытэмрэ жыы зэрыбауэм хуэдэу къыдалъхуати арщ, а нэщэнитIыр хэмылъу хъуркъым – езыр хуей-хуэмейми ар тещIыхьакъым. Хьэфизхэм ятеухуа усэхэм Къайсын гум зыпхидзу къыщеIуатэ дуней хъуэпсэгъуэр зыммылъагъуухэм я тхьэмыщкIагъэр. УсакIуэр хуейт абы я гугъуехьыр ядигъэпсынщIэну, ауэ апхуэдэ Iэмал къыхуэгъуэтыркъым. «Зи нэ къаплъэхэм япэч бэлыхьырщ нэфхэм щыуагъэщэу халъагъукIыр». Дауи, ар дэIэпыкъуэгъу лъэрыхь хъуркъым, хьэкIыр абыкIэ цIыху нэфым щхьэщыпхыфынукъым, нэгъуэщIым и тхьэмыщкIагъэм гур хигъахъуэркъым, псэм ежалIэ фIэкIа, арщхьэкIэ псэтI зэрыщIэнымкIэ ари лъагъуэ пэлъытэу къыщIокI. Апхуэдэу инщ цIыхухэм я зэхуэпэбгъэкIэр. Е, псалъэм папщIэ, гъукIэ бзагуэ-дэгур щхьэ гущIэгъу хуэмыкъуэ? Адрей цIыхухэм екIуэлIапIэ зэрахуимыгъуэтырщ, ахэр псэкIэ зэрыпэжыжьэрщ. Ар сыт и лъэныкъуэкIи нэгъуэщIщ, уеблэмэ, и уадэ макъыр зэхихыжыркъым, гъущIхэм къапкърыкI тхьэгъуэщхэр зыхуэдэр ищIэркъым:

*КIыщ дащIыныжыжыы ар хуопIащIэри,*
*Щыму жа и сыджым бгъэдохьэж.*

УсакIуэм и гуфIэгъуэшхуэщ гъукIэ бзагуэ-дэгур и насыпыншагъэм текIуэу цIыхухэм гъунэгъу щахуэхъум деж:

*Жьэгу фIыцIэр къызэщIегъаплъэ,*
*И уадэшхуэр ткIийуэ еIэт,*
*Къегъуэтыр, цIыхухэр къыхуэплъэу,*
*И IитIымкIэ псалъэ жиIэн.*

ГурыIуэгъуэщ мыбдеж лъэжьыгъэр псалъэм щIригъэщщэри: псалъэр цIыхухэр зэрыщIэным и нагъыщэщ.

Апхуэдэу къыщIедзэ Къайсын зыщIэхъуэпс гуращэр – цIыхур цIыху щIыжщ жыхуаIэр. Лъыгъэр цIыхугъэм гуэхыпIэ имыIэу хэпщащ. Балъкъэр усакIуэм и гъащIэмкIэ къызэригъэпэщащ дерсыр щыхьэт тохъуэ лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ, дунеймрэ цIыхубэмрэ бгъэлъэпIэну зэрымытыншым. Мис аргуэру зы усэ етх Къайсын лIыгъэм теухуауэ. УсакIуэр йогупсыс: тхылъыр къыдэкIыху мыпсэункIи хъунщ, ауэ абы и жинтым къамэ тещIыхьамэ, нэхъ къещтэ. А пасэрей нагъыщэр зэщIылIар зы уипщIэщ: сыт къамэр зэрыпщIынур? Къаплыгъэм нэлат прихыурэ абы егъэдахэ хуитыныгъэм и нэхунэр. ЛIыгъэм и фащэ къамэр усакIуэм фIэдахэщ, сыту жыпIэма, арыншамэ щыIэкъым хуитыныгъи, лъагъуныгъи, уэрэди, ныбжьэгъугъи! Лъыгъэр псэмрэ гъащIэмрэ фIыгъуэу хэлъым и хъумакIуэщ, абы папщIэ усакIуэм игъэдахэ псори щызэхуэхьэса тхылъым тетын хуейщ къамэм и сурэт.

Зэгуэр Къайсын жиIэгъащ: «Сэ мы дунейм тызэлъагъуэ лъагапIэу тIу – Iуащхьэмахуэрэ Шекспиррэ». Зыр хэкум и дамыгъэщ, адрейр дунейпсо культурэ пэрытым и нагъыщэщ. Ди зэманым Iуащхьэмахуэм и бынхэмрэ Шекспир и тхыгъэхэмрэ икъукIэ гъунэгъу зэхуэхъуауэ зэгурыIуэ, а тIуми емышу хуоджэ усакIуэр, ауэ гурыгъуазэкъым зэреджэр, атIэ IуэхукIэщ, лэжьыгъэкIэщ, пщIэнтIэпскIэщ. Къайсын икъукIэ цIыху гуманщIэщ икIи гуапэщ. Ар гъунэгъуу зыцIыхухэр

щыгъуазэщ анэдэлъху литературэмрэ культурэмрэ зэужьын папщIэ, емышу ищIэ Iуэхутхьэбзэхэм. ЗымащIэкIэ нэхъ мыхъуми, литературэм хьэлэлу хуэлажьэ дэтхэнэри абы егъэгушхуэ, егъэIущ, еущий, утыку ирешэф, и къарурэ и псэрэ щымысхьыжу зэриIэтыным хущIокъу. ГъащIэм махуэ къэс жыхуаIэм хуэдэу дэтхэнэ зы цIыхуми и пащхьэм «къуажэхь» зэмылIэужьыгъуэхэр къерегъэувэ: хэт псэупIэ хуэныкъуэщ, хэт и тхылъ къыдэкIыгъуейм мэхъу, зым гуауэ къылъос, адрейм гуфIэгъуэ иIэщ, епщэм и бын мэлъэпэрапэ, еплIанэр мэсымаджэ, н. къ. Апхуэдэхэм деж Къайсын пагагъэрэ гу щIыIагъэрэ ищIэркъым, хущIэмыхьэкIэ е епакIэ щхьэусыгъуэ къилъыхъуэу и щIыб къигъэзэркъым, хьэмэрэ Iуэху къыщрахьэлIэм нэгъуэщIхэм я пщэ дилъхьэу езым лъэныкъуэ зригъэзэжыркъым, зи ужь ихьа Iуэхур и кIэм нимыгъэсауэ игъэтIылъыжыркъым. Ар гушхуэ, гу къабзэ зыкIуэцIылъ цIыху угъурлыщ, и тхэкIэмрэ и хьэлымрэ тэмэму зэтохуэ икIи зэщIоугъ. Къайсын лъэбакъуэщIэ щичащ ди лIэщIыгъуэм икъукIэ лъагэу зыщыIэта лирикэм. Абы къызэщIикъуэфащ усакIуэ нэхъ ин дыдэхэм я дерсыр, я Iэзагъэр икIи езым и щыфIэлIыфэр мэскъалкIэ имыгъэкIуэду и лъагъуэ щыхишащ тхэн IэщIагъэм.

**СОКЪУР Мусэрбий,**
*критик*
*1977*



# ЛЪЭХЪЭНЭМ И УСАКIУЭШХУЭ

ЦIыхубэм я гум, я псэм щагъафIэ цIыху гъуэзэджэхэм ящыщщ Кулиев Къайсын. Зытет дунейр игъэдахэу, цIыхум гурэ псэкIэ яхуэгуапэу, гъащIэм дэрэжэгъуэ ин хуиIэу, хэкум, лъэпкъым хуэщхьэпэу псэуащ ар. И творчествэкIи, и IуэхущIафэкIи, и гулъытэкIи Кулиевым ищIар, илэжьар зэбгъэпщэнур къыпхуэмыщIэу къэлъытэгъуейщ. Зэи мыкIуэдыжыну лъэужь дахэ къигъэнащ Къайсын. Щыхугъэр, лъагъуныгъэр гъэлъапIэным, цIыхум и гум, и псэм щигъафIэ гухэлъ-гупсысэхэр, дуней цIыхубэр зыщIэгупсыс Iуэхугъуэхэр къэIуэтэным хуэгъэпсауэ щытащ усакIуэшхуэм и творчествэр. Къайсын и творчествэм и къэухьыр апхуэдизкIэ абрагъуэщ, и купщIэр куущ, гъуэзэджэщи, псалъэкIэ къэIуэтэгъуейщ. Лъэпкъыбэ куэдым абы и усэ налкъутхэм хужаIар дэфтэр псо хъунущ. Шэч хэлъкъым Къайсын и творчествэм теухуауэ дипэкIи нэхъыбэж зэратхынум.

УсакIуэшхуэм и цIэр щыжытIэкIэ, и усэ пшыналъэхэм я гугъу щытщIкIэ, псом япэу ди нэгу къыщIохьэж абы къикIуа гъащIэ гъуэгуанэр.

Ар къыщалъхуащ Шэджэмыщхьэ. Аращ абы и сабиигъуэр щрихьэкIари, къыпэщылъ дунейр япэу щызыхищIари, и гурыщIэр япэу къыщеблари. А псор хьэлэмэту, гуимыхужу, уи нэкIэ плъагъум хуэдэу, уи нэгу къыщIегъэувэж усакIуэм иужь илъэсхэм итхауэ щыта «Щхьэмыжхэмрэ вагъуэхэмрэ» прозэ тхылъым. Къайсын и сабиигъуэм, и щIалэгъуэм и пшыналъэ телъыджэу укъэджэ абы, усакIуэм и усыгъэхэм я акъужь гуапэр дахащIэу къэзэрыщIихуар зыхэпщIэу. Мис абы щыц пы-

чыгъуэ: «Къурш хъупlэ бэгъуахэр, къыр задэхэр, мыл джейхэм зэщlаlулlа къуршыщхьэхэр, къуршыпс уэрхэр, зэнэныпсым хуэдэ псыпэ щlыlэтыlэхэр, гъуни нэзи зимыlэ уэгу лъагэр, абы хупту щыхуарээ бгъэшхуэхэр, кlэщlу жыпlэмэ гущапlэ хъыринэу си гущlэм щызгъафlэ а псори си сабиигъуэм щlыгъуу сигу къинэжащ. Къэгъазэж нlэкъым а зэманым – си сабиигъуэм. Ауэ зэи мыкlуэдыжыну сигу ызгуэр lэфlу къинамэ – хэт дежкlи зэрыгурыlуэгъуэщи – си сабиигъуэр-си щlалэгъуэр арщ. Мис абы щыгъуэщ сэ япэ дыдэу гухэщlри гуфlэгъуэри щызгъэунэхуар, япэу гукъыдэж щызгъуэтар, япэ дыдэу псалъэм и lэфlри и дыджри щызызхэщlар, ди нэхъыжьыфl щэджащэхэм телъыджэу къаlуэтэж тхыдэжь хъыбархэр, уэрэд пшыналъэхэр япэу щызэхэсхар, абы щыгъуэщ си япэ удзыр къыщыгъэгъар, си япэ уэсыр къыщысхуесар, япэу уэшх налъэ къыщыстешхар, жьэгу хьэлум и къэуатыр къыщысщlар, си анэ дыщэм и гурыщlэ псалъэр, и гулъытэ-lэфlагъыр япэу щызыхэщlар, си нанэ и lэкlэ идауэ си пкъым хуэфl джанэ щыщыстlэгъар, мис абы щыгъуэщ си жьэгу пащхьэ мафlэр щызэщlэнар, япэ букварым япэу хьэрф пlащэхэр къыщиаджыкlар, си сабииlэмкlэ селlалlэу япэу хьэрф цlыкlухэр щыстхар! Иджы си нэр зэтеспlэмэ, а псори зэуэ си нэгу къыщlохьэж! Си сабиигъуэ, сыту куэд щlа абы лъандэрэ, сытуи ужыжьэ, сытуи ублагъэ си дежкlэ!»

1940 гъэм дунейм къытехьащ Кулиевым и япэ усэ сборникыр. Къайсын пэгъэсауэ зэрыусакlуэр белджылы хъуауэ, и усэ тхылъ урысыбзэкlэ зэрадзэкlри Москва къыщыдэкlыну ягъэхьэзырауэ, Хэку зауэшхуэр къэхъеящ. А усэ сборникым и псалъапэр зытха критик гуэрым гуапэ дыдэу Къайсын и творчествэр зэпкърихри, мы псалъэхэмкlэ иухыжауэ щытащ: «Кулиев Къайсын и творчествэр лъэпкъыбэ советскэ литературэм и хэлъхьэныгъэшхуэщ». Абы лъандэрэ илъэс плlыщlым щlигъу блэкlащ. А зэманым къриубыдэу Кулиевыр хъуащ иджы псори дызэрыгушхуэ усакlуэ.

Щlыхугъэмрэ лlыгъэмрэ, гуапагъэмрэ гулъытэмрэ и lэпэгъуу, дунейр дахэу щытыныр, ныбжьэгъугъэрэ пэжыгъэкlэ зэрылъагъуныр и гъуазэу псэуащ Къайсын. Фэрыщlыгъэ жыхуаlэм и зы мэскъал игъащlэм зылъэмыlэса а цlыхум и творчествэри цlыхугъэрэ лlыгъэкlэ, лъагъуныгъэкlэ, пэжыгъэкlэ, цlыхум и дунейр зыгъэдахэ, гъащlэм гукъыдэж хуезыгъэщl гупсысэхэмрэ гурыщlэ нэхухэмкlэ гъэнщlат.

Зэгуэрым Кулиевым итхыгъащ мыпхуэдэу: «Поэзиер къапщтэмэ, сэ абы щынэхъыщхьэу къэслъытэр цlыхугъэмрэ лlыгъэмрэщ, арщ цlыхур псом япэу зыхуейр». Кулиевым и lэдакъэщlэкl псоми а гупсысэр кlуэцlрокl. Я нэхъ гуэзэвэгъуэр къыщылъэlэсам дежи, абы и усэ пшыналъэхэм зэи lэщlыб ящlыркъым лlыгъэмрэ цlыхугъэмрэ. А макъамэр зауэ зэманым щыгъуи, нужькlи Къайсын итха усыгъэхэм лъэщу къыхощ. Зэрыбелджылыщи, къалэмым и мызакъуэу, бийм и гущхьэр изыкъутыхь lэщэри хахуэу игъабзэу Хэку зауэшхуэм хэтащ Кулиевыр. Зауэм и гъуэгуанэ гугъур къэмылэнджэжу езыхьэкlа зауэлl-усакlуэм и гурыщlэр нэхъри къызэщlэблауэ, и гупсысэхэр нэхъри зэщlэплъауэ, усэ гуащlафlэхэр итхащ.

Псэемыблэжу Хэкур зыхъума зауэлlхэм, Текlуэныгъэшхуэр къэзыхьахэм ятеухуауэ Кулиевым и lэдакъэ къыщlэкlащ усэ куэд,

дэтхэнэри цӀыхум и гущӀалъапсэм лъэӀэсу. Ахэр усакӀуэшхуэм и творчествэм и фӀыпӀэхэм ящыщщ.

ПсэзэпылъхьэпӀэ зауэ ӀэнатӀэм Ӏут советскэ зауэлӀхэми бий къаплыр зэрыхагъэщӀэну Ӏэщэр жэщ-махуэ жамыӀэу къыщӀауӀукӀыу псэемыблэжу лажьэхэми къару яхилъхьэу, я псэр къызэщӀиӀэтэу Къайсын итха усэхэр, укъеджэжа нэужьи, а зэман гуащӀэр уи нэгу къыщӀагъэувэжу, гум йожалӀэ. Абыхэм ящыщщ «Сыт щыгъуи сринагэрт сызэрыбгырысым», «Уда гъэгъахэр – фронтым», «ТхьэрыӀуэ», «Перекоп», «Северым къикӀа хъыджэба», «Фронтым – гъатхэр», нэгъуэщӀхэри.



Кулиев Къайсын, КӀыщокъуэ Алим, Гамзатов Расул сымэ.



Кулиевыр ди зэманым и усакӀуэшхуэщ. Абы и усэхэм къаӀуатэ ди лъэхъэнэм и нэщкъыжьэ зытелъ Ӏуэхушхуэхэр, щӀыхубэм я гур зэщӀэзыӀыгъэ гупсысэхэр, цӀыху гъащӀэм и пакӀэ Ӏаджэми лъоӀэс ар. Ауэ усакӀуэр сытым темытхыхьми, и псэм и щӀасэр щалъхуа щӀыналъэрщ, и адэжь хэкурщ.

Ди мэзхэм я Ӏэуэлъауэр, жыг тхьэмпэхэм я щхъыщхъ макъыр, къуршыпс уэрхэм я уэрэд жыгъырур, акъужь гуманщӀэм и Ӏущащэр, псэ яӀутым хуэдэу, зыхэпщӀэу ди нэгу къыщӀегъэувэ усакӀуэм. Кулиевыр а псом дихьэхауэ кӀэлъыплъ къудейкъым, атӀэ цӀыхугъэ лъагэм ехьэлӀа гупсысэхэм ирепхыф дуней къэхъукъащӀэхэм я философиер.

УсакIуэм и усэ налкъутхэр псом япэу зыхуэгъэзар къыдалъхуа, гу къабзэ, псэ къабзэ зиIэ, хэкур, лъэпкъыр зыгъэбжьыфIэ цIыху хьэлэмэтхэрщ. Дунейм дыкъэзыухъуреихьым и теплъэгъуэхэм, и къэхъукъащIэхэм щытетхыхькIэ, усакIуэм IэкIуэлъакIуэу, шэрыуэу къегъэлъагъуэ ди зэманым и нэщэнэщIэхэр, хьэл-щэн гуакIуэхэр, ди нобэм къытхуихьа Iуэхугъуэщхьэ телъыджэхэр, абыхэм я къуэпсхэр, я лъапсэр. А псори зыгъэуардэ образхэм къыхотэджыкI цIыхум и жьэгу пащхьэри, и лъахэри, и гъащIэри, лъэпкъыр зыщIэбэн хъуэпсапIэхэри, мурад лъапIэхэри.

*Бийм ди мафIэр щигъэункIыфIкIэ,*
*Дэ аргуэру щIэдгъэнэжырт.*
*Бынхэм я гуфIэгъуэм ещхьу,*
*Дэ аргуэру гъавэр дгъэкIырт.*

*Ди жьэгу пащхьэ, дэ уэрыншэу*
*ГъащIэр тщохъур гуфIэгъуэншэ,*
*Нэгъуэщ мафIэр дэркIэ щIыIэщ,*
*Ерыскъыри тщохъу IэфIыншэ.*

ЩIыпIэ къарукIэ псыхьащ, уэгуанэ лъагэу Iэтащ Кулиев Къайсын и поэзиер, абы и усыгъэхэм хэлъ гупсысэхэр, гурыщIэхэр. МыкIуэдыжынщ а усакIуэ гъуэзэджэм къигъэна лъэужьыр.

**ШЭВЛОКЪУЭ Пётр,**
*критик*
*1987*



# УАХЪТЫНШЭ

УсакIуэ цIэрыIуэ Кулиев Къайсын Кавказыр зэрыгушхуэ, зыгъэбжьыфIэ цIыху щэджащэхэм ящыщт. Абы игури и псэри хуэзэIухат дуней псом. Кулиевым и творчествэм къызэщIеубыдэ етIощIанэ лIэщIыгъуэм и етIуанэ Iыхьэ ныкъуэм и тхыдэр зэрыщыту. Къайсын и поэзием дунейпсо мыхьэнэ иIэщ, сыту жыпIэмэ абы и усыгъэхэм къыщыIэтащ щIы хъурейм цIыхуу тету хьуэр зыгъэзэщIейтей, зэгупсыс Iуэхугъуэ инхэр. Аращ щIащымыгъупщэр 1917 гъэм къалъхуа, илъэс тIощIрэ тIукIэ узэIэбэкIыжмэ дунейм ехыжа усакIуэшхуэм и цIэр. Ар икIи игъащIэкIэ ящыгъупщэнукъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ абы и гумрэ и псэмрэ етауэ къигъэщIа и усыгъэхэр уахътыншэщ. Кулиевым и усэ телъыджэхэр уэгуми щIыгуми я макъамэ мыужьыхыжщ. Ахэр ди усакIуэ щэджащэм лыхуигъэпсар къызылъхуа балъкъэр лъэпкъым и закъуэкъым – дунейпсо цIыхубэм яхуиусащ. 1957 гъэм Тихонов Николай итхауэ щытащ: «Балъкъэр лъэпкъ мащIэм къыщIэхъуащ зэчиишхуэ зыбгъэдэлъ усакIуэ Iэзэ Кулиев Къайсын».

Къайсын и сабиигъуэр щекIуэкIар Шэджэм аузырщ. Дуней жэнэтым хуэдэт зи уафэр къащхъуэрэ зи щIылъэр щхъуантIэ а щIыпIэ дахащэр. Абы и бгылъэ уардэхэм лъагапIэм ухурадзэрт,

и жыг абрагъуэхэм я пщIащэхэмрэ ахэм къепщIэкIа къуалэбзухэмрэ псэм къедэхащIэ макъамэхэр къращырт, абыхэм ядежьуэ япэджэжырт къуршыпс уэрхэмрэ псынэ шкIурхэмрэ я жьгъыру макъхэр. УсакIуэм дежкIэ а псори лъэпкъым и хъугъуэфIыгъуэт, и дуней фэеплът. Ахэращ къэзыгъэщIар, псэ яхуэхъуар Къайсын и усэ пэжъыфIхэм. Ахэращ Кулиевыр хэзышар дунейпсо культурэм и Iэужь уахътыншэм.

Пасэрей алыджхэм зэрыжаIауэ, мурадыфI иихэм бэр Iуэхушхуэ дахэхэм къыхуагъэуш. Къайсыни мурадыфI, къалэнышхуэ зыхуигъэувыжат: балъкъэр литературэр хэкупсо, дунейпсо утыкум ишэн. Абы хуэфащэ увыпIэ щегъэубыдын. А къалэн лъапIэр Къайсын дэгъуэу къехъулIауэ къэплъытэ хъунущ.

Кулиевым и тхыгъэхэм лъабжьэ, гъащIэ яхуэхъуар и лъэпкъым и псэ къабзагъэращ. И лъахэ уардэм и дахагъэращ. Къайсын и усыгъэхэм укъыщеджэкIэ псом япэу гу зылъытэр абы и лъэпкъыр фIыуэ зэрилъагъуращ, ар зэригъэлъапIэращ. УсакIуэр прогушхуэ, ирепагэ икIи прогуфIэ къызыхэкIа лъэпкъым и псэ хьэлэлагъым, и бэшэчагъым. Ар зэрылэжьакIуэшхуэм. Абы зэчий ин зыбгъэдэлъ цIыху цIэрыIуэхэр къыхэрыхэкIым. УсакIуэм и творчествэм тегъэщIапIэ, къигъэхъуапIэ хуэхъур балъкъэр лъэпкъым къыдекIуэкI хабзэращ, абы и тхыдэращ. А тхыдэм и къуэпсыр къыгуэхыпIэ имыIэу пыщIащ балъкъэрхэр илъэсищэ бжыгъэ лъандэрэ зытепсэухь щIым. Абыхэм уардэу, уахътыншэу къащхьэщыт къурш абрагъуэхэм. Уэрэд мыухыжу абы Iурылъыр и лъэпкъым и дунейращ. И гъащIэращ. Ар лъэпкъ усакIуэ нэсым и щапхъэ нэрылъагъуу дунейм тетащ. «Щыхушхуэр сыт щыгъуи лъэпкъылIщ», – жиIэгъащ Белинский Виссарион. Абы пэджэж щIыкIэу, итхат Гамзатов Расули: «УсакIуэ нэсыр лъэпкъым и гъуоуэ щытыфращ. Абы и творчествэр къуэпс псомкIи пыщIауэ щытын хуейщ и лъэпкъымрэ къыщалъхуа лъахэмрэ». Акъылышхуэж1э, купщIэ куукIэ гъэнщIа а псалъэхэр гъуазэу иIащ Кулиевым...

Сыт хуэдэ гугъуехьхэм, нэщхъеигъуэхэм хэмыхуами, Къайсын и гугъэр фIым хихыжыртэкъым. Дыгъэр къухьами, ар къызэрыкъуэжIыжынур зэрищIэм хуэдэу, усакIуэм и фIэщ хъурт и лъэпкъым къытеуныкIыфIа дунейм зэ зэрызипIэтыжынур. Залымыгъэ, гущIэгъуншагъэ хэлъу зи лъахэр зрагъэбгына и лъэпкъым и уэчылт, и уэрэдуст, армыхъу и гъыбзэусу щытакъым ар. Гузэвэгъуэшхуэр къызытепсыха и лъэпкъэгъухэм я гур фIы яхуищIу, ахэр шыIэныгъэм, бэшэчыныгъэм къыхуриджэу илъэс пщыкIущкIэ насыпыншагъэр къызыдэлъыса а тхьэмыщкIэхэм Къайсын ящIыгъуащ.

А илъэс къомым усакIуэр зыщэщIа дыгъэр къыщIэжIыжу дунейр нэху къэхъужа, балъкъэрхэр я лъахэм къихьэжа нэужьи, Кулиев Къайсын ди лъэпкъ интеллигенцэм и къру пашэ хъуащ. Абы сыт щыгъуи къепщIэкIат литературэм, культурэм я лэжьакIуэхэр. Къайсын ахэр игъэгушхуэрт. ИгъэфIырт. Илъэс бжыгъэ куэдкIэ зэпыуа хъуа, ужьыха лъэпкъ литературэр, щIэныгъэ Iуэхур къэIэтыжыным, абыхэм зегъэужьыным къыхуриджэрт тхакIуэ, усакIуэ, щIэныгъэлI ныбжьыщIэхэр. А псомкIи езыр щапхъэ гъуэзэджэт: абы щхьэх, еш иIэтэкъым. Зыр зым кIэлъыкIуэу и тхылъхэр

Налшыки Мэзкууи къыщыдэкIырт. Къайсын и усэхэр зэпымыууэ къытрадээрт газетхэм, журналхэм. Къыргъызым къыээрикIыжрэ илъэс закъуэ фlэкIа дэмыкlами, 1957 гъэм урысыбзэкIэ къыдокI абы и тхылъищ: «Си гъунэгъухэр» (Налшык), «Бгыхэр», «Щlакхъуэрэ роээрэ» (Мэзкуу).

КъыкIэлъыкIуэ илъэсхэми гъэ къэскIэ жыхуаIэм хуэдэу, Кулиевым и тхылъхэр къыщыдокI ди дежи, Мэзкууи, нэгъуэщI къалэхэми. КъыжыIэн хуейщ а илъэсхэм ар творческэ щlалэгъуалэми ядэIэпыкъуу, абы и фIыгъэкIэ ди тхакIуэ, усакIуэ куэдым я тхыгъэхэр щIэх-щIэхыурэ печатым къытехуэу, тхылъ щхьэхуэурэ къыдэкIыу зэрыщытари. Къайсын псалъэ гуапэ зыхужиIэурэ, зыхуитхыурэ гъуэгу тригъэувахэм ящыщ куэд нобэ тхакIуэ цIэрыIуэ хъуауэ балъкъэр литературэр ягъэбжьыфIэ. «Щыху нэхъ насыпыфIэ дыдэр, – жиIэрт Дидро, – цIыху нэхъыбэм насып ялъызыгъэсыращ». А лъэныкъуэмкIэ къапщтэми, Кулиев Къайсын нэхъ насыпыфIэ дыдэхэм яхыубжэ хъунущ.

Зэман бэаджэм халъхуахэм ящыщт Кулиев Къайсыни: абы и сабиигъуэр хиубыдащ 1917 гъэм Урысейм щекIуэкIа революцэм ди дежи къихьэса лэхъуэкIыныгъэхэм, зэман лэхээрыхьэм. ИужькIэ граждан зауэр. АдэкIэ колхозхэр къызэгъэпэщыныр. ЩэщI гъэхэм щыIа гъейр. Къэралым щызэрахьа лешхуэхэм кърикIуа тхьэмыщкIагъэхэр. Гуауэ инхэр. Мис а псоми япсыхьа, ахэр зи нэгу щIэкIа щIалэщIэр гугъуехьхэми къызэфIэмыгъэщIауэ, гуауэхэми и гур ирамыудауэ 1935 гъэм Мэзкуу къыщохутэ. Ар щоджэ А. Луначарскэм и цIэкIэ къэрал щыхьэрым дэт театральнэ институтым (ГИТИС-м). А еджапIэм щыщIэса илъэсхэращ Къайсын и литературэ гъуэгум щIадзапIэщIэ игъуэту щыхуежьар. ЗэчийкIэ Алыхьыр къызыхуэупса щIалэм еджэныммрэ тхэныммрэ кууэ зрепщыт. Абы цIыхугъэ захуещI усакIуэшхуэхэм. Поэм и дежкIи нэрылъагъут зызыхуигъэхьэзыр артистыгъэм къыдэкIуэу, М. Горькэм и цIэкIэ щыIэ Литературэ институтри здэзыхь Кулиевым усакIуэ къызэрыхэкIынур. Арат абы гулъытэ лей къыщIыхуащIыр зи цIэр жыжьэ нэIуса Пастернак Борис, Тихонов Николай, Твардовский Александр, Кедрин Дмитрий сымэ, нэгъуэщIхэми. А усакIуэ цIэрыIуэхэр къызэрыщыгугъауи къыщIэкIащ Кулиевыр: абы и усэхэр щIэх-щIэхыурэ къытрадээу хуожьэ. И япэ тхылъыр («Сэлам, пщэддджыжь!») 1940 гъэм Налшык къыщыдокI.

Зи творческэ гъуэгуанэр апхуэдэ ехъулIэныгъэхэмкIэ къезыгъэжьа Къайсын зэман кIэщIым къриубыдэу лъагапIэщIэхэм хуэкIуэну зэрыщытам щэч хэлътэкъым. АрщхьэкIэ 1941 гъэм къэхъея Хэку зауэшхуэм къызэпеуд абы и гуращэ инхэр. Къалэмри лэжьыгъэри къегъанэри, ар яхохьэ зи Хэкумрэ зи хуитыныгъэмрэ фашизмэм щыхъумэну Iэщэр къэзыщтахэм. Пэжщ, абы щIэх дыдэу къыгуроIуэ къалэмри бийм уэзэрэдзуэн Iэщэ лъэщу зэрыщытыр. А лъэхъэнэ гуащIэхэм щыгъуэ Къайсын и къалэмыпэм къыщIокI мафIэ бзийкIэ псыхьарэ лъыпскIэ ятхами ярей усэ гъуэзэджэ куэд. Мэзкууи СССР-м и республикэхэми къыщытрадза «Зэхэуэм щIидзэным и пэкIэ», «Бгырысхэм я деж», «Си лъахэм ищI», «ТхьэрыIуэ», «Нэхъ лъапIэ дыдэр», «Сыт щыгъуи сригушхуэрт сы-

зэрыбгырысым», нэгъуэщIхэри щIэрыIуэ хъуат. Мы пужьрей усэр Европэм щыпсэухэм ящыщ лъэпкъ 14-м я бзэхэмкIэ 1942 гъэм Совинформбюром къитауэ щытащ.

Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэ хьэлъэхэм щыгъуэ Кулиевым и творчествэм зыужьыныгъэ инхэр игъуэтырт. Зи ныбжьыр илъэс 24-рэ фIэкIа мыхъуа сэлэт хахуэм, лIыпIэ иува усакIуэм щытхъухэр щыхуаIэтырт Мэзкуу нэгъуэщI щIыпIэхэми къыщыдэкI газетхэм, журналхэм. Абы и Iуэху еплъыкIэми, и творчествэм и къэухьми зашэщIат. Заубгъуат. Ар щIэкIы зыхуэусэр и лъэпкъым и закъуэтэкъым – псэкIэ, гукIэ ялъэIэсырт зауэм и мафIэсышхуэм хиубыдауэ игъэгулэз псоми. Iуэхур апхуэдэу зэрыщытым гу лъамытэу къэнакъым критик цIэрыIуэхэм. «Зауэм зэрыщIидзэ лъандэрэ Кулиев Къайсын, лъэпкъ къэухьым къикIри, хэкупсо усакIуэ хъуащ», – итхыгъащ 1942 гъэм критикышхуэ Ерусалимчик Лие. «Кулиев Къайсын Кавказым и гум къилъыдыкI мафIэ бзийуэ щоблэ зауэ IэнатIэми усыгъэми. Ар бгырыс лIыхъужьхэм я лIыкIуэ хахуэщ. Зи усэхэр гуапагъэрэ къару лъэщкIэ гъэнса, талантышхуэ зыбгъэдэлъ цIыхущ», – хужиIат абы а илъэсхэм Стасовэ Еленэ. Фадеев Александри итхат: «Балъкъэр усакIуэ телъыджэщ Кулиев Къайсын. Езыри бгырыс нэсщ, и усыгъэхэри нэгъэсауэ тхащ».

Урысей лъэпкъыбэм я усакIуэ нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщ зы хъуащ Хэку зауэшхуэм сэлэт лIыхъужьу хэта Кулиевыр. Литературэ творчествэм къыдэкIуэу, ар общественнэ гъащIэми жыджэру хэтащ. Къайсын щIэх-щIэхыурэ ирагъэблагъэрт литературэм, зауэмрэ мамырыгъэмрэ теухуауэ Совет Союзми нэгъуэщI къэралхэми щрагъэкIуэкI зэIущIэ инхэм. Ар абыхэм щхьэ бжыгъэу яхэту арэтэкъым – зэрыусакIуэ ябрагъуэм нэмыщI, политикышхуэуи зыкъыгъэлъагъуэрт. ЖыпIэнурамэ – хэкулIт. Хэку лIыкIуэу зэрыщытыр игъэпэжу, утыку инхэм къыщыпсалъэрт. Iэгуауэшхуэхэр хуаIэту а утыкухэм къикIыжыфырт.



СССР-м и тхакIуэхэм я съездым. Кулиев Къайсын, Зульфия, Мустай Карим, Зумакулова Танзилэ, Бочыкъ Лейлэ, Гъуыщыкъуэ Хъусин. *Москва, 1964*

Ди къэралми нэгъуэщl щlыпlэхэми куэдрэ къыщызыкlухьу, зи жумартыгъэкlи, псэ къабзагъэкlи дагъуэ зыхуумыщlыфын цlыхушхуэу, усакlуэ щlэрыlуэу дунейм тета Кулиевым ныбжьэгъу куэд иlэт. Ар фlыуэ къалъагъуу, пщlэшхуэ къыхуащlу щытащ щlы хъурей псом щыцlэрыlуэ усакlуэхэм, композиторхэм, сурэтыщlхэм, артистхэм, щlэныгъэлlхэм, политикхэм. Абыхэм ящыщщ Шолохов Михаил, Ауэзов Мухъутар, Вургун Самед, Симонов Константин, Бажан Миколэ, Рашидов Шараф, Свиридов Георгий, Межелайтис Эдуардас, Турсун-Заде Мирзо, Дудин Михаил, Кербабаев Берды, Кулешов Аркадий, Гамзатов Расул, Кугультинов Давид, Айтматов Чингиз, Абашидзе Ираклий, Капутикян Сильве сымэ, нэгъуэщlхэри.

Я гумрэ я псэмрэ дыхьэу абы и усэхэр зэрадзэкlырт усакlуэ, зэдзэкlакlуэ lэзэхэу Тихонов Николай, Липкин Семён, Коржавин Наум, Гребнев Наум, Козловский Яков, Неман Юлие, Петровых Марие, Ахмадулинэ Беллэ сымэ, нэгъуэщlхэми.

Зэчиишхуэ бгъэдэлъащ Къайсын. Лlыгъэрэ хахуагъэкlэ Хэку зауэшхуэм къыщихьа дамыгъэ лъапlэхэр и пщlэнтlэпс къабзэрэ гуащlэдэкlкlэ игъэбагъуэу, Урысейми СССР-ми я Къэрал саугъэт нэхъ ин дыдэхэр къылъэгъэсу цlыхубэм, къызыхэкlа лъэпкъым яхуэлэжьащ ар. Игъащlэкlэ мыкlуэдыжын фэеплъу абы къытхуигъэнащ и усыгъэ уахътыншэхэр.

**ЭФЕНДИЕВ** Салихь,
*философие щlэныгъэм и доктор*
*2007*



# МАФlЭКlЭ ПСЫХЬА ЗЭНЫБЖЬЭГЪУГЪЭ

Кlыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ щызэхуэзам зыр илъэс 29-рэ, адрейр – 26-рэ хъухэрт. Зауэм и пэ а тlур зэрыцlыхуу щытакъым, ауэ усэ ятхырти, зым адрейм и цlэр зэхихат. Хэку зауэшхуэм ахэр зэныбжьэгъу ищlам къыщымынэу, къуэш нэлъытэ зэхуэхъуащ. Кулиевым етхыж: «1942 гъэм и кlэм Мэкуу сыкъыкlри, Сталинград фронтым сыкlуауэ щытащ. Алим зэрыщыlэр дивизэ си нэгу къысхущlэмыгъэхьэу. Зыгуэрурэ 51-нэ дзэм сылъэщlыхьэжри, сымыщlэххэу абы сыхуэзэжащ. Апхуэдэ махуэ хьэлъэхэм уи хэкум, Шэджэм къикlа лъэхэгъу, ныбжьэгъу, къуэш уи гъусэныр ехъулlэныгъэшхуэт. Дызэрызэхуэзэжам тlури егъэлеяуэ дыщыгуфlыкlащ. Зэман кlыхькlэ дызэкlэрымыкlыххэу зауэм и щlакхъуэ гъуэрыр зэдэтшхащ, щlытlхэм дызэдилъу, щэхэр тщхьэщыфикlыу, зэгъусэу уэсым зыхэдздзэу. Къырымыр хуит къыщытщlыжым щыгъуэ нужьрейуэ сэлам зэтхыжащ, иджыри дызэхуэзэжыну къытхуихуэнуми дымыщlэу».

Кlыщокъуэм зыхуигъэзэурэ Кулиевым итхырт:

*А щlыпlэм дыщызэбгъурыту,*
*си къуэш Алим,*

*Зы мылэ щIакIуэ зытедубгъуарт уэрэ сэрэ,*
*ГуащIэгъу зыхэмылъ мафIэм зыщыдубгъукIа,*
*Абы зыфIэдгъэпщкIуну дигу къамыкIыу.*

КIыщокъуэм езым и гъащIэм тритхыкIыжа «Бгыщхьэ хужьым укъэплъыхмэ» романым щетх: «...Кулиев Къайсын сыхуэзэну си насып кърихьэкIащ. Абырэ сэрэ дызэгъусэу дыщыIащ Донбасс, Къырым, Сиваш».

Кулиевым псэуху щыгъупщакъым а тIум яку дэлъа ныбжьэгъугъэр. Дунейм ехыжын и пэкIэ абы «КIыщокъуэ Алим хуэгъэзауэ» и фIэщыгъэу итха усэм дыкъыщоджэ:

*Сэ сощIэж Перекопи,*
*бэзэнщIам и фий макъыри,*
*Шэм пхиудэ уи тыIэри,*
*Уэ, адэфIым и къуэфIым,*
*Махуэм и нэхъ хьэлъэм*
*зыгъэр уи Iэпэгъут.*

Зэуэрым ахэр зэгъусэу зауэм здыIутым, Кулиевыр уIэгъэ хъури, ар КIыщокъуэм и илIэм телъу къихьыжауэ щытащ. Мис ар езы Кулиевым зэрыжиIэжа щIыкIэр: «Сэлэтым уIэгъэ хьэлъэ хъуа ныбжьэгъур ильэфырт. «СыкъыщумылъэфкIыу уи закъуэ кIуэ, уэ езыр ухэкIуэдэнкIи хъунущ. Уэрэ сэрэ ди насыпыр зыми зэхуэдэу игуэшакъым. Сыкъэгъани!» – къыжриIэрт. АрщхьэкIэ абы ныбжьэгъур хыфIидакъым, щIыр ипхащ, ауэ къуэшыр къригъэлащ».





**КIыщокъуэ Алимрэ Кулиев Къайсынрэ.** *1967*

Зэныбжьэгъухэр 1944 гъэм зэпэIэщIэ хъуащ. Пруссием щыIэу КIыщокъуэм зэхихащ гъунэгъу лъэпкъыр Хэкум зэрырашар. И ныбжьэгъугъэм хуэпэжу, Кулиевым Къайсын письмо къритхыкIащ: «Сигу къеуэ дызэрылъагъужыну Iэмал зэрымамыгъуэтар. УкIуэж хъумэ, ди къуршхэм сэлам схуехыж. Нартхэм я псым ефэ. Сосрыкъуэ зауэм къыхэкIыжа нэужь псы ефэу щытащ».

Ахэр щызэхуэзэжар илъэс пщыкIущ дэкIауэщ.

КIыщокъуэм и ныбжьэгъур зыщигъэгъупщэртэкъым. Фронтым къикIыжа нэужь, абы Налшык лэжьэн щыщIидзати, КъАССР-м и КГБ-м зыхуигъэзащ и ныбжьэгъур Хэкум къихьэжыну хуит ярагъэщIыну, арщхьэкIэ ядакъым. Ара къыщIэкIынт абы Кулиевым и письмом жэуап иритыжыну Iэмал щIимыгъуэтар. 1947 гъэм «Кабардинка» къэфакIуэ ансамблыр Кулиевыр здэщыIэ Фрунзе къалэм кIуати, абыхэм къыдригъэхьауэ щытащ тхыгъэ кIапэ. И ныбжьэгъум Къайсын къыхуиIуатэрт балъкъэрхэр гугъу зэрехьыр. КIыщокъуэр а зэманым республикэм егъэджэныгъэ Iуэхухэмкiэ и министрт, зэманри хьэлъэт, уэримыгъэплъэкIыу. Кулиевыр ТхакIуэхэм я союзым къыхадзауэ, и зы тхыгъи зы бэкIи традзэну хуиттэкъым. А псоми КIыщокъуэр иригумэщIми, абы хэкIыпIэ къыхуигъуэтыфыртэкъым.

Зэныбжьэгъухэр 1957 гъэм Мэзкуу Къэбэрдей-Балъкъэрым и махуэхэр щекIуэкIыу зэхуэзэжащ.

Кулиевыр дунейм щехыжам, КIыщокъуэм и ныбжьэгъум хуэфэщэн псалъэ утыку кърихьауэ щытащ: «Ар цIыху щыпкъэт икIи къыкIуэт зымыщIэт. «Нал къута» си романымрэ сэрэ дыкъыщракъухым, Къайсын къыщIысщхьэщыжар захуагъэм и хьэтыркIэщ, армыхъумэ дызэрызэныбжьэгъуам и закъуэкъым».

**ЭФЕНДИЕВЭ Тамарэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*



# НОБИ СРОГУШХУЭ

Бжьэхэр фом зэрепщIым ещхьу, Къайсын сыт щыгъуи цIыхур къепщIэкIырт – ари ауэ сытми цIыху къызэрыгуэкIхэр мыхъуу, бжьэм ещхьу лэжьэрей, бжьэм къыдит IэфIыгъэм хуэдэу, зи псэхэр IэфIагъэрэ гуапагъэкIэ гъэнщIа цIыху телъыджэхэр. Ар щIыжысIэр Къайсын и цIэр псалъэ дыгъэлхэмкIэ згъэщIэрэщIэну си мураду аракъым – Кулиевыр абы хуэныкъуэкъым, фор фошыгъукIэ бгъэIэфIыным зэрыхуэмыныкъуэм ещхьу. Си нэгу щIэкIар, Къайсын сэ дэслъэгъуар жысIэжыну аращ.

Акъыл зиIэм акъыл къелъыхъуэ жыхуаIэм хуэдэт а цIыху Iэзэр, щIэныгъэшхуэрэ акъылышхуэрэ зыбгъэдэлъыр. Армыхъумэ Хэку зауэшхуэм и пэкIэ Москва щеджа (А. В. Луначарскэм и цIэкIэ щыIэ театральнэ институтым щIэсащ), цIыхушхуэ Iэджэм яхуэзэу, яхуэзэ къудей мыхъуу, ныбжьэгъу яхуэхъуа, зи цIэр дуней псом фIыкIэ щызэлъэщIыгъэIуа усакIуэшхуэхэм, тхакIуэшхуэхэм, щIэныгъэлIхэм и

щытхъу псалъэхэр зылъысу щыта Кулиевыр аргуэру еджэну Москва щхьэ къэкIуат 1956 гъэм?

КъэкIуа щIыжысIэращ, Илъэс пщыкIущ ипэкIэ зи лъахэм ирахуауэ щыта лъэпкъхэр я Хэкухэм къагъэзэжыну хуит хъужахэт. Абыхэм ящыщт балъкъэрхэри. Абыхэм яхэт лъэпкъ щIыкIум и бынышхуэ Къайсынти. Ар Къыргъызым къикIыжри Москва еджакIуэ къэкIуат.

Уи насып къэрихьэкIынумэ, – куэдрэ?! Сэри а гъэм сыщIэст Къайсын еджакIуэ къыздэкIуа Литературнэ курс нэхъыщхьэхэр зэгъэщIылIа институтым и етIуанэ курсым.

Зи цIэм фIэкIа, зи щхьэр щджыри къэс сымылъэгъуа усакIуэшхуэр езыр ипэ къысщIэупщIащ. Студентхэри Курс нэхъыщхьэм щIэсхэм я нэхъыбэри дыщыпсэур Переделкинэм щыIэ общежитхэрат. Еджэн щIэддзэжа щIыкIэтэкъыми, махуэ-махуитI къытхуэпэжам дыщхьэхуитт. Мис абы щыгъуэщ сэ ипэ дыдэу Къайсын щысцIыхуар.

И цIэр щыжысIэкIэ и адэцIэри щIызгъуэтыр занщIэу пызгъэчащ:

– Уи адэм и цIэр щыжаIэкIа, и адэцIэри къыщIагъуу зэхэпха?

– Хьэуэ.

– Сэри зэхэсхакъым-тIэ.

Си ныбжьым къыщIэупщIэу жэуап щестыжым:

– Уэ пхуэдэкъуэ сиIэ хъуну щытащ сэ, – жиIащ. – Арашщи...

Илъэс зыплIыпху зи ныбжь и къуэ цIыкIу Эльдар срикъуэш нэхъыжьым хуэдэу, Къайсын сигъэгушхуэу, сигъэфIу, мис мо зи гугъу сщIа цIыхушхуэ къепщIэкIахэр сигъэцIыхуу, сакъригъэцIыхуу сызыщIигъэгъуащ. Абы и фIыгъэкIэ къэсцIыхуауэ щытащ Расул Гамзатоври, Мустай Карими, Давид Кугультиноври, Жумалдин Яндиеври, Аткъай Аджаматоври, нэгъуэщI Iэджи. ЕтIуанэ курсым щеджэ сэркIэ насыпышхуэт зи усэхэм къэрал утыкур яIыгъ мо цIыху цIэрыIуэхэм урагъусэныр, усыгъэм, литературэм, искусствэм, политикэм теухуауэ ахэр щызэпсалъэкIэ, щызэдауэкIэ абыхэм жаIэхэр зэхэпхыныр... Мобыхэм жаIэхэмрэ я «лекцэхэмрэ» институтым щызэхыдагъэххэм куэдкIэ къащхьэщыкIырт. ПцIы щхьэ упсын хуей, мафIэр нэхъыбэу «зэщIэзыгъэстри» ар зэпымыууэ зыгъаблэри Къайсынт – ар псоми егуэщIэкIт. Сэри сригуфIэрт, сригушхуэрт ди Къайсын, и къуэм сыпэзылъыту щыта си Къайсын, сыт щыгъуи бжьыпэр зэриIыгъым, абы къепщIэкIа цIыху телъыджэ къомым я жьы гуапэ сэри къызэрысщIихум.

Апхуэдэу къежьагъащ дунейм схыжыхукIэ пыщэхъыжьым хуэдэу къызбгъэдэта а цIыху жумартымрэ сэрэ ди зэрыцIыхуныгъэр.

**ЕЛГЪЭР Кашиф,**
*Къэбэрдей-Балъкъэрым*
*и цIыхубэ тхакIуэ*

# КУЛИЕВ КЪАЙСЫН ХУЖАІАХЭМ ЩЫЩ ПЫЧЫГЪУЭХЭР

Шэджэм псыхъуэ куэдрэ сыдыхьащ сэ, сигу къинауэ си нэгу щІэт зэпытщ а псыхъуэ дахэр – абы къыщхьэщыт кІуэрш лъагэхэр, нэпкъым къелъэ псынэ Іэлхэр. Си нэгу щІэкІыркъым бгы лъапэхэм щыслъэгъуа пасэрей чэщанэхэр. Шэджэм псыхъуэр зыми щІыпэзмыщІыр ар усакІуэ щэджащэм – Къайсын – зэритхахэрщ. А псыхъуэрщ – Шэджэмыщхьэщ – Къайсын япэ лъэбакъуэр щичар, и япэ усэр дунейм къыщытехьар. Къуршхэм я фэ нэпцлъ Къайсын и усэхэм – кІуэрш хуэдэ, пкъыфІэщ ахэр, бгыщхьэм телъ уэсым хуэдэу къабзэщ.

**ТИХОНОВ Николай**

Зэманыр кІуэтэху, Къайсын зэрыуардэри и пщІэр зэрылъагэ дыдэри нэхъ зыхыдощІэ. Зыхыдощlэ абы дызэрыхуэныкъуэр! Дапщэщи ди гъусэщ ар, ди гур хагъахъуэ зэпытщ Къайсын и усэ уахътыншэхэм.

**ГАМЗАТОВ Расул**

Ухыгъэр къыхуэзупсэри, Къайсын зауэм и мафlэ лыгъэм къелащ. КъыщІелар, сэ къызэрыслъытэмкІэ, ар ди къэралым и усакІуэ нэхъ щэджащэ дыдэхэм ящыщ хъуи хуейуэ и натІэ къритхати арщ. Кулиевыр къызыхэкІар, и бзыгъэм тепщІыхьмэ, лъэпкъыщхуэкъым. А лъэпкъыр Къайсын и усэм уардэ щІэхъукІащ.

Къайсын изэ зыщІимыхуа усакІуэ щыбгъуэтынукъым ди къэралым – ар щапхъэ тхуэхъуащ псоми.

Кулиев Къайсын ди литературэ абрагъуэм и бэракъщ, и гъуазэ пэлъытэщ.

**АЙТМАТОВ Чингиз**

Къайсын куэдрэ гъуэгу сыдытехьащ сэ, къэрал Іэджэм дызэдэщыІащ. Си нэгу щІэкІащ абы и пщІэр дэни зэрыщылъагэр. Къэзылъхуа лъэпкъым и набдзэт, и напэт ар. И щІыхугъэкІэ, и дуней тетыкІэкІэ, и усэхэмкІэ апхуэдэ щІыхьыр къилэжьыжащ Къайсын.

**КУГУЛЬТИНОВ Давид**

Кулиев Къайсын щІыхухэм ядогуашэ и лъахэм и Іупщыгъэрэ и дахагъэкІэ. И лъахэм ещхьыжу, гуапэщ сэыри – ар хьболъагъуэ абы и дэтхэнэ тхыгъэми.

Къайсын и усэри и гъащІэри щапхъэщ сэркІэ, дызэрызэрыщІыху лъандэрэ согъэщІагъуэ абы хэлъ гуащІэмрэ и псэ къабзагъэмрэ.

**МУСТАЙ Карим**

Кулиев Къайсын сэ сиЪблагъэ дыдэ усакІуэщ, щІыхупщхуэщ, зэчиишхуэ зыбгъэдэлъыщ.

**ПАСТЕРНАК Борис**

Къайсын и усэм гъуэгуанэ кІыхь къыщІэлъыщ, гуфІэгъуэрэ дэрэжэгъуэкІэщ ар щІыхум зэретэр, аращ и усэр щІэуахъътыншэр. Псалъэ шэрыуэм гъуэпапкъэ иІэкъым, абы и гъуэгур занщІэщ, Іэрыубыд зыщІыфыни щыІэкъым. Апхуэдэ къарукІэ узэдащ Къайсын и пшыналъэр.

Дуней псор зэлъащІысащ Кулиевым и усэхэм, дуней псор гуфІэгъуэкІэ игъэнщІ абыхэм.

**ДУДИН Михаил**

Къайсын сригъэблагъэри, Шэджэмыщхьэ сишауэ щытащ. СщІыху къудейуэ арат ар абы щыгъуэ. УсакІуэм и къуажэм дыщыхьэщІа къуэжь, абырэ сэрэ ныбжьэгъу дызэхуэхъуащ. Шэджэмыщхьэ си нэгу щыщІэкІащ Къайсын щІэшхуэ къызэрыхуащІыр – езым нэхърэ куэдкІэ нэхъыжь тхьэмадэ жьакІэхухэри къечэнджэщырт, сабийхэри къепщІауэ къыбгъэдэтт: «Усэ къытхуедж!» – жаІэу. Лъэпкъым щІэ зыхуищІ усакІуэм и насыпщ – Къайсын апхуэдэ усакІуэщ.

**АНДРОНИКОВ Ираклий**

Къайсын и усэр гъэхуащ, и псалъэр щІэщыгъуэщ, абы ущытезашэ къэхъуркъым, ар дэнэ къэна – узэщІэубыдэри, уи гупсысэр ещэщІ, уи гущІэм йотІысхьэ, уи лъыр зэрехуэ. Ар зыхуэзэфІэкІынур усакІуэшхуэ дыдэрщ – и гур жанрэ набдзэгубдзаплъэу. Апхуэдэ усакІуэщ Къайсын, а фІыгъуэ псор къыдалъхуауэ.

**ЛУКОНИН Михаил**

Ныбжьэгъу пэж щызиІэщ сэ Кавказым – Кулиев Къайсын. Абы срогушхуэ, си фІэщ мэхъу игъащІэкІэ сыкъызэригъэпэжынур. Іуэпщхьэмахуэ хуэдэу уардэщ, ГупщІапэщ, щІыху гуапэщ, хьэлэлщ балъкъэр усакІуэ телъыджэр. Псом нщхьэращи, абы и дэтхэнэ усэ сатырри гъэнщІащ гупсысэ куукІэ, зыхыбощІэ ар зи псэр къабзэ щІыхум и гущІэм къызэрыІукІар.

**ГОНЧАР Олесь**

Белорусхэм ди анэдэлъхубзэкІэ зэдзэкІауэ Минск къыщыдэкІащ Къайсын и тхылъ щІэрыІуэр – «ЩІым и тхылъыр». Ар зэзыдзэкІар сэращ – срогушхуэ абы, си напщІэ телъщ. Ди хэкум куэд щІауэ щыцІэрыІуэщ Къайсын, абы и усэхэм си лъэпкъэгъухэм я гур хагъахъуэ, фІыгъуэ лъэжьыным, щІыхугъэм, дахагъэм къыхураджэ.

**КУЛЕШОВ Аркадий**

Сэ си фІэщ мэхъу Кулиев Къайсын и усэр щэджэрей дунейпсо пшыналъэм и лъагапІэхэм зэращыщыр.

**ЛИПКИН Семён**

Ди Тхьэ! Сыт хуэдиз ф!ыгъуэ ф!эк!уэда Урысеймрэ абы и поэзиемрэ. Кулиев Къайсын дунейм щехыжам.

**СВИРИДОВ Георгий**

Усак!уэ Кулиев Къайсын зэрыжи!ащи, «зауэм щэуэ щаут!ыпщ псори зытехуэр анэм и гурщ».

**ГАНДИ Индирэ**

Балъкъэр усак!уэ Кулиев Къайсын и !эдакъэщ!эк!хэр дунейпсо культурэм и ф!ып!эщ. Данте, Байрон, Пушкин, Мицкевич, Лоркэ сымэ хуэдэ усак!уэ щэджащэхэм ябгъурытщ ар.

**«МОНД»** *газет. Францие*

Зи гуащ!эр ин дыдэ усак!уэщ Кулиев Къайсын. Щ!ыхум и гуныгъуэгъуэмрэ и гуауэмрэ щхьэщыэыхыф къару мык!уэщ!ыж хэлъыщ абы и усэм, дахагъэрэ дэрэжэгъуэк!э къотэу.

**ЗУМАКУЛОВЭ Танзиля**

Кулиев Къайсын лирик гъуэзэджэщ. Сыт хуэдиз ф!ылъагъуныгъэ хэлъу ар хуэусэрэ къызыхэк!а лъэпкъымрэ къыщалъхуа лъахэмрэ. Апхуэдэу щытми, абы и творчествэр Кавказ къурщхэм зэращхьэдэхрэ нуэд щ!ащ. Дэтхэнэ усак!уэ нэсми хуэдэу, Къайсын и !эдакъэщ!эк!хэм я нэхъыбэр теухуащ дунейм щек!уэк! !уэхугъуэшхуэхэм, абы щыпсэу щ!ыху къызэрыгуэк!хэм и гурыгъу-гурыщ!эхэм, я мурадхэм, я хъуэпсап!эхэм. А псоми ар тотхыхь гуапэу, щ!эщыгъуэу, гукъинэжу.

Щыхугъэ, дахагъэ, л!ыгъэ – ахэращ Кулиевым и усэхэм я тегъэщ!ап!эр. И псэм и нурк!э щ!ыхугухэр зыгъэхуабэ усак!уэщ Къайсын.

**ТЕУНЭ Хьэчим**

Лъэужь гуэр къэзымыгъанэ дунейм ехьэжыркъым. Кулиевым къызэринэк!ащ и щ!эр игъащ!эк!э щ!ащымыгъупщэн ф!ыгъуэ – и усэр. Зэи ужьыхыжынукъым Къайсын и усэм хэлъ маф!эр – ар уахътыншэщ, к!уэ пэтми нэхъ зэщ!эплъэн ф!эк!а, нэхъ к!ащхъэ хъунукъым. Маф!э хуэдэ, щоблэ абы и усэр щ!эблэхэм я гущ!эм – ащ ар щ!эуахътыншэр.

**ЩОДЖЭНЦ!ЫК!У !эдэм**

Къайсын ф!ыуэ илъагъуу щытащ щ!ыхур, къурщыр, псынэр, мэзыр, хьэуа къабзэр, щ!ахъуэ хуабэр, уэсыр, уда гъэгъар, лэжьак!уэ!э пхъашэр. Абы и усэхэм укъыщеджэк!э щ!ыхум уопсалъэ, къурш щыгум уитщ, псынэ щ!ы!эм ухоф, мэзым ущ!этщ, бгъэм щызу уобауэ, щ!ахъуэ хуабэм и мэ !эф!ыр къыщ!уроуэ, уэсым нэр топщ!ыпщ!э, уда гъэгъар къыпыбоч, дунейр зыгъащхэ лэжьак!уэ!э пхъашэр гуапэу уоплъэ... Ит!анэ зыхыбощ!э зи усэ укъеджэр зыми зэремыщхьри, щ!емыщхьри. Ар зэщхьу щы!эр



3 Заказ №537

езым и усэхэрщ. А усэхэр нэгъуэщI усэхэм ещхькъым. Аращ зытхари итхари щIалъапIэр.

**КЪЭРМОКЪУЭ Мухьэмэд**

Уи Iуэхущlафэхэм лъэпкъ псо иригушхуэу, ирилъагэу, уи цlэр я напщlэм телъырэ псэм упащlу щытын жыхуэпlэр – ар усакlуэм дежкlэ насып ин дыдэщ. И усыгъэхэмкlи и гъащlэмкlи ар хьэкъ тщищlащ пэжыгъэмрэ гуапагъэмрэ я усакlуэ Кулиев Къайсын.

**IУТIЫЖ Борис**

Лъэпкъым зихъумэжыфын папщlэ, абы къыхалъхуа цlыхухэр а лъэпкъым и къэкlуэнум хуэлэжьэн хуейщ. Апхуэдэ цlыхуу щытащ Кулиев Къайсын. Абы и усыгъэм кууэ хэпщат лъэпкъхэм я зэхущытыкlэм хэлъ lэфlыгъэр гъэбыдэн зэрыхуейм теухуа гупсысэр. Къайсын лъэпкъ цlыкlум къыхэкlами, и гур гъунапкъэншэти, дуней псор къызэщlиубыдэфырт, къызэдилъыхьами щилъэгъуахэр и акъыл жанымкlэ зэгъэзэхуауэ лъэпкъ культурэм хилъхьэрт, щlэблэм и гъэсэныгъэм тхыдэ къуэпсхэмкlэ пищlэу.

**ТХЬЭЗЭПЛЪ Хьэсэн**



Усакlуэшхуэу щытын папщlэ, гушхуэ икlуэщlыгъын, псэ къулей уиlэн, а псэ къулеймкlэ цlыхухэм жумарту уадэгуашэу щытын хуейщ. Апхуэдэ усакlуэшхуэуи псэ жумарт зиlэ цlыху гуапэуи щытащ езыр къызыхэкlа балъкъэрхэм я мызакъуэу, атlэ Кавказым ис лъэпкъ псоми дыдейуэ тлъытэ Кулиев Къайсын.

**КЪАГЪЫРМЭС Борис**

# КУЛИЕВ КЪАЙСЫН ТЕУХУА УСЭХЭР

КIЫЩОКЪУЭ Алим

## КУЛИЕВ КЪАЙСЫН ПАПЩIЭ

Сэ схуэдэу, уэри бгы лъабжьэм
Къыщlэж псы щlыlэм и дежым
Шыбз гуартэ блахумэ, уежажьэу,
Къилъэтырт уи гур пlейтейуэ.

Умейми, шыбэм уахэдэрт,
Къуэшным щlахуцlэу зебдзауэ,
Шы лъакъуэм мывэр щlэлъэту,
Шу лъагъуэ бгъуэм зептауэ

Уихьэну бгъыщхьэм уехъуапсэрт.
Нэхъ лъагэ пэтми, нэхъ щlылэщ;
Пщlэркъэ ди къурщхэм я хабзэр,
Мылыщхьэм хуабэ щымыlэ.

Сфlэфlт сэри къуацэу си щlакlуэр
Зыдэсхьу бгъэхэр щызгъащтэм.
Бгым дыдэплъейуэ догъакlуэр,
Бгым дыбгъэдэсми игъащlэм.

Мылыджэ щхъуантlэм щхьэщыхуу
Зэрехьэ жьыбгъэм уэс пхъашэ.
Уэ нрlэфlт а жьыбгъэр къыпщlихуу
Уигъыну бгъыщхьэм упашэу.

Умыгъэунэхумэ, нэlуасэ
Къыр лъагъуэр зэикl хъуххэикъым.
Хэщlапlэу бгъыщхьэм щыхъуапсэм,
Пыlапlэ и псэр ихуэнкъым.

* * *

Упу ерыщти уэ, Къайсын,
Иджы мис, зы пш уимыlэж.

Уи лъапкъыр, уэ урамыIэжу,
Зэхэсщ ныщхьэбэ, мэгуIэж.

Унафэ уимыи къыхуэнщIат:
НэгъуэщI уэ пхуэдэ къагъуэтыху,
Къурш лъапэм хъуакIуэу ар щIэтыну,
Игъуэту хуеихукIи нартыху.

Уи нэгу щIэкIахэм хэт щIэупщIэр?
Уи фэ дэкIари пхуэмыбжын.
Ухъужщ цIэрыIуи уаIэтащи,
Насыпыр нэи зы хъуржын.

Уэ лIы ухуэдэу уэзуащ.
Iэрыхуэт сэшхуэр икIи жант.
Уи хъыбарыфIхэр вагъуэм нэсырт,
Уи хэку гуиэри бгъуэтыжат.

Щыхубэ гулъытэ къыпхуэзыщIи,
Я щхьэр фIэхуауэ, мэгуIэж.
Я нэпскIэ хьэдэр уагъэпскIыну,
Гъын щагъэтамэ, къаублэж.

Ди Iуащхьэ тхъуахэр къэувауэ,
Щым хъуауэ уи щхьэм къыхуоплъэкI.
Уэ уахуэусэу ебгъэсащи,
КъыпхуащIыр ноби уэ гукъэкI.

Убегъымбару укъалъытэрт.
Уэ набдзэу хэкум уриIащ.
Шэджэм псыкъелъэхэр, упсалъэм,
ЖамыIэу псалъэ, къодэIуащ.

Ухъуат уIэгъэ сэ ущысхьым...
Си щIыбым уилъу бгым дехьыт.
СхуэзфIэкIамэ, укъэсштэнти,
Бэн узыдалъми укъисхынт.

НэщIэбжьэ хьэлъэу нэгу щIэкIар,
ИкIэм-икIэжым, пIуэтэжащ.

Уэ батэкъутэр щыбгъэшауэ
Дунейри къэдри къэпхъэжащ.

Уэлбанэщ нобэ, ауэ уафэм
Гъуэгъуэн къуимыкуу зеущэху.
Къыздамыгъэлэм бгъэлъэжащи,
Уэ плъагъужыныкъым дуней нэху.

Зэуэн-бэнэныр ухэжӏыхьри,
Сэшхуэ Ӏэрыхуэр ипхъэхьэжащ.
Ящымыгъуэщэу яхъумэнкъэ
Хэкум уэ фӏыгъуэу къахуэпхьар.

КЪАГЪЫРМЭС Борис

## КЪЫСФӀЮЩӀ ИДЖЫРИ УКЪЫТХЭТ

Сымыпӏэщӏауэ пӏэрэ сэ
Мы усэр стхыну? –
Къысфӏощӏ иджыри укъытхэт,
Къыйсын...
Апхуэдэу псынщӏэу
Гъащӏэр бухыну
Хэт игу къэкӏынт?..
Хэт игу къэкӏынт
Куэд мыщӏэу уи макъ гуапэр
Зэхадмыхыжу,
Уэ ухъуну щым?
Тфӏэпасэу хуэпшиящ
Иужь гъуэгуанэм лъапэр...
Уэ зыкӏэ къэкӏути
Утетыну щӏым!
Уэ зыкӏэ къэкӏути
Псэухэм уахэтыну!
Нэщхъыфӏэ хъуэжт узылъэгъуар,
Нэщхъейм.
Хэт и гугъэнт
Уахътым укъыгъуэтыну? –
Къытфӏэщӏт уӏэпкълъэпкъ быдэу,
Къыр нэхъей.

Уиlащ, Къайсын,
Гуфlэгъуи гуэзэвгъуи.
Бгъэщlа гъащlэнхуэм
Сыт сэ схуищlыгъуи?..
Уэ сыпхуэзат, Усакlуэ,
Си щlалэгъуэу, —
Уи шынэхъыщlэу
Плъэкlащ сыплъагъуи.
Сэ къыщысщlащ уи деж
Зищlысыр лlыгъэр:
Уэ бгъуэтыжа акъылкlэ
Псэужын,
Къыпщlадзэу щытми бийхэм
Мафlэ лыгъэ,
Уи Хэку,
 уи лъэпкъ,
 уи щlыхь
Умыхъуэжын!
Сопсэу,
Уи дерсхэр
Зэи сщымыгъупщэу,
Зэхэсхым хуэдэу
Нобэми уи макъ.
Сыщlокъу си гъащlэм
Игъуэтыным купщlэ,
Си псалъэр мыбгъунлъэным
Сыхуосакъ.
Дунейм щехыжкlэ щlыхур,
И lэужым
А щlыхур зыхуэдар усгъэлъыгъуж.
Къэнащ, Къайсын, уахътыншэу
Уи лъэужыр.
Уэ къэбгъэщlащи,
Псалъэ мыкlуэдыж.

КlЭЩТ Мухьэз

## КЪУРШХЭМ Я ЩlЭХУ

«Сэ сиис къэжан, си уэс къесын», —
Жысlэу сыщысхъым зыгуэр сежьэу.

Лъэужь къэзгъанэм сфlэфlщ, Къайсын,
Сыкъэтэджащ уи уэрэдпежьэу.

Сэ зым си закъуэ уи уэрэд
Бзэрабзэм
Гъуэгу пэж тришар?
Зызыхуэмыщэу къырым къуэт
Зы удэ-удэнтl дэуфlэжар?

Къыдэукlуриеу бий етар
Жылэ лажьэншэхэр щагъэсым,
Зы мыпэ фlыщlэ къагъэчар
Яшэча гуауэм ди бгъырысхэм?..

Уэ къыджепlащ бгъыхэм я щэху,
Къытхуэпlуэтащ я гуэвагъуэ,
Дыхэбгъэплъащ ахэр гуфlэху,
Дыбгъэлъэгъуащ ятелъ уlэгъэр.



Ди къуршхэм хохъуэри зы бжыиз,
Уэ уи уэрэдым едэlуэхукlэ,
Къилъагъуу къиплъми щlыбгъум нэс,
Нэхъ лъагэ мэхъур махуэ къэскlэ.

Езы къурш дыдэр гурыгъу хэтщ:
Къуршыпсыра, уэра нэхъ къабзэр?
Нэхъ кууэ лъахэм пыщlар хэт?
Дэтхэнэра нэхъ убзэрабзэр?

Уи усэр псынэщи, мыкlуэщl —
Ди щlылъэм и бгъэм щlыбопlыкl.
Ди къурш нэкlухухэм ар и куэщl,
Тхьэрыкъуэ щэхуу, къолъэтыкl.

ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер

## ЗЭКЪУЭШИТХУ

*Кlыщокъуэ Алим, Кулиев Къайсын, Гамзатов Расул, Кугультинов Давид, Мустай Карим сыхьэ я деж*

Йожэкl зэманыр.
Зэныбжьэгъухэр

Лӏэщӏыгъуэ ныкъуэм фыщхьэдох.
Зыр зым фыхуэкӏуэу лъагъуныгъуи
Къуэщыгъэ усэ гум къынох.

Хисхьащ зауаем фи щӏалэгъуэр.
Фхэтакъым къаскӏэу къикӏуэта.
Зауэ нэужьми гъащӏэ гугъум
Псэхупӏэ махуэ къыщита?

Фи алъыхэр, налыр къащӏэмыхуу,
Бгъурыту макӏуэ зэман ткӏийм.
Абы нэхь ябгэр къыфищӏимыхуу
Фыкъылъэгъуакъым зэи бийм.

Итӏани фхэткъым тхьэусыхэ,
Уэрэдыр кӏэщӏау фэ хыпош.
Бгым фыдэкӏыхукӏи фемыпсыхыу
Егъу къыфхуэхъуари гъуэгум щош.

Къурш щыгум мызэу фэ фихьами,
Фщӏыуэ фи хабзэкъым махуэл, —
Бгы нэхъ лъагэжым зыныхуэфхьу
Лъагъуэ тетыныр фхуэхъуащ хьэл.

Зэшитхум нобэ фи щхьэр тхъуами,
Лъэпщ и Ӏэпхъуамбэу фызэкъуэтщ.
«Къытхуей хъум», — жаӏэу къыфхуэхъуахъуэу
Фи щӏэблэр фэ фи щӏыб къыдэтщ.

... Усакӏуэм хуэдэу лъапкъхэм я гур
Зэпызыщӏэф щымыӏэ зы.
Ар зылъэкӏари щӏэтщ и нэгум
Бэм,
Псэкӏэ хуэхъуу арэзы.

Фэ псалъэ пэжкӏэ ди зэманым,
Ди лъэпкъ гурыщӏэм я сурэт
Вгъэжащи — зигу нэмыс къэмынэ,
Лъэпкъ Ӏэджэм я гум гъуэгу хуагъуэт.

ЩӀодэӀур псори фи уэрэдым:
Зи жьыщхьэ махуэу жьакӀэ тхъуар.
Ныбжьыщlэу
Лыгъэм зигу хуэбатэр,
Сабий –
Гъащlэщlэм хэбэкъуар.

Фи лъэпкъым хуэдэу Іущщ фи псалъэр:
Хъуэхъу зыхуэфащэм –
ХуаІэт хъуэхъу,
Тохуэ напэншэм удын хьэлъэу,
Гухэлъ зыщlахэм хуохъу Іэпэгъу.

Бжьэ даІэтыфыр зи гуфІэгъуэм,
Щыгъуэм –
Нэпсыншэу доцыгъуэф.
Щыуэм –
Гъуэгу захуэ хуагъэлъагъуэ,
Пэжщlэкъум –
Іэщэ зыхуащlыф.

Къысфlощl фи усэм Кавказ бгыжьхэр
ЯщІауэ нэхъри нэхъ лъагэж,
Къалмыкъ губгъуэшхуэр,
Башкирыщlыр
Дэхъуауэ тхыгъэм нэхъ дахэж.

… Бэм еплъырщ зыри зыхэмыщlыр, –
Уэрэдщ фэ тыгъэу къыхэфхар.
Фи лъэпкъым щхьэкlи –
Еш фымыщlэу
Лъахэр щlэдэІуу фогъэІу ар.

Къыхуевдджэу лъэпкъхэр зэкъуэпыгъэм
Ди егъухэр куэдрэ вгъэхэпэнщ.
Фытетщ Шыхулъагъуи –
Нэрылъагъуу
Уахътыншэ гъащlэм фыхишэнщ.



**Кулиев Къайсын, Тихонов Николай, КIыщокъуэ Алим сымэ.** *1965*





**ЩоджэнцIыкIу Iэдэмрэ Кулиев Къайсынрэ.** *1979*



Шортэн Аскэрбийрэ Кулиев Къайсынрэ. *1967*





Кулиев Къайсын йохъуэхъу шашэм усакIуэ Ахматовэ Раисэ. *1977*

*Усэхэр* **КУЛИЕВ Къайсын**



* * *

Жысӏэнкъым батэр мы дунейм
Щызгъэшу схъауэ, ауэ
Есхакъым зэи щӏыхум лей,
Дэсхынкъым и жьэгу гуауэ.

И махуэр, жысӏэу, кӏыфӏ щысщӏынщ, —
Къыхуэзмытӏа зым мащэ.
Хьэлэлу сэ щысшхащ мы щӏым
Си щӏакхъуэ ӏыхьэ мащӏэр.

Игъащӏэм щӏыхь къэзмылъыхъуа.
Си дежкӏэ нэхъ щӏыхь лъапӏэт
Сыщӏэтмэ ди къуршыжь щхьэ тхъуа
Пщӏэ зиӏэхэм я лъапэ.

Мылъку щӏыни си гум къэмыкӏа.
Къулейт дапщэщи си псэр —
И нуркӏэ дыгъэ къыщӏэкӏам,
Я ӏэфӏкӏэ ди къуршыпсхэм.

Псалъэпщӏыр зигу ирихьыр хэт? —
Щытакъым ар си щӏасэу.
Жызыӏэр пэжыр — и гум хуитщ,
Щхьэхуитуи мэусэ.

Си къуэш-бгырысхэ, щымыта
Пщӏы хэслъхьэу си уэрэдым.
Фи пащхьи арщ сыщӏимытар,
Сукӏытэу напӏэр къэсӏэтын, —
Усакӏуэ гуэрхэм хуэдэу.

* * *

Фӏыщӏэр — фӏыщӏэщ, хужьыр — хужьщ,
Щӏакхъуэр — щӏакхъуэщ, псыри — псыщ.
Жытӏэм ахэр дэ нэгъуэщӏу,
Къыщӏэкӏынущ ар пцӏы гъуэщэу.

Дыхунтыжищ дэ псори ди бзэ,
Псалъэр дэнэкӀи пхуэщӀэнщ.
Ауэ техуэн хуейкъым ди псэм
Махуэ бзыгъэм фӀэтщу жэщ!

«Шыщ» зэреджэр щӀалэ цӀыкӀур
КъэрихуэкӀыу зытес чым...
АпхуэдэщӀ фӀэкӀ щымыхуемыкӀуэу
Дунейр хъуатэм — дытыншынт.

* * *

«Напэ» псалъэм хъуамэ уриджэгу,
Хъуамэ къыбжьэдэкӀ ар ауаныщӀу,
Арщи щымыӀэжу пщӀэ зыхуэпщӀ уэ, —
Гъэпуд-тӀэ къыщӀэхуэр уи нэгу:

ЩӀы ауан уэ уи щӀыхъэр, уи уафэр,
Уи жьэгу хуабэр, абы щыблэ мафӀэр,
Махуэ къэскӀэ пшхы ерыскъы Ӏэфӏыр,
Махуэ къэскӀэ псы щӀыӀэ уэафэр,
Уи адэу — зи унэщӀэр пхуэмыфащэр,
Уи анэу — зи нэкӀу тӀэкӀур лэдэх защӀэр!..

Уэ ущымыгъуазэу къыщӀэкӀынщ
Е ущодыхьэшхыр уи дыгъуасэм:
Напэриц щӀэнсэуар, псэуам бгырысхэр.
Напэм щхьэкӀэ зауэр къыуащӀэкӀынт.
Ар яхъумэжыным папщӀи, я псэр,
МафӀэ гуащӀэм хэту, хагъэкӀынт!

«Напэ» жаӀэм — уэ зебгъэзэкӀынщ,
КъикӀыу зыкӀи хъымпӀар зэрумыщӀыр...
ЩӀым уэ щыбухынщ зэгуэрым гъащӀэр,
Ауэ, зэрыхабзэу, уэ уяужькӀи
Напэ жыхуаӀэжыр дунейжьым
Щыхухэм щагъэлъапӀэу екӀуэкӀынщ!

* * *

Щылэу къыщӀэкӀынкъым сабий гущэ,
Анэм щӀигъэхъаем нэхъ нэхъ тыншт.

Маблэ мафlэр lэджэкlэ нэхъ гуащlэу,
Анэм щыэзэщlигъэстам и деж.

Къэбгъуэтын, иlыгъыу уи гущэкъуэр,
Анэм къыбжиlам нэхъ уэрэдыфl?
Пшхауэ пlэрэ уэ зэгуэрым щlакхъуэ,
Анэм пхуигъажьам нэхърэ нэхъ lэфl?

КъеIуса нэхъ хуабэ уэ уи щlыфэм
Анэм пхуиду джанэ щыптlэгъам?
Гъащlэм хэтыр махуэ насыпыфlэу —
Анэр, къоубзэрабзэу, щыщlыгъуарщ.

Гъавэ дэкlи —
КъеIэу уи гукъуэпсхэм,
Анэ псалъэ къабзэр къыбохъэкl.
Мо къуршыщхьэ уэсри дыгъэ къепсри —
Анэм и псэ нэхум йофэгъуэкl.

Щlылъэм теткъым анэм нэхъ гумахэ,
Щlылъэм теткъым анэм нэхъ бэшэч.
Анэр, нурыр къыщхьэщихыу, дахэщ…
Къытумыхьэ уэ абыхэм шэч.

Анэм и быдзышэр уэркlэ хъаплlэщ.
Уигу ихункъым — илъэс мини псэу!
Анэм и lэм хуэдэу щабэ, гуапэ
lэ къытебгъуэтэнкъым дуней псом!

* * *

Быным папщlэ гуэзэвагъуэу иlэр
Хэлъыщ гущэкъу уэрэду анэм жиlэм.
Анэм и псэм япэ зы пемыжьэ
Зиудыгъуауэ пабжьым хэт дыгъужьым.

Ехъыр анэм жэщ шынагъуэм хэплъэу,
Дотхъу и щхьэщыр и псэм хьэзаб телъым.
… Зауэ лапщэ къыщыхъейми щlыгум —
Шэуэ хьуар зытехуэр анэм и гурщ.

## ЛЕЙЛЭ ЩIЫКIУ И ГУЩЭКЪУ УЭРЭД

Къуршхэм я мызакъуэ,
Къуршыщхьэ уэс хужьхэри мэжей.
Щыту мэщхьэукъуэ
Щхьэ баринэу пщIантIэкум ит бжейр.

Йожэнхьыр уафэм
Щхьэнтэ хужьу узыIупхъэ щIыр.
Хилъэфащ жей IэфIым
НетIэ уэ шынакъым къибна шэр.

Жей, си тIасэ. ПщIыхьырщ
Мо щхьэгъубжэ Iупхъуэр зыгъэхъейр.
Пэшым ар къыщIохьэ
Щабэ дыдэу, джэду щIыкIу нэхъей.

* * *

Зэхьэзохыр къыхэIукIыу жэщым
Куэдрэ си анэм уэрэд къыжиIар.
Щыхубэ гуэрым, щIигъэхъыесу гущэр,
И бын щIыкIум къыхуриш хъунщ ар.

Жэщ мамырхэм щIылъэм къедэхащIэ
Мазэ нурыр — кIэншэу щIэщыгъуэнщ.
Абы ещхьщи иджыпсту дахащэу
КъэIу гущэкъу уэрэдыр —
Жьы мыхъун.

* * *

Зы дакъикъэ япэкIэ гущIыхьэу
Гъа сабийр, гуфIэжу дэ долъагъу.
Арщ и хабзэр гъащIэм: зэм дошыхьэ,
Зэми додыхьэшхыр дэ,
Ныбжьэгъу.

Бжейр мэхъу гъатхэм щхъуантIэ,
Щхьэ баринэ.
Гъуэжьыщ ар бжьыхьэм —
уэшхыпсыр и нэпсщ.

Ар хэтынуц щlанэу уэс борэным,
Ар хъужынуц аргуэру щхъуантlэпс.

* * *

И нэр къэплъэжыну мэгугъэ хьэфизыр.
Поплъэ щыхъужынум игъэщэlур узым.
Макlуэ гъуэгурыкlуэ ешар, и псэр пыхуу.
Пlащlэу дыхьэжыну и жьэгу хуабэм, нэхум.
Зи уахъты къэсахэр псэуну мэгугъэ.
Лей къызылъысахэр — щогугъыр захуагъэм.
Гуауэ щыlэм хэтым — гуауэр зыщ щlишэчыр:
Бидэу ар мэгугъэ, щэдей гуфlэжынкlэ.
Хихкъым гугъэр гъащlэм, толъкъуным щlилъафэм —
Нэсыфын къыфlощlыр зыхуеlэ псы lуфэм…
Зыгъэнэхур гугъэрщ дэ ди жэщхэр махуэу.
Арщ иlэр сыт щыгъуи щlэгъэкъуэну щыхум.
Согупсыс мычэму: дауэт си гъуэгу гугъум
Сызэрехъулlэнур, сщlымыгъуамэ гугъэр?



* * *

Къэзгъэщlар мымащlэ...
Сыт-тlэ къэсщlэфар? —
Зэрыкlыфlырщ, мащэм
Хуэдэу, жэщ уфар;
Зэрыхужырщ уэсыр,
Къыщlэпщlыщlэу уи нэм;
Щlапlэ нэщl къыщинэм
Хьэ мыпсалъэр зи бзэр —
Зэрыгъуэгырщ ину.
Щыхум хуэдэ къабзэу!..

* * *

— Нэхъ хужь дыдэу щыlэр сыт?
— Нэхъ хужь дыдэр щыху гуфlэгъуэрщ.
— Сыт нэхъ фlыщlэу дунейм тет?
— Фlыщlэр гуауэрщ, гузэвэгъуэрщ.

— ЩIыхур щыIэ зыщикIуэт?
— Ар ны бжьакъуэу егъаш жыгъэм.
— Iэмал лъэпкъ зимыIэр сыт?
— Псоми къытпэщылъ лIэныгъэращ.

* * *

Хэлъыжу и пIэ, бгырыс лIыжьыр лIарт.
Мамыру лIарт, къахэплъэу бынхэм, къуэшхэм.
Щхьэгъубжэмкlэ зигъазэурэ ар плъэрт —
Зэпымыужу къешхырт бжьыхьэ уэшхыр.
ЕрагъкIэ жеIэр къэсам зи ажал,
Закъыхуигъазэу хьэзырхэм пыхьыну:
«Дунейр уэфIамэ сыт хъунт, бетэмал,
Мы ятIэ махуэм дауэ сыщIэфлъхьэну!»

* * *

Псэу, пэщIыфу сыт хуэдэ гуапагъэри
Уи анэ быдзышэм и IэфIагъым,
ФIыщIэ хуэщI зи жьауэ ущIэс жыгым,
Зи псы щIыIэ уефэ псыежэхым...

* * *

«Псоми сыщыгъуазэщ, псори сощIэ!» —
ЖиIэн зылъэкIынур акъылыншэращ.
Iущым сытым щыгъуэми къыфIощIыр
ИщIэр мащIэу.
Куэдми тхылъу иджыр.

* * *

ГъащIэ шхыну дунейм къыщытпоплъэ
ЩIыхухэм:
Куэду — шыгъур, мащIэу — фор.
Дытетынущ дэ бэшэчу щIыналъэм,
Пасэу къыдгурыIуэу щытмэ ар.

*Зэзыдзэкlар* **БИЦУ Анатолэщ**



4 Заказ №537

## ПСЫЕЖЭХЫМ ПЩАЩЭМ ЗЫЩЕГЪЭПСКl

Псыежэхым пщащэм зыщегъэпскl.
Дыгъэр гуапэу абы къыхуоплъэкl:

Дыщэ lэпэр дамэм трилъхьэу
Къыхуогуфlэ, и пlэм ижыхьау.

Къауцыпlэу, псым хъыджэбзыр хэлъщ.
Жыг къудамэ ныбжьыр къыбгъэдэлъщ.

Губгъуэм ит удэ цlыкlухэм зауцэху.
Псым lулъ мывэм я гум загъэпсэху.

Псыежэхым пщащэр ныхосыхь, —
Лэжкъым зэри, щымыlэж балыхь.

Дунейм жьапщи уаи темытыж,
Лъахэу хъуами лъэхъуэщ имытыж.

Щы хъурейм зы заул щемыкlуэкl...
Псыежэхым пщащэм зыщегъэпскl.

## АНЭХЭМ Я НЭР

Йокlуэкl хьэгъуэлlыгъуэ — я бынхэр мэджэгу, —
Анэм я нэм гуфlэгъуэр щlэмыкl.
Щlакlуэм телъу бынхэр къыдахьэж я жьэгу —
Анэм я нэм гуlэгъуэр щlэмыкl.

Ди анэхэм я нэр бжьыхьэм унэ хуэхъуащ,
Гъатхэ гъагъэм псэупlэ хуэхъуащ...
Сэ дунейм и гуфlэгъуи и гуауи слъэгъуащ, —
Сэ ди анэхэм я нэр слъэгъуащ.

## ФЫЗЫЖЬЫР МЫВЭМ ТЕСЩ

Тесщ мывэм, и нэр плъызу, фызыжь къхъахэр,
Мывэжьым нэхъ нэхъыжьу сфlощlыр ар.
Абы и деж сыт жьыбгъэм къыхьэсахэр?
Сыт гукъэкlыж гупсысэр зытхьэкъуар?

Щысщ нанэр – ихьэжащ илъэс щыкIублым:
И щхьэщыгъуитIыр и плIэм едзэкIащ.
Ар псыхьэ макIуэ – щIалэ къыкIэлъыплъхэр,
Пащlэр щIаIуантIэу, къыщыгуфIыкIащ.

Нэр зэтрепlэ – бгыщхьэм ит шу пагэм
И шы лъэ макъым ныподжэж дунейр,
Пщэдджыжь нэмэзми, и щхьэгъубжэ лъагэм
КъоуIу и щауэр – иджы кхъэм щыжейр.

Щыгъупщэжащ фызыжьым куэд ищIауэ,
Ауэ заманым зы хущIэмылъхьэж:
И мыгъуэм джанэ зэрыхуижьыщIауэ
Щыта сабиным и мэр къыщIехьэж.

Тесщ мывэм нанэ, хэплъэу бзэха гъэхэм...
Ар псэухункlэ –
ЩIохъуэпс мы сигу плъэр, –
Iей илъэгъуар игъэщlкIуу зэман щыгъуэм,
Игу къэкIыжыну фIыуэ зыIуплъар!

## IУАЩХЬЭМАХУЭ

Iуащхьэмахуэ, узогъэщхь щIыху гугъэу
Дамэ лъэщым уэгум ирихьэм.
Ди бгырысхэм гупэр, нфIэнгъуэу,
Къыпхуагъазэрт щелъэIунум тхьэм.

Зауэ губгъуэм щыхэщIэ лIыхъужьхэр,
Джэлэн ипэ, жыжьэу къыпIуплъэжт.
Бгырыс унэ щащIмэ уэ уи лъабжьэм, –
Бжэ-щхьэгъубжэр пхуэгъазэу ягъэжт.

Уи уэс гъуджэу пщэдджыжь дыгъэм и лъэр
Япэу зытеувэр – зым имей,
Ауэ къырэхьалъкъыр абы щеплъым, –
ФIэщIт щымыIэу езым нэхъ къулей.

Хамэ къуажэ бысым щытхуэхъуами,
Ухэмыту пщIыхь дэ дымылъыгъут.

Уи щыгу лъагэу уэсым игъэтхъуами
Гуауэ хьэлъэр псынщlэ къытщигъэхъут.

Кlуа лlэщlыгъуэм сэ сыкъыхалъхуами,
Мэчэм зэи хьэжыщl сымыкlуэнт, —
Уи щхьэщыгум сынихьэнти,
Щэхуу
Лъэlуу сиlэ исори пхуэсlуэтэнт.

Зилъ щракlутахэри уи лъабжьэм,
Хенлъ зыгъэжахэри — бзэхыжащ.
Зыдихьахащ зэман блэжым и жьым, —
Iаджэ щlауэ дунейм ехыжащ.

Уэ укъыбзэщ, ещхьу си лъэпкъ напэм,
Ууахътыншэщ — гъащlэр уэркlэ инщ.
Ныбэ дыщимылъми уитащ уи пlэм,
Кхъэм дахьа нэужьи ущытынщ.

Сымыхъун шэlэщlэ, lуащхьэмахуэ,
Щылъэр сэ сыбгъэнэми зэгуэр:
Псэущ щlэблэр —
Мы дунейр щытыхукlи,
Уэ си нитlкlэ къыпlуплъэнщ зыгуэр.

* * *

Зы гъатхэ махуэ наlуэу, мамэ,
Си нэгу щlэтщ, кlуами илъэс щэщl:
Сэ уи уэрэдым сыщlэдэlуу,
Тlэкlу сыщхьэукъуэу силът уи куэщl.

Уи lитl емыщыр хунэст куэдым,
Уи цыкlуэкl къафэм сыдихьэхт.
Уэрэд къыжепlэм —
Уи уэрэдым
Псым мыщэ шырхэр щрихьэхт.

Гъатхэисым щес блэжьейм и щlыфэу,
Уэрэдым псалъэу хэтыр пщlыпщlт,
Губгъуэ мэракlуэм и мэ lэфlыр

Щыут абы...
Си гум абгъуэ щищIт.

Хэшт уи макъамэр, уи гум щIыхьэу,
Хамэм и гуаузм уищIт нэщхъей, —
Псыдзэм, мыщэ шыр щIыкIухэм ещхьу,
Уи сабий щIыкIуи ихь нэхъей...

А махуэм хуэдэу унгу хыхьауэ
Къыхэдзэ мыщэм и уэрэд, —
Тщырехъу дэ щIалэ дыхъужауэ,
БлэкIауэ щытми илъэс куэд.

ТфIырещI уи нэкIу залъа къимыщу,
Ди хьэщIэ жыыгъэр бзэхыжауэ,
Сэри, гур хуиту бгъэм къыщеуэу,
Си сабиигъуэм сихьэжауэ.

МЫВЭ УIА

Зауэ бэлыхьым мывэри къелакъым:
Ди лъахэм мафIэ лыгъэр щыщIэнам,
ИщIащ уIэгъэ хьэлъэм ныкъуэдыкъуэ —
Елъ шэ щIывахэм я пIэу къытенам.

Зауэ Iугъуэр дэ къыщытщхьэщыхьам
Дытрихуи и гугъэу ди щIы бейм, —
Ди бгырыс лIыгъэр мывэми зыхилъхьэу,
Псэм емыблэжу, пэщIэтащ ар бийм.

Си Хэку и мыва! ЗэщIэлъа ди щIыгум
И гъусэу — ем ди губжьыр дэ щытхьащ:
Дызэнэзэнсэт — пхъыкIар зы шэщ ди гум,
Зы мафIэм жыру тIури дипсыхьащ.

КЪЭПТАЛ

Джэгуэжь щыхэти, зауэм щыкIуи,
ЩиIыгъым дежи пхъэIэщэкI, —
Бгырысым щигът къэпталыр екIуу...
Иджы музейм ныщылэблэкI
Псоми ялъагъуу илъыщ абджыпсым.

Къурэ ящlауэ лъым, щlэнтlэнсым
lэпаlэу бжыгъэхэр къытощ.
... Вагъэбдзумэщlэм, лъы уэр ткlуэпсхэм
Я мэ къысщlихьэу сэ къысфlощl.

*Зэзыдзэкlар* **ТХЬЭГЪЭЗИТ Зубер**

## КIУАЩ БЕТIАЛ И ФЭЕПЛЪУ

Мыlэрысейр къыщыгъагъэм
Хэт и lэ щlылэм пиупщlт,
Гъатхэ жащ дахэу мазэгъуэм
Дауэ къурiшыпсыр ужыщlт.
Къурiпхэм я лъынтхуэ псы уэрыр
Зы махуэ закъуэм бзэхан!
Уэс зытесауэ щхьэмыжыр
Щlылъэм гуузу техуан!
Къыгъэззжакъым къурiшыбгъэм,
Сытыр абы и lэмал!
Лъэпэрэпа къунажыным
Кlэщl хъуащ и гъуэгу – бетэмал!
Укъыспэмыплъэу ныбжьэгъум
Напlэр уэ щхьэ зэтеплъхьа?
Дымыгугъэххэу шэджагъуэу
Дауэ уи дыгъэр къухьа?
Къурiпхэр, сын хуэдэ, пхуощыгъуэ,
Хуэлlэу уи макъ джэрпэджэж,
Укъыщыкlуэнур сыт щыгъуэ
Балъкъэр къыппэплъэхэм деж?

## ЕГЪЭДЖАКIУЭ БОРИС ИГНАТЬЕВИЧ

Щалъхуащ ар езыр урыс къуажэу
Зи тафэр уэс куукlэ къулейм,
Зи мэзхэм бжьо уардэр щызежэу,
Дахагъкlэ хэку псоми я лейм.

Къэкlуащ угъурлыуэ ди лъахэм –
И жыщхьэ бгырысхэм я деж,
Ищlати ди щlыху емыджахэр
Щlэныгъэм хэшэн гукъыдэж.

Щыхупlэу икlи нэщэкъащэу
Зэпичырт абы гъуэгу гугъу куэд.
Ауэ хэлъыт урыс хьэли, емышу
Бгы задэхэм дэкlт — къимыкlуэтт.

Абы зэрипэкlырт ди къырхэр,
Текlуэну бэрэнхэми лъэкlт.
Щlэныгъэм и япэ сатырхэр
Бгырыс сабий цlыкlухэм дигъэджт.

Ихуикlым зэи си гум а бжьыхьэр —
Етlуанэуи сэ сыкъалъхуат,
Си пащхьэм абы къыщрилъхьэм
Букварь напэкlуэцl зэlухар.

Къипащ сэ а дерсхэр си гущlэм.
Сэ псэкlэ абдеж зыхэсщlащ:
Урысыбзэ жыгъыруу дахащэм
И дамэхэр жыжьэ шэщlащ.

Урыс усакlуэфlхэм я усэ
Сыкъеджэрт, къысфlекlуэу си нэпс,
А тхыгъэ гурыхьхэр шу гъусэу
Схуэпхъу сэ сщlыгъуэщ нобэм къэс.

Зэманым сэ куэдым сыхуешэ —
Нэхъ хьэлъэу гугъуехь сыхуэзэху,
И «Парусым» Лермонтов къуэшым
Сыт щыгъуи си гъуэгу къегъэнаху.

Сэ уэ себгъэджащ, дадэ дыщэ!
Солъэlу: къысхуэгъэгъу, уигу сеуам.
Уда дахэхэм нобэ япэсщlу,
Мы усэр уи кхъащхьэм къэсхьащ.

*Зэзыдзэкlар* **ГЪУБЖОКЪУЭ** *Лиуан*

КУЛИЕВ Къайсын

# ГУКЪЭКIЫЖХЭР

## ШЭДЖЭМЩ СИ ГЪАЩIЭМИ СИ УЭРЭДМИ Я КЪЕЖЬАПIЭР

Сэ ноябрым и 1-м Сванетиемрэ балъкъэр щIыналъэмрэ я гъунапкъэм деж щыт. Шэджэм Ипщэкlэ зэджэ балъкъэр къуажэжьым сыкъыщалъхуащ. Си адэ Шувэ Iэщыхъуэу, щакIуэу щытащ. Си анэ Уэзирхъан Жуунгу къуажэм къыщалъхуащ: Жуунгу Ипщэрэ Ищхъэрэрэ жаIэу къуажитI хъурти, си анэр Ипщэм щыщт. Си анэш Бечеловхэ щIыху Iэсэхэт, лэжьакIуэшхуэхэт. Кулиевхэ нэхъ гуащIэт – шууей Iэзэхэу, Iэщэр яфIэфIрэ нэщанэуэнкIэ куэд зытрамыгъакIуэу апхуэдэхэт. Бечеловхэ хъупщэ я куэдти, губгъуэм щагъэхъуакIуэрт. Аращ си анэш бынхэм я гъусэу шы къэзгъажэу зыщегъэсари. Иджы а къуажэр щыIэжкъым. Шэджэм аузым сыщыкIуэкIэ, гукъэкIыжхэр къыстозэрыхь. Дэтхэнэ мывэри, жыгри, лъагъуэри, псынэри си псэм пэгъунэгъущ. Мыбдежым къыщакIухьу щытащ нэхъыфI дыдэу слъагъу цIыхухэм – си адэм, си анэм, зэи сымылъагъуэжыну си къуэшхэм. Абыхэм и лъэужьхэр апхуэдиз илъэсым къешха уэшхми трамыгъэкIыжауэ къысфIощI. Мыбдежщ къуршыщхьэм телъ уэсыр, къуажэм къыщхьэщыт вагъуэхэр, щхьэгъубжэм къыдида нэхущыр, ди адэм ищIа унэм къытешхэ уэшхыр япэ дыдэу къыщыслъэгъуар. Мыбдеж, си анэм и куэщIым хуабэу зисшыхьауэ, сабий насыпыфIэм и жей IэфIкIэ сыщыIурихырт. Мыбдежщ си гъащIэми си уэрэдми я къежьапIэр, си япэ усэр щыстхар, иужьрейри щыстхынур.

## УСАКIУЭ СЫХЪУНУ МУРАД БЫДЭ СЩIАТ

Уэрэд жыIэн сызэрыщIыкIурэ сфIэфIт, псысэмрэ уэрэдымрэ сыкъыхэхъукIауэ жыпIэ хъунущ. Нобэ дуней псом щыцIэрыIуэ усэхэм сыщыгъуазэ пэтми, лъэпкъ уэрэдым и дахагъэм къытекIуэн щымыIэу къысщохъу. Бгырыс уэрэдхэр зэхэзылъхьахэр зи цIэ имыщIэ усакIуэ щэджащэу къызолъытэ.

Сэ иджыри илъэс 18 срикъуатэкъым Мэзкуу сыкъакIуэу ГИТИС жыхуаIэ, артист IэщIагъэм щыхурагъаджэ институтым сыщыщIэтIысхьам. Абы сыщеджэми, сэ а зэманым мурад быдэ сщIат усакIуэ сыхъуну. А «усакIуэ» псалъэми сыщышынэртэкъым, си насып къызэрикIынуми шэч къытесхьэртэкъым.

ГИТИС-м сызэрыщIэтIысхьар щыуагъэу къэщIыгъэ хъунукъым. Сыдэзыхьэххэм ятепщIыхьмэ, сэ гуманитар еджапIэ фIэкIа сыщеджэфынутэкъым. ГИТИС-м хуэдэу искусствэмрэ культурэмрэ ятеухуауэ щIэныгъэ убгъуа къозыт еджапIэ щыIэтэкъым абы щыгъуэ.

Дезыгъаджэхэр щlэнытъэшхуэ зыбгъэдэлъ егъэджакlуэ lэзэ защlэт. Институтым и унафэщl Фурмановэ Аниэ фlыуэ къызэрысхуэщытар сигу къинэжащ. Литературэ институтым сыщlэтlысхьэну мурад щысщlым, сыщlригъэгъуэжауэ щытащ: «Абы апхуэдэ щlэныгъэ куу къыщlэпхынукъым», – жиlэри. Къэфэн, утыку итын хуэдэ сыдэзымыхьэхыщэ дерсхэм сыщlэмыхьэу, Литературэ институтым сыкlуэурэ тlури зэдэхьыну хуит сыкъищlауэ щытащ.

Мэжкуу сыщеджэху балъкъэрыбзэкlэ пьесищ зэздзэкlащ: Лопе Де Вегэ и «Фуэнте Овехуна»-р, Мольер и «Скапен зэхищlыхьахэр», Иванов В. и «Бронепоездыр». Куэд щlакъым Шекспир и «Отелло»-р зэрызэздзэкlрэ.

Артист сыхъуакъым. Налшык сыкъэкlуэжа нэужь, пединститутым литературэр иlъэскlэ щезгъэджащ. 1940 гъэм «Уэзыншэмэ, пщэдджыжь!» и фlэщыгъэу си япэ усэ тхылъ къыдэкlащ. Абы и lэрытхыр илъэсищкlэ къытрамыдзэу щылъащ. 1937 гъэм республикэм и Тхакlуэхэм я союзым ткlийуэ щытепсэлъыхьауэ щытащ абыхэм. Балъкъэр усыгъэм хэмыта, цlыхухэр идакъыри зэмыса гуэрхэр щlэуэ зэрыхэтырат дагъуэу хуащlыр. Сэ фlыр хэlэтыкlауэ, гухэщlыр гукъутэу къэзгъэлъэгъуэну сеlэрт. Сыщlаубын хуейр си усэхэр зэрыхуабжьыlуэр арат, ауэ абы и гугъу ящlыртэкъым. Псалъэ хэlэтыкlыныр псоми ди зэхуэдэ уэт а зэманым, ар тхьэмыщкlагъэ дыдэт. Илъэс куэд дэкlащ, си анэр къызэрыгуэкl дыдэу псалъэу зэрыщытар, усэбзэри апхуэдэу щытын зэрыхуейр къызгурыlуэху.

Нэгъуэщl къэралхэм я литературэм фlыуэ хэщlыкlыу щытми, щапхъэ дыдэу къанэр уи бзэкlэ ятхахэр аращ. Апхуэдэ щапхъэхэр ди балъкъэр тхыгъэхэм щымащlэ дыдэт. Кlуэ, идакъыри бгым щыпсэурт усакlуэ цlэрыlуэ Мечиев Кязим. Иджыпстуи абы нэхъ усакlуэшхуэ Кавказым исауэ къэслъытэркъым. Къуажэ пхыдзат ар зыщыщыр, 1938 гъэр къэсыху итхауэ къытрадзари закъуэтlакъуэхэт. Ауэ дызэрыщlыхуа нэужь, егъэджакlуэ пэжу ар сыт щыгъуи сиlащ.

## УИ НЭГУ КЪЫЩlЭБГЪЭХЬЭНУ ГУКЪУТЭТ



Сызэрынасыпыфlэмрэ сызэрыуэзыншэмрэ шэч къытеэмыхьэрэ дэнэкlи сымыгъазэми си lуэху зэрыдэкlынур сщlэуэ, дээм къулыкъу щысщlэну сыкlуащ. Шуудзэм сыхэхуэну сыхуейт. Ауэ си насып къикlакъым – лъэсыдзэм сыхагъэхьащ. Сигу мызагъэу, парашюткlэ къелъэ гупым зыхезгъэтхащ.

1941 гъэм цlыхухэм зыхащlэрт зауэр къызэрыблагъэр. Май мазэм ди гупыр Латвием ядзащ. Си нэгу къыщlохьэж июным и 21-м гуэл

Iуфэ гуэрым сыIулъу Галкин Самуил итхауэ журналым къытрадза «Бах Кохба» трагедием сызэреджар. ЕтIуанэ махуэм уи гур пфIимыгъэкIуэдынкIэ Iэмал зимыIэ зауэм и нэгум сишлъащ. Ди кхъухьлъатэхэм ирагъэхъуэн дагъэ яIэтэкъым. Щыгъынри шхынри дгъэсыну унафэ къытхуащIат. Фашистхэм жэщи махуи лагъымхэр кърадзыхырт. Мывэми псыми мафIэ щIэна фIэкIа пщIэнтэкъым. Икlэм-иклэжым нэмыцэ танкхэри къэтлъэгъуащ. КIуэрыкIуэм тету къалэр зэхакъутэурэ къакIуэрт ахэр. Уи нэгу щIэкIам дерс къыхэпхыфыныр уасэ зимыIэ Iуэщыгъэщ. Зауэм и япэ махуэхэм, дауи, усэ стхыну гукъыдэж лъэпкъ сиIэтэкъым. ИтIанэ Латвием щыслъэгъуам теухуауэ уситI стхыри, газетым езгъэхьащ...

Iейуэ сигу хигъэщIырт фашистхэр 1942 гъэм Кавказым къызэрихьым. Нэмыцэ дамыгъэр зытет бэракъыр Iуащхьэмахуэ щыхуарэзу уи нэгу къыщIэбгъэхьэну гукъутэт.

1943 гъэм Сталинград фронтым сагъэкIуащ. «Сын Отечества» газетым и корреспондент сащIат а зэманым. Абы си лъахэгъу Къыщокъуэ Алим сыщыхуэзащ. Газетым щылажьэрт зауэм и пэкIэ и критическэ лэжьыгъэхэмкIэ къэсщIыхуа Гоффеншефер. Дэ щым щIэх-щIэхыурэ ди гукъеуэхэр зэхуэтIуатэрт. 1944 гъэм, гъатхэпэм и кIэм. Хэкум шыкIри письмо нысхуэкIуащ. Ди усакIуэ Отаров Керим и хъэтIыр занщIэу къэсщIыхужащ икIи къызгурыIуащ гузэвэгъуэ къызэрыхъуар – си лъэпкъэгъухэр хэкум ирашу арат. Къыщокъуэ Алимрэ Гоффеншеферрэ си гур сфIамыгъэкIуэдыну хэтт, зыхэсщIэр къагурыIуэу. 1944 гъэм Тихоновым къыбгъэдэкIыу телеграммэ къысIэрыхьащ, дэнэ сыхуейми сыщыпсэуну сыхуиту унафэ къыдэкIауэ. Ауэ сэ мурад сщIат си лъэпкъым сригъусэну.

*ТхакIуэ, щIэныгъэлI Къардэн Бубэ къызэралъхурэ илъэси 100 ирокъу*





# IУЭХУГЪУЭЩIЭХЭМ Я ЗЭХЭУБЛАКIУЭ

Кавказыбзэхэм елэжьа щIэныгъэлI пхъэ лъэрызехьэ дадэхэм ящыщщ Къардэн Бубэ. Ар Кавказ Ищхъэрэми, Урысейпсо зэрыщыту къапщтэми щIэрыIуэ щыхъуащ зэрыеджагъэхэм нэмыщIкIэ икIи тхакIуэ Iэзэу, жылагъуэ лэжьакIуэшхуэу. Щыху куэд бгъуэтынукъым мыхьэнэшхуэ зиIэ, къаруушхуэ зытекIуэдэ IэнатIэу апхуэдиз хъуэ зэдихьыфауэ, зэфIэкI иин абыхэм къыщигъэлъэгъуауэ.

Къардэн Бубэ Мацыкъ и къуэр 1917 гъэм и октябрь мазэм Дыгулыбгъуей къуажэм щыщ мэкъумэшыщIэ къызэрыгуэкI унагъуэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэ иужькIэ ар щIотIысхьэ егъэджакIуэхэр щагъэхьэзыр Къэбэрдей-Балъкъэр институтым. Ар къиуха къудейуэ, 1941 гъэм, Бубэ зауэ-лъэсыдзэ училищэм и курсант мэхъу икIи а илъэс дыдэм и кIэм фронтым Iуагъэхьэ.

Бубэ и зауэ гъуэгуанэр зэрекIуэкIар IупщI щохъу абы и военнэ билетым къыхатхыкIа тхыгъэм: курсант, фочауэ взводым и командир, фочауэ батальоным и командир. А сатыр «гъущIэхэм» я щIыбагъ къыдэлъыщ Украинэм щекIуэкIа зэхэуэ хьэлъэхэр, «Голубая линия» жыхуаIэр зэ-

рызэпратхъар, Къырымым десанту зэрыщитlысыкlар, къалэ, жылагъуэ куэд хуит къызэращlыжар. Ар зи командиру щыта дзэ пакlэхэм яхэтащ штрафной роти – апхуэдэм и унафэ пщlынир, зэбгъэдэlуэнир егъэлеяуэ гугъут, а къалэнир зи пщэ иралъхьар офицер къэмылэнджэжхэрт. Къардэныр мыхэ-мытlэу уlэгъэ хъуами, къыкlуэтакъым. Абы лlыгъэу зэрихьам и щыхьэтщ къыхуагъэфэща дамыгъэхэр – Бэракъ Плъыжь ордену тlу, Хэку зауэ орденым и 2-нэ степеныр, Вагъуэ Плъыжь орденыр, медалитlыр. Бубэ Текlуэныгъэм щыlущlаш Берлин, майор цlэр иlэу.

Къардэн Бубэ фронтым lуту коммунист партым хыхьауэ щытащ икlи псэуху икlэ абы хуэпэжащ.

Лэжьыгъэ, къалэн хъуамэ, Бубэ псом япэу езым и щхьэ хуэткlиижт, и лэжьыгъуэхэми абыкlэ яхудичыхыпутэкъым, сыт хуэдэ lуэхуми нэфl-ней химылъхьэу захуагъэкlэ зэрыбгъэдыхьэным нужь итт, ауэ щыхъукlи абы хуэдэу цlыхугъэрэ гущlэгъурэ зыхэль унгъалъыхъуэнт. Абы сыт щыгъуи гъуэзэу иlащ адыгагъэр, адыгэ хабзэр.

1945 гъэм и декабрым Бубэ дзэм къыхэкlыжри къигъэзэжащ. Икlи абы щыщlадзауэ пединститутым, нэхъ иужькlэ университет хъуам, адыгэбзэмкlэ, урысыбзэмкlэ и кафедрэхэм щылэжьащ.

А лlым хуэзэфlэкlам и куэдагъыр умыгъэщlэгъуэн плъэкlыркъым: и егъэджакlуэ къалэным нэмыщlкlэ ар икlи методистт, щlэныгъэрылажьэт, жылагъуэ-политикэ гъащlэм жыджэру хэтт, повестхэмрэ рассказхэмрэ итхырт.

Совет Тхакlуэхэм я союзым хэтащ, республикэм и Тхакlуэхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщlу илъэс зыбжанэкlэ щытащ, повестхэмрэ рассказхэмрэ зэритхым къадэкlуэу, абы адыгэбзэм lэзэу къригъэзэгъащ урыс классикхэм я lэдакъэщlэкl куэд.

Къардэн Бубэ ди республикэм и лlыкlуэу хэтащ зауэм и ветеранхэм я Советскэ комитетым, ар щхьэх имыщlэу яlущlэрт щlалэгъуалэм икlи и гукъэкlыжхэмкlэ абыхэм ядэгуашэрт.

Бубэ lуэху куэдым зэуэ дахьэхыу зэрыщытар и къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэми щынэрылъагъуущ: кавказыдж щlэныгъэм дежкlэ хэлъхьэныгъэшхуэ хъуащ абы адыгэбзэм и лексикографием, грамматикэм, фразеологием триухуа псалъалъэхэр, статьяхэр, тхылъ щхьэхуэхэр. Абыхэм щыгъуазэ зыщымыщlкlэ, нэхъ кууэ зыхэмыщlэ ди бзэм и зэхэлъыкlэр, абы и зыужьыкlар, апхуэдэуи наlуэ мэхъу а къэхутэныгъэхэр зи lэрыкl еджагъэшхуэм иджырей бзэщlэныгъэм увыпlэшхуэ зэрыщиубыдыр.

Щхьэхуэу и гугъу щlыпхъэщ адыгэбзэм и псалъалъэхэр зэхэлъхьэным Бубэ къаруушхуэ зэрырихьэлlам. Къардэныр мы lуэхум щыпэрыувам иджыри щыlэтэкъым ди бзэм псалъэу иlэр къызэщlэзыкъуэ, абыхэм я мыхьэнэр нэгъэсауэ зыубыдыху, нэжу зэпэдзэкl псалъалъэхэр. Щlэблэм щlэныгъэ нэс ябгъэдэлъхьэнымкlэ ар лъапэщхьэпо хъурти, а ныкъусапыгъэр къызэнэкlыи хуейт. Арати, Къардэныр, Бищlо Аслъэн и гъусэу, илъэсипщlым нэблагъэкlэ елэжьащ урыс-адыгэ псалъалъэ зэхэлъхьэным. Ар ди республикэм и культурэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэхъуащ. Мыбы гуэдэжу дэщlыгъут адыгэбзэм и грамматикэ кlэщl, Къардэным и lэдакъэщlэкlыу. Абы и мыхьэнэри нэхъ цlыкlутэкъым езы псалъалъэм нэхърэ. Нобэр къыздэсым, илъэс 60-м щlигъуащи, Къардэнымрэ Бищlомрэ урыс псалъэу зэрадэкlам хуэдиз (мин 30-м щlигъу) щызэхуэхьэса нэгъуэщl псалъалъэ диlэкъым – а зыр урикъункъэ мыбыхэм я фlыщlэм и инагъыр къыбгъэлъэгъуэну!

1950 гъэхэм нэгъуэщl зы псалъалъэ лlэужьыгъуи дунейм къытехьащ – Адыгэ-урыс псалъалъэ, псалъэу мин 20 къызэщlиубыдэу. Абы

щlэныгъэлl гуп елэжьыуэ щытащ, ауэ мыбдежи нэхъ къалэнышхуэ зи пщэ дэлъар Къардэнырщ: псалъалъэм и зы lыхьэфl езым зэрызэхилъхьам нэмыщl, ар абы и щlэныгъэ редакторти, тхылъым зэрыщыту ирипхъэжащ, ар куэдкlэ иригъэфlэкlуащ, грамматикэ очерки дыщlигъужащ.

1957 гъэм СССР-м Щlэныгъэхэмкlэ и академием бзэщlэныгъэмкlэ и институт Москва дэтым Бубэ щыпхигъэкlащ и кандидат диссертацэр, адыгэбзэм и глагол сказуемэм теухуар. А гъэ дыдэм диссертацэм елэжьыжри, глагол сказуемэмкlэ къэхутэныгъэ тхылъ щхьэхуэ къыдигъэкlыгъащ. Мы темэм елэжьа псоми я лэжьыгъэхэр кууэ зэпкърихри, Бубэ адэкlэ хуэфlэкlащ адыгэбзэ псалъэухам и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэм ехьэлlауэ щlыкlэдауэ, яхуэзэхэмыхуа lуэхугъуэ зыкъомымкlэ езым и еплъыкlэхэр утыку кърилъхьэн. Абыхэм ящыщщ, псалъэм папщlэ, сказуемэхэр лlэужьыгъуэ-лlэужьыгъуэкlэрэ щызэхэбгъэкlкlэ абы грамматикэ, семантикэ я лъэныкъуэкlэ лъабжьэ хуэщlыпхъэр, сказуемэм игъэзащlэ къалэнхэр, сказуемэ лъэпкъыгъуэ къэсыхункlэ псалъэухам и адрей пкъыгъуэхэм хуаlэ пыщlэныгъэхэр. 1957 гъэ дыдэм СССР-м Щlэныгъэхэмкlэ и академием и тхылъ тедзапlэм къыщыдэкlа «Къэбэрдей-шэрджэс литературэм и грамматикэм» щыщ lыхьэшхуитlыр – «Псалъэухам и пкъыгъуэхэр», «Псалъэуха къызэрыкlуэхэм и зэхэлъыкlэхэр» жыхуиlэхэр зи lэдакъэ къыщlэкlар Къардэн Бубэщ.

Бубэ адыгэбзэм и синтаксисым теухуауэ иригъэкlуэкla къэхутэныгъэхэр ноби жыы хъуакъым, теорие и лъэныкъуэкlи, практикэ и лъэныкъуэкlи абыхэм я мыхьэнэр иныщ, ахэр щlэх-щlэхыурэ тегъэщlапlэ ящl иджырей бзэщlэныгъэлlхэми.

Ди бзэщlэныгъэм и унэтlыныгъэ иджыпсту нэхъ зыкъызыужьахэм ящыщ зым – фразеологием – и лъабжьэр зыгъэтlылъар Къардэн Бубэщ. Фразеологизмэр – зи мыхьэнэкlэ псалъэм пэхъу псалъэ гуп зэхэжыхьахэрщ. Псалъэм и мыхьэнэр нэхъ шэрыуэу, нэхъ гукъинэу къызэраlуатэм къыхэкlкlэ, мыпхуэдэхэр куэдрэ бзэм къыхагъахуэ, ар нэхъ ирагъэщlэращlэу. Абы къыхэкlкlэ «псэлъафэ» яхужыпlэ хъунущ фразеологизмэхэм – ар жиlэу щытащ Гъукlэмыхъу lэбубэчыр. Псэлъафэхэмкlэ ди бзэр егъэлеяуэ зэрыкъулейм Къардэным гу лъитауэ щытащ Адыгэ-урыс псалъалъэм щелэжьым щыгъуэ – абы куэду къыщыхьат апхуэдэ щапхъэхэр. А зэманым зы щlэныгъэлlи елэжьатэкъым ди псэлъафэхэм. Арати, Бубэ абдеж щыщlидзэри 1961 гъэм абыхэм я псалъалъэ кlэщl къыдигъэкlащ, нужькlэ абы итхэм къахигъахъуэурэ илъэсийкlэ елэжьри, 1968 гъэм нэхъ псалъалъэшхуэ дунейм къытригъэхьащ. Мин 200-м нэблагъэ картотекэ зэригъэпэщауэ щытащ абы – тхылъ, щыгъуэщl тхыгъэ традахэм къызэрыхитхыкlам нэмыщl, цlыхухэми яхэдэlухьыщ, яхэупщlыхьащ – жыпlэ хъунущ ди бзэм лъэужьыншэу хэкlуэдыкlыжынкlэ хъуну щыта фразеологизмэ гупышхуэ Бубэ и фlыгъэкlэ ди нобэм къэсауэ. Ауэ Къардэным къалэну зыхуигъэувыжар ди бзэр щlэщыгъуэ зыщl псэлъафэхэр къызэщlэкъуэным, абыхэм къарыкlыр урысыбзэкlэ зэдзэкlыным къыщызэтеувыlэртэкъым, ар хуейт бзэм ирипсалъэхэр псэлъафэ къэс я къэгъэсэбэпыкlэм хигъэгъуэзэну, ахэр къаригъэщтэу я бзэм щыщ ищlыну. Аращ Къардэным фразеологизмэхэр псалъэухахэм е, нэгъуэщlу жыпlэмэ, контекстым хэту къыщlихьыр икlи ахэр урысыбзэкlи щlызэридзэкlыжар. Мы мурад дыдэращ Бубэ иlар Кlыщокъуэ Алим и lэдакъэщlэкlхэм кууэ пхрыплъу абыхэм фразеологизмэхэм щаубыд увыпlэр къыщигъэлъа-

гъуэми. А лэжьыгъэм кърикӏуахэр тхылъу къыдигъэкӏауэ щытащ 1982 гъэм – «Кӏыщокъуэ А. и прозэм псалъафэхэм щигъэзащӏэ къалэнхэр» и фӏэщыгъэу. Адыгэбзэм и фразеологие стилистикэмкӏэ мыр япэ къэхутэныгъэщ.

Фразеологизмэхэр джыным ехьэлӏауэ Къардэным зэфӏигъэкӏахэм я нэхъ лъагапӏэ хъуащ «Адыгэбзэм и фразеологие» монографиер. Псом япэу убзыхуи хуейт а фӏэщыгъэм къызэщӏиубыдэхэр, абы и гъуэпэкъэхэр. Бзэм и адрей пкъыгъуэхэм яхэмыхьэрыхьыи, яхэмыгъуэщэи хуэдэу ахэр къыхэбгъэщхьэхукӏа нэужь, а гупым хэбгъэхьахэр я зэхэлъыкӏэ, я къэӏуэтэкӏэ и лъэныкъуэкӏэ лӏэужьыгъуэ-лӏэужьыгъуэурэ классификацэ щӏыпхъэт. Мы зи цӏэ къитӏуа проблемэхэм нобэр къыздэсым и кӏэм нэсу жэуап зэрамыгъуэтар Ӏуэхум къыхэлъытэмэ, гурыӏуэгъуэ мэхъу Бубэ и пщэ къалэн гугъу дилъхьэжауэ зэрыщытар. Тегъэщӏапӏэ абы ищӏар урысыбзэ фразеологием елэжьахэм яцыщу нэхъ цӏэрыӏуэ В. Виноградовымрэ абы гъуэгугъэлъагъуэу иӏа француз бзэщӏэныгъэлӏ Ш. Баллирэщ. Зэрыгурыӏуэгъуэщи, бзэ къэс езым и зэхэлъыкӏэ, и хьэлщэн иӏэжщ, арищ ахэр бзэ щхьэхуэ зыщӏыжри. Ауэ щыхъукӏэ францызыбзэм е урысыбзэм хужаӏэхэр зумыхъуэкӏӏауэ адыгэбзэм епхьэлӏэ хъунутэкъым. Ар Къардэным фӏы дыдэу къыгурыӏуэрти, мобыхэм яжь зытуэрхэмкӏэ къыщӏихуами, езым и бгъэдыхьэкӏэ щхьэхуэ зэрызэригъэпэщыным пылъащ икӏи, зэрыщыту къапщтэмэ, ар хузэфӏэкӏащ.

Къардэным и монографиер зытеухуар фразеологие е идиомэ «къабзэхэм» я закъуэкъым, мыр «я щхьэфэ йоӏэбэ» жыӏэгъуэ псэрыуэхэми, псалъэжьхэми, уеблэмэ псалъитӏу е нэхъыбэу зэхэт фӏэщыгъэцӏэхэми (терминхэми). Ищхьэкӏэ къызэрыщыдгъэлъэгъуащи, фразеологие гурыӏуэгъуэм мы къедбжэкӏахэм ящыщ е а псори зэрыщыту хэзыгъэхьэ къэхутакӏуэхэр щыӏэщ. Къардэныр мыбдеж нэхъ сакъыщ, щхьэтечауэ абыхэм щхьэкӏэ «итӏэи» «хьэуи» жиӏэркъым, ауэ фразеологие гъунапкъхэр нэхъ убгъуауэ къэзыщтэхэм щахудичыхи щыӏэщ. Псалъэм папщӏэ, псалъэжьхэм я нэхъыбэр фразеологиеу къэлъытэ хъуну щыжиӏэм деж. Монографием и фӏыщӏэр, шэч хэмылъу, абы къыщыхьа адыгэ фразеологизмэхэм и классификацэ гъэщӏэгъуэнырщ – абы нэрылъагъу къещӏ Къардэным и къэхутэныгъэм и куууагъыр адынэсыр.

Ди тхыгъэм зи гугъу щытщӏар Къардэн Бубэ бзэщӏэныгъэлӏырщ. Щхьэхуэу утепсэлъыхь хъунущ Бубэ-егъэджакӏуэми. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и профессору ар илъэс куэдкӏэ студентхэм лекцэ къахуеджащ урысыбзэм и синтаксисымрэ стилистикэмкӏэ. Бубэ адыгэбзэм хуэдэ къабзэу урысыбзэри кууэ ищӏэрт – абы и щыхьэткъэ и художественнэ тхыгъэхэр бзитӏымкӏи итхыу зэрыщытар. Къардэным лекцэ щригъэкӏуэкӏкӏэ бадзэ лъэтамэ зэхэпхыну даущыншэт, къедаӏуэхэр апхуэдизкӏэ къыдихьэхыфырти, и псалъэ къэс кupщӏэщхуэ хэлъыти. Адыгэбзэр егъэджын Ӏуэхумкӏэ дыкъэӏэбэмэ, Къардэным анэдэлъхубзэмкӏэ школым зэрыщеджэн тхылъ зыбжанэ зэхилъхьауэ щытащ, ахэр мызэ-мытӏэу щӏэрыщӏэу къыдагъэкӏыжурэ илъэс тӏощӏырыпщӏкӏэ еджапӏэхэм къыщагъэсэбэпащ.

Къардэн Бубэ къызэрытхэмытыжрэ зыкъом щӏащ, ауэ зэманыр нэхъ кӏуэтэхукӏэ нэхъ наӏуэ къэхъу зэпытщ а къэхутакӏуэ Ӏущым, тхакӏуэ Ӏэзэм икӏи цӏыху телъыджэм лъэпкъым хуилэжьам и мыхьэнэм и инагъыр. Абы и псэукӏамрэ и Ӏуэхущӏафэхэмрэ щапхъэу къащтэ хъунущ мы дунейм екӏуу тетыну хущӏэкъу дэтхэнэми.

**БАЛЭ Иринэ,**
*филологие щӏэныгъэхэм я доктор*

# ЛЪАГЪУЭХЭШ

*(Адыгэбзэ фразеологизмэхэр джыным Къардэн Бубэ хуищӏа хэлъхьэныгъэм теухуауэ)*

Адыгэ бзэщӏэныгъэм нэхъ жыджэру, нэхъ гуащӏафӏэу хэлэжьыхьахэм ящыщщ Къардэн Бубэ. Псом хуэмыдэжу абы и гулъытэ зылъэӏэсар фразеологизм уиэтӏыныгъэрщ. Йпэрауэ, Бубэщ апхуэдэ псалъэ гуп зэхэжыхьауэ зы псалъэм и мыхьэнэм пэхъуу адыгэбзэм иӏэхэр зэхуихьэсу, къыхитхыкӏыу, абыхэм къарыкӏыр урысыбзэкӏэ зэридэкӏыжу псалъалъэ зыщӏар (Карданов Б. М. Кабардино-русский фразеологический словарь. Нальчик, 1968). Абы и ужькӏэ абыхэм ятеухуауэ иӏэ дыдэ къэхутэныгъэ хэха иригъэкӏуэкӏыу ар монографиеу къыдэзыгъэкӏыжари аращ (Карданов Б. М. Фразеология кабардинского языка. Нальчик, 1973). «Іуэху мыублэ блэ хэсщ» жыхуаӏэр араща, уиӏэ зыри зылъэмыӏэса Іуэхугъуэ упэрыхьэныр тыншкъым. Бубэ зи гугъу тщӏы лэжьыгъэр къыщригъэжьам фразеологизм жыхуаӏэр зищӏысыр щӏэныгъэм зэӏуба ищӏакӏэтэкъым, уеблэмэ иобэр къыдэсым ар щӏэныгъэлӏхэр щӏызэдауэ проблемэщ.

Араща, Къардэным ар и кӏэм нэсу щхьэ зэпкъримыхарэт, жыпӏэ хъунукъым. Апхуэдэ дыдэуи зыми уэим щӏищӏын щыӏэкъым Бубэ и лэжьыгъэм дыщытепсэлъыхькӏэ ар зыхунэмыса е абы мыгэмэму жиӏа гуэрхэр къызэрыхэдгъэщыр. Щӏэныгъэм зеужь, ипэкӏэ мэкӏуатэ, еплъыкӏэ, бгъэдыхьэкӏэ гуэрхэм захъуэж, ар гъащӏэр зэрыщыту къыщтэми и хабзэщ. Нэхъыщхьэраща, мы Іуэхум и лъабжьэ бидэ Къардэным игъэтӏылъар тегъэщӏапӏэ нэсу диӏэщ бзэм нобэ елэжьхэми, ар лъагапӏэ пхуэхъумэ, адэкӏи тыншу уегъэплъэ.

«Фразеологизм» гурыӏуэгъуэм кърагъэубыдым, абы къызэщӏиубыдэу ябжым тещӏыхьауэ Іуэху еплъыкӏэ зэмылӏэужьыгъуэу щыӏэ псори гупитӏ ищӏыкӏ хъунущ: иӏэм хохьэ фразеологием и гъунапкъэхэм хуабжьу зезыгъэубгъуэхэр (Л. А. Булаховский, А. А. Реформатский, Е. М. Ѓалкинэ-Федорук, А. И. Ефимов, Н. М. Шанский, н.). Зи щӏэ къытӏуа щӏэныгъэлӏхэмрэ адрей абыхэм я тельхьэхэмрэ бзэм и фразеологическэ Іэмалхэм хагъахьэр **фразеологическая единица** (ФЕ) жыхуаӏэхэм я закъуэкъым, атӏэ абыхэм дагъакӏуэ псалъэжьхэри, псалъэ шэрыуэхэри, фӏэщыгъэцӏэ (термин) зэхэлъхэри, н. къ. Етӏуанэ гупым (Б. А. Ларин, С. И. Ожегов, А. М. Бабкин, Н. Ю. Шведовэ, А. И. Амосов, н.) фразеологием и къупхъэр куэдкӏэ нэхъ Іуэу къащтэ: фразеологиеу абыхэм къалъытэр псалъэ зэпха зэхэжыхьахэу зы мыхьэнэ зэхьэкӏа къэзыгъэхъуэхэр аркъудейщ, нэгъуэщӏу жыпӏэмэ фразеологием идэхын хуейуэ жаӏуаӏэр фразеологическэ единицэхэм я закъуэщ икӏи апхуэдэхэр нэгъуэщӏ псалъэ зэпхахэм хагъэзэрыхьыркъым.

Дауэ яубзыхурэ щӏэныгъэлӏхэм а фразеологическэ единицэ (ФЕ) гурыӏуэгъуэр?

Зэрыхабзэу, ФЕ-м и нэщэнэ пажэу ягъэув ар и мыхьэнэкӏэ (къалэнкӏэ) псалъэ щхьэхуэм зэрыпэхъур. А Іуэху еплъыкӏэм тетщ Къардэн Б. М., Тхьэрыкъуахъуэ Ю. А., нэгъуэщӏхэри. Къардэным фразеологизмэхэм хегъэувэ псалъэ закъуэхэри, ар метафорэ хъу-

уэ щытмэ. Псалъэм папщlэ, *хьэжlэпыч*, «хьилэшы», «бзаджащlэ» псалъэхэм я синонимыр.

Пэж дыдэу, псалъэхэмрэ фразеологизмэхэмрэ лъэныкъуэ куэдкlэ зэкlуалlэ (зэщхьщ), сыту жыпlэмэ ипэрейхэми нужьрейхэми къагъэлъагъуэр а зы предметхэмрэ къэхъугъэхэмрэщ. Ауэ апхуэдэу щыт пэтми, бзэм и системэм и единицэ щхьэхуэхэщ а гурыlуэгъуэхэр. Абы и щыхьэту мы зыр къэдгъэлъагъуэмэ ирокъу: псалъэм номинативнэ мыхьэнэи мыхьэнэ зэхьэкlаи иlэмэ, фразеологизмэхэм яlэнкlэ хъунур зэхьэкlа-метафорическэ мыхьэнэм и закъуэщ.

ФЕ-м и нэщэнэ хъуркъым «зэпыхауэ тха» жыхуиlэ бгъэдыхьэкlэри. Псом хуэмыдэу мыр адыгэбзэ пэжырытхэм къезэгъыххэркъым, сыту жыпlэмэ дэ зэпыту ттхыр псалъэ зэхэлъхэм я закъуэкъым, атlэ псалъэ зэпха куэди апхуэдэу дотх: *унэщlэ, унэш* н. къ. Нэгъуэщl лъэныкъуэкlи зэпыхауэ дотх псалъэ зэхэлъ куэд: *гъущl гъуэгу, мэз джэд* н. къ.

Арацы, зэпыхауэ ттхы псалъэ псори фразеологизмэм хэбгъэхьэ хъунукъым, зэпыту ттхы псори зы псалъэу убж зэрымыхъунум ещхьыркъабзэу.

Фразеологизмэр адрей псалъэ зэпха зэмылlэужьыгъуэхэм къагуэзыгъэкl нэщэнэу къагъэлъагъуэхэм ящыщщ ипэрейхэр зэхэжыхьауэ зэрыщытыр (урысыбзэкlэ – устойчивость компонентов). Ш. Балли итхыгъащ ФЕ-м и нэщэнэ нэхъыщхьэр абы хэт псалъэхэм я зэкlэлъыкlуэкlэр зы щытыкlэм зэритымрэ псалъэ хэтхэр езыхэр нэгъуэщl псалъэкlэ зэпхъуэкl зэрымыхъумрэ арауэ. Ауэ, дызэрыщыгъуазэщи, ФЕ псори апхуэдэу зэхэжыхьар пэжкъым: ипэрауэ, ФЕ-р зэрызэхэт псалъэхэм я зэкlэлъыкlуэкlэр нэхъыбэм зэблэбгъэувыкl мэхъу, н. ж. инверсиер ФЕ-хэми къыщагъэсэбэп (псом хуэмыдэу глагол зыхэт ФЕ-хэм), етlуанэрауэ, ФЕ-м и lыхьэ (компонент) языныкъуэхэр зэпхъуэкl мэхъу (псалъэм папщlэ, *и нэгум къыщын – и нэгум къыlуэтэн; псым дагъэ техьын – псым тхъу техьын*), ещанэрауэ, факультативнэ компонент, н. ж. хэтми хэмытми хъуну псалъэ зиlэ ФЕ-хэм урохьэлlэ (*пlъапlэ емытын – нэ пlъапlэ емытын*).

Фразеологием елэжьхэр сыткlэ зэгурымыlуэми, ахэр псори зэрызэтехуэ щыlэщ: ар ФЕ-м и критериехэр щагъэнаlуэкlэ, абы и нэщэнэ нэхъыщхьэ дыдэхэм образностыр, зэхьэкlа-метафорэ мыхьэнэр зэрыхагъэхьэрщ. Пэж дыдэуи, зэхьэкlа мыхьэнэуэ фlэкlа ФЕ-р къагъэсэбэпыркъым. Ауэ, итlани, а зы нэщэнэмкlэ ФЕ-р пхуэубзыхунукъым, сыт щхьэкlэ жыпlэмэ зэхьэкlа мыхьэнэ нэгъуэщl бзэ единицэхэми яlэщи. Псалъэм папщlэ, псалъэ закъуэхэми.

Зы мыхьэнэуэ щытыныр е н. ж. зэкъуэпч мыхъу зы мыхьэнэ иlэныр (урысыбзэкlэ – цельность значения) нэхъ нэщэнэ пажэу къызэралъытэмкlи зэтохуэ бзэщlэныгъэлlхэр. А нэщэнэм ирапх зы бзэм и ФЕ-р нэгъуэщlыбзэкlэ а зэрызэхэт дыдэм хуэдэу зэрыпхуэмыдзэкlыр.

Арщхьэкlэ, мыбдежи къыщыхэгъэщыпхъэщ зэкlэщlэпч мыхъу зы мыхьэнэ псалъэ зэхэлъхэми зэраlэр (*гъущl гъуэгу, мэз джэд*, н. къ.).

Едзыгъэпхуэ куэдым ФЕ-м и нэщэнэхэм хабжэ ахэр щыпсалъэкlэ къамыгъэщlу хьэзыру къащтэурэ къызэрагъэсэ-

бэпыр. Пэжщ, а нэщэнэ дыдэр ялэщ псалъэжьхэми, псалъэ щэрыуэхэми, ауэ абы щхьэкӏэ псалъэжьыр, гупсысэ, ущие нэгъэса зыхэлъыр, ФЕ хъуркъым. Іуэрыӏуатэм и зы жанр лӏэужьыгъуэу аращ. Хьэзыру бээм хэтщ фӏэщыгъэцӏэ (термин) зэхэлъхэри, цитатэхэри, уеблэмэ куэдрэ къагъэсэбэп псалъэ зэгъусэ хуитхэри.

Зэрыплъагъущи, критерий къэтхьахэм ящыщу зыми хуэфӏэкӏыркъым и кӏэм нэсу фразеологизмэхэмрэ мыфразеологизмэхэмрэ зэхигъэщхьэхукӏын. Ауэ ФЕ-м и гъунапкъэхэр умыгъэбелджылауэ, ахэр классификацэ пщӏыну упэрыхьэкӏэ къикӏын щыӏэкъым. Абы къыхэкӏкӏэ Щауэ А. А. фӏэкъабылщ фразеологизмэр зищӏысыр мыпхуэдэу убзыхуныр: фразеологизмэр – ар бзэ системэм и единицэщ, псалъитӏу е нэхъыбэу зэхэту икӏи ар зэрызэхэт Іыхьэхэм (компонентхэм) я мыхьэнэхэм зэрызахъуэжым и хьэкъыкӏэ дэ ди нэӏуасэ предметхэр (къэхъугъэхэр) образнэу ди нэгу къыщӏагъэувэу. Апхуэдэ еплъыкӏэм ипкъ иткӏэ адыгэбзэ ФЕ-хэр гупитӏу бгуэш хъунущ: 1) ФЕ зи мыхьэнэр зэрыщыту зыхъуэжа; 2) ФЕ зи мыхьэнэр зымыхъуэжыпа. Мы гуэшыкӏэ лӏэужьыгъуэм утехьэмэ, езы Щауэм къызэригъэлъагъуэщи, компаративнэ ФЕ жыхуаӏэхэр абы хоагъэркъым, сыту жыпӏэмэ егъэщхьыныгъэ оборотхэм (ахэращ компаративнэ ФЕ-уэ ялъытэр) я компонентхэм я мыхьэнэхэм захъуэжыркъыми. Ауэ щӏэныгъэлӏхэм нэч къытрахьэркъым егъэщхьыныгъэ оборотхэр ФЕ зэрыхъуну гъуэгум зэрытетым. Псом хуэмыдэу ахэр ФЕ-м и гъунэгъу мэхъу егъэщхьыныгъэ союзыр (*хуэдэу//ещхьу*) ипыхуа нэужькӏэ.

Нэхъ классификацэ «щӏэрыӏуэу» адыгэ фразеологием мызыгъуэгукӏэ диӏэр Къардэн Б. М. и монографием щригъэкӏуэкӏарщ. Къардэн Бубэ классификацэ лӏэужьыгъуищ ди пащхьэм кърелъхьэ: семантическэ, тематическэ, структурно-грамматическэ. Япэр – семантическэр – тегъэпсыхьащ В. В. Виноградовым урыс фразеологием хуэзэхилъхьам. Абы ипкъ иткӏэ ФЕ-хэр я компонентхэр зэрызэхэжыхьам (е зэрызэрыубыдам) и мардэм тещӏыхьауэ гупищу ягуэш: фразеологическое сращение, фразеологическое единство, фразеологическое сочетание жиӏэу.

Етӏуанэ классификацэр – тематическэр – езы Къардэнми къызэрыхигъэщащи, къыгуэхыпӏэ имыӏэу пыщӏащ семантическэм, абы пищэу жыпӏэ хъунущ. Ауэ мыбы семантическэм къызэрыщхьэщыкӏ нэщэнэхэри иӏэщ.

Ещанэ классификацэр – структурно-грамматическэр – езым и щӏэми къызэригъэлъагъуэщи, зыхуэунэтӏар ФЕ-р зэрызэхэт Іыхьэхэр (псалъэхэр) зыщыщ псалъэ лъэпкъыгъуэкӏэ гуэшынырщ.

Фразеологием и классификацэу сыт хуэдэ бзэми мызыгъуэгукӏэ щызекӏуэр мыхэр арщ. Пэжщ, «тематическэ» классификацэм хуэмыныкъуэу, абы къикӏыпхуэ щамыӏэу къалъытэ щӏэныгъэлӏхэм я нэхъыбапӏэм. Ар икӏи щхьэусыгъуэншэкъым: япэрауэ, ар, зэрыжытӏащи, семантическэм ещхьыщ зыкъомкӏэ, абы къыхэкӏыуи, а классификацэ лӏэужьыгъуитӏыр щыпщӏкӏэ, ухуей-ухуэмейми, зыгуэрхэм щӏэрыщӏэу къытегъэзэжын хуей мэхъу; етӏуанэрауэ, «мыпхуэдэ псалъэхэм нэхъыбэрэ ФЕ-хэм уащрохьэлӏэ, мыпхуэдэхэр куэдрэ ФЕ-хэм къахэ-



5 Заказ №537

хуэркъым» жыпIэкIэ бээщIэныгъэм дежкIэ мыхьэнэшхуэ иIэу пхужыIэнукъым, мыр статистикэм нэхъ ехьэлIауэ пIэрэ жыбоIэ.

Классификацэ зи гугъу тщIахэм ящыщу нэхъ гупсэхуу дыкъытемыувыIэу хъунукъым семантическэм (структурно-семантическэуи жаIэ), сыту жыпIэмэ мыр къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ ФЕ-р езыр зищIысыр зэхэгъэкIыным. ФЕ-м и гъунапкъэхэр убзыхуным.

Мы классификацэ лIэужьыгъуэмкIэ Къардэн Бубэ тегъэщIапIэ ищIыр В. В. Виноградовым и лэжьыгъэ цIэрыIуэрщ. ДауикI, ар нэуфIыщIыхьэрыуэу урысыбзэм хужаIа псори адыгэбзэм иригъэзэгъыну яужь ихьакъым, апхуэдэу пщIыну ухуежьэкIи къикIынуIакъым, сыту жыпIэмэ урысыбзэмрэ адыгэбзэмрэ я ухуэкIэр хуабжьу зэщхьэщокIащ. Къардэным Виноградовым ейуэ къищтар абы къигъэщIа (къигупсыса) ФЕ гупищырщ: фразеологическое сращение – фразеологие зэхэжыхьа; фразеологическое единство – фразеологие зэхэт; фразеологическое сочетание – фразеологие зэгъусэ. Мы щым Къардэн Б. М. еплIанэу ядыщIегъу «фразеологиеу щымыт псалъафэхэр» (устойчивые выражения нефразеологического характера), ауэ а гупыр фразеологиеу щыщщымыткIэ, дэ я гугъуи дымыщIу къэдгъэнэнущ.

### 1. ФЕ зэхэжыхьахэр

Я цIэми къызэригъэлъагъуэщи, мы гупым хагъэхьэр псалъэ зырызу зэкIэщIэпчыж мыхъу, зи мыхьэнэми мотивацэ имыIэ (немотивированность значения) ФЕ-хэрщ. Мы гупыр езыри нэхъ гуп цIыкIу зыбжанэу игуэшыж, экспрессие яхэлъым и иныгъым, компонентхэр зэрызэпыщIа Iэмалхэм, я зэхэлъыкIэм, компонент зэрызэхэтхэм (компонент къэс я мыхьэнэм), н. къ. елъытауэ. Компонентхэр зыр адрейм къыкIэрыпчыж зэрымыхъум къыхэкIкIэ, абыхэм езыхэм я семантикэ (мыхьэнэ) щхьэхуэ яIэжкъым, н. ж. мыпхуэдэ ФЕ-р и мыхьэнэкIэ зы псалъэм пэхъу хабзэщ. ФЕ зэхэжыхьахэм щхьэкIэ «идиомэ» фIэщыгъэцIэри къагъэсэбэп, ауэ мыбы нэгъуэщI гурыIуэгъуэхэри къызэщIрагъэубыдэ зэрыхъуам къыхэкIкIэ «ФЕ зэхэжыхьар» нэхъ пыухыкIащ. Иджы ФЕ зэхэжыхьахэр зэрагуэшыж нэхъ гуп цIыкIухэм я гугъу тщIынщ.

#### 1.1. Омоним яхуэхъу псалъэ зэпха зимыIэ ФЕ зи мыхьэнэр зэхэжыхьахэр

Мыбы хыхьэ ФЕ-хэм я нэхъыбэр зэхэтщ «цIэ + глаголу». Апхуэдэ ФЕ-хэм зы мыхьэнэи, мыхьэнэ зыбжани яIэнкIэ мэхъу, ауэ, хабзэу зэрыщыту, мыбыхэм экспрессие яхэлъкъым:

**нэ ищын.** ХэубыдыкIын, мурад гуэр хуэщIын. *Шужьей бий сатырхэр кIуэцIрищIыкIыурэ хужьIуэ нэ ярища пщIэгъуалэ щым* («Нартхэр»).

Мы гупым я мыхьэнэкIэ йокIуалIэ «цIэ + цIэ» жиIэу зэхэт ФЕ-хэри:

**джэду хьэжы.** IэдэбыфIэ, сабырыфIэ зытезыгъауэ, ауэ ипэжыпIэкIэ апхуэдэу щымыт.

#### 1.2. Псалъэ зэгъусэ хуитуи къагъэсэбэп фразеологизмэхэр

Псалъэ зэпха хуиту къыщагъэсэбэпым дежи апхуэдэхэм ФЕ-м хуаIуэху щыIэкъым, ахэр ФЕ-хэм омоним яхуэхъу къудейуэ арщ.

**тхъу щыхуэн.** Мыр къикI дыдэмкIэ къэбгъэсэбэпмэ *(дэлэным тхъу щахуащ)*, псалъэ зэгъусэ къызэрыкIуэщ. Мыхьэнэ зэхьэкIа нэу къэбгъэсэбэпмэ, «зыгуэрым фIэфI, и гуапэ хъун гуэр хуэщIэн, жеIэн» мыхьэнэ зиIэ ФЕ-щ. *Хьэжмурат и гуапэщ и фызым тхъу къызэрыщищхуэр* (Щомахуэ А.).

Мы гупым «цIэ + глаголу» зэхэт ФЕ-хэм нэмыщI мащIэу хэтщ «цIэ + плъыфэцIэ», «цIэ + причастие» ухуэкIэ зиIэ ФЕ-хэри:

**адакъэ лъэджажэ.** Адакъэм ехьэлIамэ, и мыхьэнэр гурыIуэгъуэщ. ЦIыхум щыхужаIэм деж мыбы къокI: «теплъэ щIагъуэ зимыIэ, ауэ зызыгъэщIагъуэ, зызыгъэбэлыхь». Мыр нэхъыбэу зэхьэлIар цIыхухъу лъэхъшэ зи пэр дэзыгъэзейхэрщ.

### *1.3. Зи мыхьэнэр гурыIуэгъуей (мыгурыIуэгъуэ) хъуа компонент (псалъэ) зыхэт ФЕ*

Мыбыхэм «некротизм» цIэмкIи йодж. ЗэрызэхэтыкIэ бгуэш мэхъу «цIэ + глагол», «цIэ + цIэ» жиIэу.

а) «цIэ + глагол» зэхэтыкIэ зиIэ некротизмэхэм мыгурыIуэгъуэр, зэрыхабзэу, цIэ Iыхьэр аращ;

**хьэгъуинэ къыдэмыгъэплъын.** Зыгуэрым текIуэн, хуабжьу ефIэкIын, ауэ жьыкIэу зылъэщIэмыгъахъэн. *Уи фIэщ хъун, ди «Кабардинка» ансамблым хэт нэхъ Iэзэ дыдэр хьэгъуинэ къыдэзмыгъэплъу сищIырт иелъэмейр* (Нало А.).

б) «цIэ + цIэ» жиIэу зэхэт некротизмэм и дэтхэнэ цIэри (ину игри, нужь игри) мыгурыIуэгъуэу щытынкIэ хъунущ. ИтIанэ цIэ защIэу зэхэт некротизмэхэм, глагол зыхэтхэм къапщхьэщыкIыу, экспрессие нэхъ яхэлъщ.

**джэдыгу пIаргъ.** Теплъэ щIагъуэ зимыIэ цIыху, факъырэу хуэпа.

Къардэн Бубэ мы гупым хегъэхьэ нэгъуэщIыбзэ псалъэ зыхэт ФЕ-хэр, псалъэм папщIэ «Алыхь Iэмыр» жыхуиIэр. Ауэ мыр езыр ФЕ-уэ ди фIэщ хъуркъым, диным епха фIэщыгъэцIэу фIэкIа. АдэкIэ щапхъэхэм яхэтщ зи IуэкIэр литературэбзэм темыхуэ (фонетическэ вариант) псалъэ зыхэт жыIэгъуэхэр:

**тхьэ дыгъэIэ** (тхьэ дыгъаIуэ), **IэпIэхуэ хуэщIын** (сабийбзэкIэ: IэплIэ хуэщIын). Мы нужьрейр аналитическэ формэ жыхуаIэм хуэдэу аращ, ФЕ-къым. ИтIанэ сабийбзэ псалъэмрэ псалъэ гурыIуэгъуеймрэ зэхэбгъэгъуащэ хъуну ди гугъэкъым.

### *1.4. Зи щхьэ хущымытыж пкъыгъуэу (компоненту) еигъэ аффикс «зы», бжыгъэцIэ, послелог, частицэ зыхэт ФЕ-хэр*

Мыпхуэдэхэм я нэхъыбэм экспрессие яхэлъкъым:

**зы мэскъалкIэ.** ЗыкIи, зыуи, тIэкIуиттIэ. *Биболэт зы мэскъалкIэ и щхьэр яущигъэлъэхъышэркъым и бийхэм* (КIэрашэ Т.).

### *1.5. Междометие, зыпэзыщIыж макъ хуэдэхэр хэту къэхъу модально-экспрессивнэ ФЕ-хэр*

Мыпхуэдэхэм хэт зи щхьэ хущытыж псалъэ лъэпкъыгъуэхэми я лексическэ мыхьэнэр яфIэкIуэдри, абыхэмрэ модрей междометие е зыпэзыщIыж макъ ящIыгъуэхэмрэ зыуэ зэхожыхь. Мы гупым хыхьэ языныкъуэ ФЕ-хэр псалъэухам вводнэ псалъэу,

вводнэ псалъэ зэпхауэ хоукӀэ. Щапхъэ:

**сымыгъуэ Ӏей.** *Ана! Сымыгъуэ Ӏей, сыт а жыпӀэр?* (Хьэхъупащӏэ Хь.).

**1.6.** Еханэ гупу Къардэн Б. къыхигъэщхьэхукӀыр «цӀэ компонентым глагол компонентым и мыхьэнэр зыщӀишэу къахъу ФЕ-хэрщ». Мыпхуэдэхэм хэт глаголыр нэгъуэщӀ псалъэхэм япымыувэу аращ жиӀэр. Ауэ щапхъэ къихьхэм я нэхъыбэр а жиӀэм хуэмыкӀуэу къытфӀощӀ. Псалъэм папщӀэ, *уэрэд усын* щапхъэм хэт усын глаголыр нэгъуэщӀ псалъэхэм япыувэркъэ? Девгъэплъыт: *гъыбзэ усын, пщы упсын, дзы усын*, н. къ. Арищи, апхуэдэ нэщанэкӀэ мыр ФЕ хъуркъым. Ауэ абы и закъуэкъым: *уэрэд усын* жиӀэмэ, лэжьыгъэ пыухыкӀа къигъэлъагъуэу аращ, мыбы мыхьэнэ зэхьэкӀаи хэлъкъым, образности къигъэлъагъуэркъым, н. ж. мыр глагол псалъэ зэхэлъу фӀэкӀа, фразеологизмэкъым. «Усын» глаголыр хэту къэтхьа щапхъэхэм ящыщу ФЕ нэщанэ зиӀэр *дзы усын* жыхуиӀэращ, «зыгуэрым ныкъуэсанығъэ, дагъуэ къыхуэбгъуэтурэ, хъуэн хуэзэхэлъхьэн, хуэгъэпэщын» мыхьэнэ иӀэу.

Ардыдэращ хужыпӀэ хъунур мы къэкӀуэну щапхъэхэми: *цӀэ фӀэщын, нэщӀ псын, фэлъыр щын, Ӏэнэ щӀэн* (мэкъур). Мы псори ФЕ-къым. Къардэным къихь щапхъэхэм ящыщу ФЕ зыхужыпӀэ хъунур мыхэращ:

**пащхьэр къожэх.** Пэр мащхэ.

**фӀынщэ щӀэлъхьэн.** Зыгуэрым упэшгъэурэ хуабжьу уещын, уи щхьэр бужэгъун.

Мыбыхэм мыхьэнэ зэхьэкӀа яӀэщи, образнэ мэхъу, ФЕ нэсыр Ӏэмал имыӀэу зэрыщытын хуейм хуэдэу.

### *1.7. Обстоятельствэ къалэн зыгъэзащӀэ ФЕ зэхэжыхьыпахэр*

Мыхэр ӀыхыитӀуи, нэхъыбэуи зэхэтхэщ, нэхъыбэм глагол пыухыкӀа гуэр къапоупэ, ауэ ар нэгъуэщӀ глагол псалъэхэмкӀи зэпхъуэкӀ щыхъур мащӀэкъым:

**Напэ хужькӀэ.** ПэжыгъэкӀэ, напэ уиӀэу, уи щӀыхьыр мыулъийуэ. ***[Хьэбибэ:] Сэри Темыркъан мыгъуэм сыхуэзэжмэ, напэ хужькӀэщ сызэрыхуэзэжынур*** (КӀыщокъуэ А.).

Обстоятельствэ хъу ФЕ гупым яхэтщ зи мыхьэнэр мыгурыӀуэгъуэж псалъэ компоненту зиӀэхэри:

**табу щхьэщэщкӀэ (лъэӀуэн).** Хуабжьу, пыӀэщхьэрыхкӀэ. *Махуэ къэскӀэ а щу гъэщӀэгъуэныр кърыгъэблэгъэну хьэныр табу щхьэщэщкӀэ елъэӀуэт* («Къэбэрдей таурыхъхэр»).

### *1.8. Егъэщхьыныгъэ (компаративнэ) ФЕ-хэр*

Егъэщхьыныгъэ ФЕ-хэр адыгэбзэм куэд щыхъу щхьэкӀэ, абыхэм ящыщу мащӀэщ ФЕ зэхэжыхьахэм хыхьэр. А хыхьэхэр гупитӀу зэщхьэщыпх хъунущ: а) псалъэ зэрызэхэтхэм я мыхьэнэр зэхэщӀыхьэмэ, абырэ езы ФЕ-м зэрыщыту иӀэ мыхьэнэмрэ зэтемыхуэу; б) цӀэ, фӀэщыгъэцӀэ (нэхъыбэр къыдщикӀар ямыщӀэжу) зыхэтхэр.

а) **Тхьэмахуэ уэрэду.** Мыхьэнэншэу, зыри имыщӀысьжу. *Тхьэмахуэ уэрэду дыкъыщӀидзыжакъэ?* («Ӏуащхьэмахуэ»).

Егъэщхьыныгъэ (егъытыныгъэ) ФЕ-хэр къызытекӀыр, зэры-

гурыIуэгъуэщи, егъэщхьыныгъэ (епъытыныгъэ) оборотхэрщ. Ахэр адыгэбзэм къыщохъу *ещхъу, хуэдэ(у)* союзхэмкIэ, е а союзхэр ящIымыгъуу. Псалъэм папщIэ, жыпIэ мэхъу: *бзэзрым къызэрытекIауэ е бзэзрым къызэрытекIам хуэдэу*. Апхуэдэ вариантхэр зэрыщыIэр Къардэн Б. къегъэлъагъуэ, ауэ абы къелъытэ тIум щыгъуэми ахэр ФЕ-уэ. А Iуэху еплъыкIэр зымыдэхэри щыIэщ. Псалъэм папщIэ, Щауэ А. зэрыжиIэмкIэ, союзхэм егъэщхьыныгъэ семантикэр (мыхьэнэр) щIагъэхуабжьэри, оборотыр ФЕ-м хуэкIуэным зэран хуохъу. Абы къыхэкIкIэ союз зыхэт оборотхэм образность яхэлъми, ахэр ФЕ нэс хъурэкъым. Союзхэр щапыхум деж, оборотхэр контекстым стиль и лъэныкъуэкIэ ФЕ-м и гъунэгъуущ. Ауэ мыпхуэдэ оборотхэр ФЕ нэс хъуауэ убж щыхъунур егъэщхьыныгъэ мыхьэнэр яфIэкIуэдыпа нэужьщ. Апхуэдэ гъуэгукIэ къэхъуа ФЕ-хэр ди бзэм хэтщ: *шэ цIыкIэ къыIудэж* ФЕ-р («иджыри балигъ хъуакъым» мыхьэнэ зиIэр) зэгуэр къытекIащ *шэ цIынэ къыIурыжым хуэдэу* оборотым.

б) ЩIэ, фIэщыгъэцIэ зыхэт егъэщхьыныгъэ ФЕ-хэр щIыпIэ пыухыкIа гуэрым къыщежьэри итIанэ зэубгъуауэ арахщ. Абыхэм ихэт цIэ, фIэщыгъэцIэхэр зэхьэлIар нэхъыбэм ящIэркъым, уеблэмэ езы къыщежьа щIыпIэми щащIэжыркъым. Щапхъэ:

**ХьэфIыцIэ и къыдыру** (гъалъэп). *Дуней егъалъагъун, хурикъун. УмыпIащIэ, ци Iэпащхьэр къэсыници, ХьэфIыцIэ и къыдыру цигъэлъэниц* (КIыщокъуэ А.).

Мы ФЕ лIэужьыгъуэм егъэщхьыныгъэу хэт цIэхэм, зэрыхабзэу, зы глагол псалъэ пыухыкIа ящIыгъуу къагъэсэбэп: Ашэбей гъуэншэджу **зэхэзэрыхьащ**; ныэпхуэ и мастэу **егъэбакъуэ**; Марос и Iэпэу **зэхэзэрыхьыжащ**; Щхьэлыкъуэ хьэу **и пэр дрегъэзей**, н. къ.

### 1.9. Соединительнэ зэпхыкIэ зиIэ ФЕ-хэр

Зы мыхьэнэ яIэу зэпха псалъэ зэгуэгъуитIщ нэхъыбэм мыхэр. Мы ФЕ лIэужьыгъуэр щиубзыхукIэ, Къардэн Б. и тхылъым зыгуэрхэр щызэхэзэрыхьу ди гугъэщ. Псалъэм папщIэ, езы авторми зэрыжиIэщи, мыбы хигъэхьэ щапхъэхэм куэду яхэтщ глагол псалъэ пыухыкIа щIыгъуу фIэкIа къамыгъэсэбэпхэр. Ауэ щыхъукIэ, апхуэдэ глаголри ФЕ-м и Iыхьэу къалъытэн хуейщ Iэмал имыIэу. Псалъэм папщIэ, *узэгъури чыхури* жыпIэкIэ ФЕ ирикъуркъым, абы *гурымыIуэн* глаголыр имыгъусэмэ:

**узэгъури чыхури гурымыIуэн.** Къэгубжьауэ, зыри хэмызэгъэжу, ихуэмыгъэбэнужу щытын. *Мухьэбыр хьыйм икIащи, узэгъури чыхури къыгурыIуэжыркъым* (ЩакIуэ Т.).

Мы дэ къызэрытхьам хуэдэущ мы ФЕ-р иужьу къыдэкIа Адыгэбзэ фразеологизмэхэм я псалъалъэм зэрыкIуар (Налшык, 2001, н. 167), тэмэмри аращ, дэ къызэрытлъытэмкIэ. Иджыри щапхъэхэмкIэ зэтлъытыпщ Къардэн Б. и тхылъымрэ зи цIэ къитIуа псалъалъэмрэ мы ФЕ лIэужьыгъуэр къызэрыщахьыр:

| *Къардэным:* | *Псалъалъэм:* |
|---|---|
| **кIуапIи жапIи** | **кIуапIи жапIи емыгъын** |
| **ижьи сэмэгуи** | **ижьи сэмэгуи зыхуэщIын** |

Дэ шэч къытетхьэркъым мы ищхьэмкIэ къыщытхьа щапхъэ псом я деж Псалъалъэм и вариантыр зэрыщыпэхъ пэжым.

Щыӏэщ, дауикӏ, глагол псалъэ хэмытуи образность хэлъу ФЕ хъу псалъитӀ зэгуэгъухэр: *Ӏыхьлыи лъыджэщ, бжэныцрэ хъэцыпэу*, н. къ. Мыбыхэм ящыгъуэгъуэщ коммуникативнэ къалэн зыгъэзащӀэ мыпхуэдэ ФЕ-хэри: *си мыӀуэжщ, си мыдэлъщ; е къэмылкъым, е мылъыфкъым*, н.

### *1.10. Зи мыхьэнэр зимыӀэж псалъэхэу зэхэт бзэм и штампхэр*

Мыхэр гупитӀу зэпыбуд мэхъу, модально-экспрессивнэу щытрэ щымытрэ елъытауэ.

а) модально-экспрессивнэу щытхэм я щапхъэ:

**уи псэщ ар!** Щыгуъ! (Къохъулӏэнкӏэ Ӏэмал зимыӀэм и ужь ихьэм, щӀы нэрылъагъу зыупсым жраӀэ псэлъафэщ). *Уи псэщ ар – игъыкэ мыӀэнацэр пӀэт зэрыхъун! – гуБжьащ къуэзи нэхъыжьыр* (ӀуэрыӀуатэ).

б) модально-экспрессивнэу щымыт ФЕ зэхэжыхьахэм ящыщ:

**нэгъуэщӀ мыхъуми.** Щымыхъужкӏи. *Нэгъуэщӏ мыхъуми, мо уи адэжьым ихъэтыр лъагъуи, ди лъэӀур къыпхуэщӀэ* («Таурыхъхэмрэ хъыбархэмрэ»).

### *1.11. Псалъэухам къыпхухэмыгъэкӀ, е къыхэбгъэкӀыну гугъу дыдэ ФЕ-хэр*

Мы гупыр епщӀанэ гупым хэт ФЕ-хэм йокӀуалӀэ, ауэ мыхэр псалъэухам хэту фӀэкӀа, я закъуэ къыпхуэгъэсэбэпыркъым. Девгъэплъыт, псалъэм папщӀэ, мы псалъэухам:

*Уэ езыр хэт и гупкӏэ узэрысыр?*

«и гупкӏэ узэрысыр» жыхуиӀэм и мыхьэнэр «хэт узыдэщӀыр, хэт узителъхьэр?» жиӀэу araщ. Мы ФЕ-р къытепщӀыкӀащ «зи гупкӀэ исым и уэрэдым ежьу» псалъэжьым. Контекстым хэмытмэ, абы и мыхьэнэр къыбгурыӀуэнукъым. Мис нэгъуэщӀ зы щапхъи:

*Аркъым, тӀасэ, дэ уи пэщхъыным дыкъыхуа уи гугъэрэ?* («Ӏуащхьэмахуэ»).

«пэщхъын къыхуи» псалъэ зэпхар ФЕ щыхъур псалъэухам хэтмэщ.

**1.12.** Мы гупым Къардэн Б. хегъэхьэ щӀыпӀэщӀэ е щӀыхуэщӀэ зыхэт ФЕ-хэр. Ищхьэмкӏи мыбы хуэдэ гуп къыщыхьащ (1.8.). Ауэ ахэр егъэщхьыныгъэ оборотмэ, мыбдеж къыщыхь щапхъэхэр псалъэжь мыхьэнэм нэхъ хуокӀуэ:

**хъыщыжь и уджым хэтын.** Делагъэм, Ӏуэху мыхьэнэншэхэм зыдегъэхьэхын, Ӏуэхуншэу хьэулеин.

### *1.13. Зы мыхьэнэ зэкъуэт щӀэу псалъэжь щӀыкӀэу къагъэсэбэп ФЕ-хэр*

Мыпхуэдэ ФЕ-хэм я мыхьэнэр куэдым я деж ӀэкӀэ гурыӀуэгъуэкъым:

**Тэрч кхъуэ исыкӀащ.** ЗыщӀэмыупщӀапхъэ щӀэупщӀам иуаныщӀу ират жэуапщ.

## *2. ФЕ зэхэтхэр*

ФЕ зэхэтхэмрэ ФЕ зэхэжыхьахэмрэ дапщэщи зэхэгъэкӀыгъуафӀэкъым, ахэр зыкъомкӀэ зэкӀуалӀэу зэрыщытым къыхэкӀыу. Мы тӀуми хыхьэ ФЕ-хэр мыхьэнэкӀэ зэхэшыпсыхьауэ щытщ.

Зэрызэщхьэщагъэкlыр ФЕ зэхэтхэм деж псалъэ къэс и семантикэри зэрахъумэжырщ. ФЕ зэхэжыхьахэм и мыхьэнэр мотивированнэу щымытмэ, ФЕ зэхэтхэм и мыхьэнэр мотивированнэщ. ФЕ зэхэтхэм я нэхъыбапIэм метафорагъ яхэлъщ. ИтIанэ мыбыхэмрэ омоним къахуэхъу псалъэ зэгъусэ хуитхэмрэ яку дэлъ зэпыщIэныгъэр къызэтонэ.

ФЕ зэхэтхэри гуп-гупурэ ягуэш. Дриплъэнщ апхуэдэ гупу адыгэбзэ ФЕ-хэм Къардэн Б. къыхигъэкIхэм.

### *2.1. Мыхьэнэ зэхьэкIа зиIэ ФЕ-хэр*

Мыр нэхъ гуп цIыкIуитIу егуэшыж: и зы псалъэм мыхьэнэ зэхьэкIа иIэу; псалъитIми мыхьэнэ зэхьэкIа зэщIуэт къагъэхъуу.

а) И зы псалъэм мыхьэнэ зэхьэкIа иIэхэр:

**пэщIэху хъыбар.** Зи пэжагъым дэыхь тепщIэ мыхъуну хъыбар.

Мыбы и къежьапIэр: фызхэр зыщIыпIэ (пэщIэху машинэ зиIэ унагъуэм) щызэхуэсауэ пэ щыщIахукIэ, куэдым я щхьэфэ иIэбоу, ящIэми ямыщIэми тепсэлъыхьу зэрыуэршэрхэрщ. Мы ФЕ-р къызэрежьарэ куэд зэрымыщIар нэрылъагъущ: пэщIэху машинэ адыгэ къуажэхэм къыщыдыхьар ХХ лIэщIыгъуэм и пэхэрщ. Мы ФЕ-м синоним иIэщ: «фыз хъыбар».

б) Зи компонентхэм зэгъусэу мыхьэнэ зэхьэкIа къагъэхъу ФЕ-хэр:

**Iэбжьанэ фIейщ.** Дыгъуакlуэ, хамэ мылъку зэзылъэфалIэ.

### *2.2. Образно-экспрессивнэ мыхьэнэ наIуэ зиIэ ФЕ-хэр*

Инэ ит гупым мыхэр къызэрыщхьэщыкIыр къызэтекIа псалъэ зэгъусэ хуитхэм пыщIэныгъэ зэрыхуаIэр арщ:

**пащIэр хуэупсын.** Хурикъун, хуэфI хъун, и напэр техын.

Мы мыхьэнэр къызытекIар: пащIэр лIы нэсым и нэщэнэу ябжырти, ар лъэщыгъэкIэ зыгуэрым фIаупсамэ, абы и напэр трахауэ арат.

**[и] фэр техын.** Гугъу егъэхьын, гъэбэмпIэн.

### *2.3. Фразеологием щыхэтым фIэкIа апхуэдэ мыхьэнэ зимыIэ псалъэ зыхэт ФЕ*

**илъэс хъурей.** Илъэс псо. «Хъурей» псалъэм «псо», «ирикъу» мыхьэнэ щигъуэтыр «илъэс» псалъэм щыщIыгъум дежщ.

**псалъэ мышыу.** Псалъэ махъумыщIэ, къемызэгъ.

### *2.4. Мыхьэнэ зэхэжыхьа зиIэ обстоятельственнэ ФЕ-хэр*

Мыр нэхъ гуп цIыкIуитIу гуэшыжащ:

а) ЗэхьэкIа-метафорическэ мыхьэнэ зимыIэ обстоятельственнэ ФЕ-хэр:

**афIэкIа хэмылъу.** ЗанщIэу, пIалъэ къыхэмыкIыу.

**кIуэрыкIуэм тету.** 1. Гъуэгу тету здэкIуэм. кIуэрэ пэт. къэмыувыIэу. 2. ЗанщIэу. фIыуэ емыгупсысауэ.

Мы ФЕ лIэужыгъуэхэм я нэхъыбапIэр щапхъэ къэтхьахэм ещхьу псалъэ (Iыхьэ) тIурытIу зэхэтщ. Ауэ урохьэлIэ нэхъыбэу зэхэтхэми:

**и нэм щIыр имылъагъуу.** Гужьеуэ, пIащIэу.

**абы фIэкIа хэмылъу.** Зэуэ. занщIэу, а зы напIэзыпIэм.

б) ЗэхьэкIа-метафорическэ мыхьэнэ зиIэхэр:

**и кIэр нудэу.** Хьэлъэншэу, щIыкIейуэ.

**узижагъуэм и махуэу.** Хьэлэчу, гужьеигъуэу.

### *2.5. Зэгуэгъу тIурытIу зэхэжыхьауэ е синтагмэ зэкъуэту щыт ФЕ-хэр*

Мы гупыр щыуэ гуэшыжащ:

а) Синтагмэ единицэу тIу е псалъитI союзкIэ (союз-суффикскIэ) зэпхауэ, глагол (предикат) ямыгъусэу: *анэнэпIэрэ гупкIэ тIысыпIэрэ; сэ гъуищэрылъэрэ фызым къызэщIигъэплъа лIырэ*; н. къ.

Мы щапхъэ къэтхьахэм къызэрагъэлъагъуэщи, мыхэр псалъэжьу къагъэсэбэп жыIэгъуэхэщ, глагол-сказуемэ хэмытми, хэтын хуейр «мы зэдгъапщитIри зэхуэдэщ» мыхьэнэр къызэрыкI глаголщ, н. ж. мыр псалъэухам нэхъ йокIуалIэ, интонацэкIэ гупсысэ уха мэхъу. Аращи, дэ тфIэкъабылкъым мыхэр ФЕ-уэ бжыныр.

б) Мы гупри союз (союз-суффикскIэ) зэпха экзоэлементхэщ, е глагол пыухыкIа гуэр ящIыгъуу, е щIэнIуэ хуэдэу къагъэсэбэпу: *кIэрыпхыни кIэрыпIытхъэни* (щыIэкъым); *нэкуи напIи* (иIэкъым); *екIи фIыкIи; ахъши бохъши; нэби ныжэби; хьэми къуцэми, жьын цIэи*, н. къ.

в) Мы гуп мащIэр мо япэ итхэм къащхьэщокI союз (союз-суффикс) зэрыхэмытымкIэ. Мыбыхэм экспрессие нэхъ яхэлъщ, н. ж. ФЕ-уэ зэрыщытым шэч нэхъ къытумыхьэу щытщ: *гъэжкъым, шыпскъым; ункъым, жьэгукъым; гъуапэкъым, пщампIэкъым*, н. къ.



### *2.6. Тавтологие обороту щыт ФЕ-хэр*

СоюзкIэ зэпхауи, союзыншэуи щыIэщ мыпхуэдэ ФЕ-хэр: *хуеймы хуэмеймы, псэуи мыпсэуи, къелыни къемылыни*, н. къ.

Союзыншэу зэпхахэм я щапхъэ: *зы махуэ зы махуэкIэ; и нэ къэткъым, и Iэ къэткъым; уэ жепIа, сэ жесIа; зэ мыхъуми зэ*, н. къ.

### *2.7. ЗэхэлъыкIэ гугъу зиIэ ФЕ-хэр*

Мыбы Къардэн Бубэ хигъэхьэхэр компонентищу е нэхъыбэу зэхэтхэрщ. Апхуэдэ ФЕ-хэр лIэужьыгъуитIу зэхэбгъэкI хъуну жеIэ – тIур глагол хэту, ещанэр щIэуэ. Глагол зыхэтхэр лIэужьыгъуитI щIищIыр ди дежкIэ гурыIуэгъуэкъым – щапхъэ къыхьхэмкIэ ахэр и структурэкIи, экспрессие яхэлъкIи, нэгъуэщI гуэркIи зэщхьэщыкIыу ди гугъэкъым. Псалъэм папщIэ, япэ глаголыэ гупым «псалъэ нэхъыщхьэу масдар (щыIэщIэ къалэн зыгъэзащIэ глагол) хэтщ», етIуанэ гупыр «псалъэ зэгуэсэ» теплъэ иIэу къагъэсэбэп жиIэ щхьэкIэ, дызэхуэмыгъэплъыт абыхэм я щапхъэхэм: *жьэ мыгъуэ шицыдыкIын (1) – нэгъабэ лIам лъэщIэгъэхьэжын (2); кIэн махуэ хэудын (1) – нэ лейкIэ еплъын (2)*.

Ещанэ лIэужьыгъуэу къыхигъэкIым и Iуэхур щхьэхуэщ – мыпхуэдэ ФЕ-хэм глагол яхэткъыми, структурэкIэ гуп щхьэхуэ пщIыну щхьэусыгъуэ щыIэщ: *бжэн лъакъуэ хъыбар; емылъэджу щIыхьэху; ин жыIэ цIыкIу Iуатэ; мэлыфэ зытеубгъуа дыгъужь*, н. къ.

**2.8.** Еянэ гупу Къардэн Бубэ игъэувыр щIэ зэхэлъхэр, фIэщыгъэцIэ зэмылIэужьыгъуэхэрщ. Мыпхуэдэхэр лIэужьыгъуитI ещI:

а) къэкIыгъэцIэхэр: банэ щхьэхъурей «мордовник шароголовый», бэрэжьей фIыцIэ «бузина черная»; хьэ бжьыныху «лук круглый»; н. къ.

б) нэгъуэщI фIэщыгъэцIэ зэмылIэужьыгъуэхэр: шэ теха (щIэхуа) «снятое молоко»; гъуэжь уз «желтуха»; мысостей бжьыщ (ефэ-ешхэм къыкIэрыхуам тезыру трагъэхьэу щыIа хабзэщ); мафIэщхьэ джэд (гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуэм тхьэлъэIуу яукI джэд фIыцIэ); н. къ.

ИщхьэмкIэ къызэрыщыдгъэлъэгъуащи, иджырей щIэныгъэм шэч къытрихьэркъым мыпхуэдэ фIэщыгъэцIэ (термин) псори ФЕ-хэм яхэбгъэхьэ зэрымыхъунум. ФIэщыгъэцIэхэр бзэм и лексикэм щыщу аращ, адрей предмет къэхъугъэ псоми я цIэ псалъэхэм епхы.

**2.9.** Мы гупым хагъэхьэ ФЕ-хэм я нэхъыбапIэри ФЕ-уэ фIэщщIыгъуейщ. Къардэным мы гупым щIэуэ фIещ «бзэм и штампи, образность зыхэмылъ псэлъафэ ФЕ-хэр».

ЗэрыжытIащи, образность, зэхьэкIа мыхьэнэ зыхэмылъ ФЕ щымыIэу арщ иджырей наукэм зэригъэувыр. Сыт щхьэусыгъуэкIэ мы къэкIуэнухэр ФЕ-уэ жыпIэфыну: *абы щIыIуужкIэ; ауэ (апхуэдэу) щыт пэтми; сыту щрети; сыт щхьэнкъуэжкIи; Iуэхур зытетыр;* н. къ.

Е етIуанэ лIэужьыгъуэм – «бзэм и штамп коммуникативнэ единицэхэр» жыхуиIэми девгъэщIыт: *сыт хъыбар?, щIэмэ нэхъыфIщ, икIэри щэри арщ,* н. къ.

### *2.10. Урысыбзэм и ФЕ калькэ ящIахэр*

Бзэхэм я хьэлщ псалъэхэм я мызакъуэу, ФЕ-хэр нэгъуэщIыбзэхэм кърахыу. Куэд дыдэ мыхъуми, адыгэбзэм хэбгъуэтэнущ урысыбзэ ФЕ-уэ къыхыхьахэр. Псалъэм папщIэ, «лъакъуэ сэмэгукIэ къэтэджащ» жаIэ къэгубжьым, къытехьым папщIэ. Мыр урысым и «встал с левой ноги» жыхуаIэр зэрадзэкIауэ арщ. Ауэ Къардэн Б. мы гупым я щапхъэу къихьхэр нэгъуэщIщ: гъэ еджэгъуэ «учебный год», скобкэм дэгъэувэн «поставить в скобки», артиллерие хьэлъэ «тяжелая артиллерия», блын газет «стенная газета», зауэ щIыIэ «холодная война», н. къ.

Тыншу гу лъыботэ мыбыхэм ФЕ зэрахэмытым, атIэ фIэщыгъэцIэ, псалъэ зэхэлъ защIэу ахэр зэрыщытым.

Арщи, зи гугъу тщIа гупым хуэдэ щIы хъунуми, абы хыхьэнур «лъакъуэ сэмэгукIэ къэтэджын» жыхуэтIам хуэдэхэрщ. Мыхэр нэхъыбэу зыхэбгъуэтэр зэрадзэкI литературэрщ (ар художественнэ произведенэ ирехъу, е газетым, журналым къытрадзэ публицистикэу щрет). Бзэм ирипсалъэхэм а псори къащтэркъыми, къэхутэныгъэ щхьэхуэ егъэкIуэкIын хуейщ «мы урыс ФЕ-р адыгэбзэм къищтащ» жыпIэу шэч къытумыхьэу къэбгъэлъэгъуэн папщIэ. Нэхъри Iуэхур гугъу зыщIыр бзитIми ФЕ хэтхэщи арщ, я зэхэлъыкIэкIэ зэтехуэу, ауэ ФЕ-р зым ейщ, адрейм а зейм къыIихащ жыпIэну щхьэусыгъуэ уимыIэу. Псалъэм папщIэ, урысым жаIэ: «в глазах темнеет», адыгэми яIэщ: «и нэр щоункIыфIыкI». Мыбдеж дэтхэнэ бзэми и ФЕ-р езым къызэригъэщIыжам шэч къытехьэгъуейщ. Апхуэдэ щапхъэхэр куэду бгъуэтынущ.

### *2.11. Компаратив (егъэщхьыныгъэ, ельытыныгъэ) ФЕ зэхьэкIа мыхьэнэ зиIэхэр*

ФЕ зэхэлъыкIэхэм дащытепсэлъыхыным жытIауэ щытащ компаративхэр ФЕ-уэ зэрыщытым щIэныгъэлI куэдым шэч къы-

зэрытрахьэр. Псом хуэмыдэу союзкlэ къэхъухэрщ ФЕ-м емыкlуалlэу жыхуаlэр (хуэдэу, ещхьу, нэхъей): *и цlэкlэм шху къекlыхщ хуэдэ; танэм ягъэдела вынжь нэхъей; и анэм къызэрилъхуам хуэдэу (пцlанэу)*; н. къ.

Союзыр щыхэмытыжым и деж егъэщхьыныгъэ (ельытыныгъэ) оборотхэр ФЕ-м нэхъ ещхь мэхъу: *Хъуэжэ и бэщмакъыу (зыкъригъэнащ); пеьнщlэ къамылу (джэенщ); фо къыхищlахуа бзу (егъэныщкlу); хьэжъуэlыгъуэ чейуэ (зэрадзэ)*; н. къ.

Мы щапхъэхэм скобкэм дэту глагол псалъэ къащlыхуэтхар инэхъыбапlэм а псалъэхэр ящыту къызэрыдгъэсэбэпыращ. *Абы* къыхэкlкlи псалъалъэхэм мыпхуэдэ ФЕ-хэр глагол псалъэ нэхъ ящlыгъу хабзэр пыту иратхэ. Дэри нэхъ тфlэзахуэщ апхуэдэ къэхьыкlэр.

**2.12.** Мыпхуэдэ гуп Къардэн Б. ищlыр союз псалъэ зэхэлъхэращ: *апхуэдэу цlыщыткlэ; сыт щхьэкlэ жыпlэмэ; абы къыхэкlкlэ*, н. къ.

Идкырей щlэныгъэм къызэрилъытэмкlэ, мыхэр псалъэ зэхэлъу фlэкlа, ФЕ-м хуаlуэху щыlэкъым.

**2.13.** Мы гупым Къардэным хегъэхьэ фlэхъус, хъуэхъу, тхьэрыlуэ, гыбзэ сыт хуэдэхэр: *уи махуэ фlыуэ! Фи жэщ фlы ухъу! Зэпытрэ зэкlэу укlуэ! Берычэт бесын! Бжэгъупэ махуэ хэуцэ! Жьыщхьэ махуэ ухъу!*

Къэтхьа щапхъэхэм щхьэкlэ фразеологием елэжьхэм я lуэху епльыкlэр зэтехуэркъым. Псалъэм папщlэ, хъуэхъухэмрэ гыбзэхэмрэ lуэрыlуатэм и жанр лlэужьыгъуэщ, ахэр ФЕ-хэм щlахыубжэн щыlэу къыщlэкlынукъым, дэ дызэрепльымкlэ.

### *2.14. lуэрыlуатэ жыlэгъуэ, бзэм куэд лъандэрэ къигъэсэбэп эпитет хуэдэхэу ФЕ хъуахэр*

lуэрыlуатэм къыщежьа ФЕ-хэщ мы къэкlуэнухэр: *емынэ щу (щужьей); лlы и жэщ; тхьэрыкъуэ пщэу; иныжь и жей; данэгъуэ lупэ*; н. къ.

Мыбыхэм я лъабжьэр кууэ зэрыщытым къыхэкlкlэ жыы хъуауэ зи мыхьэнэр нэхъыбэм къагурымыlуэж псалъэхэм (псалъэ формэхэм) уащрохьэлlэ.

### *2.15. Рифмэ зыхэт аллитерацэхэу ФЕ хъухэр*

Мы гупым и щапхъэу къэхьахэр, къапэ щlагъуэ щымыlэу, псалъэжьхэщ: *и цlэр мыцэу бзэ ирещэкl; бацэжьлъ нэпъэжьгъуэ егъуэт*; н. къ.

### *2.16. Каламбур оборот ФЕ-хэр*

Мыхэри 2.15. гупым къазэрыщхьэщыкl щыlэкъым: *Къэзылъэфри зыгъэфыжри пщlэркъым; бэмпlэгъуэ лъхуэри зэгуэудыгъуэ къилъхуащ; пщэдей махуэщ, къэрнахури махэщ*; н. къ.

Пэжщ, мыбы и лlэужьыгъуэу къыхигъэкl, сабийхэм яхуэгъазауэ щlэнэкlалъэ хуэдэу къагъэсэбэп псэлъафэхэм яхэтщ ФЕ-м хуэпхь хъун закъуэтlакъуэ: *гуэгуш джэдыкlамиlэ* – зи нэгур узэгушым хужаlэ; *гъуэншэджыншэ хъыдэнщ*; н.

### *2.17. Зэпэщlэуэныгъэ зыхэлъ параллелизмхэу ФЕ хъухэр*

Мы гупми и щапхъэхэр псалъэжьым нэхъ хуокlуэ, ФЕ-м нэхърэ: *lэмбатэ зэрымытым lэтэ црегъэувэ; псалъэ lэфlрэ гу фlейуэ; якъри зыхьри мэкlуэгъэ*, н.

### *2.18. Псалъэ шэрыуэхэр, афоризмхэр, цIыху цIэрыIуэхэм, тхакIуэхэм жаIахэр*

Мы гупым и щапхъэхэри зэрыщыту псалъэжьхэщ е IуэрыIуатэм «псалъэ Iущхэр» жаIэу къыхагъэкI жанр лIэужьыгъуэм хохьэхэр: *Щхьэм хуэфащэ пыIэ щхьэрыгъыжын хуейщ* (КIыщокъуэ А.). *Щхьэм имыгмэ, жьакIэр бащэщ* (Шортэн А.). *Уи Iэдакъэ щIэмыкIар хьэрэмщ* (Къэшыкъуэ Ж.). *Бацэмрэ щынэ-щымрэ зэхэбгъэзэрыхьащ* (Агъыокъуэ Л.), н.

АдэкIэ фразеологие зэхэтым хэбгъэхьэ хъуну къилъытэу Къардэнным къехь «зэхьэкIа мыхьэнэ зиIэ псалъэхэр» жиIэу дыдэ. Дэ абыхэм дакъытеувыIэркъым, с. ж. сыт хуэдэ зэхэлъыкIэ (ухуэкIэ) имыIэми, ахэр псалъэжьу къонэж. ФЕ хъуркъыми.

### *3. ФЕ зэгъусэхэр*

Мы ФЕ лIэужьыгъуэм хыхьэ псоми я нэщэнэу Къардэн Б. къыгъэлъагъуэр абыхэм зэхьэкIа-метафорическэ мыхьэнэ зэрамыIэрщ, абы щыгъуэми щIэныгъэлIхэм я нэхъыбэм къызэралъытэмкIэ, а нэщэнэр фразеологизмэхэм Iэмал имыIэу яхэлъын хуейщ. ИкIи аращ мыхэр ФЕ-уэ абыхэм къыщIамылъытэр. Зэпщ1эу къыжытIэнщи, дэри дарителхьэщ абыхэм. Ауэ, дауэ щымытми, къэдгъэлъэгъуэнщ ФЕ зэгъусэхэм хыхьэу Къардэн Бубэ къилъытэхэр мыпхуэдэ гупитIу зэригуэшыр:

1) глаголыпэ е цIэ аналитическэ конструкцэхэр; 2) зи компонентхэм нэщыщ зым ФЕ-м мыхьэнэщIэ щызыгъуэтхэр.

### *3.1. Аналитическэ конструкцэ ФЕ-хэр*

**а) глаголыпэ конструкцэхэр.** Апхуэдэ конструкцэ ФЕ хъуэ къалъытэр глагол дэIэпыкъуэгъу *хъун*, *щIын* жыхуиIэхэм къагъэхъухэрщ: *лIы хъун*, *бысым щIын*, н. къ. Къардэнным жеIэ а глагол дэIэпыкъуэгъухэм къагъэхъу конструкцэхэр тIууэ зэхэгъэкIын хуейуэ – сказуемэм и аналитическэ формэрэ ФЕ-уэ. Псалъэм папщIэ, **лIы хъун** жиIэмэ ФЕ-щ, **инженер хъун** жиIэмэ цIэ-сказуемэ зэхэтщ. Япэр зы мыхьэнэ зэхэтщ (зы псалъэм пэхъу). глаголым семантикэ щхьэхуэ мыбы щиIэкъым, етIуанэм деж а глаголым и семантикэр зэрызихъуэж щIагъуэ щымыIэу къызэтонэ. Ауэ щ1ыкыри зэ къыхыдогъэщри. Къардэнным ФЕ-уэ игъэувхэм къагъэлъагъуэр мыхьэнэ зэпщIэщ, зэхьэкIакъым, метафорагъ, образность яхэлъкъым абыхэм: *щхьэщэ щIын*, *шэджэгъуашхэ щIын*, *псалъэмей щIын*, *мурад щIын*, *нэщхъэ щIын*, н. къ.

Глагол дэIэпыкъуэгъухэр зыхэт конструкцэхэр ФЕ хъууэ къыщылъытапхъэр абыхэм зэхьэкIа мыхьэнэ щагъуэтым дежщ. Псалъэм папщIэ:

**щхьэуназэ хъун.** ПщIэнур умыщIэжу укъэнэн, хэзэрыхьын, щхьэр кIэрэхъуэн. *ЦIыху гупыр щхьэуназэ хъуащ зэ зы лъэныкъуэкIэ, зэ нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ зэрыхьырт* (КIэращэ Т.).

**б) цIэ конструкцэхэр (цIэ + цIэ).** Мыпхуэдэ щапхъэ Къардэнным къихьхэм я нэхъыбэри ФЕ-къым, зэхьэкIа мыхьэнэ зэрамыIэм къыхэкIыу. Езы авторми жеIэ мыбыхэм гурыIуэгъуэ гуэр къызэрагъэлъагъуэр, апхуэдэ гурыIуэныгъэхэр къызэрыбгъэлъагъуэн псалъэ щхьэхуи бэзм зэримыIэр: *жьы хъугъуэ; ахъшэм кIыфI; адыгэ фащэ; бжьэ къэпщIыгъуэ; мазэ къэунэхугъуэ; дыгъэ къыщIэкIыгъуэ*; н. къ.

Зырызыххэ урохьэлӏэ ФЕ-хэм хэбгъэхьэ хъуну, псалъэм папщӏэ, *унэ шхьэгъуэ* («хъыджэбзым и лӏы дэкӏуэгъуэ» мыхьэнэ къикӏыу), *пӏастэ ӏыхьэ* («ерыскъы» мыхьэнэ иӏэу).

### *3.2. Зи компонентхэм ящыщ зым мыхьэнэщӏэ игъуэт ФЕ-хэр*

Компонентхэм ящыщ зыр и мыхьэнэкӏэ «щхьэхуимыт хъуныр» и нэщӏэнэщ ФЕ зэхэжыхьахэми, ФЕ зэхэтхэми. ФЕ зэгъусэхэр абыхэм къазэрыщхьэщыкӏыу Къардэным жыхуиӏэр мыхэр «апхуэдэ дыдэу къуэа зэрымыхъуххэращ». Къыжыӏапхъэщ ар критерий быдэу зэрыщымытыр, щхьэж езым къызэрыщыхъум нэхъ зэрепхар, апхуэдэу щыщыткӏи, щӏэныгъэм зэрытемыгъэпсыхьар.

Итӏанэ мы ӏыхьэм щапхъэу къыщыхьахэр ФЕ-уэ пхужыӏэнукъым, гурыӏуэгъуэ шыухыкӏа къэзыгъэлъагъуэ псалъэ зэхэлъу фӏэкӏа: *жьэрымэ гъэун; нысащӏэм техьэн; азэн джэн; фыз къэшэн; щӏылэ хыхьэн;* н. къ.

Зыбжанэ къадгъуэташ мыхьэнэ зэхьэкӏа яӏэу, ФЕ хъуауэ убж хъуну:

**мафӏэ едзын.** Зыгуэр бэлыхь хэдзэн, щыхьэн.

**и щӏэ иӏуэн.** Зыгуэрым тыгъэ хуэщӏын, зыгуэркӏэ гу лъытэн.

Ауэ мыпхуэдэ щапхъэ зырыз хэбгъуатэри зыкӏи къащхьэщыкӏыу гу лъыттакъым апхуэдэ лӏэужьыгъуэу ФЕ зэхэжыхьахэмрэ ФЕ зэхэтхэмрэ къыщыхьахэм (еплъ ищхьэмкӏэ).

Аращи, псалъалъэм бгъэкӏуэн хуей фразеологизмэхэр къыхэхынымкӏэ гъуазэ нэхъыщхьэу щыӏэр семантическэ бгъэдыхьэкӏэрщ. Дэ къытфӏощӏ Къардэн Бубэ абы и лъэныкъуэкӏэ зэхигъэува классификацэм и мыхьэнэр нобэр къыздэсам къыпхуэмыӏуэтэным хуэдизу иину. Ауэ дяпэкӏэ фразеологием и псалъалъэ зэхалъхьэну нужь ихьэнухэм ӏэмал имыӏэу ӏуэхум къыхалъытапхъэщ нужькӏэ фразеологием елэжьахэм Къардэным и классификацэм егъэфӏэкӏуэныгъэу халъхьахэр, дыщӏагъужахэр.

Ди тхыгъэм зи гугъу щытщӏар Къардэн Бубэ адыгэ бзэщӏэныгъэм щызыӏэригъэхьа ехъулӏэныгъэхэм ящыщ зыщ. Мыбы и закъуи ирикъунут Бубэ и цӏэр мыкӏуэдыжу ди щӏэныгъэм и тхыдэм къыхэнэн папщӏэ. Ауэ абы хуэзэфӏэкӏар, ар зыхуэсар куэдкӏэ нэхъыбэщ. Псалъэм папщӏэ, адыгэбзэм и псалъалъэ зэмылӏэужьыгъуэхэр зэхалъхьэным абы хилэжьыхьам хуэдиз лъэкӏауэ нэгъуэщӏ гуэрым и цӏэ къиӏуэгъуейщ. Адыгэ-урыс, урыс-адыгэ псалъалъэу 1950 гъэхэм къыдэкӏахэр, ноби щӏыхухэр зэрыгъуазэхэр, нэхъыбэу зи фэ дэкӏар Къардэнырщ. Ди грамматикэм и зэхэлъыкӏэр къэхутэнымкӏи лъэкӏ къигъэнакъым. Ищхьэкӏэ зи цӏэ къитӏуа псалъалъэхэм ящыщ зым дыщӏигъуа грамматикэ кӏэщӏри, синтаксисым теухуа и тхылъри нобэр здынэсам бзэм елэжьхэм куэдрэ тегъэщӏапӏэ ящӏ. А псор къызэщӏэпкъуэжу жыпӏэмэ, Къардэн Бубэ-щӏэныгъэлӏым и щӏэиным тхылъ щхьэхуэ тебухуэ хъунущ, теухуэни хуейт. И илъэсищэ юбилейм ирихьэлӏэу дунейм апхуэдэ къытемыхьами, дяпэкӏэ а ӏуэхур зэфӏэзыгъэкӏын къыкъуэкӏыну дыгугъэнщ.

**БИЩӀО Борис,**
*филологие щӏэныгъэхэм*
*я доктор*

## КЪАРДЭН Бубэ

# ФРОНТЫМ АДЭКIЭ

*Повестым щыщ пычыгъуэхэр*

... МакIуэ колоннэр, я бгъуитIымкIи нэмыцэ охранэр бгъурыту. Е дунейр нэхъ нэжэгужэ къыщэрыхъужара, е жыжьэу къуажэ хуэдэу зыгуэр къыщэрылъэIуарат, сытми, Индрис и лъэр тIэкIу нэхъ жан хъуа хуэдэт. Ар нэкъыкIэ зыхищIэрт езы Ликосми – и бгырыпхыр абы иIыгъыркъым.

– Плъагъура, Индрис, модэ зыгуэр къонаIуэ. Хэт ищIэн, дыздашэм дыкъэсагъэнкIи хъунщ. Е къуажэ гуэр...

Къуажэри Iейкъым. Апхуэдэм деж украинэ бзылъхугъэхэр, псом хуэмыдэжу зи пыбжь хэкIуэтахэр, гъуэгум къытеуэрт ерыскъы гуэрхэр яIыгъыуи, колоннэм къыхадзэрт, нэмыцэхэр чнутI кIыхькIэ ихэуэ щхьэкIэ къамыгъанэу. Апхуэдэхэм деж гуауэ бзаджэ къыщыхъу щыIэт... Змеёвкэм къыщэрытекIрэ махуэ епщэм ихьауэ, колоннэ гъэрыр къуажэ гуэрым дыхьащ. Сыт щыгъуи хуэдэу, цIыхубзхэр уэрамхэм къыщэрыджэуэ нэщхъейуэ зэхэтщ, нэхъыбэм я нэнсыр щIалъэщIыкI. Абдежым зы хъыджэбз цIыкIу (илъэсищ-плIым ит хъунт, абы и нэ напщхъуэмпхуитIыр Георгий Ликосым игу игъащIэкIэ ихунэкъым!..) запщIэу къэкIияш:

– Мамэ! Мамэ! Мес ди папэ! Папэ!..

Хъыджэбз цIыкIум «мамэ» жыхуиIа цIыхубзым фIыуэ ищIэрт ипхъу цIыкIур зэрыпщыуар, ауэ абдежым зыкъричри колоннэм къежэлIащ, хъыдан хужьым кIуэцIылъ ерыскъы гуэр лIым иритын мурад иIэу.

– Цурюк! Назад! – мэкIий абдеж къыпэгъунэгъу охранникыр, арщхьэкIэ цIыхубзым иIыгъыр плен тхьэмыщкIэм IэщIилъхьащ. Мыбдежым нэмыцэр пхъуэри фызым и бгъэм епхъуащ... Бзылъхугъэр, зыхуэмыщIыIэу, нэмыцэ лIы хэкIуэтам, нэгъуджэ фIыцIэ зыIулъым, и нэкIум щIэубжьытхащ.

– Мор къыхэшн мыбдеж къешалIэ! – кIиящ нэмыцэ офицерыр, абдежым къежэлIар. Къыхалъэфащ хъыдан хужь зэкIуэцIылъыр зыIэщIалъхьа пленыр. Абырэ фызымрэ зэбгъэдэту псыкъуейм бгъэдагъэувэри, офицерым приказ итащ:

– Еуэ иджы, нэмыцэ сэлэт!

Ликосым къыщэрыфIэщIамкIэ, сэлэтыр Iэнкун къэхъуащ, автоматкIэ еуэн мурад имыIэ хуэдэу.

– Нэгъуджэ! Старый олух! Иджыпсту мы тIур умыукIмэ, щыри сэ фызоукI!

Сэлэтыр еуащ фызымрэ пленымрэ... Абдеж нэхъ гъунэгъу щытахэм ялъэгъуащ а тIур иукIа нэужь очкастэм, и автоматыр щридзэкIыжым, и Iэхэр зэрыкIэзызыр...

– Георгий, мор Iуэ хьэмрэ сыт? – ерагъкIэ къыдришеи къуэдейуэ къоупщI Индрис.

– Ара хуэдэщ...

«Дыкъэсауэ къыщIэкIынущ», – жеIэ игукIэ Ликос.

Ихъуреягъкiэ зы жыг цIыкIуи, зы уни плъагъуркъым. Нэм къипщтэр губгъуэ зэфэзэщ. ГъущI хъаркIэ къащIыхьа Iуэхэм я плIанэпплIым

лъагэу прожектор тетщ, абыхэм я лъабжьэкlэ часовой итыпlэ щlэщl-хэри лъагэу lуэ зэрамыщlэжым щхьэщытщ. Иджы мыбдеж кърапшэlа цlыхухэм зыми шэч къытрихьэркъым я «унэ» къызэрысыжам. Лъэкlэ темытыжыфу ешэлlа цlыху псыфхэр lуэм иращэри стройуэ ягъэу-ващ. Мыбдеж дылэм, блок-блокыу зэпыдзауэ, барак зыщыплl щытщ. Стройр дакъикъэ зыбжанэ щытауэ, абыхэм я пащхьэ къихьащ офицер гуэр, тэрмэшыр щlыгъуу.

– Нобэ щыщlэдзауэ мыращ фи псэупlэр. Фылажьэмэ – фышхэнущ. Фымылажьэмэ – лажьэ игъуэтынущ. Гъущl хъарым бгъадыхьэм, къеупщl-къегуо хэмыту, щlэщlым тесыр пулемёткlэ къеуэнущ. – Абы жиlар тэрмэшым урысыбзэкlэ къыжиlэжри, офицерыр lукlыжащ.

– Дауэ хъуми, Георгий, дыкъэсащ... дыкъэпщащ.

– Мыдэ ныжэбэ ужейм, Индрис, тlэкlу нэхъ зыкъэбужьыжынкъэ.

– lэу, мыбы зы цlыхугъэ гуэр щыlэн хуейкъэ... – блокым щlэт щlэщl гъурым щытеукlурием, жиlащ абы. – «Эх, Индрис, Индрис, хэт деж уэ цlыхугъэ къыщыбгъуэтыну узыхэтыр... Мы тхьэмахуэм ди нэгу щlэкlар щlэкlауэ, итlани цlыхугъэ уолъыхъуэ...»

Ауэ, Ликосым игукlэ жиlар къыгурыlуа хуэдэ, Къэрэжь Индрис къыжьэдоlукl, пхъэбгъу гъурым зытриукъуэдииплэурэ:

– Хьэуэ, си къуэшыжь, нэмыцэ цlыхугъэ щыlэ хуэдэкъым. И пасыпи къихьыт Шэхьбан тхьэмыщкlэм... Тlум щыгъуэми мыбы ар къэсыфынутэкъым...

– Псалъэ тэмэм жыпlащ, Индрис.

... Пэжу, Шэхьбан и гуащlэ дэкlыптэкъым мы цlыху тхьэмыщкlэ къомым къызэпача жыхьэнмэ гъуэгур... lэщиншэу ипэщlэхуа цlыхухэмрэ нагъуэщl пленхэу абдежым абыхэм къыхахуа къомымрэ стройуэ ягъэувэу къришэжьа къудейуэ, легковой машинэм ису, нэмыцэ офицеритl абыхэм къалъэщlыхьэри къэувыlащ.

– Мыдэ къакlуэт! Обер-лейтенант, мыр дауэ строй, мыр дауэ кlуэкlэ! Мы былым гупыр мыпхуэдэу зэрыкlуэнур! – щlокlие машинэ фlыщlэм къикlа офицерхэм ящыщ зыр еджэу зришалlа офицерым. Итlанэ, щlэдыхьэшхыкlри, нэмыцэ офицерым къыщlигъуащ:

– Щlэгъапхъуи, зэ я лъагум дыкъыщlэгъэплъ! – lупщlэ балыхь жиlа хуэдэ, ар къыхуеплъэкlащ и гъусэхэм. Мыдрейхэри дыхьэшхащ.

– Бего-ом марш!

Командэр е фlыуэ зэхамыхарэ, е къыгурымыlуарэ нэмыцэхэр зыхуейр, сытми зэрызэлъафэу, хэти цымамэу, пленхэр щlэпхъуащ, хэти и пlэм итщ. Нужьым чиутl кlыхьхэр хьэуам щыдзэу хуежьэри, щхьэж зэрыхуэфlэкlкlэ щlэпхъуащ...

– Шнель, шнель! – мэдыхьэшх офицерхэр.

Апхуэдэу дакъикъэ зыбгъупщl жа е нэхъыбэ дэкlа, сытми, къызэтрагъэувыlэри, гъэр хъуахэр аргуэру иращэжьэжащ.

– Къэтэдж, къэтэдж, кхъуэ!..

Нэхъ лlыжьхэу, нэхъ лъэрымыхьхэу зытхух хуэдиз джэлауэ зыкъаlэтыжыфыртэкъыми, хъумакlуэхэр ябгъэдэлъадэри чиутlымкlэ теухьащ. Нэхъ зыхуэфlэкlхэр къыщыпщыжащ, зи гуащlэ къимыхьахэр къэтэджыжакъым... Ахэр автоматкlэ яукlащ. Псоми зэхахащ автомат очередь кlэщlхэр... Къэтэджыжакъым Индрис и лъэпкъэгъу, и цlыхугъэ Шэхьбани...

– Мис, Индрис, шхын гуэри къэсхьащи, зыкъэlэти еlуб, сыт хуэдэу щымытми, мафlэм тету къэкъуэлъа гуэрщ... Къащтэ уи лопкlэр... – жеlэ Ликос.

ЕтӀысылӀащ лӀитӀыр котелокым, барак кӀыхьым щӀэс адрейхэми хуэдэу. Япхащ жэгундэ ныкъуэф хэлъу зыгуэр.

– Хьэми ишхынкъым. Мышхэжыныр къахукӀуэ а хьэщхьэрыӀуэхэм! – жеӀэ адэкӀэ къыщыс гуэрым, и лоцкӀэр къыбгъэнжурэ.

– Ей, къуэш, дипэкӀэ апхуэдэу уи бээр хуит умыщӀыщэ, – чиджэщ ирет абы Ликос. – УмыщӀэххэу ухэкӀуэдынкӀэ хъунущ.

– Ӏуэду фӀыщ! Уэ ушынэми, сэ абыхэм сащышынэркъым! – макъ псыгъуэ цӀыкӀу зиӀэ лӀы гъур гуащӀэмащӀэр къогубжьыпэ.

– УзэрегуакӀуэщ, къуэш, ауэ зэгъащӀэ – псалъэ лейм зэикӀ сэбэпыныгъэ къыхьыркъым.

Махуэ куэдкӀэ гъуэгуанэ хьэзабым тетахэр жей хьэлъым бетэмалу зэщӀиубыда щхьэкӀэ, нэхъыбэр мэӀуэщхъу, къыхопсэлъыкӀ, уеблэмэ зэрыжейм хуэдэу мэпыхьэ, къыхокӀиикӀхэр. Индрис, апхуэдиз бэлыхьыр ишэча, Ликосым мыбы ерагъкӀэ къилъэфэса щхьэкӀэ, жейм хилъафэркъым – Ӏэнкъэлъэнкъыу иӀэр езым имей хуэдэу къыфӀощӀыж.

– Тобэ ярэби, сыту Ӏуэху щхьэмыпэ, сыту насыпыншагъэ ин мы дыкъызыхэхуар! – мэӀущащэ макъыншэу, и Ӏупэ къудеймкӀэ... ИтӀанэ Индрис жей хьэлъэм хелъафэ... Дунейр щӀыӀэтыӀэ пэтми, баракым мэ хуабэ бзаджэ щӀэтщ. ПщӀэнтӀэпсымэмрэ бахъэ хьэлъэмрэ зэхыхьэжащи, бэуэгъуэ бгъуэтыркъым. Абы пырхъ хьэлъэ куэдыр щӀэтыжщ. ... МакӀуэ зы махуэр адрейм кӀэлъыкӀуэу. Сутхэ дэкӀыркъым зыбгъэпщӀ мылӀэу, лагерыр мыин дыдэ щхьэкӀэ. Ликосыр нэхъ уэд хъуащ, и жьакӀэр зэщӀэкӀэжащ. Къэрожь Индрис кӀуэ пэтми нэхъ лъэрымыхь хъурт. Георгий Ликосыр мыхъуамэ, куэд щӀат Индрис зэрылӀэрэ. Япэрауэ, ныбэ узым ихьынт. ЗэрыжаӀэмкӀэ, лагерыр иджыри гестапэм ӀэщӀэлъкъым. Ара хъунт лагерым къекӀуалӀэ бзылъхугъэ гущӀэгъулыхэм шхын тӀэкӀу гъущӀ хьарым зэзэмызэ къыщхьэпрадзэ щӀэхъур. Ликосым хуэдэ нэхъ лъэрызехьэхэм махуэ щӀагъуэ дэкӀыртэкъым зыгуэр къаӀэрымыхьэу.

– Георгий, си къуэшыжь, мы сэ къысхуэпхым уэращ нэхъ хуейр...

– Хьэуэ, Индрис, уэ сэ нэхърэ унэхъ лъэрымыхьщ, ушхыжыщ.

– Аракъым жыхуэсӀэр – ар гурыӀуэгъуэщ. Сэ мыбы икӀ сиӀэкъым... Къару лъэпкъ зыгъэдэлъыжкъым... Уэ Ӏэмал гуэр къэбгъуэту уикӀуэсыкӀын хуейщ... Армыхъумэ, уэри куэдрэ пхуэхьынкъым... СфӀэтелъыджэщ, сыту улъэщ! Ауэ, Георгий, уэ нэхъыбэжу узэрылъэщыр уи хьэлырщ, уи цӀыхугъэрщ...

Апхуэдэ псалъэмакъ къыщыхъейхэм деж, Ликос ар нэгъуэщӀ лъагъуэ зэрытришэжыным хэтт е абы жиӀэр хуидэтэкъым.

Лагерым сымаджэщ хуэдэу барак цӀыкӀу яӀэщ, абы щылажьэри зэзыхьэри плен хъуа врачхэти, Ликосым Индрисыр абы щӀигъэгъуалъхьэри, тӀэкӀу нэхъ зыкъиужьыжат зи ныбжь хэкӀуэта лӀым.

– Индрис, уэрэ дэрэ куэд мыщӀэу зыщӀыпӀэкӀэ деӀэнщ, армыхъумэ мы хьэ къомым уакъелын?

– Ар пэжщ, Георгий, ауэ сэ зэрап сыпхуэхъун фӀэкӀа, зыри къикӀынукъым.

Ликосым, пэжу, мурад быдэ ищӀат икӀэщӀыпӀэкӀэ лагерым икӀуэсыкӀыну. «Иджыри мыпхуэдэурэ зыкъом кӀуэжмэ, итӀанэ пщӀэжыни щыӀэкъым», – гупсысэрт Ликос. Иджыблагъэ, лагерь кӀуэщӀым, Ликосыр шхыныхьэ кӀуауэ къыздэкӀуэжым, нэмыцэ лӀы хэкӀуэта, гузавэу адэ-мыдэкӀэ зиплъыхьу, къепсэлъылӀащ (Ликосым абы зэрыгурыӀуэн нэмыцэбзэ ищӀэрт).

– Камрад, камрад, зэ къэувыӀэ!

– Сыт узыхуейр? Къэбгъуэтан «камрад»...

– Пщэдей лагерыр ягъэкъэбкъынущ. Уэ ужурткъэ?

– Хьэуэ.

– Апхуэдэфэ къыуаплъынкIэ хъунущ...

ИтIанэ пIащIэу къыщIигъуащ:

– Уэ иджыри ульэрыжьэхьщ. ИкI псынщIэу мы лагерым... Псори гестапэм иратыжыпэ куэд мыщIэу...

Абдежым нэмыщэр – лIыжь плIэухуэ гуэрт, нэгъуджэ Iуви Iулъу – адэкIэ зыгуэр къилъэгъуа е ауэ сытми къэшынэжа – IукIри ежьэжат.

Ара хьуит Ликос апхуэдэу Индрисым щIепсалъылIар. Езы Индриси фIыуэ къыщIыхуат ар: емыгупсысу, псори зиимышэчу абы зыри жиIэртэкъым. Уеблэмэ къыщикIухькIи мыпIащIэу апхуэдэт. Абы къыхэкIыуи Къэрэжьыр, щIыр сыткIэ щхьэпэ, гупсысат: «Георгий хьэл ткIий зиIэ лIы лъэщщ. Мывэкъутэ дыкIуамэ, сэ си Iыхьэри езым и Iыхьэри здехь... Мыбы зы мурад тэмэм гуэр ищIа хуэдэщ». АрщхьэкIэ аргуэру, и щхьэр къыфIэхуауэ здэщысым, зыщIэгупсысыжащ: «Хьэуэ, Къэрэжь и къуэ, хьуни уэ сабий цIыкIум хуэдэу укъыхэрыришэкIар. Абы иджыри къаруушхуэ бгъэдэлъщ, гу зыкIуэщIыль лIыщи, мыбы икIмэ, ди псэм балыхь тезыгъаль бзаджэнаджэхэм Iэ щIыIэкIэ яхэIэбэнщ... Сэ схуэзэфIэмыкIари...» Мыбдежым Индрис – абы и гум зыгуэр къыпылъэдащ щIы хэмылъу – зэнщIэу зиузэхущ, къаруунщэ хьуа и IитIыр IэнтIыму зэщIикъузэри, щэхуу къыжьэдэIукIащ: «Дешлъынкъэ, дешлъынкъэ, хэт ищIэн, дэри зыгуэр тхуэзэфIэкIынкIи хъунщ...» Иджыпсту абы и нитIыр зэщIэлъадэрт, щIалэщIэ къэхъужа е гуфIэгъуэ гуэр къылъыса хуэдэ. Абдежым Ликос, абы щыIуплъэм, телъыджэ къыщыхъуат: напIэзыпIэм и нэгур зэлъыIукIащ, нур зэфэкэщыр кърихыу! Ауэ Ликосым а дакъикъэм зыри жиIатэкъым. НужькIэщ абы псори къыщыгурыIуэжар...

Сыт щыгъуи хуэдэу, етIуанэ махуэм жыыуэ пленхэр гуп-гупурэ дахури псыхъуэм мывэкъутэ яхуащ. ШэджагъуэхуэкIуэ хъуащ, уэшх щIыIэри, зэзэмызи уэс цIынэ хъужу, мыуппIэжыххэу къешх. ХъумакIуэхэр зэрыгъэкIиящ, чиутI кIыхьхэри джащ. Адэ жыжьэу машинитI къэжэу къалъагъуащ пленхэми, ахэр зыхъумэхэми. Машинэхэр къэсри, исхэр къикIащ. КъакIухь зэкIэлъхьэужьу, япэ дыдэ итым – ара хьуит нэхъ Iэтащхьэр – плащ фIыцIэ кIыхь, уэшх къепхым нэхъри фIыцIэ къыпфIигъэщIу, щыгъщ, щIопщым ещхьу зыгуэри иIыгъщ, адэкIуэм и плащыкIэм а щIопщымкIэ йоуэж. ФурашкIэ лъагэм и натIэIутым къыщIэплъурэ блокI, и гъусэхэм зыгуэрхэр яжриIэу. Мыбдежым Къэрэжьым и жыпым дзакIэфI зиIэ мывэ кърихри фурашкIэ лъагэм и нэжьгъым хуэзэу еуащ. Офицер укIурияр япхъуатэри машинэм иралъхьащ. Индрисыр а дакъикъэм кIэрахъуэкIэ къиукIащ къэкIуахэм ящыщ зым. Абы и ужькIэ лагерыр кърахуэжкIащ, хэти яубэрэжьащ. Зы тIощIырыпщI хуэдиз машинэ гъэбыдахэмкIэ дашащ. ЕтIуанэ махуэм, нэгъуэщI зыкъомми хуэдэу, Ликосыр ираджащ.

– Уэ Къэрэжьыр щIыхуу щыта?

– Зы блокым зэгъусэу дыщIэсащ.

– Езыр уи цIыхугъэтэкъэ?

– Хьэуэ.

– Абы и Iыхьэри хуэблэжьу щыта?

– Хьэуэ... IущIэгъум къыхэсхыу зыгуэркIэ сыдэIэпыкъуагъэнкIи хъунщ...

– Арчыристан диным итращ зи хьэлыр... Уэ ужурщ! – къыщIэкIиящ пэщым щIэсхэм яшыщ зы.

– Хьэуэ, сыжурткъым.

– Мыдэ къызэкlуалlэт! – жеlэ халат хужь зыщыгъ гуэрым. – Ехьэх уи гъуэншэджыр! Ехьэх бжесlакъэ!

Сыт нщlэнт.

– Щытlэгъэж, – унафэ ещl ар дыдэм. Къыбгъэдыхьэри Ликосым и напlэхэр дрихьеящ, кърихьэхащ. – Кlуэж блокым!

Ликос и нщlыхьэпlи къэкlатэкъым иджыпсту ажалым къелыну; псоми ящlэрт нобэ офицерыр зыукlам ар дэlэпыкъуу зэрыщытар. И нэрым, и псэр мэхауэ щытегъуэлъхьэжым, игу къыпылъэдащ: «Лы хуэдэу уи псэ дахэр птащ, Индрис. Пкъым, пкъы гуащlэмащlэм хузэфlэмыкlыныр щlыхугъэм зэфlигъэкlащ. Уи дежкlэ гъуазэ ирехъу ар, Ликос».

Япэхэм щыгъуэ украин щlыхубэхэм, къакlуэу, шхын гуэрхэр гъуэщlхъарым къыщхьэпрадзу щытамэ, иджы ауэ жыжьэу къыбгъэдагъэхьэжыркъым. Нэхъапэlуэкlэ мы щlыпlэ бэаджэм нэгъуэщl гуэрхэри къыщыхъуи щыlащ. Абы щыгъуэ хьумакlуэхэр нэмыцэ армейскэ частхэм щыщти, лагерым ди щlыхухэр нэхъ къекlуалlэ хъурт. Мыпхуэдэхэри къэхъурт абы щыгъуэ... Мес, псалъэм папщlэ, пщэдджыжьым лэжьакlуэ даху пленхэр; абдежым щlыхубэ гуэр строим къыбгъэдолъадэри пыхьэу жеlэ:

– Солдат, солдат, мор си лlыр арщ! Зыгуэр езгъэт! – Япэм ар и фlэщ щыхъу щыlэт хьумакlуэхэм.

Махуэ гуэрым мыпхуэдэу къэхъуащ. Зы бзылъхугъэ пlащэ, плъэс плlыщl нэса щхьэкlэ, иджыри бжьыфlэу, пропускной пунктым деж къекlуалlэри, жиlащ:

– Сэ лагерь псом я lэтащхьэм сыхуейт lуэхушхуэ гуэркlэ.

– Нэгъуэщl зыри ухуейкъэ?! – ауан къещl хьумакlуэм.

Итlанэ, зыми гу лъимытэн хуэдэу, щрибон литр къыlэщlеукlэ.

– Уоу, шнапс! – хуэмыщэчыжу жеlэри, нэмыцэм птулъкlэр шынел щlагъым щlегъэщыуэ. Дежурнэр къраджэри, щlыхубзыр къахъуэпщlащ, фlыуэ къызэпаплъыхьыц-нэзэпаплъыхьри, лагерь пщlантlэм дашащ. Щlашэ начальникым деж. Киев къикlауэ нэхъыщхьэжхэу офицер гуэрхэр щlэст абы.

– Сыту пlащэжь, – жиlащ офицерхэм ящыщ зым.

– Шащэ щхьэкlа, уардэ хуэдэщ, бжьыфlэщ.

– Зэ фызэтеушыlэ, хъунщ къэшвар, – жиlэри – нэхъыщхьэра хъунт ар – абы щlэсхэм ящыщ гуэр къеупщlащ: – Сыт узыхуейр?

– Мыбы сиlI дэсщи, сыигъэпщэж.

– Афlэкlа хэмылъуи? – ауан къащl. – Дэнэ здэщыlэр?

– Сахэпгъэплъэмэ – фэзгъэлъагъунщ.

Иужьым, ар зэрыщытри ящыгъупщэжа хуэдэ, езы нэмыцэхэр зэпсэлъащ, папкэ гуэрым зы тхылъ къыдахри еплъащ. Офицер нэхъыщхьэм зыгуэр жиlэри, псори зэщlэдыхьэшхащ.

– Хъунщ, уагъэлъагъунщ, ауэ нщlы бупсауэ къыщlэкlмэ, итlанэ дэ уэ лlы зыбжанэ къыпхуэдгъуэтынщ, – жеlэ а нэхъыщхьэм. Къыбгъэдокъэри бзылъхугъэм и нэгум къоплъэ, къытоуlуэри аргуэру жеlэ:

– Фщэи хэвгъаплъэ!

Фызыр яшащ япэ блокым. Куэдыщэрэ хэмыплъэу, фызыр гъуэгыу зыгуэрым бгъэдэлъадэуэ жеlэ:

– Мыращ, мыращ си лlыр!

Лы жьакlэ фlыщlэм, lэпкуэ къахъуащи, нщlэнур нщlэркъым, ауэ, lуэхур зыlутыр къыгурыlуа хъунти, жеlэ:



6 Заказ №537

– Пэжщ, мыр си щхьэгъусэщ...

– Щхьэр фогъавэ. Уэ уфlыщlэщ, мыр хужьщ! Дэ дощlэ уэ апхуэдэ lэмал къэбгъэсэбэпурэ Киеви нэгъуэщl лагерхэми «уилlхэр къызэрипщыжар!» Щlэфи! Ар лlы хуэлlащи, фиэ модэ ди сэлэт пэщlахэм деж!

Фызыр, блок псор, лагерь псор къыщlэпилъу, нэмыцэ охранэр зыщlэс унэм гъуахъуэу ялъэфащ...

Нобэ къэхъуами япэм и нэгу щlэкlахэми – псоми ягъэгупсыса Ликос. Мис Индрис тхьэмыщкlэми и гъащlэр хилъхьащ, ауэ лlы хуэдэу и псэр итащ. «Хъунукъым, хъунукъым афlэкlа дыщилъэ. Уэнсэлъэни узыгурыlуэни бгъуэтыркъым... Ихъуреягъкlэ губгъуэщ, гестапэри къакlуэри пщlантlэм къыдэтlысхьащ...»

Къэрэжьыр зэрыхэкlуадэрэ махуитl фlэкlа дэмыкlауэ, а зэрей нэмыцэ тlорысэм аргуэру Ликосым зыкъыхуигъэзащ:

– Камрад, камрад! А уи ныбжьэгъур зэуа офицерыр лlащ. Ар штурмбанфюрерт! Мыдэ къэдаlуэ, – пlащlэу къыжреlэ абы: – Пщэдей фыдэзышыну охранэм сэ сыхэтынущ. Пщыхьэщхьэхуэкlуэ дэрыхъуу, пыэбгъэдыхьи къэзэлъэlу, псыунэ укlуэну. Адэ lукlи, зыхэlуби хэль, укъэмыхъей, дэ дыкъежьэжыху...

– Хъунщ... Берычэт бесын. Уэ дауэ ухъуну?

Ар къызэрыжриlар и гуапэ хъуауэ, нэмыцэ сэлэтым жеlэ:

– Сэр щхьэкlэ умыгузэвэ. Фронтым сыблахуу унэм сахужынкъым, – нэщхъейуэ къыпыгуфlыкlащ лlы тlорысэр.

Апхуэдэуи ящlащ. Ликосыр зэрыlукlыу, пленхэр стройуэ игъэувыжу щlадзати, блокым и старостэр – ар хьэбырипыбыр гуэрт! – охранникым къежэлlащ:

– Господин ефрейтор, господин ефрейтор, номер 20-р слыгъуркъым, хэткъым си отделенэм!

– Мэ номер, – жиlэри къежэлlам и пщэдыкъым автомат дакъэкlэ дэуащ модрейр. Ликосым дежкlэ lуэхур фlырыфlкlэ иухащ.

Пленхэр шытхым нэсу зэрыщхьэдэхыу, Ликосым зыкъиlэтри зиплъыхьу щlидзащ. Пшапэр зэхэуэным иджыри фlыуэ иlэти, зыбгъэхъеиш хъунутэкъым – псы адрыщlымкlэ гъуэгуихуэ ехырт, абы машини гуэ теплъыгъуэрт. Ар фlыуэ зригъэщlыхуакlэт Георгий Ликосым, мы щlыпlэм щылэжьэху. Япэрауэ, псым зэпрыкlын хуейщ, ар куу щхьэкlэ къэмынэу: хьэ ящlыгъуу лъыхъуакlуэ къежьэми – къемыжьэнкlэ lэмал зимыlэщ – къамыгъуэтын хуэдэу.

Пшапэр зэхэуэу хуежьат, Ликос зыкъыщиlэтыжам. «Гъуэгум машинэри гури техуэркъым, ауэ жэщщ, сызэпрыкlынщ зыгуэрура», – бгъэдохьэ ар псым. Нобэ уэс щlынэ къесат, нужьым уэшх хъужри пщыхьэщхьэ хъуху уимыlатэкъым. Мылым хуэдэ псым хыхьащ Ликос; зэкlэ и бгъэм къэс къудейщ, итlанэ зэрэ-тlэурэ зыщlигъэмбрыуэри къыдэуежащ. Зы цыпэ гъуэщэу хэмылъыжу шоссем йоппылlэ; нольэ машинэхэр, танкхэр блэкlыным. Абыхэм, уэздыгъэ щlамыгъанэ щхьэкlэ, дэзэмыдэ, кlэщl-кlэщlурэ къагъэнэхури, гъуэгу псыф джейр цlуурэ уолъагъу. Напlэзыпlэм зречри, псым къыхэкlыжар гъуэгум зэпрож, зредзэыхри мэпщ, къыбгъэдэпщ мыгъуэр зыхуэкlуэн гъуэгум. Щlыlэм lэпкълъэпкъыр зэрыщыту зэрызэщlиlулlар зыхещlэ Ликосым; игукlэ жеlэ: «Иджы, Ликос, зыlэти кlуэ, псыпщlэу, къыкэтеуныlэ уимыlэу. Армыракъэ – укlуэдащ: е нэмыцэ «щакlуэхэм» уаубыдынщ, е щlыlэм уихьынщ».

Лагерым щызэхихауэ Ликосым ещlэ, гъуэгубгъум уlутурэ километр пщыкlутху нэкlумэ, мэзым уэзрыхинэнур. Лагерым ис гуэрхэм

зэрыжаlамкlэ, а мэзыр цlыкlукъым, ауэ зэкlэ абы партизан щlэмысу жаlэ, абы къыхэкlыуи, къыхэщтыкl лъэпкъ ямыlэу, бийр щызекlуэ а мэзыр зэпызыупщl шоссем.

Плен щlэпхъуэжар макlуэ лъэрыхьу, щlакхъуэ нэгъу тlэкlу – абы щlакхъуэкlэ уеджэ хъунумэ – и гуфlакlэм къыдихауэ едзэгъуура. И лъэр кlуэ пэтми нэхъ псынщlэ хъу къыфlощl, и lэпкълъэпкъри нэхъ къызэщlэплъащ. Абы фlыуэ къыгурыlуэрт зыщlыпlэ екlуалlэу щыгъын гъуцэ къимыгъуэтмэ, lуэхур зэрызэlыхьэнур. Пэжыр жыпlэнумэ, иджыкlэ мурад пыухыкlа иlэтэкъым Ликос. Ауэ абы зы мурад быдэ иlат: псэууэ афlэкlа фашистхэм зыlэщlигъэхьэнукъым. «Саукlми, хьэм сригъашхми, сэ афlэкlа лагерь кlуэцl зэзгъэлъагъунукъым», – игщ абы и щхьэм.

Жэщыбг фlэкlыху къэувыlакъым гъуэгурыкlуэр. Къызэщlэплъэжынащ, ауэ ешащ, и лъэр щlоху, мэжалlэ малlэ. «Сыкъэувыlэрэ сытlысмэ – нэхъыкlэжщ; сыпlыщlэнщ, къэтэджыжыгъуей хъунщ...» – щlым зезыдзыхыну еlэ и пкъыр хуит ищlыркъым лlым и гупсысэм. Иджыри кlыфlт, мэзыр зэпиупщlу ар аргуэру тафэм щытехьэжам; иныкъуэми гъуэгум тету макlуэ, абы къримыкlуэlамэ, иныкъуэми дидзыхыурэ, щlыгуль щабэм пхрыщэту, губгъуэм иту кlуэн хуей мэхъу. Сыхьэт ныкъуэ хуадиэкlэ ятlэм хэту кlуауэ, хьэ банэ макъ lупщlу и тхьэкlумэ къиlуащ. «Дунейр уфауэ, псыlэу, хьэ банэ макъыр мыбы къыщыскlэ, къуажэр жыжьэкъым, – йогупсысри, Ликос и лъэр щlегъэхуабжьэ, и къару къызэрихькlэ. Дакъикъэ пщыкlутхуи дэкlа хъунтэкъым, абы унэ гуэрхэр жыжьэу, кlыфlым къыхэпэlукlыу къыщилъэгъуам. Асыхьэтым псалъэмакъ гуэрхэри и тхьэкlумэ къиlуащ. «Делэ ухъуа, Ликос, Шоссе гъуэгу зи кlыхьагъкlэ ирикlуэ къуажэ удыхьэ хъуи, абы нэмыщэ дэскъым жыпlэу?», – ауан хэлъу щlодыхьэпхынщl Ликос, градус 90-кlэ къегъэкlэрахъуэри губгъуэмкlэ еунэтl, и щlыбыр къуажэми гъуэгушхуэми хуэгъэзауэ. «Зыгуэрым сыlуууэнщ, тхьэ имыlуамэ, фриц зытет гъуэгум нэхъ пэlэщlэу».

Нэху щыуэ щыхуежьым, ихъуреягъкlэ губгъуэ нэщlт. «Дауи ирехъуи, кlуэн хуейщ, – жеlэ, и лъэр ерагъкlэ зэблих къудейуэ. – Ятlэм зыхэбгъэлlыхьын, нэмыщэм уакъыlэщlэкlауэ». Къуэлъыныкъуэм нэсауэ, зыхуэюи илъагъуи щымыlэу, хьэуазэ пыпхъуэ фам екlуэлlащ Ликос. Абдежым хуэмурэ етlысэхри тlэкlурэ щыса нэужь, хьэуазэ псыфыр зэбгритхъуу хуежьащ, и лъабжьэм нэхъ гъущапlэ къыщlэкlынкlэ гугъэу. Зигъэпсэхуурэ зы сыхьэт хуадиэкlэ елlалlа нэужь, хьэуазэ гъуцэм нэсри кууэ къритхъуащ. Абы ипщхьэщ, хьэуазэ гъуцэр зытритхъуэжри, дауэ хъуам имыщlэу, lурихащ.

Ликосыр къыщызэщыуам, шыпэр зэхэуэу хуежьат, щlыlэт, ауэ уафэм зэкlэ зыри къех хуэдэтэкъым, зэхэуфа щхьэкlэ, Ежьащ ар аргуэру. «Си нэр щоуикlыфlыкl, щхьэри мэкlэрахъуэ... А-а, псори ныбэ нэщlым къехь... – и гур нэхъ мамыр мэхъу. – Щlыlэ къысхыхьа хуэдэкъым. Уеблэмэ ещыгъыр гъуцыжауэ къысфlощl!».

Жасым нэсауэ гъуэгурыкlуэр къуажэ цlыкlу гуэрым бгъэдыхьащ. Бгъэдыхьэпащ къуажэкlэм къыщыт бгъэнымпхьэ унэ цlыкlум, итlани ахьи быхъи и тхьэкlумэ къищырхъэркъым. «Сыблэкlынщ мы унэми, сепльынкъэ. Гъуэгушхуэ блэкl хуэдэкъым». Мыбдежым абы къыфlощl и лъакъуэ сэмэгур занщlэу пщlанэ хъуа хуэдэу. Зригъэзыхрэ еlэбыхмэ, пшыныкъужь лъэгур щlэхупащ, лъадакъэм деж тlэкlуитlэ фlэкla имыlыгъыжу. «Арат иджы дыкъыхахуэтыр, гъуэгуанэ хьэлъэ дытетын щхьэкlэ». Лъэгум еlэри къыщlитхъащ, ауэ хыфlидзакъым: «Хэт ищlэрэ,

щыщIэзукIэжын щIыпIэ сихуэнкIэ хъунщ», – жеIэ игукIэ. Сакъыпэурэ, етIуанэ унэм бгъэдыхьащ: ар бгъэнщхьэ унэт, ауэ нэхъ инт, пэш нэхъыбэу зэхэту къыщIэкIынт. Жасым фIэкIа хъункъым, итIани Iэуэлъауэ щыIэкъым, хьэи банэркъым. «КIасэ хъуащ, сыт иджы хуэдэ зэман бэиджэм цIыхум ищIэнур? Жейхэу къыщIэкIынщ къуажэр зэрыщыту. Дауи ирехъуи, сыбгъэдыхьэнщи, щхьэгъубжэм сыдилъынщ, сыдэIуэнщ», – а мурадыр иIэу бжэм нэхъ къыпэгъунэгъу щхьэгъубжэм бгъэдохьэ Ликос. ДакъикъитI-щы хуэдэ щхьэгъубжэм деж щытурэ зэщIэдэIукIауэ, абы къыфIощI адэкIэ пэш кIуэцIым зыгуэр къыщылъагъуэ хуэдэу. Хьэуэ, и тхьэкIумэми макъ гуэр къыщырхъащ, итIанэ бжэм адэкIэ цIыхубз макъ кIэзызу щтэIэщтаблэ къоIукI:

– Хэт ар? Мыбдеж щхьэ ущыт?

– Хозяйкэ, ныIух, псалъитI къудей жызгъыIэ...

– Хьэуэ, сошынэ, мыбы щIэсIакъым...

«А жыхуэпIэр хъуи хуэдэщ», – гуапэ щохъу гъуэгурыкIуэм фызым жиIэр.

– НыIух, тIум пыгъуэми сынщIыхьэнущ. Сэ куэдрэ зыщысIэжьынукъым уи деж...

– Iусхыфынукъым.

– АтIэ, абы щыгъуэ сэ пэгъуэщI Iэмал сиIэкъым – плIэкIэ ныIусхын хуей хъунущ... Абы дыхьумыгъэт, Iэуэлъауи думыгъэщI... СынолъэIу.

Сыт ищIэнт, бэылъхугъэм бжэIулъэр иригъэжри, лIыр унэм щIыхьащ. «Иджы фызыр къэмымэхамэ арат, сэ къызэрысIуплъэу». Лъыпхуэр зэрыщыту ятIэщ, и щIыбми и гупэми номер зытет кIагуэжь гуэр щыгъщ, и гъуэншэдж лъапэ лъэныкъуэр зэгуэудащи, лыр къощ. Лъакъуэ лъэныкъуэм, вакъэм и пIэкIэ, хъыданыжь гуэр фIэшыхьащ. Пэшым щIыхьым и нащIэ-жьакIэр зэрыхэщIэкIар а псом хэплъыхьэжмэ, Ликос и теплъэм бэылъхугъэ мыхъуу пэгъуэщI зыгуэрхэри игъэгуэвынт.

– Хозяйкэ, сынолъэIу, умыгужьеину, умышынэну... Унэм уэр фIэкIа, пэжу, зыри щIэскъэ?

– Хьэуэ, си щIалэ цIыкIур мажей... – псалъэхэр хуэнымыгъэхуэу кIэзызу жэуап къет фызым.

– Ар нэхъыфIщ... – лIыри Iэнкуну щытщ, фызми «тIыс» жиIэркъым – зэрышынэщара хъунщ. Сытми, шэнтщхьэгуэжь гуэр къыщтэри игъэтIысащ «хьэщIэр». Ликос унэм зэрыщIыхьэу, фызым щIигъэна уэздыгъэнэфым, Iугъуэ фIыщIэ псыгъуэ цIыкIур къыпищыщыкIыу, пэпыр мащIэ дыдэу къигъэнэхуащ. Апхуэдэ нэху фагъуэм лIым и теплъэр нэхъри шынагъуэ ищI къыщIэкIынт.

– Сэ, хозяйкэ, си Iуэхур, уэ зэрыплъагъуэщи, щIагъуэкъым... Лагерым сыкъикIуэжыкIащ дыгъуасэ... Умыгузавэ, нэмыщIэм си лъагъуэр къызыхэуэфынукъым – абы лъандэрэ щIэмычэу уэшх къешхам лъагъуэ къигъэнакъым.

– Ана-а, уэ, дауи, уэмэжалIэ... Сэ иджыпсту... – жиIэри фызыр адрей пэшым, хьэкушхуэ зыщIэтымкIэ, кIуэри зэщIэу къигъэзэжащ, шыгуи пIащэ гуэр иIыгъыу. КIэщIу кIэлъигъазэри зы фалъэрэ щIакхъуэ фIыщIэ Iыхьэрэ къыщIихьащ. Шыгуи фIыщIэм ит къэбыстэ лэпсыр къыщригъэхъуэм, абы и Iэр зэрыкIэзызым гу лъитэри, Ликос игукIэ жиIащ: «Згъэщтащ цIыхубз тхьэмыщкIэр...»

– КъетIысылIэ стIолым. Шхэ. Къытхуэгъэгъу, пэгъуэщI зыри сиIэкъым.

Хъупыр къыщтэри, хэмыIэбэ щIыкIэ, зыгуэр къыщыгъуэща хуэдэ, фызым еупщIащ:

– Фи къуажэ нэмыцэ дэс?

– Хьэуэ, иджыкIэ дэскъым. Полицайхэм яшIыгъуу районым къикIыурэ къокIуэри, ягъуэтIамэ, ялъэф, уиэ гуэрхэр къахъунщIэри мэкIуэж.

– АтIэ къыфкIэлъыплъ сыт зыри къуажэм дэмысу ара?

– Старостэ щыIэщ. Дэ, илъэгъуэрэ, ди къуажэр цIыкIущ – унагъуищэ ирикъуркъым. Гъуэгуми мэзми дыпэжыжьэщи, нэмыцэхэр мыбы къакIуэркъым. Пэжщ, къытгеуэу ахэр дэ фIыщIэу къыщыкIуа дыдэм ди деж хъушэу машинэхэри сэлэтхэри дэтащ. Ялъэф хъуи яшэ хъуи къагъэнаIакъым. Иджы сыт щапцIэн?.. ЛIыжь-фызыжь, цIыхуба, сабий – аращ къуажэм дэсыжыр.

Фызым къыIуатэм щIэдэIуурэ, Ликос щхэн нухри жиIащ:

– Хъунумэ, ныжэбо губгъуэм сумыхуэу фи мэкъуэщым сигъэлъ. Сэ, пщIэрэ, си вакъэри тIэкIу зэщIэху хуэдэу хъуащи, зыгуэри ещIэн хуейщ, – дыхьэшхыщIащ «хьэщIэр».

– Хьэуэ, ныжэбэ дэнэ укIуэжын... Хьэкушхуэм псыхуабэ тетщи, пэгъуэщI мыхъуми, уи Iэ, уи лъакъуэ птхьэщIынщ. НакIуэ, – жиIэри фызым Ликосыр адрей пэшым щIишащ.

– Ныжэбэ нэху къыщекI мы пэшым, пщэдей зыгуэр къэдгупсысынщ, – жеIэ фызым, нэхъ мамырыжауэ. – Модэ хьэкушхуэм дэкIуеи щыжей.

– Ар дауэ хъуи, хозяйкэ, мыпхуэдэу ятIэ къыскIэрытIэтIу абы дауэ сыдэнщени. Модэ, хьэуакэ фиIэмэ, сыкIуэнщи, нэху сыкъыщекIынщ.

– Сэси цIэр Оксанэщ. АуэжыпIэр мыхъуи Iуэхущ. СэсыщIэкIынщи, щIагъыщIэлъ фIэкIа къызыщумысэу зытIэщIи дэкIуей. Уи щыгъынхэр мыбдеж гъэтIылъ, – бэлъхугъэм и макъыр нэхъ ткIий хъурт.

«Унэгуащэр и пIэ нукэжа хуэдэщ, – дыхьэшхыщIащ Ликос. – КъытхуащI ди унафэщ».

Пщэдджыжь нэмэзым къызэщыури, Ликос хьэкум къехыну щеIэм, игу къэкIащ: «Дунейр нэхутхьэху къохъу, сыдэкIуэнуми сыкIуа хъунщ нобэрей Iуэхукlэ. Хэт ищIэн, вакъэ-щыгъынхэр мыбы нобэ щызэгъэпэщыжынкIи хъунщ...» Къюх хьэкуми мэIэбэ, и джанэгъуэншэджхэр щитIагъэу щIэкIыну. «Iэу, мыр дауэ? Дапщэщи хунэса?!» – егъэщIагъуэ. Джанэри гъуэншэджри жыыщIауэ, гъущыжауэ дахэу зэтелъщ. Ауэ чэтэным къыхэщIыкIа и кIагуэжьыр, номерыр зытетыр, збдеж щылъыгэкъым. ЩIэкIри къыщIыхьэжащи, щысщ мэгупсысэри.

... Георгий Ликос, мобилизацэкIэ къыщыдэкIым, унагъуэ къызэринэкIащ. Ари мыцIыкIуу. И щхьэгъусэ егъаджакIуэм къыIэщIэнащ щIалитIрэ зы хъыджэбзрэ. Ликос фIыуэ ищIэрт и щхьэгъусэр зэрымыжэрдэмынэри Кисловодск дэс и адэ-анэми я къуэрылъхухэр гулъытэншэу къызэрамыгъанэнури. Ликос и бынхэр, и Iыхьлыхэр игу къэмыкIыу жыпIэ хъунутэкъым. Хьэуэ, кIэщI-кIэщIурэ ахэр абы и нэгу къыщIэувэрт. Пэжыр жыпIэнумэ, пщIантIэм къызэрыдэкI лъапдэрэ апхуэдиз нэщхъеягъуэ, апхуэдиз лъы куэд илъэгъуат а лIыми, зэмину къыхуэнэр мащIэт, гукъыдэж гуэрхэм зэщIаубыдэн хуэдэу.

Ныжэбэ фIэкIа ар пIэ кIуэцI цIыху хуэдэу игъуалъхьэу нэху къекIатэкъым мазищым.

Георгий Ликосымрэ абы и щхьэгъусэ Кларэрэ я ныбжьыкIэ илъэс зыщыплIкIэ нэхъыжьхэт ахэр зыдеджэ адрей студентхэм нэхърэ, ауэ

итlани, бынитlи зэраlэу, зыхэсхэм къакlэрымыхуу еджэрт. «Псэтенэ жыхуаlэм хуэдэу, бэлыхьыр стелъу сылажьэурэ седжащ. Илъэситl сымылажьэу, зауэ мыгъуэр къыттепсыхащ. Псори зи кlэ къикlа нэмыцэхэм мазищ хъуауэ, мэлым хуэдэу, сыкърахуэкl, сагъалъагъуащ ди цlыху зэраукlри. Ауэ уэ сыт ебгъэлъагъуфа а хьэкlэкхъуэкlэхэм, Георгий Ликос! Зырикl! – мыбдежым, езым гу лъимытэххэу, къызэринэкlа унагъуэм егупсысыным къытецхъэрыукlыпащ, – Ликос, зы оккупант и пщэ иджыри зэрыпщlыкlакъым. Уэ, Ликос, пединститутым, уеблэмэ край псом хьалъэ къэlэтыникlэ ущыпашэу щыта щхьэкlэ, сыт и сэбэп абы... – зэпоу и зэгуэпыкри, тlэкlу нэхъ мамыру ирэгуэру игукlэ желэ: – Депльынкъэ, нэмыцэ, депльынкъэ! Си щlыхуэу фтехуар екlурэ езгъыу къыжэгъэпшыныпкъэ...»

– Куэд щlа укъызэрытаджэрэ? Уи чэтэн кlагуэр щыптlагъэ хъунукъым – дамыгъэ бзаджэ телъщ, хуабагъэ лъэпкъи щlэлъ хъункъым, – жиlащ къызэрыщlыхъэу унэгуащэм.

– Берычэт бесын, Оксанэ. Дауи бжьыщlа, дэни щыбгъэгъуащыжа си «парадна костюмыр»? – егъэщlагъуэ Ликос. – Ныжэбэ ужеигъэххэу къыщlэкlынкъым.

– Къэгъанэ. Уи цlэр сыт уэ? lэрыхуэкъым, уэлисалъэм зэреджэр умыщlэмэ.

– Сергей. Сергей Волынцовщ.

– Ари хьаркъыпэщ. Мыдэ нэгъуэщl кlагуэ гуэр къыпхуэсхьащи, щытlагъи еплъыт. Пхуэхъун сфlэщl – ар зыщыгъари лlы пlащэу щытащ, – мыбдежым фыз щlалэр хэпщlыкlыу нэщхьей къэхъуащ, ауэ псынщlэу адэкlэ къыпищащ: – Щытlагъэт.

– Тхуэхъуамэ, арат, – жиlэри зыщитlэгъащ, къехьылъэкlыу. «Си цlэ мыгъуэр мыбы итlэсэну къыщlэкlынкъым».

– Телъыджэ, пхуэзэпи! – егъэщlагъуэ фызым. – Мыдэ зыщых, сэ нэгъуэщl зыгуэр къыпхуэсхьынщ, ар нэхъ lэхуитлъэхуит сщlынщ, – жиlэри щlэкlащ Оксанэ. lэджи зи пэгу щlэкlа джэдыгу гуэр къихьащ, зимыгъэгувэу.

– Мис мыр си щlэм къесэпэкlын хуэдэкъым, – жиlэри зыщикlуащ джэдыгу быхъуэпхуэр. Ар фlыуэ зэщlэдыжат, зейуэ щытар цlыхубзыми цlыхухъуми икъукlэ къэщlэгъуейуи. Ликос жиlащ:

– Щыгъын хуитщ, хуабэщ, ауэ «дипломатическэ приём» жыхуаlэм урикlуэ хъунукъым...

– Дауэ, дауэ жыпlа? Сергей... Уи адэцlэр сщlэркъым.

– Ар lуэхукъым. Иванщ си адэм и цlэр. Адэцlэ дыхэтынкъым – нэхъ кlэщlу упсэлъэху, нэхъыфlщ. Атlэми, тlури жы дыдэхэм иджыкlэ дахъумыбжэми хъунущ.

«Дипломатическэ приёмкlэ» зэджэр къыщыгурыгъаlуэм, цlыхубзыр къыщиудри дыхьэшхащ:

– Уэ езыр удыхьэшхрей цlыхуу къыщlэкlынкъым, ауэ гушыlэ псалъэ, хъуэр зыфlэфlхэм уащыщ хъунщ.

Дуней гъащlэм мыбзаджэу хэзыщlыкl лlы губзыгъэжыр иджыпсту хъунт унэгуащэм и пэгу дахэ-дахэу щиплъар. «Псэрэ гукlэ мэдыхьэшх, и пэгу гуакlуэр нэхъри зэлъыlуха хъуащ, къызэрыгуфlэу», – мащlэу щlэдыхьэшхыпщlу еплъащ ар Оксанэм.

– Уэ щlэныгъэлl жыхуаlэм уащыщ хъунщ. Дэ дыкъызэрыгуэкlщ...

– Ар lуэхукъым. Псом нэхърэ нэхъыщхьэр цlыхур цlыхуу щытынырщ. Оксанэ, нэхуи щыпащ, сэри мыпхуэдэу унэм сыщlэс хъунукъым.

Нобэ си вакъэм зыгуэр есщIэнщ, ауэ уиыIэпIэ гуэр къысхуэгъуэт, нэ бзаджэ гуэр къыстемыплъэн хуэдэу.

– Ди пкIэунэр фIыуэ гъэбыдащ, уэнжакъым деж укIэрыс хъунущ, хуэбэщи.

– Дэгъуэ гуэрщ. Армырми, мы джэдыгур пщыгъмэ, уэс дыдэми ухэль хъунщ. Iэмал иIэмэ, дыд е мастэшхуэ, хуэфэщэн Iуданэ сыт хуэдэм схуэлъыхъуэ. Си шырыкъур сымыдыжу хъунукъым.

– Сылъыхъуэнщ. Зыгуэркэр къэзгъуэтыфыи хуейщ... Дэ къыткIэлъыкIуэ щыIэкъым, ауэ си гуащэжьыр зэзэмызэ къыщыкIуэ къохъу. Къуажэпщэ дыдэрщ щыпсэур.

– Нэхъыфlыжщ. Уи щIалэр илъэс дапщэ хъурэ?

– ПщыкIуплI.

– ЩIалэшхуи, уэ езыр ущIалэ дыдэу. Уи дэлъху цIыкIу хуэдэу къыохъунщ.

– Тхьэм жиIэ. Аращ илжы гугъапIэу сиIэжыр. Адэшхэу къэнащ...

– Ар дауэ, Оксанэ?

– Зауэр яублэри мазэ фIэкIа дэмыкIыу, хъыбар мыгъуэр къытхуэкIуащ.

Ликос нэщхъей къахъуауэ жиIащ:

– Сыт пщIэн атIэ, Оксанэ! Насыпыншагъэ бзаджэу къэрал псом къытепсыхащ зауэр. НакIуэ, сыгъэлъагъу си хэщIапIэр.

Унэм ущIэмыкIыу иIэ пкIэунэ ихьэпIэмкIэ дэкIуейри, Ликос тIысыпIэ пищIащ урыс хьэкушхуэм и уэнжакъ пIэцэм деж.

А махуэр бэIутIэIуншэу блэкIащ Ликос дежкIи къызыхыхьа унагъуэм дежкIи. Идыжащ и вакъэ зэщIэхуар, и жьакIэри иупсащ.

– Сергей Иванович, адэ сыпумыгъэхьэу фалъэр сIых, – жеIэ щэху цIыкIуу Оксанэ. – Уишхэн хуейкъэ. – АрщхьэкIэ фалъэр егъэуи, докIуейри йохьэ пкIэунэм.

– Сыту дигъуэу зэбгъэпэщыжа уи шырыкъуитIри! – егъэщIагъуэфызым. – Уишырыкъущ Iэми ирейщ. – И щхьэр къыIэту Ликос и нэгум щиплъэм, итIанэщ щигъэщIэгъуэнар: – Илжы уэ зыми укъыщIыхужынкъым. ЩIалафэ дыдэ къыптеуащ.

– Уэ а фэр зэи птекIыхха хуэдэкъым, Оксанэ.

– Илъэс дапщэ ухъурэ, Сергей Иванович?

– ТIощIрэ пщыкIуэрэ срокъу куэд мыщIэу.

– АтIэ, уэ уэлъытауэ сэ тIорысэ сыхъуащ, – жеIэ Оксанэ, и фIэщрэ гушыIэрэ къыпхуэмыщIэну. – Илъэс тIощIрэ пщыкIущыр ныбжь цIыкIукъым цIыхубзым дежкIэ.

– Iэдлоуэхъ, «егъэзыхыгъуэ» хъуащ уи Iуэхур, Оксанэ, – мащIэу мэдыхьэшх Ликос. ИтIанэ, тIэкIурэ щыму щыса нэужь, Георгий псэлъэныр кърегъэжьэж: – Уэ фIыуэ къызэбгъэпэщыжащ си Iуэхур, бысым гъуэзджэу укъыщIэкIри. Мыбдеж куэдрэ зыщысIэжьэ хъунукъым: сыхуейкъым балыхь ухэздзэну, сэри хуабапIэ сыкъуэсыпу аракъым нэмыщхэм сакъыщIыIэщIэкIар.

– Ар гурыIуэгъуэщ, ауэ иджыпсту зичу дэнэ ужэн? Сэ сцIыхуи щыIэкъым, сысакъыпэурэ сыщIэупщIэнщ. Мэзыр жыжьэщ, абы партизан хэсу жаIэ щхьэкIэ.

– Мис арат, Оксанэ, сызыхуейр. Зумыгъэгувэу схущIэупщIэ.

– Хъунщ. Ныщхьэбэ сыдэкIуенщ ипщэкIи, хъумэ, зыгуэрхэм сапкърыупщIыхьынщ.

Фалъэр ирихьэхыжри унэгуащэр ехыжащ сенэм. Пшагэр зэрыхэхэуэу, Ликоси пкIэунэр къигъэнащ; арат Оксанэ унафэу ищIар.

– Иджы, Сергей Иванович, си щlалэр узэгъэщlыхунущ.

– Ар дауэ?

– Умыгузавэ. Ар щlалэфl цlыкlущ, бээ быди иlэщ. Абы ухуэмыпэу унэм ущlэсыныр пхуэфlэкlын? Сэ сыщlэкl хъуми, хэти пхуэплъэкlуэн? Умыщlэххэу си гуащэр къыщlэнкlэнкlи хъунщ, зэкъымылэ зэрихабзэм хуэдэу...

– Уэ нэхъ пщlэнщ, Оксанэ. Ауэ си щхьэм имыкlыр зыщ – мыбы сыщlэсу нэмыщэр къытеуэмэ, ухэкlуэдащ. Си бэлыхьым дауэ фезгъэхьын.

– Абы дытепсэлъыхьакlэщ. Къытыдумыгъэгъэкlжи, нэхъыфlщ. Зэрыпщlэщи, нэмыцэхэм си лlыр яукlащ... Щlалэ цlыкlурщи – нэмыцэхэм ятеплъэ хъуркъым. А сабий илъэгъуар lэдакъэжьэхъуу сlыгъыщ – мэзым сфlэкlуэну йоlэ. Сэ, жи, си адэм илъ сщlэжын хуейкъэ...

– Уи гуащэм дзыхь хуумыщl хуэдэу къысфlэщlа хьэмэрэ...

– Хьэуэ, абыи щхьэусыгъуэ иlэщ, нэмыцэхэр илъагъу мыхъуи хуэдэу. Ауэ, пщlэрэ, сэ ар къыскlэлъызоплъэ... Зыгуэр си деж къэкlуэнкlэ шынэ хуэдэ. Ар си лэжьэ сэ... Хэти къэкlуэн – лlыжь-фызыжьрэ сабийрэ фlэкlа къуажэ псом дэсыжкъым.

– А-а. Ар гурыlуэгъуэщ. Дэнэ щыlэ щlалэ цlыкlур?

– Иджыпсту къыщlыхьэжын хуейщ. И ныбжьэгъу щlалэ цlыкlу деж екlуэкlауэ ращ. Сэ абы уи хъыбар жесlакlэщ, зэрымыщlэкlэ фызэхуэмыхъэн щхьэкlэ.

Сыхьэт ныкъуэ нэхъ дэмыкlыу щlалэ цlыкlур къыщlыхьэжащ. Ликос занщlэу къэтаджащ, балигъ дыдэ lущlэ хуэдэ.

– Ий атlэ, дызэрыгъэщlыху, – жеlэ Ликос, и lэр ишийурэ. – Сэ си унэщlэр Волынцовщ, Сергей Волынцов.

– Вася, Василь...

– Дэгъуэщ. Дызэрыщlыхуауэ къэплъытэ хъунущ иджы. Лlыфэ итетщ, Вася. Илъэс дапщэ ухъурэ?

– ПщыкlуплI срикъуным иlэж щыlэкъым, – жеlэ Вася, лlы пlащэ хэщlыхьам къеплъурэ. «Сытуи пlащэжь. Абы и lэштlымыр фриц и пщэдакъэм дэуэмэ...»

– Уэ, дауи, классибл къэбухащ. Фlыуи уеджа?

– Ику иту.

– Ари гъуэзэджэщ, Вася. Янэ дыдэ уилъадэмэ – зыгуэр уи лъэдакъэнэм къытеуванкlэ мэхъу, нужь зыкъибгъанэми – пэрытхэм уакlэлъымыщlэпхъуэн хуейщ.

Щlалэ цlыкlум – ар езыр сабий зэкlуэщlыль цlыкlу хуэдэт – и нэгум щиплъэм, анэм къыгурыlуащ лlыр и къуэм игу зэрырихьар. Къуэм и псэмрэ и гурылъымрэ анэм хуэдэу хэт ищlэн?!

– Атlэ, Сергей Иванович, Васярэ уэрэ фыкъызогъана, сэри lуэху силэщи, зыщlыплэ сыкlуэн хуейщ.

– Хъунщ, Оксанэ. Дэ зэжетlэн къыдгъуэтынщ. Щыхухъунтl щызэхуэзэкlэ, зытепсэлъыхьын къелъэлъэхыжу игъуэтынщ, псом хуэмыдэу иджырей зэман бэджэм.

Оксанэ щlэкlри къуажапщэмкlэ иунэтlащ. Здэкlуэм мэгупсысэ: «Мы нанэ мыгъуэр къыкрэ лlыр илъагъумэ, мыхъумыщlагъэ гуэр игу къэкlынщ, делагъэ гуэрхэр ищlэу бэлыхьым дыхимыдзащэрэт... Волынцовым уи дзыхь ебгъэз хъун хуэдэщ... А-а, егъэз-емыгъэз щыlэж иджы; lэмал зэриlэкlэ, а лlы фlыщlэм дэlэпыкъун хуейщ...»

Дыгъуасэ зэрытеурэ уэшхым къыщlидзэжакъым. Уафэм нэхъ зиlэтри, нэхъ щlыlэ къэхъуащи, lалъэ зыlэрымыгъ lэм ар зыхещlэ.

Акъужьыр мэдакъэ, уафэм щабэу узэ къриптхъыхьу хуежьащи, иджыри зэмыщIа ятIэм къытрепхъэ, абы дунейр нэхъ нэхутхъэху хъуа къыпфIегъэщI, махэхэ щхьэкIэ.

Пэжыр жыпIэнумэ, Iуэху къызэрыхукъуэкIам Оксанэ игъэгуфIэркъым: абы къикIыну псор мы зэман бэаджэм хэти къыбжиIэфын? Ауэрэ здэкIуэм, здигупсысэм, цIыхубз щIалэм игукIэ аргуэру жеIэ: «Тхьэм къысхуимыхьуэ пIэрэ а Сережэ зыфIэзыщыжар? – Оксанэ нэч къытрихьэртэкъым а лIы фIыцIэм и щIэ дыдэр къызэрыжримыIам. – НатIэм къритха жыхуаIэ гуэрым пымыщIауэ пIэрэ?... АIэ, Оксанэ, кууущэу умыIэбэ...»

МыдэкIэ къызэбгъэдэна лIымрэ щIалэ цIыкIумрэ адэкIи зэпсэлъылIащ.

– АтIэ, Вася, сыт иджы пщIэр? – къыщIедзэж псалъэмакъыр Ликос.

– Сыт тщIэн, мамэ сыдоIэпыкъу. Къэрэкъурэ къэсхьащ, гъуэщэху; кIэртIоф хузоукъэбэ, щыпщафIэм деж.

– Ари Iуэхум щыщщ. Мамэ удэIэпыкъун хуейщ; уэ зыракъэ иджы цIыхухъуу пщIантIэм дэсыр?

– Дядя Сергей, уэ дэнэ укъикIа?

– Ар дауэ, Вася? А-а, мыбы дауэ укъехутылIа жыпIэу аращ... Жылэр зауэу.

– Хьэуэ, ауэ сыноупщIауэ аращ.

– Тэмэму укъызэупщIащ, Вася. Иджыпсту къекIуэкIхэм, уэ, ущIалэ щхьэкIэ, фIыуэ ущыгъуазэщ... Сэ лагерым, пленхэр гъэру нэмыцэм щаIыгъ лагерым, сыкъикIуэжыкIащ. СщIэркъым, ар уэ мамэ къыбжиIагъэнкIи хъунщ.

– Хьэуэ, мамэ апхуэдэ лъэпкъ къызиIуэтылIакъым. Уэ, дядя Сергей, умыгузавэ. Сэ бзэ быдэ сиIэщ...

– Абы шэч къытесхьэркъым, Вася.

– Си папэ нэмыцэхэм яукIащ зауэр къыщыхъуа ипэ махуэхэм.

– Ей, Вася, Вася, а хьэкIэкхъуэкIэхэм лей куэд зэрахьащ, иджыри зэрахьэ, ауэ псори абыхэм я нэм лъыуэ къыщIэткIужынщ...

– Дядя Серёжа, уэ фашист букIа зауэм ущыхэтым?

– Хьэуэ, Вася, си Iэр абы хунэса щIыкIэкъым... Мыдэ къедаIуэ си Iуэхур къызэрекIуэкIам, – жиIэри Ликос кIэщIу, ауэ пехьэкIкъехьэкI хэмылъу псэлъэгъу къыхуэхъуа щIалэ цIыкIум хуиIуэтэжащ и нэгу щIэкIар. Абы жиIэнур нухыху, и тхьэкIумэр тегъэхуауэ щIалэ цIыкIур едэIуащ. ИтIанэ тIуми зыри жамыIэу щыму щысащ. «Сабийм и гур изудами сщIэркъым. ЖезмыIами, хъунт... Хьэуэ, пэжыр ищIэмэ, нэхъыфIщ».

– Вася, мэзыр фипэжыжьэ?

– Хьэуэ. Километр 30-40 нэхъыбэнкъым.

– Къэблэ лъэныкъуэмкIэ щыIэ шоссе гъуэгушхуэр-щэ?

– АIэ, – нэхъ нэжэгужэ къэхъужащ щIалэ цIыкIур, – километритIщI е тIэкIукIэ нэхъыбэми аращ. Зэт, дядя Серёжэ, сыщIэкIыншц, тIэкIуи сыдэIуэнщ. КIыфIи хъупащ, мами къэсыжыркъым.

ЩIалэ цIыкIум пэмыщIэу къытъэзэжащ.

– Iэуи-лъауи щыIэкъым. Хьэ банэ макъи зэхэпхыркъым. Хьэ дэлъыжкъэ къуажэм? – йоупщI Ликос.

– Къуажэм ипэ дыдэ къыдыхьа нэмыцэхэм – ахэр сыт хуэдиз хъурэт! – зы хьэ къэмынэу даукIыхьащ. КъуажапщэмкIэ хьитI-щы къыдэнами аращ.

Абдежым лъэ макъ зэхахащ зэпсалъэу упэ кIыфIым щIэсхэм.

– Фызэпсалъэ хуэдэщ щӏыхухъухэр, – жеӏэ бжэр къыӏузыха щӏыхубзым.

– Дэгъуэ гуэру дызэпсалъылӏан Вася дэрэ. Абы сэ куэдым щыгъуазэ сищӏащ. Щӏалэ кӏэщӏущщ уи къуэр, Оксанэ.

– Вася, жэщыр хокӏуатэ. Шхэи, гъуэлъыж. Уэ пщэдджыжь жьыуэ укъэтэджын хуейщ.

– Ар сыт щхьэкӏэ, мамэ?

– Нанэ деж укӏуэу удэӏэпыкъун хуейщ. Къолъэӏуащ. Кӏэртӏоф тӏэкӏурэ эхидзыну и гугъэщ. Мэф, жи. Щӏыунэм псы нэса къыщӏэкӏынщ.

– Хъунщ, мамэ.

И къуэр игъэгъуэлъыжри, Оксанэ Ликос здыщӏэс пэшым къигъэзэжащ. Мыбдежым Оксанэ игу иргуэру къэкӏыжащ гуащэжьым и гуемыӏу псалъэхэр... Ар абы и дежкӏэ щӏыхьат, хэт ищӏэрэ, пщэдей дымыщӏэххэу къыттеуэрэ лӏыр къыдлъагъумэ, жиӏэри...

– Уузыншэмэ, мамэ...

– Уузыншэм... – и щхьэр къиӏэтакъым лъэпэд зыдыжу щыс фызыжьым. – Сыт, тӏасэ, жэщ кӏыфӏым къыщӏэбджэдыхыр? Умыщӏэххэу зыщӏынӏэ ухэхуэнкӏэ хъунущ.

– Сэ къэзджэдыхыркъым, дядя Мирон деж сыкӏуэрти, сыкъыщӏыхьащ.

– Сыт Мирон зэрыщыщӏынур?

– Абы щхьэлыр ецӏыху. Кӏуэ хъумэ, гуэдэ тӏэкӏу езгъэхьэжыну здезгъэпэнщ жысӏэри арат. Тпхын диӏэжкъым. Плӏэкӏэ схуэхьынукъым, схьыпэми, щхьэлтетыр нэкӏэ къоплъынукъым.

Мыбдеж гуащэм и Ӏупэ пӏащӏэр нэхъри зэтриикъуэри мастэм хуэдэу къыпхэуэ псалъэхэр къриутӏыпщащ и нысэм:

– Артём тхьэмыщкӏэр зэрыщымыӏэжрэ мазищи хъуакъым, итӏани уэ, си тӏасэ, зыкъыбгъэлъагъуэмэ уи мыжагъуэ хуэдэщ.

– Мамэ, тхьэм деж нэмысын псалъэхэр щхьэ къыжэбутӏыпщрэ? Сыт къыздэплъэгъуа? Сэ мы дунейм теткъым Артём зэрысхъуэжын, – жиӏэри Оксанэ и нэпсыр нэ фӏыцӏэшхуитӏым щӏэз къэхъуащ.

Нэгъуджэшхуэу мастэр псынщӏэу игъэбакъуэура, фызыжьым къыщӏигъуащ:

– Дыгъуасэ старшэ полицайм псы къихыпӏэм деж сыщыту щызблэкӏым псалъэ мыфэмыцыжь гуэрхэр къидзащ си дежкӏэ.

– Мамэ, сыт полицай? Сцӏыхуххэркъым а жыхуэпӏэр. Сэ Ӏэмал згъуэту дунейм сыкъытехьэркъым.

– «Хьэ-хьа, фызыжь цӏыкӏу, нысэ гуакӏуэ уиӏэщ. Зэ зрезгъэхьэкӏмэ, дауэ уеплърэ? Артёмщи – фыпыкӏащ!» – жиӏащ. Алыхьым и гъащӏэм пигъэкӏ а ефорежьыр! Сакъын хуейщ, тӏасэ, сакъын.

Иужьым, фӏы нэхъ зыкъриппэжри, жиӏащ:

– Махуитӏ-щым фи дежкӏэ сынакъуэкӏыфынукъым. Грунярэ сэрэ щӏыунэр зэлъыӏутхынущ (Груняр Оксанэ и пщыпхъущ). Вася пщэдджыжь кърекӏуэ.

– Хъунщ, мамэ, – жиӏэри къыщӏэкӏыжащ Оксанэ, хуабжьу пэщхъей къищӏауэ: «Мы фызыжьым ухуэзэхукӏэ зыгуэр къыгупсысурэ уи псэм къыдэмытӏыхьмэ, шхэнкъым икӏи жейнкъым».

Миронти фызыр пожэгужэ къищӏащ жыпӏэ хъунутэкъым, къыжриӏар нэгъуэщӏ псалъэ щхьэкӏэ. Ар езыр армэм яшатэкъым – и ныбжьыр хыщӏым ныхэрыхьсат, дуэ иджыри узыншэу, и къару мыужьыхауэ апхуэдэт.

– Уузыншэм, дядя Мирон.

– А-а, къакlуэ, Оксанэ. Мирон сыт щыгъуи хуэдэу, узыншэщ. Уэ сыт ухуэдэ?

– Іей дыдэкъым, дядя Мирон.

– МыІей дыдэмэ, иджырей зэманым дежкІэ зытебгъэгусыхь хъунукъым, Оксанэ. Уи нитІымкІэ солъагъу уэ мы жэщыбгым ауэ сытми мыбы нэс укъызэрымыкІуар. ЖыІэ.

– Дядя Мирон, плену щытауэ ди унэ лІы гуэр къекІуэлІащ...

– Сыт плен? – лІым и нэжэгужагъэр, ІэкІэ зыгуэрым триха хуэдэ, бетэмалу кІуэдыжащ.

КъызэрекІуэкІар псори щриІуэтылІэм, Мирон жиІащ:

– А си хъыджэбз, иджырей зэманым ипэ узыхуэзэр къебгъэблагъэ хъуркъым? Уэ сабий уиІэщ, умыщІэххэу зыщІыпІэ ухэпкІэмэ – уинэхъуфри утІысыжакъэ. Ар провокатор гуэрмэ пщІэрэ?

– Хьэуэ, дядя Мирон. Сэ хьэкъыу си фІэщ мэхъу ар зэрыщІыху пэжыр. УепсэлъылІамэ, плъагъунт.

– Хьэуэ, тІасэ. ИджыкІэ сэ абы сепсэлъэнукъым. И ныбжьыр дапщэ хъурэ? Сыт лъэпкъ?

– ЩэщІ мэхъу. Къамылыфэщ, урыскъым, ауэ усыт лъэпкъ жысІэу сеупщІакъым.

– Сыт атІэ ебгъэшхри? Фэ фиххын пгъуэтащэрэт...

– Дядя Мирон, ар си унэ щІэсын мурад иІэу къекІуэлІа уфІэщІрэ? Зы лъагъуэ гуэр тегъэуэшамэ, арат...

– Оксанэ, сэ апхуэдэ лъагъуэ сщІыхуркъым, сщІыхупэми, сызыхуэзэм жесІэу къэскІухыркъым.

Мирон, Артём и адэ къуэш нэхъыщІэм, Оксанэ, и пхъум хуэдэу, фІыуэ къилъагъурт, къигъэгушхуэрт, гуащэжьым зыгуэрхэр къибж щыхъукІэ, нысэм къыщхьэщыжырт. Ауэ иджыпсту къепсалъэр нэгъуэщІ Мирону къыфІэщІащ, апхуэдизу ткІыбжыти.

ТІуми зыри жамыІэу тІэкІурэ щыса нэужь, Мирон къригъэжьэжащ:

– Старостэм ныщадибэ жиІэу зэхэсхащ Ивановкэ деж щыІэ лагерым зы плен къикІуэсыкІауэ, къалъыхъуэу. Ауэ бзэхауэ жаІэ. КІуэщІрыхуам хуэдэу. Уи деж щыІэр армырауэ пІэрэ нэмыцэхэр кІэкІэ къахьІэтар?

– СщІэркъым, дядя Мирон. «Аращ» жысІэфынукъым, ауэ а лъэныкъуэмкІэ къикІауэ си гугъэщ.

– Арауэ щытмэ, итІанэ нэгъуэщІ гуэру Іуэхум убгъадыхьэ хъунущ, – жеІэ Мирон, хэгупсысыхьу. – А хьэ къомым уакъыІэщІэкІын пащІэ, гушхуэ пкІуэщІылъын хуейщ, къаруи убгъэдэлъын хуейщ.

– КъысфІэщІ, дядя Мирон, ар апхуэдэлІу.

– Пэжуи? – къыщІоупщІэ, и фІэщу жиІэрэ щІагъыбзэ хэлърэ Оксанэ къыгурымыІуэу. – АтІэ, ауэ сытми уиэм щІэс, фыэ хьэщІэ хуэдэ?

– Хьэуэ, дядя Мирон: махуэм пкІэунэм исащ, щышхэнум деж къехыу, – щІы тІэкІу ІэщІэкІащ Оксанэ, и гугъэм нэхъ хуабагъэ гуэр къыщІыхьэжауэ.

– Нэмыцэхэмрэ полицайхэмрэ пІалъэ-пІалъэкІэрэ къакІуэурэ къуажэр зэрыщІащыкІыр уощІэ. УмыщІэххэу ныптеуэмэ, дауэ хъуну?

– СщІэркъым, дядя Мирон... – игу илъ дыдэр жиІащ Оксанэм. – ИкІэщІыпІэкІэ зыгуэр къыумыгупсысмэ, дядя Мирон, езыри унэм щІэсынукъым. Сэри, пэжыр бжесІэнщи, лІы щІанэр, щІэкІ жысІэу, губгъуэм иэутІыпщхьэфынукъым.

Мирон и нысэм и нэгум къиплъащ, зыри жимыІэу.

– Дауи ирехъуи, Оксанэ, укъызэрыкІуар нэхъыфІщ. ОблакэкІэ зэджэр щащІынум деж сэ старостэм къызжеІэ. Уэ зэрыщІащи, Сте-

ценкэ цырибон гуащIэ и жагъуэкъым... МахуитI-щы дэкIмэ, хъыбар уэзгъэщIэнщ, зыгуэрхэм сахуэзэфмэ».

«Уэри уэ, дядя Мирон, узыхуэзэн хуейри уощIэ, ухьилэнщ», – жеIэ Оксанэ игукIэ.

– НакIуэ, Оксанэ, адэ уиэзгъэсыжынщ!

– Хьэуэ, хьэуэ, дядя Мирон. Сэ сыкIуэжынщ.

– Куэд жумыIэт, тIасэ, иджыпсту апхуэдэ зэманкъым, щIыхубэ щIалэ жэщ кIыфIым хэлъэдэн хуэдэу...

Унэм къыщIыхьэжа фызым къихьа хъыбарым псалъэмакъыншэу попльэ Ликос. ТIэкIу дэкIри Оксанэ макъ щэхукIэ къригъэжьащ:

– Сергей Иванович, сыздэкIуам пыухыкIауэ зыри къыпысхакъым, ауэ шэч къытумыхьэ: дядя Мирон губгъуэм щIыху къизыпэхэм ящыщкъым, – йухащ Оксанэ и псалъэр.

– Оксанэ, а уи дядя Мирон старостэр щхьэ фIыуэ къыхущыт?

– Ар плъагъурэ, хуэщIауэ мэпсэу сыт щыгъуи...

– Псэукlэ ещIэ, – щIэгуфIыкIащ Ликос, ауэ кIыфIым ар сыткIэ илъагъуит Оксанэ.

– Фадэ щыхуейм деж, старостэр дядя Мирон деж макIэ.

– Фадэ жыпIа?

– Хьэуэ, Сергей Иванович, Iуэхур адэщыIэр ара къудей си гугъэкъым. Дядя Мирон колхоз щаухуэм щыгъуэ раскулачить ищIри, нужькIэ ирамыгъэкIыу къагъэнэжауэ щытащ. Абы щальцовкэ щхьэлэшхуэ иIауэ жаIэ.

– Iеякъым абы и Iуэхур...

– Мыдэ зэ укъэдаIуэркъэ, – къригъэжьэжащ Оксанэ, мыарэзы хуэдэу. – АтIэ абы щхьэкIэ полицайхэри нэмыцэхэри дядя Мирон къыхуэмыIейуэ жаIэ. Ауэ абы и къуитIри зауэм щыIэщ, нобэми нэжэбэми я хъыбари адэм ищIэркъым. Махуэ гуэрым дядя Мирон деж старостэр щIэст, фIыуэ ищдзауи, мыпхуэдэу къыжьэдэщIэфтащ: «Эх, Мирон, Мирон... Дэ дощIэ уэ Советскэ властым уи жагъуэ къыщIауэ зэрыщытари уэ узэрыдилъэнкъэгъури. Сэ управэм щыхэхэсхащ къулыкъу гуэри къыуатыну». Ар зэрыщIэкIыжу, дядя Мирон къыхищIалыбауэ жиIащ: «Фэ хьэ бынным сэ «гукъеуэ» фызгъэлъыгъуэнщ, фэ иджыри Мирон фцIыхуркъым!»

– А-а...

– Аращ, Сергей Иванович. СщIэркъым уэ жыпIэр къабыл занщIэу щIысщыхъуар, ауэ хьэкъыу спхыкIащ пэж къызэрызэжепIар... Дядя Мирони зыгуэр къытхуищIэнщ.

– Берычэт бесын, Оксанэ, – Ликос Оксанэ и дамащхьэм гуапэу еIусащ. – КIуэ, гъуэлъыж, жэщри фIыуэ хэкIуэтащ.

– НэхулъэфI укъыкI, Сергей Иванович.

– УэрикI, Оксанэ.

Оксанэ щIэкIыжри, Ликосыр гупсысэ куум зэщIиубыдащ. «Зылогъэпсэху, сожей, фыз закъуэм иIэIамэ, сошх, ари Iуэхум щыщкъэ, – жеIэри мэдыхьэшхыпщI Ликос, и щхьэ ауан ищIыжу. – Сыт сщIэн, иджыри тIэкIу сыпэплъэнщи, мы Миронрыр къыдэмыIэпыкъумэ, итIанэ, си нэр зыхуэзэр си занщIэу, зыщIыпIэкIэ щIэтхъунщ. Къэрал псом лъы ягъажэ... МодэкIэщи, унэм, бынным я гугъэщ я адэр, я къуэр, я къуэшыр зауэ мафIэм хэту. Си пэхъыжь Валерки жиIэ хъунщ: «Си папэ фашистхэр хэтреукIэ». «Папэ псом нэхъ ыэхъ къарууфIэщ», – жиIэртэкъэ абы, спортзалым, штангэ къыщаIэт пэпышхуэм, нэкIуамэ...»

И гур Iэджэми нэсащ Ликос. Ар цIыху псынщIэхэм, емыгупсысу Iуэху гуэрым хэлъадэхэм ящыщтэкъым. ИкIи псэлъэрейтэкъым. Уеблэмэ тIэкIу жьажьэу къыпфIэщIырт. Къаруушхуэ зиIэ дэтхэнэ лIы пIащэми хуэдэу, ар мыпIащIэу зекIуэрт, мыпIащIэу псалъэрт. Ауэ и ныбжьэгъухэм, къыдеджэхэм къацIыхурт и гушыIэкIэ дахэмкIэ, и бзэ шэрыуэмкIэ. «Ахэр псори пэжщ, Георгий Ликос, ауэ иджыпсту узырикIущ, парт билетри пхъумэфкуэ укоммунисту зыкъэплъытэж пхъэкIэ». Иужьым, жэщыбг пэсауэ, жей хьэлъэм хелъафэ Ликос.

Ликос пщэдджыжь нэмэзым, унэгуащэр къэмытэдж щIыкIэ, къыхэщыуащ. СуткитIым зэрыжеям, зэрызигъэпсэхуа къудейм абы и Iэпкълъэпкъ щIалэр къигъэпсэужащ. «ИIэ иджы, Ликос, Iэпкълъэпкъми хьэлъэ гуэр телъхьэн хуейщ, махуитIкIэ ущыIуэхуншакIэ». Джанэр зыщихри зарядкэ ищIу щIидзащ. Абдежым Оксанэ къыщIыхьэри щIэкIыжыну хэтащ, лIым пщIанэр щилъагъум, арщхьэкIэ къызэтеуыIэжри хьэкъущыкъу сыт гуэрхэм епэщэщу щIидзащ. МыукIытэу Оксанэр зиплъыхьакъым, ауэ зэ Iуплъэгъуэри гъэщIэгъуэн щыхъуащ: Ликос и пщэ, и бгъэ, и Iэ пIащэхэр телъыджэу Iэчлъэчт.

– Оксанэ, Вася къэуща?

– Къэущащ, зехуапэ.

Вася къыщIыхьэри, и пIэм пэжыхьым хуэдэу, къызэтеуыIащи къощлъ.

Ликос мащIэу дыхьэшхри къеупщIащ:

– Сыт, Вася, укъыщIыдэплъыр? «Сыту фIыцIэжь, хьэрэм епхьыщ», жыпIэу ара?

– Хьэуэ, дяди Серёжа... Уи Iэблэхэм я гъумагъыр сфIэгъэщIэгъуэну арщ. СегъэIусэт, – жиIэщ, къыбгъэдыхьэри, и Iэблэ къэгъэша лъэныкъуэм къытетIысхьэ лъэщIэм еIусащ: «Си щхьэм хуэдиз мэхъу».

– Мыдэ зауэр иухмэ, спортым ухыхьэнщ, зы илъэс-илъэситIым укъамыщIыхужын хуэдизу къаруушфIэ уищIынщ абы.

– Сергей, цIыхур апхуэдэу къалъху хъунщ, армыхъумэ, спорт къудейкIэ апхуэдэ ухъун?

– Хьэуэ, Оксанэ, спортми куэд иIыгъщ.

Ликос шхэри, езыми зэрыжиIащи, и «лъэуейм» дэлъеижащ – кIуащ пкIэунэм, унэм къыщигъуэта тхылъ гуэрхэр здищтэри.

Тхьэмахуэ кIуащ, Мироими зыри жимыIэуэ. ЩIалэ цIыкIур Ликос къесэпати, нэхъыбэм пкIэунэм тест, абы епсэлъылIэу. Ликос Iуэхуншэу исакъым пкIэунэм: унэм вакъэу яIэр идыжащ, зэригъэпэщыжащ.

– Уэ, Сергей, уегъэджакIуэщ, институт къэбухащ, шырыкъущIэ дэнэ ущыхъуар? – игъэщIагъуэрт Оксанэ. – Мыпхуэдэу къекIуу, дахэу игъащIэм вакъэ тхуадыжауэ сщIэжыркъым.

– АтIэ, Оксанэ, зауэр иухмэ, шырыкъущIэу сыхыхьэжу фи щIыпIэм сыкъэнэн? – мэгушыIэ Ликос. – Хьэуэ, Оксанэ, аракъым Iуэхур здэщыIэр. Дэ, илъэгъурэ, зэп зыбжанэ дыхъурт, унагъуэри хуэщIа балыхьу щымыту. ИгъащIэ лъандэрэ унагъуэшхуэр зэрыпсэун зи IэкIэ къэзылэжьыж ди адэм дигъэсащ сытри ди Iэм ищIыфу. «Хьэку зэтелъхьэн хуеймэ, пхъэщIэн хуеймэ, вакъэтI дыжын хуеймэ – зыщIыпIэ жэмэ, ар лIыкъым», – жиIэрт ди адэм. Уеблэмэ, Оксанэ, сэ утемыукIытыхьыну щIакхъуэ пхуэзгъэжьэфынущ.

– Пэжуи?

– АтIэ. Мыдэ фрицхэр итхужрэ дунейр зэтес хъужмэ, уэгъэлъагъуныщ щIакхъуэ зэрагъажьэ, – мэгушыIэ Ликос.

– Дыпсэума, тлъагъуныщ, – жеIэ Оксанэ.

ДэкIыу ихъуреягъкIэ щIыпIэр къиплъыхьыну Iэмал имыIэми, Ликос, унэм щIэсхэм еуищIурэ, эригъэщIыхуащ мо здищыIэри, дипэкIэ сыт хуэдэ гъуэгу кIуэми, псы, гуэл щыIэми. ЩIыпIэм и картэ игъуэтамэ, нэхъыфIыжт, ауэ ар дэнэ къипхынт.

Оксанэ аргуэру Мирон деж кIуащ. ЕдаищанэрэкIуа! ИкIэмикIэжым, къыжриIащ куэдрэ зыпимыгъэплъэжыну, ауэ аргуэру махуэ бжыгъэ дэкIащ.

Ликос быдэу мурад ищIащ пщэдей жэщ фIэмыкIыу ежьэжыну. АрицхьэкIэ абы и мурадыр къызэпызыудын гуэр къэхъуащ...

Пщыхьэщхьэ гуэрым, жэсым фIэкIауэ, бжэм зыгуэр иту къоуэ.

«БашкIэ е къамышыкIэ къытоуIуэ», – игу къэкIащ Ликос.

– ПсынщIэу, Сергей, пкIэунэм.

Ликос пкIэунэ ихьэпIэм и IитIымкIэ залдрешейри пхъэбгъур макъыншэу къытрилъхьэжащ, абдеж дыдэм хьэмбыIуу къэтIысыжащ, къыщIыхьэм жиIэр зэхихын хуэдэу. Бжэм къеуэм трегъэчынихь, Оксанэ, псэ шымытыж жыхуаIэу, мадаIуэ. Иужьым бжэм IэпытIымкIэ нэхъ иныжу къыщеуэм, Оксанэ жэри и къуэр здыщIэлъ пэшым и бжэр фIыуэ игъэбыдащ, щIалэ цIыкIур имыгъэщтэн щхьэкIэ.

– Iух бжесIакъэ! – къоIу иджыри къэс зы псалъи къызыжьэдэмыкIам и макъ гъумыр.

– Иджыпсту! — жеIэ, бжэIултъэр къырехри Оксанэ бжэр Iуех. А дакъикъэм бжэщхьэIум къытохутэ лIы домбей, занщIэуи фадэмэ къыIуроуэ цIыхубзым. Оксанэ иджы игу тIэкIу къызэрыгъуэтыжат. Пэжыр жыIэн хуейщ, Сергей пкIэунэм зэрис къудейм ар къыгъэгушхуэрт, лIыр абы къехьыкIэ Iэмал зэримыIэр ищIэ пэтми.

– Уузыншэм, япэр ару, Оксанэ.

– Уузыншэм... Сэ уэ усцIыхуркъым. Жэщыбгым...

– Дэнэ къикIа жэщыбг! ПщыкIуэ хъуа къудейщ, – жеIэ къыщIыхьам, электрофонаркIэ сыхьэтым йоплъри. – ЩIэгъанэ, зыгъэнкху гуэр униIэмэ. Сэ псалъитI-щыкIэ сыпхуейщ.

«Дыунэхъуакъэ, дыкъищыну хуежьэмэ, зыгуэр зэхихауэ къэкIуамэ». Ар старшэ полицайуэ зэрылажьэр фIыуэ ищIэрт Оксанэ, усцIыхуркъым жриIа щхьэкIэ.

– Сэ, хьыджэбз, сыщылажьэр умыщIэмэ, мис си тхылъыр, си щыгъыныри уолъагъу. Германым, Украинэм къулыкъу худощIэ.

«ХубощIэ... Сэ уэ хуэпщIэ узэгъэлъагъуит, ауэ, бетэмал ихъажын, си Iэр хуэкIэщIщ», – зэгуоуд Георгий.

– АтIэ, дыщызэрыщIыхуакIэ, – къерегъэжьэж къыщIыхьам и псалъэр, тутыныр узэдыгъэнэфымкIэ щIигъэнауэ, – дызэпсэлъэнщ. Мыдэ зыгуэр къытелъхьэ, дызэдэжьэн гуэр щыIэмэ, – жеIэри щырибон птулъкIэ пIащэ къытрегъэувэ стIолым.

– Сэ игъащIэм ткIуэнс зыIуслъхьакъым. КъыжиIакъым жумыIэ. Шхыни диIэкъым, нащфIэIу фIэкIа.

– Къахь мыдэ уи нащэр. Моуэ зэ цIыху хуэдэу укъысхуэхъумэ, итIанэ, Оксанэ, тхьумрэ фомрэ ухэгъэсынщ, – жеIэри и Iэ ижьыр Оксанэ и дамащхьэм трелъхьэ, ауэ фызыр псынщIэу IуокIри нащэ къехь.

– ИIэ атIэ, зы бжьэ дызэдегъафэ. Сэ иджыпсту фIэкIа уи унэ сыкъыщIыхьакъым.

– Хьэуэ, бжесIакIэщ: си хабзэкъым.

– Хъуниц атlэ, щумыдэкlэ, уи узыншагъэкlэ сефынщ мы бжьэм, – жиlэри стэкан пlащlэм из цырибоныр прикlыхащ, псы lубыгъуэ ипригъэлъэтэха хуэдэ. Аргуэру, зыри жимыlэу, lэбэри зы стэкан прифащ. Ар езыр лlышхуэ щхьэкlэ, и нитlыр цlыкlунитlэт, адэ кууэ къипльу, уаубрууным хуэдэу къоплъу. Абы и напэ гъуатlифэр – ар езыр lэбэри узэдыгъэнэфыр къыдришеяти, нэхут – зыуи къызэщlэплъатэкъым, ипхуэдиз ирифа щхьэкlэ. Ар фадэм фlыуэ зэрызэщlиубыдар къозыгъэщlэр и щхьэр мащlэу зэрыфlэсысыхыр, и lупэхэр мащlэу lущэ къызэрыхъуар арт.

– Сэ уэ гъатхэм услъыгъуащ япэ дыдэу. Артёмрэ уэрэ хьэмэгым фыныщlыхьыуэ. Сэ абы заву сыщылэжьащ. Советскэм щыгъуэ, – дыхьэшхыпщlри къыщlигъуащ; – Артём езыр щlалэжьыфlу, къекlужьу щытащ, тракторист цlэрыlуэу... Ари сощlэ. Ауэ, сыт пщlэн, хэкlуэдащ... Зэгъащlэ, Оксанэ, уэ пхуэдэ цlыхубз щlалэ, цlыхубз дахэр мыбы дагъэсыпукъым. Уащэнщ Германым.

– Хьэуэ, сэ бын сиlэщ.

– Сыт атlэ уиlэмэ? Ар къызыхуэнэн щыlэщ. Щымыlэми, абы нэмыщэр иригуээзникъым.

– Мис ар пэжщ, – жеlэ Оксанэ.

– Сыт пэжыр?

– Зырикl...

– Мыдэ сэ зыпщlэзгъакъуэмэ, итlанэ апхуэдэ лъэпкъ къэхъункъым.

«Къепщэ, къепщэ, кхъуэнижь», – жеlэ игукlэ гуфlэу Оксанэ, уиэр къищын мурад полицайм зэримыlэр хьэкъыу пхыкlауэ.

– Умыгузавэ, зэхебгъэхыну ухуэмеймэ, зыри хэlущlыlу сщlынкъым, щэху цlыкlуу сыкъэкlуэнщ. Ныщхьэбэ хуэдэу... Ауэ, Оксанэ, сэ уэ нэгъуэщlым и гупэ ухэзгъэлъыфынукъым... – Ар къэтэдж, ауэ псынщlэу мэтlысыжри псалъэр къретъэжьэж. Оксанэми, и гур къилъэт фlэкlэ, псалъэ пидзыжыркъым. – Плъагъурэ, Оксанэ, сэ уэ зыгуэр къыпхуэзмыгъэпсалъэн щхьэкlэ, старостэми, ауэ щыхъукlэ, Миронн нэгъуэщlми имыщlэу къытездзэри шууэ сыкъэкlуащ. Уеблэмэ къулыкъущlапlэми ищlэркъым дэнэ сыкlуами. Апхуэдэм деж уи щэху пхъумэжыфын хуейщ. Артём и адэ къуэш Миронри ди лъэныкъуэщ.

«Щыгугъ абы, ахьмакъ! – мэгубжь цlыхубз щlалэр псалъэншэу. – Фыгугъ, фыгугъ!»

– Нтlэ, Оксанэ...

– Сыт? А узыхэтыр мыхъуну lуэхущ. Узэригугъэм сыхуэдэкъым. Сесакъым...

– Мыдэ сэ уезгъэсэнкъэ атlэ... – хуэмурэ къотэдж. Оксанэ цlыхуба пlащэщ, ауэ полицайр зы щхьэкlэ нэхъ лъагэ хъунщ. Оксани къотэджри блынымкlэ хуэмурэ икlуэту щlедзэ. Ауэ блыным уфlэкlыу дэнэ укlуэн?

– Фlырыфlкlэ бдэмэ, уи дежкlэ, дахэ цlыкlу, нэхъ фейдэ хэлъщ!..

– Фейдэ сылъыхъуэркъым. Укъызбгъэдэмыхьэ, сыкlиинущ!

– Хьа-хьа! – мэдыхьэшх. – Кlий! Зыми зэхихынукъым, зэхихми – хьэуэ сльагъуркъым! – зоlэбэкl. кlэрахъуэр къырехри стlолым къытрельхьэ.

– Сыбукlами, уэ узыхуейр къохъулlэнкъым! Збгъэдэкl!

– Хьэуэ, си псэ... Улlауэ сыт уещlыжын. Сэ упсэууэщ сызэрынхуейр, – псалъэр зэпегъэури къызэщlоуныlыкl, хэшщlыкlыуи нэхъ фагъуэ къахъуащ, апхуэдиз ирифами. И пэ гъуанитlым къриху жьым и макъыр зэхыбох, и нитlыр цlыхубзым и лъакъуэ дахэхэм техуащ,

итIанэ, хуэмурэ къыдэпкъейурэ, и куэхэм, и бгы псыгъуэм ирижащ, нужьым шэдыбжьым хуэдэу зекIуэ бгъэшхуитIым абы и нэ цIыкIухэр къытеувыIащ, тхьэкIумэкIыхь езыгъэлъэтэхыну мурад зыщIа блэшхуэм и нэр занщIэу зэрыдийм хуэдэу... Нужьым занщIэу зричащ лIы пIащэжьми, цIыхубзыр зэщIнубыдащ.

– СутIыпщ, сутIыпщ, хьэбыршыбыр!.. – мэкIий и IэмкIэ абы и щхьэ къырихьэлIэр Iуидзыну хэту, бахъэ хьэлъэ гущыкIыр зыхищIэу. АрщхьэкIэ полицайм фызыр сабийм хуэдэу зэщIнубыдэри гъуэлъыпIэмкIэ ихьащ, лъагэу иIэтауэ. Фызри, лъэкI къимыгъанэу, мэпIастхъэ, мэзауэ, ауэ зыхещIэ лIым къаруушхуэ зэрыхэлъыр, къызэрыпэлъэщынур. Иджы полицайм псалъэ жиIэжыркъым, мэфыщIэ... Зэрызокъуэ, зэрызолъафэ... Полицайр, хьийм икIауэ, еIэри бостеи джани тIууэ зэIиудри фызым и бгъэм едзакъэу щIидзащ... Фызыр мэхыным нэсащ.

Фызым «Сергей, Серёжэ!» жиIа хуэдэу къыфIощI пкIэунэм къыдаIуэу ис Ликос, къолъэри зэрызекъуитIым къыбгъэдохутэ. Iэбэщ, Оксанэ хэзыгуа лIым и щэр иубыдщ, къыIэтри и нэжьгъ сэмэгум IэштIым нэжымкIэ еуащ, зэуар, къэпым хуэдэу, утыкум къищэтащ, зы макъ къыжьэдэмыкIыу. АдэкIэ ищIэнум пэмыплъэу, аргуэру еуащ а нэжьгъ дыдэм. Полицайм и пэм лъыр къыщиудащ, и жьэм лъы къыжьэдэжащ. Ликос зригъэзыхри едэIуащ.

«Мэбауэ зэкIэ, ауэ абы ищIэнур ищIа хуэдэщ»... – жеIэ Ликос, и натIэм щIэнтIэпс ткIуэпс пIащэхэр къытрикIутыуэ.

Иджыщ Оксанэ игу къызэрыгъуэтыжу къэхъуа псор къыщыгурыIуар.

– Сергей, Серёжэ! – Георгий зыкъридзащи мэпыхьэ цIыхубзыр. – Уэр мыхъуамэ!.. Дауэ хъуну иджы? – щэхуу къыжьэдоIукIри, ар пхъэ гъуэлъыпIэм йощэтэж.

– ЗэрыхъунIам хъуащ ар. Мыдэ къэтэджи щIэп кIапсэ гуэр къысхуэхь. Нэхъ кIыхьу, нэхъ быдэу.

– Ар сыт щхьэкIэ, Сергей? – хуэмурэ къызэфIоувэ Оксанэ.

– ПсынщIэу къэхь – плъагъунщ! – жеIэ Ликос.

КIуэри щIэп кIапсэ быдэ къихьащ фызым. Уиэ лъэгум зимыщIэжу илъ лIыр бетэмалу зэкIуэцIипхащ Ликос. КIэрахъуэр и жыпым иритхьэри жиIащ:

– Иджы, Оксанэ, лъэужь лъэпкъ имыIэу пэшыр гъэкъабзэж, лъы зытеткIуа сытым хуэсакъ. КъыбгурыIуа?

– АтIэ, Сергей... Уэ сыт мыбы хуэнгугъыр?

– Сэ мыбы уныIэпIэ естыщи къэзгъэзэжынщ. КъыдэхъулIэмэ, Къэзмыгъэзэжыфкъэ – зы псалъэ дунейм къытумыгъэхьэ. Абы Мироши щыгъуазэ щIыхуэнщIын щыIэкъым.

– КъызгурыIуащ, Сергей.. Серёжэ, уэ сыт къыщIумыгъэзэжынур? – фызым и нэпсым уэру къызэпежыхь.

– СыткIэ пщIэн сызыIуунэкIэ хъунур? – жиIэри лIы зэкIуэцIыпхар къиIэтащ, щIихыну. – Сыту хьэлъэ щIапIэкIуэд хъуныр, – гъумэтIыманщ, и щхьэ хужиIэж хуэдэу.

– Сергей, сыбдэIэпыкъунщ, – къотэдж Оксанэ.

– НакIуэ, ншщIэкIи, шым сышэса нэужь, тIэкIу мы «къэпыр» шым ныздыдэлъэфей.

Ликос лIыр къыщIихри шы епхам деж иригъэтIылъэхащ.

Ныпэдибэ уэс къесащ, шэджагъуэнэужьым деж жьы бзаджэ къепщыщ, пщхъэрэкIэ кърихуу. Иджы жьыри ушыIэжауэ, уафэри нэхъ къелъэхъшэхауэ, уэс цIынэ Iэрылъхьэр щIэмычэу къреупщIэх. ЩIыр хужь

хъуащи, дунейр нэху хъуауэ къыщlэщl. «Зэрыпэхум зыкlи дыхуейкъым, ауэ къызэресыр щхьэпэщ: ди лъагъуэр щlихъумэнщ уэс кхъурбыщым», – игукlэ жеlэ Ликос, шыр къыкlэритlэтыкlыурэ. Шым къэщакъ уанэфl телъ. Уанэм къеlэщ-иеlэри быдэу зэрытелъым ирихы техъуащ иджы абы зезыдзыну зи мурадыр.

Ликос шым пэзэри абдеж щыт Оксанэм къыжриlащ:

– Мыдэ кlапсэ зэрыдзам си lэр нэгъэси къысlэрыгъахъэ, зэрыпхуэзэфlэкlкlэ. Иджыри, иджыри, хъунщ иджы, – жеlэ абы, дрылъафея лlыр шыплlэм дигъэзагъэурэ.

Тынштэкъым ар зи хьэлъагъ шыплlэм зеджалэу щытеlыгъэныр, ауэ ар зыlыгъри уэрамым щызекlуэу дэт псом хуэдэ цlыхухъу къыкорыгуэкlтэкъым. Ежьащ. Къуажэм занщlэу дэкlри къуэкlыпlэ лъэныкъуэмкlэ иунэтlащ, километр зытхухкlэ фlэкlа пэмыжыжьэ гуэлымкlэ кlуэн мурад иlэу. «Дэ, дядя Серёжэ, а гуэл куум бдэжъуитхкlэ бдэжьей дыщощэ, зыщыдогъэпскl гъэмахуэм», – къыжриlат махуэ гуэрым Вася, ихъуреягъкlэ щыlэ мэз, псы, гъуэгу сытхэм Ликос щыщlэупщlам щыгъуэ. Ауэрэ икlуа хъунщ километр зытхухи, арщхьэкlэ тегъуэщмкlа хъунти, зыри илъагъуртэкъым. «Мыпхуэдизрэ зи щхьэр егъэзыхауэ къэсхыри псымкlа хъунщ, – жеlэ игукlэ Ликос, зикl пlэтlауэ зимыlэ зэкlуэщlыпхар lэ ижьымкlэ шыплlэм трилыгъэурэ. Уэахуэзэм деж щыхыфlэбдэмэ, къагъуэтынщи, итlанэ lуэхур зэlыхьэнщ. Дауи ирехъуи, сылъыхъуэнщ гуэлым, зэмани сиlэщ, – йолъэдэкъауэ ар шы сабырым. Аргуэру къикlуxыщ зыкъомыфlрэ. – Дунейр хужь зэфэзэщ щыхъуакlэ, а гуэлыр къэслъагъуэнщ – ар фlыщlэу илъагъунущ...» Пэжу, дакъикъэ бжыгъэ фlэкlа дэмыкlыу ар гуэлым бгъэдыхьащ. Къепсыхри шыр абдеж щыт жыг цlыкlум иришхащ, полицайри щылъщ. Ликос мэгупсысэ: «Дауэ хэздзэну? Фlыуэ щlигъэнэн хуейщ, зыкъомрэ къамыгъуэтыжын хуэдэу. И бгым кlэрысщlа мывэ пlащэм мыр псым зыкъомрэ хиlыгъэн хуейщ... Мыр документи сыти хуенжыну къыщlэкlынкъым», – жиlэри полицайм и жыпым иlэбэри бумажникыр кърихащ. Ликос полицай зэкlуэщlыпхар къиlэтри псым хихьащ. Хуэмурэ мэбакъуэ, нэхъ куууплlэм нэсмэ, хидзэну. Псыр мылым хуэдэщ. И бгырыпх щlэпхапlэм псыр къэсу зэрыхуежьэу, хьэдэр хидзэри къыхэкlыжащ, псыр къыпыжу. Шым занщlэу зридзэри ежьэжащ, районым кlуэ гъуэгушхуэм зэрытехьэу, шхуэмылакlэр тридзэу шыр иутlыпщыжыну. Ликос фlыуэ ищlэрт апхуэдэм деж шыр къыздикlам зэрыкlуэжыр. Ауэ шы сабыр цlыкlур щытщ зимыгъэхъейуэ щытын хуейуэ и къалэну къыфlэщlа хъунщ. Ликос и lэгубгъуэмкlэ шы пхэщlым теуlуэри, шыр хуэму ежьащ, итlанэ и лъэбакъуэр щlигъэхуэбжьащ.

• • •

Мэшымкlэ кlуэ шоссе гъуэгум пэмыжыжьэ дыдэурэ кlуащ шым тесхэр. Машинэ макъхэр lупщlу къоlу, зэзэмызи, кlэщl-кlэщlурэ, гъуэгур абыхэм къыщагъэпсэху щыlэщ. Дунейр щlыlэтыlэщ. Уафэм вагъуэр изщ, бзыгъэ дыдэщ, ауэ щыхъукlэ, пщэдеи уэфlыну къыщlэкlынщ.

Пщэдджыжь нэмэзым деж шухэм гъуэгум нэхъ пэlэщlэ зыхуащlри губгъуэм ихьащ, куэд мыщlэуи мэзыр къалъэгъуащ.

– Дыкъэса хуэдэщ.

– Дыкъэсащ, дядя Серёжэ.

Дунейр нэхутхьэху къэхъуу хуежьауэ, ахэр мэзым щlыхьащ. Къепсыххэри жыг гъур щылъым тетlысхьащ, шым зрагъэгъэпсэхуну.



7 Заказ №537

– Шы цӀыкӀур жыджэрщ икӀи къарууфӀэщ, килограммищэрэ щэ ныкъуэрэ къемыхьэлъэкӀыщэу мыбы нэс ятӀэм хэту къыщихьыфакӀэ.

– ШыфӀ цӀыкӀущ, МахъуакӀуэ, и щхьэ и Ӏуэху зэрехуэж, – жеӀэ Васи.

– УмэжалӀэрэ, Вася?

– Хьэуэ.

– АтӀэ абы щыгъуэ адэ мэзыкум дыпэсмэ, дедэкъэнщ.

Мэз ФӀыцӀэкӀэ зэджэм ит жыгхэм иджыри пщӀащэ фӀыуэ япытщ, махуитӀкӀэ узэ телъа щхьэкӀэ. Уеблэмэ бжьыхьум и тхьэмпэ гъуэжьхэм я нэхъыбэр иджыри пыщищыжакъым. Ауэ жыг лъабжьэхэм тхьэмпэри хуэфӀу щӀэлъащи, къыщыпкӀухькӀэ тыншщ. Абы нэмыщӀауэ, адэкӀэ-мыдэкӀэ зэбгрыкӀ лъэс лъагъуэ цӀыкӀухэм уахуозэ. Вася зэрыжиӀэмкӀэ, мэзым узэпрыкӀмэ, къуажэшхуэ къыщысщ, ЧерниевкэкӀэ еджэу.

Абыхэм куэд къызэхакӀухьащ, шэджагъуи нэсу хуежьащ.

– Мыбы, Вася, уэрэ дэрэ дызэплъыхьыгъуэхэм хуэдэ хэскъым.

– Ар сыт щхьэкӀэ?

– Шоссе гъуэгур гъунэгъущи, нэмыцэхэм я нэӀэ мы мэзым къытемыпкӀэ Ӏэмал зимыӀэщ. Мэзыр ӀыхьитӀу зэпыудащ, жыбоӀэ, Вася. Адрей Ӏыхьэр псышхуэм адэкӀэ къыщылъщ. Ар ин?

– Ар сэ фӀыуэ сцӀыхуркъым, дядя Серёжэ, дэ пхъашэ абы дыкӀуэу щытакъым, мырат си адэмрэ сэрэ дыкъыздэкӀуэр. Ауэ зэхэсхащ ар нэхъ мэзышхуэу, нэхъ жыг пӀащи итхэу. Абы къраш жыгыжьхэр пхъэбгъуу зэгуахыу щытащ.

– АтӀэ абы щыгъуэ ар нэхъ мэзышхуэщ. БелэкӀэ зэджэ псыр ин? – йоупщӀ Ликосыр.

– Гъэмахуэм деж цӀыху щӀигъэнынщ.

– Ари хъунщ, Вася. Иджы тӀэкӀу дедэкъэнщи, дегупсысынщ адэкӀэ ди зекӀуэ гъуэгу дызэрытеувэжынум.

Нэхъ щӀыӀэтыӀэ къэхъуу щӀидзащ, нужьым жыгыщхьэхэм Ӏэуэлъауэ къыщыхъури, жьым и къарур зыхэпщӀэ хъуащ.

– Дунейр къызэӀыхьэ хуэдэщ, Вася. Ар, плъагъурэ, зыкӀи Ӏейкъым. Нэху дыдэри уэрэ дэркӀэ щӀагъуэкъым. Иджы нэхъум хуейр нэмыцэхэрщ.

– Ар сыту?

– Моуэ тӀэкӀу къыуфэмэ, гъуэгумкӀэ деӀэнщи, дещтъынщ абы крикӀуэхэм. ДаӀуэт, зэхомыхэ машинэ сигнал зэхыбох.

– Зэхыбох.

– Ушынэрэ, Вася?

– Сэри? Уали, уэ сыпщӀыгъуу, нэмыцэ мин дахуэзэми, сымышынэ. КӀэрахъуэшхуэри пӀыгъкъэ. Ар дэнэ къипха, дядя Серёжэ?

– Ар лагерым сыкъыщикӀуэсыкӀыжам зыгуэрурэ къысӀэрыхьауэ щытащ. Иджы уэрэ сэрэ ар къытщхьэпэжынкӀи хъунущ, – щӀы имыунсу хъуакъым.

– Сэри кӀэрахъуэ сиӀамэ, арагъэкъэ. Армыхъумэ уэ нэмыцэхэм уащыхэуэм деж сэ сыпоплъу сыщытын?

– Умыгузавэ, Вася, уэри зыгуэр къыпхуэдгъуэтынкъэ, – мэгушыӀэ Ликос.

– Автомат нэхъыфӀт псом нэхърэ. Уэ автомат бгъэуэфыну, дядя Серёжэ?

– Зэи згъэуакъым, ауэ къысӀэрыхьэмэ, абы и зэгъэщӀэныр куэдкъэ. Вася, кӀыфӀ хъурэ сэ мы мэзым сыкъыхэнэн хуей хъумэ, уэ укӀуэжыфын?

– Сыт укъыщӀыхэнэнур? – щтэӀэщтаблэу къоупщӀ щӀалэ цӀыкӀур.

– ПщӀэнукъым Ӏуэхур къызэрыщӀидзынур.

– Сэ ди щӀыпӀэр фӀыуэ зэрысцӀыхур бжесӀати. СыкӀуэжынн сыщыгъэркъым, ауэ уэ укъэзгъанэу дауэ сыкӀуэжын, мами шхыдэнкъэ?

– Ар «зыгуэр къэхъу хъужыкъуэмэ», жысӀэу аращ. Дишми фӀыуэ зигъэпсэхуащ, тӀэкӀуи шхащ. НакӀуэ, атӀэ, къыкӀэрытӀэтыкӀ шыр. ГъуэгумкӀэ нэхъ гъунэгъу зытщӀынщ.

Жьыри щӀохуабжьэ, пшэ фӀыцӀэжьхэри зэрызохьэ, нобэ дыгъэ нуру щытауэ хуэбгъэфэщэнкӀэ Ӏэмал зимыӀэщ. Хуэмурэ уэшхым къызыщихидзу щӀедзэ, ипэщӀыкӀэ пӀащэу, нужьым нэхъ жыгъейуэ, нэхъ Ӏуву.

«ЩӀалэ цӀыкӀур псыф хъурэ щӀыӀэ къыхыхьмэ, зэӀыхьащ. Щхьэ мыгъуэ къесшэжьат», – иджы хущӀегъуэжыпат Ликос щӀалэр къызэрыдишам.

Ныкъуэджафэ хъуа жыгхэр бетэмалу псыф къызэщӀэхъуащ; жьыр иджыри лъэщу къепщэ щхьэкӀэ, жыгхэм ерагъкӀэ загъэхъеиф къудейщ – уэшхыпсым ахэр хьэлъэ ищӀащ. Уэшхыр хуэбгъунжу къопх, абы и ткӀуэпсхэр къызэрепщипэхыр жыг зэхуаку нэхъ нихэм Ӏупщӏу долъагъукӀ. Лӏыми щӀалэ цӀыкӀуми я пыӀэхэр къырауфэхащ, я пцэмиӀэхэри къыдрахьеящ, ауэ уэшхыр дэнэкӀи нэсу къафӀощӀ. ГъуэгумкӀэ макӀуэ, шыри ӀумпӀэкӀэ яшэ. Абы нэсынэм метр щищ хуэдиз иӀэжу къэувыӀахэщ.

– Вася, мыдэ къэдаӀуэ, быдэу унгу нубыдэ бжесӀэнур.

– Хъунщ, дядя Серёжэ.

– Мыбдеж шыр щыдопх. Мис мы лъагъуэр, къызэрысфӀэщӀымкӀэ, мэзым пхрокӀ, гъуэгум бгъурыту макӀуэ, ар абы фӀыуэ пэӀэщӀэ щхьэкӀэ. Си мурадыр мыращ: гъуэгум докӀуэри, пабжьэм дыхэсу, дошлъ пэмыцэхэр къызэрыкӀуэм, зыгуэр щхьэпредгъэдынщ, къыдэхъулӀэмэ. Псалъэм папщӀэ, машинэ, гу сыт хуэдэ зыгуэр. Ар къыбгурыӀуа?

– АтӀэ.

– Зэрыхъкэрий къэхъурэ, зэкэуэ зэхадублэмэ, «тӀытӀытӀ» жиӀэу ущӀопхъуэри пы цӀыкӀум зыбодэ, шым и лъэ къызэрихькӀэ лъагъуэмкӀэ боху. КъызэплъэкӀ уимыӀэу. ФӀыуэ къыбгурыӀуа?

– КъызгурыӀуащ, ауэ...

– «Ауэ» лъэпкъ хэмылъу! – ткӀийуэ жиӀащ Ликос.

«Иджы хуэдэу ткӀийуэ дядя Серёжэ псалъэу зэхэсхакъым», – игукӀэ жеӀэ щӀалэ цӀыкӀум, тӀэкӀуи шынауэ.

– Дядя Серёжэ, уэ зэрыжыпӀэ дыдэм хуэдэу сщӀынщ.

– Ӏуэхур зэӀыхьэрэ уэ ущӀэпхъуэжын хуей хъумэ, мы тхылъымпӀэ тӀэкӀур мамэ ептыжынщ.

– Хъунщ, дядя Серёжэ, – жеӀэ щӀалэ цӀыкӀум, и гур, бэу къаубыдам и дамэм хуэдэу, къызэреуэр и бгъэ псомкӀэ зыхищӀэу.

Гъуэгум пэмыжыжьэу, жыг лъабжьэхэм щӀэт чыцэ Ӏувым къыхэплъу зыкъомрэ щысащ а тӀур, гъуэгум къырикӀуэхэм кӀэлъыплъу. Машинэхэри, гухэри, уеблэмэ шухэри тетщ гъуэгум. ГъуэгурыкӀуэхэр зэм нэхъ уэр къохъу, зэми дакъикъэ зыбжанэ докӀ зыри гъуэгум тумылъагъуэу. Уэшхри нэхъ теуащ, ичындыми пос – арат Ликос зыхуейр: и мурадыр къехъулӀэмэ, пщыхьэщхьэ кӀыфӀым зыхигъэпшкӀуэжыну арат, къыкӀэлъыпхъэрӀамэ, къамыгъуэтын хуэдэу.

Зыкъомрэ къикӀухьа иэужь мы щӀыпӀэр къыхихат Ликос. Шоссе гъуэгу бгъуфӀэм мыбдежым кӀоцӀу, градус 30-кӀэ, иджырабгъумкӀэ еӀуантӀэ, а къэгъэшыпӀэ дыдэм деж къуэкӀий цӀыкӀу иӀэщ мыкуу дыдэу, абы изу псы итыжщ. А къеӀуэнтӀэкӀыпӀэм деж щытмэ,

лъапыкъуитlымкlи – фронтымкlэ кlуэри абыкlэ къикlыжри – фlыуэ болъагъу, метр щих-щиблкlэ мыпэхъ мащlэу.

Бзиху жыгъу щы кърищlыкlащ Ликос, ахэр сэпхуэмкlэ игъэкъэбзащ, къудамэ лъэпкъ къытримынэу. Иужьым быдэу зэрипхыжри гъуэгубгъу чыцэм хигъэлъадащ.

– Сыт абыкlэ пщlэнур, дядя Серёжэ?

– Гъуэгум теслъхьэу, фриц и пэр трезгъэудын си мурадщ, Вася. Иджы уэ къуэкlыпlэмкlэ къикlхэм якlэлъыплъ – ахэр блэзгъэкlынущ, сэ къухьэпlэмкlэ къикlхэм сеплъынщ. Къызэрыплъагъуу, занщlэу жыlэ.

– Хъунщ.

– Сэ сызыхуейр къызэрыслъагъуу, къурыкъу зэкlуэцlыпхар гъуэгум и гъэшыпlэм тедгъэлъэдэнщи...

– Мотоциклисти шыгуи къокlуэ!

– Къекlуэ. Блыдогъэкl. «Дыдейкъым», – жеlэ Ликос, езыри къухьэпlэмкlэ маплъэ. «МотоциклитI къожэ, а-а, метр щиц хуэдизкlэ и ужь легковушкэр итщ... Мис абы и ужьым зыгуэр къыкlэлъемыlэма... Хьэуэ, къыкlэлъыкlуэ хуэдэкъым...» Мотоциклхэр блэлъэтри ежьэжащ. Машинэ фlыцlэ цlыкlур къоблагъэ. Къурыкъу зэкlуэцlыпхахэр гъуэгу бгъуфlэ псыфым трегъэлъадэ. «Зыри къыкlэлъыкlуэркъым... Гъуэгур къабзэщ...» – мэlущащэ Ликос, и lэпкълъэпкъыр зэрыщыту щlыlэ техьэгъуэм зэщlиубыдауэ. Адэкlэ зэгупсысынlами хуэмысыжу, машинэр къэсщ къэгъэшыпlэми, къурыкъу зэкlуэцlыпхахэм жьэхэуащ, дэтьейри щхьэпридзыжащ, адэкlэ мыжыжьэу къыщыт жыгыжь ныкъуэгъум иридзылlэжу. Ликосыр пабжьэм къыхэлъэтащ, машинэм къищщыпу хэт шофёрым и щхьэм кlэрахъуэ дакъэмкlэ еуэри, ари ныкъуэкъыпщу сабырыжащ, и щlэлъэныкъуэр машинэм къилэлу. «Машинэр къытелъэфын хуейщ!» – жиlэри Ликос офицерыр къриlэфу щlидзащ; абдежым, Васи зэрыхуэзэфlэкlкlэ къыдэlэпыкъуурэ, lуалъэфри зэгъуэкl ящlащ. Ликосым къигъэзэри гъуэгум телъа къурыкъу зэкlуэцlыпхар къуэкlий цlыкlум ит чыцэм хилъэфащ, зыри къыщlэмыщын хуэдэу. Гъуэгум гу зылъатэн лъэпкъ къытринакъым. Занщlэу мотор макъ къыlуащ, мыуу-мытlу. Пшапэри зэхэуэу хуежьащ. Грузовикхэм салэтхэр изу къэсри блэжащ.

– Вася, жэрыгъэкlэ шым деж жэи щыт. Сэ иджыпсту... – машинэ зэхэкъутам и бжэхэр къыlуитхъри, хьэдэхэр – ахэр щы хъурт – кърилъэфащ. Портфелышхуэм дилъхьащ нэмыцэ жыпхэм къриха тхылъхэр. Итlанэ щlэпхъуэри шыр здэщытымкlэ жащ.

Тlури – балигъыми сабийми – зыри жамыlэу щытщ, зэщlодэlукlри. Кlыфl дыли хъуащ.

– Накlуэ, иджы, Вася, автомобилыр пэхъыфlу къэтщынщ. Хэт ищlэрэ, абы дыыхуеин зыгуэр къинагъэнкlи хъунщ. lэщхэри здэхьын хуейкъэ.

Иджыри зы сумкэ ин багажникым кърахащ, автомату зы, кlэрахъуитl, пэхэр куэду щlыгъужу. Ахэр псори къахьри, Ликос зэпедзэкlыу – портфелышхуэмрэ сумкэмрэ зэпхауэ – шыплlэм дилъхьэжащ.

– Иlэ иджы, Вася, ипэ, – жиlэри Ликос щlалэ цlыкlур къиlэтри шым тригъэтlысхьащ, – «Къэлътмакъ» зэпедзэкlым тlэкlу хуэсакъ, адэкlэ-мыдэкlэ иумыгъэутэкl.

– Уэр-щэ, дядя Серёжэ?

– Псори шы цlыкlум щытетлъхьакlэ, сэ лъэсу сыкlуэми хъунущ. Неуэ иджы.

Лъагъуэм тетурэ макlуэ, жэщым мэзым пхыкlыгъуейщ, ауэ гъуэгум утехьэмэ, шынагъуэщ. Жэщыбгращ ахэр мэзым хэкlыу тафэм щытехьэжар. Пшэкlэху къэщlу, пщlантlэм дыхьэжахэщ.

* * *

Уэсыр мыlув дыдэ щхьэкlэ, щlы щхьэфэр щlигъанэу къесащ, абы пуфэбгъуащ пэм къигубыдыр, жыгхэри къыдэкlуэу. Жыг пlащэхэм я лъабжьэхэм, зимыlухауэ, щlыунэхэр щlэтщ, хьэку уэнжакъ къызэрыгъэжыжан яхэтщ, ялъэныкъуэхэм lугъуэ тlэкlу, пэщlауэ уафэм дэкlуейуэ, кърехуэ. Адэкlэ нэхъ жыжьэу уплъэмэ, шыгу зыхыбл къыщытщ, зытlущым шы епхащ, абыхэм я пщхьэм мэкъу илъщ. «Щыху зежэуи зекlуэуи плъагъуркъым», – жеlэ Ликос. Абдежым ар ираджэри щlыунэ lэхуитлъэхуитым щlыхьащ. Жьантlэмкlэ стlол къыдэтщ, пхъэшхуэ зэгуэгъэкlахэм къыхэщlыкlауэ. «А стlолыр зыщlам щхьэкlэ фызым «lэщlагъэлl и псэ» жиlэнтэкъым», игукlэ ауан ищlащ Ликос а пхъащlэр. Абы тlысыпlэ къыбгъэдэтыжщ, щlыхуищ техуэн хуэдэу. Ижьырабгъу лъэныкъуэмкlэ абы ещхьыркъабзэ стlол къыщытыжщ, а стlолым бгъэдэт тетlысхьэпlэр нэхъ кlыхьщ. Щlыхьэпlэм и ижьырабгъу лъэныкъуэм гъущl пэщхьэку щlыкlу дэтщ, уэнжакъыр мащlэу хуэбгъуижу игъэжарэ щlыбым щlэкlыу. Хьэкум пхъэ тыкъыр зыбжанэ бгъэдэлъщ. Абы илъ пхъэр мэпlэжкl. Щlыунэр хуабэщ.

Жьантlэм дэт стlолым бгъэдэс лlыр къытэджри щlыхьам сэлам къреx.

Апхуэдэм деж партизан отрядхэм щlэуэ къэкlуа щlыхум къыхэрецщl хабзэу къыпкърыупщlыхьащ отрядым и комиссарыр.

– Дэ пэхэтхащ адрыщl мэзым щыщхьэпребгъэдэ машинэм и хъыбари, – жеlэ комиссарым, Ликос и портфелым къыдихыу стlолым къытрилъхьа тхылъхэм хэплъэн щlидзэурэ. Адрей стlолым телъщ зы автоматрэ кlэрахъуэу щырэ, ахэр езым къыдихыахэр арщ.

– Ар фэ дауэ къэфщlэнкlэ хъуа?

– Зи фlыгъэкlэ мыбы укъэдыгъэкlуам къигъэхьащ хъыбар. Уэ, ныбжьэгъу Ликос, нэмыщэбзэ пщlэрэ?

– Вэнпыжьым гу хэлъэда хуэдэщ сызэрыпсалъэр, ауэ тэрмэншыпсэу сагурыlуэнущ.

– Ари lейкъым. Сэ зыри хэзщlыкlыркъым. Мыдэ иджыпсту разведкэм и начальникыр къедджэнкъэ тэрмэшыр щlыгъуу, – жиlэри и стlолым тет телефоным тель трубкэр къищтащ.

– Ликос, уэ партым, комсомолым ухэта?

– Комсомолым сыхэтащ, партым сыхыхьэху.

– Атlэ...

– Мис си парт билетыр. Ауэ, зэрыгурыlуэгъуэщи, парт билет концлагерым щыпlыгъ хъунутэкъыми мы тхылъымпlэ тхьэмпищыр си джанэ дыпlэм фэм кlуэщlылъу дэдауэ къесхьэкlащ, – хуешийри прет парт билетым дэт хабзэ напэкlуэщlитlыр, унэщlэ, номер сытхэр зэрытыр.

– Ар дэгъуэщ, ныбжьэгъу Ликос! – мыбдежым комиссарым и псалъэкlи и нэгуи нэгъуэщl къэхъуащ, Ликос гу лъитэу.

Щlыунэм къыщlыхьащ къраджахэр. Тхылъхэм хэплъа тэрмэшым жеlэ:

– Ныбжьэгъу комиссар, мы офицеритӏыр армейскэ штабым и лэжьакӏуэщ. Приказхэм итхэр зэдэкӏын хуейщ, модэ щӏыунэм кӏуэжауэ.

– Хъунщ. Зы сыхьэт дэкӏмэ урыс текстыр къахь, – унафэ ещӏ комиссарым.

«Нэмыщӏбзэм хуэщэрыуэ дыдэ хуэдэкъым», – жеӏэ Ликос.

– Мы щӏалэм ищӏахэр дигъуэщ, ауэ самодеятельностыр ар мыхъуи Iуэхуш, – жеӏэ разведкэм и начальникым.

– Сыт абы къыбгъэкӏыр? – йоупщӏ абы комиссарыр.

– Щыху къэс гъуэгум теуэрэ апхуэдэу ищӏмэ...

– Савельев, зы цӏыхум къыхуэзэу нэмыцищ зэрыс машинэ зэхикъутэфамэ, зауэр иухакӏэт. Етӏуанэрауэ, самодеятельностым талант лъэщ къыщыхэкӏ къохъу...

– Ар пэжщ, ауэ абы и ужькӏэ Черневкэ нэмыцхэм дащӏыхьар уощӏэ.

– Ей, щӏалэ, абы щыгъуэ зыдмыгъэхъейуэ мэзым дыхэсын хуейуэ арап.

Комиссарым игу ирихьащ мыбдежым Ликос зы псалъи зэрыщымыжимыӏар. «Шыӏэпагъэ зиӏэ цӏыхуу къыщӏэкӏынщ», – жеӏэ игукӏэ, абы еплъурэ.

– Уэ ущӏалэщ, гуащӏэмащӏэми сымаджэми ухуэдэкъым, – мащӏэу къыпогуфӏыкӏ комиссарыр. – А сапёрнэ батальоныр лӏы тӏорысэ защӏэу щытауэ жыбоӏэ. Уэ щхьэ уахэхуэнкӏэ хъуа абыхэм? Щӏэныгъэ нэхъыщхьи уиӏэщ.

– Ныбжьэгъу комиссар, уэ плъэгъуакъэ зауэр къыщыщӏидза щпэ махуэм военкоматхэм я лэжьыгъэр зыхуэдар?

– Зэрыслъэгъуа щыӏэкъым.

– Атӏэ, аращ а уи упщӏэр къызыхэкӏар. Ауэ си Iуэхур зэрыхъуар мыращ. Училищэм машинлӏкӏэ ущеджэну удгъэкӏуэнщ щыжаӏэм, ихуэдакъым: сыт училищэ иджы? Си къуэш пэджэ а сыадэигъэкӏуэну жыхуэфӏэми – куэдыщэщ. «Хэигъэхьэ модэ лӏыжьхэм, сапёрнэ полкым ипэ эшелоным!» – къалыбащ военкомыр. Апхуэдэ щӏыкӏэкӏэ сакъыхэхуа хъуат. Эшелонри епӏэщӏэкӏыу къахури, цӏыху Iэщэншэхэр нэмыцэм пэщӏэхуащ...

– Мы зауэ бзаджэм куэд къыщыхъуащ икӏи къыщохъу, иджыри куэд ди пэгу щӏэкӏынщ, ауэ а фи эшелоным къыщыщӏар телъыджэ дыдэщ, – егъэщӏагъуэ комиссарым. – Iэщэ зыӏыгъ хъумакӏуэ исакъэ?

– Пулемётитӏ итащ: зыр япэ вагоным и щхьэм тетащ, адрейр, сызэригугъэмкӏэ, и кӏэм пыщӏа вагоным тетащ. Змеёвкэ станцым дыкъыкӏэрытелъадэу, эшелоным и начальникыра, зыгуэр пулемётым – зэрыхъуа дыдэр слъэгъуакъым – къыбгъэдэхутэри станцым уэру тет нэмыцхэм очередь кӏыхь зыщыплӏ яхиутӏыпщхьащ, зыкъом укӏыгъи уӏэгъи хъуащ; нэмыцхэм эшелоныр къаувыхьри ди цӏыхухэр вагонхэм къралъэфу щӏадзащ, зыкъомри яукӏащ, адэкӏэ зэрыжесӏам хуэдэу къекӏуэкӏащ ди Iуэхур, ныбжьэгъу комиссар.

– Нтӏэ, зыгъэпсэху, узыхэдгъэхьэну гупри нужькӏэ бжетӏэнщ. Къыпхуэдгъуэтынщ лэжьыгъэ, Ликос, – жеӏэри комиссарым зыгуэр къреджэ. – Мы щӏалэр ещанэ ротэм фшэ дэкӏэ. Шхэнщ, зигъэпсэхунщ.

– Хъунти сэ зэрызызгъэпсэхуэр, ныбжьэгъу комиссар.

– Умыгузавэ, Iуэхушхуэ ущыдгъэсынкъым.

*УсакIуэ, публицист Джэрыджэ Арсен илъэс 70 ирокъу*





# ГУГЪУ СЕЗЫГЪЭХЬЫР СИ ГУМЫЗАГЪАГЪЭРЩ

*Джэрыджэ Арсен Хьмахьу и къуэр Советскэ (иджы Шэрэдж) районым щыщ Жамтхьалэ къуажэм 1947 гъэм сентябрым и 26-м къыщалъхуащ. Ебгъуанэ классыр къыщиуха нэужь, ар щылэжьащ колхозми, Налшык щекIуэкI ухуэныгъэхэми. Зэрылэжьэм хуэдэурэ курыт школыр къиухри, 1965 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щIэтIысхьащ. Университет иужьым дзэм къулыкъу щищIащ, район газетым, «Адыгэ псалъэ» газетым, радиом, телевиденэм, «Кабардино-Балкарская неделя» газетым, «Iуащхьэмахуэ» журналым, КультурэмкIэ министерствэм щылэжьащ, мы зэманым «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм и адыгэбзэ редакцэм и унафэщIщ.*

*Джэрыджэ Арсен Урысейм и ТхакIуэхэм я союзми Урысейм и Журналистхэм я союзми хэтщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым культурэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэщ.*

*Иджыблагъэ, редакцэм и лъэIукIэ, Джэрыджэм упщIэ зыбжанэкIэ захуигъэзащ журналист Шырдий Маринэ.*

**– Арсен, сыпохъуэхъу илъэс 70 ужэрыхъуамкIэ. Урысейм и цIыхухэр иджы нэхъыбэрэ псэу хъуауэ жаIэри дагъэгуфIэ. ПэжыикIэ хъунщ, ауэ Арсылан и хьэблэ сэ сыкъыщыхъуар къапщтэмэ, зы лIыжьи, зы фызыжьи дэскъым илъэс 80-м нэсауэ, гъащIэфI къигъэщIащ хужыпIэну. Уэ укъыщыхъуа хьэблэм дэсхэр нэхъ гъащIэ кIыхьу тхьэм къыщIигъакI. Уэри абыхэм уахэрыхиубыдэнум шэч къытесхьэркъым, нобэми къэрал лэжьапIэри, унагъуэ Iуэхухэри, тхэнри щыпэдэпхъыфкIэ. Хьэмэрэ «дунейм укъыщыгуэщэти» къэхъурэ, унгурэ уи щхьэрэ лэбгъэжу?**

– Дауэ иджы абы жэуап хэрептынур? Си ныбжьым и гугъу пщIымэ, илъэс бжыгъэкIэ къапщтэмэ, илъэс 70-р, дауи, мащIэкъым. Адыгэхэр куэдрэ псэууэ щытауэ жаIэ щхьэкIэ, абы щыхьэт техъуэ щапхъэхэр гъуэтыгъуейщ. Зауэ мыухыжхэмрэ цIыхухэр лъэрыщIыкI зыщIу щыта узыжьхэмрэ яIэщIэкIыу зи ныбжь хэкIуэтэху псэухэр закъуэтIакъуэт. Ди сабиигъуэм и зэманыр къапщтэмэ, илъэс 50-м, 60-м нэсахэр къызэрытщыхъур жьы дыдэ хъуауэтэкъэ. Сытми фэ къатригъэуэнт гъащIэ мыфэмыцым и щхьэлым къыщIидзыжа ди нэхъыжьхэм? А псор къэплъытэмэ, нэхъыбэрэ дыпсэу хъуауэ жаIэ жыхуэпIэр пэжыикIэ мэхъу. Ауэ сэ си ныбжьхэм я илъэс бжыгъэм и гугъу щыпщIкIэ, къэлъытэн хуейуэ къысфIощI абы къызэщIиубыдэн хуеямрэ къызэщIиубыдамрэ, псом хуэмыдэу дэ тхуэдэхэм щехьэлIам деж. «Дунейм укъыщыгуэщэт» къэхъурэ жыхуэпIэ уи упщIэр абыкIэ бгъэхэмэ, и жэуапыр умыгъэщIэщIми хъунущ. Илъэс 70 гъащIэм къызэщIикъуэн хуеямрэ ар къызэрыбгъэсэбэпыфамрэ ущегупсыскIэ, унгурэ уи щхьэрэ щызэбгъэжыр мащIэкъым. Зэманым и кIапсэ зэпыфыщIыкIар пхузэпымыщIэжу, зэпыпщIэж хуэдэу щыхъуми, кIэщI хъуарэ здынэсын хуеям пхунэмыгъэсыжу гугъу урегъэхь. Ар хэхауэ зи лэжьэр уэрарэ, зи Iэужьыр узыхэпсэукI гъащIэр, зэхэтыкIэрарэ зэрызэхэбгъэкIынур дауэ? Дауи, сыт щыгъуи тебгъакIуэр лэжьэр зейр уэрмырауэ къыщIебгъэдзынырщ. Ауэ гупкIэм укъыщыпыщэтым деж, лэжьэр зейр хэтми, абы мыхьэнэ иIэжкъым.

**– Си упщIэм хэплъэгъуэ гуэрхэм ухипа къысфIощI. Абы дыкъыхэгъэкIыжи, унгу къэгъэкIыжыт гъащIэм ущыэрихьэлIахэм ящыщу гукъинэж пщыхьуа гуэрхэр, ар фIыуи Iейуи щрырети.**

– Мыпхуэдэ упщIэ зрат хабзэр псоми гъэщIэгъуэн ящыхъун гуэрхэр къызыIуэтэжыфын цIыхушхуэхэрщ. Сэ схуэдэхэм я гукъэкIыжхэр еныхэм якуэфощэжын гуэрщ. Дауи, илъэс 70 къыщыбгъащIэкIэ, махуэ къэс, зэрыжаIэу, гъащIэм и курыкупсэм ущыхэткIэ, ухуей-ухуэмейми, гукъинэж гуэрхэми уIуощIэ. Сэри апхуэдэхэр си мащIэкъым, уеблэмэ тхылъ зыбжанэ тептхыхь хъунущ. Хэт ищIэрэ, абыхэми я чэзу къэсынкIэ хъунщ. Ауэ иджыпсту, мобы сыхуэкат, мыбы сригъусат жысIэу, цIыху цIэрыIуэ гуэрхэм я цIэр къыпхуезбжэкIкIэ гъэщIэгъуэнагъ хэлъу къэлъытэркъым. Iэмал имыIэу зыгуэр сигу къэгъэкIыжын хуеймэ, ди тхылъеджэхэм нэхъ ящIэгъуэгъуу къысфIэщI гуэрхэм сыкъытеувыIэнщ.

Сэ радиомрэ телевиденэмрэ илъэс 13–14 хуэдизкIэ сыщылэжьащ, абы щыщу илъэс зытхухым – Центральнэ телевиденэм сыщыщIауэ. Профком, партком жыхуэтIэжхэр редакторхэм ящыщу хах хабзэт а зэмаными, сэри а IэнатIэхэр къыслъысын хуей хъуащ. Парткомыныр къыщыстехуам зэманыр зэрыхьэрийм и лъэхъэнэрати, махуэ къэс

жыхуаІэм хуэдэу псалъэмакъ мыхъумыщІэ Іэджэ къыкъуэкІырт. Зыгуэр лэжьапІэм къемыкІуалІами, зыгуэр ефами, зыгуэр и фызым щыхьами, зэлэжьэгъуитІ зэфІэнами – псори зи лажьэр парткомырат. Ди лэжьыгъэ пэхъыщхьэр зэфІэдгъэкІыну зэманыр дримыкъужу, жэщкІи унэм дыщылажьэрт. А псом ищІыІужкІэ, а зэманым КъБР-м и телерадиокомитетым и унафэщІу щыта Дыду Владимир хаутэну пужь къихьати, абы дригъэтІысэхыххэртэкъым. Зы тхьэмахуэ къэмынэу зэм райкомым, зэми горкомым, зэм обкомым драджэрти, дыщІамыгъэкъуаншэ къэмынэу дыкъракъухырт. Сэ Іуэхум хэсщІыкІыпхуэ щымыІэми, Дыдум фІыуэ ищІэрт жыхыр къыщепщэр дэнэкІэми. Щхьэл мыкІэ иутІыпщар зыгъэкІэрахъуэр унэщхуэм щІэс къулыкъущІэшхуэхэм ящыщ зыт, езым ІейкІи фІыкІи зыкъыхимыгъэщу. Зыкъыхигъэщыпами, Мэлбахъуэр лэжьэжыртэкъым а зэманми, пэрыуэни щыІэтэкъым, щІалэфІу къэнэжыну хуейуэ аркъудейт. Арати, абы щыгъуэ псори икъ зыгъэсысу щыІэр парт комиссэрати, ар къраутІыпщауэ, дэнагъуэ гъуанэ дихьа къамыгъанэу къатІэщІырт. Къыдагъуэри, мыдыхьэгъыу щытамэ, дыхьэшхэнт. А псор къемыгъэкІуэкІыжу, зэман кІыхь зытекІуэда хъыбар кІыхьыр дэзгъэхуници, горкомым къищта унафэр къэсхьынщ: «Дыду В. З., и учетнэ карточкэм ират хэу, выговор етын, хуит укъэзыщІ документ ямыІэу и благъэхэм Нартан дащІыхьа унэр щащІым зэрадэІэпыкъуам папщІэ». Сэри выговор къызэрыгуэкІкІэ «къысхуэупсат» «комитетым и председателым зэхищІыхьхэм парткомым и секретарыр зэрытепльэкъуэкІам къыхэкІыу». «Арэзы утехъуэрэ тезыр къыптралъхьам?» – зэкъыхуигъэзащ Дыдум зэІущІэр езыгъэкІуэкІым. «Сытехъуэркъым, дауи, – къэтэджащ Дыдур. – Япэрауэ, Нартан зыгуэрым дищІыхьа унэм, щыІэми щымыІэми зыри зыхимыщІыкІым папщІэ, ди парт бюром и секретарым жэуап щІихьын хуейр къызэгурыигъэІуэфынумэ, къызгурыигъаІуэ. ЕтІуанэрауэ, а сэ сыщІэвгъэкъуэншэну зэужь фихьа унэр зыщІар сэ си благъэхэракъым, си щхьэгъусэм и благъэхэращ. Парт документым щІы иптхэ хъунукъым».

Залыр зэрызехьэ хъуащ, зыгуэрхэри къыхэкІикІащ: «Ло уи щхьэгъусэр уи хамэу ара, ар уи благъэм яхыщкъэ?» Щхьэри лъакъуэри зыІэщІэлъыр къалэ парт комитетым и япэ секретарь Шипкаренти, ар къыпыгуфІыкІыурэ къызэфІэувыащ: «Ныбжьэгъу Дыдум жиІар сэри дызоІыгъ. Зи щхьэгъусэр зи благъэу къэзылъытэхэм фи Іэр къэфІэтыт». Зыми къиІэтакъым, тезыр къыттралъхьахэри пэхъ щабэкІэ тхуэзэрахъуэкІыжри дыкъыщІагъэкІыжащ. Іуэхур апхуэдэу зэриухамкІэ ихуэмыбэмыщІу мыхъэзыр ди лэжьапІэм икІа «ищІэ зыхуащІ ветераницырт». ГъэщІэгъуэныраты, Дыдум абыхэм хуэдиз зыхуищІэ комитет псом щылэжьэртэкъым. Уеблэмэ ящыщ зыр унагъуэкІэ зэкІэлъыкІуэу и ныбжьэгъут. Ауэ дэнэ драмыгъэблэгъами, а щыр зэщІыгъуу накІуэрти, Дыдум кІэрамылъхьэ къамыгъанэу хуэпсалъэрт, илъэс Іэджэ щІауэ къебийуэ къыпфІэщІыну.

Дыдум и гур щахуимыудым, ар иригъэблэгъащ Мэлбахъуэм и пІэкІэ къагъэкІуа Елисеевым. ЛэжьапІэм зэрыІуигъэкІыр къыжриІэну арат, къызэрыщІэкІамкІэ. АрщхьэкІэ, куэдрэ зэпсэлъа нэужь, и псэлъэгъур къызэрыгуэкІ гуэру зэрыщымытыр къыгурыІуагъэнт, пэгъуэщІ лэжьапІэ къритри къиутІыпщыжащ.

А зэманым хабзэ хъуауэ къекIуэкIырт къулыкъу зыIыгъхэр IукI хъумэ, абыхэм я пIэм нукIэнухэр ягъэхьэзыру. Апхуэдэхэм «резерв» фIащауэ папкэ зырыз хузэрагъэпэщырт, и документхэм Iэ тедзауэ, печать тегъэуэжауэ дэпъуи сейфым щахъумэрт! Сэри сиIэт апхуэдэ папкэ, парт секретару сыхаха нэужь схузэрагъэпэщауэ. Арати, Елисеевым деж къикIыжа нэужь Дыдум среджэри, тхылъымпIэ зыкъом стIолым къысхутрелъхьэ, мыхэр сэбэп къыпхуэхъужынущ жиIэурэ. Сэ зыри жызмыIэу сыщысщ, Iуэхур зытетыр сщIэркъыми. Абы хэту телефоныр къэуэ. Гостелерадиом хъыбар яIэрыхьэ къыщIэкIынти, къыщIоупщIэ: Сыт? Дауэ? Дапщэщ? – жаIэри. Хуэбжьу зэпIэзэрыту жэуап иретыж. Уи пIэкIэ лэжьэнур? – щыжаIэм, мис ари си папкъым исщ жеIэри си дежкIэ къоплъэ, – и документхэр фи деж щыIэщ, резервым хэту. Абдеж ирихьэлIэу бжэр къыIуехри, кабинетым пакIуэпакIуэу къыщIохьэ ди лэжьэгъухэм яшыщ. Псалъэмакъыр зэрызэхихыу, мафIэм хуэдэу къызэщIонэри щIегъэжыкIыж. СызэрыщIэкIыжу, кIэлыидорым къыщыспожьэри, зэхихар и гуапэ зэрымыхъуар хуэмыбзыщIу къызжеIэ: «Урысхэм пэд бгынижам шейтIан ущыхуэкIэныр бетэмалщ жыхуаIэр, къызэрыщIэкIымкIэ, пэжи. ЩIэху цIыкIуурэ уцафэщI укъыткIэщIэхъукIыу ара?» «Абы утемыгузэвыхь, сэ председатель сыхъуну сыхэткъым, сыхэтынэми, сагъэувынукъым» – жысIэу и гур фIы хуэзщIыну сыхэта щхьэкIэ, днэ къыщызэдэIуэнт. IукIыжри ежьэжащ. Ауэ Iуэхур абдеж щиухакъым. IуплъэфIэгъу гуэрхэр (ахэри си ныбжьэгъуу къэслъытэхэм яшыщу) Унэшхуэм къыщигъуэтщ, псынщIэ дыдэу тхыгъэ ягъэхьэзырщ парт организацэм и лэжьыгъэр «зэракIуэщIрызгъэхуам», абы къыхэкIыу выговор къысхарылатам (къызатыну хэтауэ арат, арщхьэкIэ къызататэкъым, къэзмылэжьауэ къалъытэри) теухуауи, «пщIэ зыхуащI ветеранхэм» яшыщ зым и Iэ щIэлъу пIэщIэгъуэкIэ газетым къытрырагъадзащ. Шэч хэмылъу, сызэгуигъэпат апхуэдэ напэншагъэм, арщхьэкIэ си щхьэм изгъэхьэщакъым – фIы дыдэу сщIэжырт ахэр щIэгужьея къулыкъум сэ гъуэгъуэуи сызэрыбгъэдамыгъэхьэнур, си тельхьэу щыIэр сагъэувми хъуну зэрыщыт къудейрт. Апхуэдэ тегъэщIапIэкIэ къулыкъу зэрамыгуэшыр къыбгурыIуэн папщIэ акъылышхуэ ухуейтэкъым. Арати, сызэрыщытауэ сыкъэнэжри, си пIэ ситIысхьэжащ. Си ныбжьэгъу си гугъэжу щытахэми зы псалъэкIи закъезгъэщIакъым. Сыти и мыхьэнэт, афIэкIа напэрэ цIыхугъэрэ зимыIэхэм зыгуэр яжепIэкIи.

Дауи, си закъуэкъым апхуэдэ ирихьэлIар. Мыр сигу къыщIэзгъэкIыжари си щхьэ къызэрырикIуа къудейркъым. Мылъкумрэ къулыкъумрэ Iуэхур нэса нэужь, къыпэмыуэу ухэмыутэну хьэзырхэр къызэрытхэтыр зэрыгуцIыхьэрщ. Абы щыгъуэми пщIэшхуэ зыхуэщIын хуейхэм яшыщу закъылтэжу, зыкъалъытэж къудейм къыщымынэу, апхуэдэ пщIэм нэхъуеиншэу щIэнымкъуэкIуэхэу. КIыхьыIуэ зэгъэщIагъэнщ уи ущIэм и жэуапым, ауэ укъызэупщIати, ипэу си щхьэм къихьэжар арапщ, хэбдзыжынуми ухуитщ.

**– Мы узытепсэлъыхьахэр зэхьэлIар етIощIанэ лIэщIыгъуэрщ. Дауэ фыкъэхущыт иджырей лIэщIыгъуэмрэ уэрэ? Сыт абы хуумыдэр, сыт хуэбгъэдахэр, сыт уигъэдэр?**

– Зы псалъэу жыпIэмэ, псори сегъадэ. Умыди еплъ! ЛIэщIыгъуэм зыгуэркIэ уцэувыну ухуежьэнри, къуршым джадыкIэкIэ уеуэнри

зэщхьэщ. Ауэ сэри зыгуэр жысIэнщ жыпIэу, абы тещIыхьауэ упсалъэмэ, сэ къызэрызгъэщIахуэмкIэ, нужьрей лIэщIыгъуитIыр зэрызэщхьэщыкIынхуэ щыIэкъым. ГъащIэм исыныщIэ дыдэу зэхъуэкIыныгъэхэр къыщыщыхъу лъэхъэнэм дыщысащи, е абы къытригъэзэжакъуэ ара, – ситми цIыху цIыкIум емызэпыжу зыгуэрхэр къигупсыс, къиулъэпхъэщ, цIыхум я псэукIэр, я зэхэтыкIэр емыгъэфIакIуэу хэтхэм нэхъри ди кIуэдыр къэвыгъэблагъэу хэтыр нэхъыбэу. ЦIыхум къикIуа гъуэгуанэм уриплъэжмэ, цIыху цIыкIур нэхъ Iущ, нэхъ губзыгъэ, нэхъ жыжьаплъэ хъууэ екIуэкIын хуейт, арщхьэкIэ къэхъур нэгъуэщIщ – цIыхум щхьэукъуауэ пкърылъ хьэкIэкхъуэкIагъэр кIуэ пэтми нэхъ къэущурэ макIуэ. Ди дежкIэ псом хуэмыдэжу ар щынэрылъагъуэщ ди къэралым къыщыхъу зэхъуэкIыныгъэхэм. Хэт зыманщIэр, зэманым и псэрхэр ягъэкIэрахъуэжу зэтекъутэжу къэхэдзэкIыжа псэукIэм дгъэзэжа нэужь, ди Iуэхур зыхуэкIуар. КъулыкъущIхуэ зыIыгъхэмрэ дыгъуэгъуакIуэхэмрэ напIэдэхьеигъуэм къэрал мылъкур зэрапхъуэжри, лэжьакIуэбэкIэ хэджэу щытар фэкъырэу къыщIидзакъэ! Ауэ ари къуегъэщтэж цIыхухэр хамэу-хамэщхьэ, гу щIыIэ, бий зэрызэхуэзхъуам. Ди къэралым деж къыщыпхина щыIэми, а псор и Iэужьщ дунейпсом щекIуэкI хьэзэрыпшхьыныхуэм. Дауэ тIэ ди лIэщIыгъуэм зэрыхуэбгъэгъуэнур, цIыхум и акъылымрэ и щIэныгъэмрэ здынэсар къигъэсэбэпу дунейжылэтым дыхуишиным и пIэкIэ, жыхьэнмэ тхуищхуэну нужь зэритыр? Хьэмэрэ лIэщIыгъуэр армырауэ пIэрэ ар зи лажьэр? ЦIыху акъылырагъэ а езы лIэщIыгъуэм и тепщэжыр? Удын зэхэдзэ нэхъри – акъыл зэхэдзэ жыхуаIа адыгэм жиIэр щIэжу къыщIэкIынут.

**– Уи лэжьыгъэмкIэ къэдгъэзэжынщи, сэ сызэрыщыгъуазэмкIэ, уэ радиоми телевиденэми лэжьыгъэшхуэ щыпщIащ. Куэдым фIыуэ ялъагъуат уэ бгъэхьэзыру щыта «Жьэгу пащхьэ», «Аркъэн», «Пшынальэ», «ГушыIэхэмрэ ауанхэмрэ», «Театрымрэ театрепльхэмрэ», «ЩIалэгъуэ» радиожурналхэри, нэгъуэщI нэтынхэри. Дауэ ухуэщэрэт а псом?**

– Ар иджы сэри согъэщIагъуэж. Тхьэмахуэм тхуэ эфирым сыкъихьэрт, махуэ къэс дакъикъэ 20–30 схуахыу. Лэжьэгъуэ махуэр схурикъуртэкъыми, жэщкIэри унэм сыщылажьэрт. ЖыпIэнур птхы къудейкIи Iуэхур щыэфIэкIыркъым радиом. Операторым, режиссёрым, артистхэм зэман кIыхькIэ уадэлэжьэн хуей хъурт. А псом нужькIэ, пщIэр хъуакъым жиIэу, редактор нэхъыщхьэм къыпхухьэфIидзэжыпри зыми щыщтэкъым. Ауэ ди щIалэгъуэти, псори ди фэм дэгъахуэрт. Уеблэмэ нэхъыщхьэр а тхыIэм ди гумрэ ди псэмрэ стауэ, абы цIыхухэр зэрыхуэпыкъуэр ди фIэщ хъужу дызэрылажьэр арауэ къыщIэкIынут.

Нэхъ гугъу сыщехьар телевиденэрщ. Сызытелажьэр Центральнэ телевиденэм къит хъыбарыщIэхэмрэ «Время» программэмрэти, ди республикэ цIыкIур абыхэм я дежкIэ зы щхьэщ налъэт, къыгъэлъагъуэми къэмыгъэлъагъуэми абы щхьэкIэ къуат щыIэтэкъым. Арати, сюжетыр тепхыным нэхъри ар къебгъэгъэлъагъуэжыным дэмэкъуэ нэхъыбэ тепкъутэрт. Ауэ дыкъэлащ абыи.

**– Радиомрэ телевиденэмрэ нэхъыбэу утыку къыщипхъэу щытар уэ езым птхахэрщ. Газетым, журналым нэхъыщхьэу щыбгъэкэнщIар редактор лэжьыгъэрщ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, ятхар къыптхьыкIыжын е**

**зэбгъэдэхуэжын хуей хъуащ. Псом хуэмыдэжу апхуэдэ лэжьыгъэр щынэхъ гугъуц идж ыпэту уздэщыӀэ тхылъ тедзапӀэм. Абы щыгъуэми уи гуащӀэр зыщӀыпӀи къыщыхэщыркъым. Къыхэщын дэнэ къэна, гукъанэ къыщыпхыр нэхъыбэщ. Ухущӏегъуэжыркъэ редактор лэжьыгъэм апхуэдиз илъэсрэ къарурэ зэрытебгъэкӀуэдам?**

– Пэж дыдэу, зыгуэрым итхар зэбгъэдэхуэжу, хъуа-мыхъуакӀэ зэхэбдзу ущысыныр зэрыӀуэху гугъу дыдэм нэмыщӀыжкӀи икӀи фэжагъуэхыщ. ТхакӀуэу, усакӀуэу зыкъэзыльытэжхэм я нэхъыбэм къащохъуж езым ятхам уеӀусэжи зэбгъэдэхуэжи мыхъуну, я тхыгъэр редакторым зэхифыщӀауэ, зэӀигъэхыауэ. Ауэ редактор зэджэн хуэмей тхыгъэхэр мащӀэ дыдэщ, апхуэдэ щыӀэххэмэ. Псом хуэмыдэжу адыгэ литературэм ехьэлӀауэ. А лэжьыгъэри зыгуэрым ищӀэн щыхуейкӀэ, редактори щыӀэн хуейщ. А лэжьыгъэр натӀэ зыхуэхъуахэм сэри сащыщщи, сыт сщӀэн, къысхужаӀи къызжаӀи си фэм дызогъахуэ. Пэжу, фӀыщӀэ къыпхуэщӀ зырызи къахокӀ авторхэм. А псор, пэжыр жыпӀэмэ, къысфӀэӀуэхужыщэуи щыткъым. Нэхъ гугъу сезыгъэхыр си гумызагъагъэрщ. ӀэхъуэгъуэтегъэкӀыу сылэжьэн слъэкӀыркъым. СщӀэ псори фӀыуэ сощӀэ жысӀэу аракъым, ауэ схуэфӀэкӀ къэзгъанэркъым зэи. Лэжьыгъэр къызэхъулӀауэ къэслъытэжмэ, ар зытхар хэтми, абы емылъытауэ гуапэгъэгъуэ гуэр согъуэт сыщыгуфӀыкӀыжу, тезгъэкӀуэда зэманыи сыхущӀегъуэжыркъым.

Редакторым и Ӏуэхур нэхъ гугъуж зыщӀхэм ящыщщ езы редакторхэми зыгуэр зэратхыр. Уэ езым птхы псор щымымыкъусапыгъэнщэкӀэ, адрейхэм ейм дагъуэ хуэпщӀыну къемызэгъыщэ хуэдэуи щытщ. Ауэ редакторхэми къагуроӀуэж езыхэри редактор зэрыхуейжыр.

**– Сэ зэрысщӀэмкӀэ, мы зэманым тхылъ тедзапӀэм и лэжьыгъэр нэхъ зытеухуар школым зэрыщедджэ учебникхэр къыдэгъэкӀыныращ. Уэ радиом ущыщыӀап, газетым ущыщылэжьап учебникхэм гумызагъэу уахуцщыту укъокӀуэкӀ. ФӀы и лъэныкъуэкӀэ сыт фхуэхъумхъа адыгэ сабийхэр зэреджэну тхылъхэм?**

– Жэуап зэмытыгъуафӀэ упщӀэщ а къызэптар, зи лъабжьэри куууэ хэкӀэжа гуныкъуэгъуэщ. Япэрауэ, къэтщтэнщ ди учебникхэр зэхалъхьэн щыщӀадза зэманри, абы щыгъуэм дэ диӀэтэкъым а ӀуэхумкӀэ дызыдэщылъэнин, учебник зэхалъхьэным хуэӀэкӀуэлъакӀуэ щӀэныгъэлӀи. Арати, а диӀэхэр еуалӀэри, урыс учебникхэм я зэхэлъыкӀэм иригъуазэурэ, зэрахуэфӀэкӀкӀэ зыгуэрхэр зэхалъхьащ. А зэманым ари ехъулӀэныгъэщхуэт. ИужькӀэ учебникхэр зытхынрэ абыхэм иратхэнрэ щыгъэхьэзырын хуейри, ар яхуэфӀэкӀакъым – е емылӀэлӀарэ, е нэмылъэщарэ? Сытми, мащӀэу хэлэжьыхьыжым къыдагъэкӀыжурэ екӀуэкӀащ. Иужь илъэсхэрт учебникхэр щӀэуэ зэхэлъхьэжынымкӀэ хэкӀыпӀэ нэхъ щыщыӀэ хъуари, учебник тэмэм зэхэлъхьэфын ӀэщӀагъэлӀхэр гъэхьэзырыныр къафӀэмыӀуэхухауэ къыщӀэкӀащ. Учебник Ӏуэху къызэраӀэту, «зэпеуэ къызэдгъэпэщынщ, едгъэтхынщ» жаӀэ ар зи пщэ далъхэм. Тхьэм ещӀэ абы зыри къызэримыкӀынур ямыщӀэми, ямыщӀафэ зытрагъауэу арами. Дапхуэдэуи ирехъуи, ар зэщхьыр пы къэбгъэжэн уимыӀэу шыгъажэ къызэбгъэпэщыну ухэтыныращ. Ауэ учебникхэр егъэфӀэкӀуэным теухуауэ тхылъ тедзапӀэм лэжьыгъэ щемыкӀуэкӀыуи пхужыӀэнукъым, ар и пщэ къыдэмыхуэ пэтми. Лъэпкъ Ӏуэху щы-

хъуам деж, ар сэракъым зи къалэнир, жыпIэу утIысыж хъунукъым, абы къыхэкIыуи, тхылъ тедзапIэр и пщэ къыдэмыхуэ зыкъомым пэрыуэн хуей мэхъу. АрщхьэкIэ, ди деж щылажьэхэр методисткъым, учебник зэхэлъхьэнымкIи IэщIагъэлIкъым, хьэзыр ящIахэм хэплъэж редактор къудейуэ аращ. Сыт хуэдэ щытыкIэ атIэ яIэр а хьэзыр ящIауэ къалъытэжхэм? Абы и жэуапыр дэдгъэхунщ, ауэ къыумыгъэлъагъуэу ублэкI хъуну къыщIэкIынкъым адыгэбзэмрэ адыгэ литературэмрэ зэраджынум и программэр и кIэм нэсу нобэми убзыхуа зэрымыхъуам. ЕгъэджэныгъэмрэщIэныгъэмкIэ министерствэм 2010 гъэм къыщтауэ щыта программэм, 5-нэ – 11-нэ классхэм папщIэ зэхалъхьам, «Проект» жиIэу тетщ. А ныкъуэсаныгъэхэм уакъыщхьэпрыIэбыкIрэ, сабийхэм я пащхьэ итлъхьэ учебникхэм щхьэтечауэ утепсэлъыхьмэ, куэдым къыхэралъытэмкIэ, ахэр нужь илъэсхэм хэпщIыкIыу ефIэкIуащ. Иджы абыхэм я гъусэщ тхылъхэм зэрелэжьын тетрадхэри. Адыгэбзэ зымыщIэхэр е абы хуэмыпэрыуэхэр зэреджэну учебникхэри щхьэхуэщ. А псом тхылъ тедзапIэм къарурэ зэману тригъэкIуэдар мащIэкъым. Дауи, жыпIэ хъунукъым уи гур хуэхэгъэн хуэдэу, учебникхэр и кIэм нэгъэса хъуауэ. АрщхьэкIэ ахэр зэрыпхуегъэфIэкIуэжыныпхуэ щыIэкъым, щIэуэ зэхалъхьэн хуейуэ аращ. Сэ си щхьэкIэ сыщогугъ апхуэди зэгуэр къэхъуну. НобэкIэ ар къыдэхъулIэну Iуэхум хэзыщIыкI гуэрми пхужиIэнукъым.

**– Арсен, сэ къызэрысщыхъумкIэ, уэ птхар мащIэ дыдэщ. НэгъуэщIхэм ятхар зэгъэзэхуэжыным тебухуауэ къысфIощI уи зэманыр. Уи Iэдакъэ къыщIэкIахэм, псом хуэмыдэу сабий усэхэм, укъеджа нэужь, уи жагъуэ мыхъуу къанэркъым птхар зэрымащIэр. Уэрэд дахэ щIыкIуэхэри къыхащIыкIыу щытащ уи сабий усэхэм. ИтIанэ, сабийхэм папщIэ урысыбзэкIэ къыдэкI тхылъхэр щыплъагъукIэ, абыхэм ещхь дэри щыдиIэнур дапщэщу пIэрэ жыпIэу, уохъуапсэ. Уэ сыт жыпIэн абыхэм теухуауэ?**

– ИужьрейкIэ къыщыщIэздэнщи, сехъуапсэ къудейм къыщымынэу, куэд щIауэ согупсыс хэкIыпIэ хъуным. КъыдагъэкIхэм сабийр драгъэхьэхын папщIэ, иджы тхылъ тедзапIэхэм Iэмалу къамыгупсыс щыIэкъым. «Элбрус»-р къэрал тхылъ тедзапIэщи, и къарур къызыпекIуэкIыр тхылъ къызэрыгуэкI щIыкIуэхэрщ, ахэри мащIэ дыдэу. Арапщи, ди бзэкIэ къыдэкI тхылъ фагъуэ щIыкIуэхэм нэхърэ сабийхэм нэхъ къащтэ гъэщIэрэщIауэ, къонсалъэу, уэрэд къыбжаIэу, къыбдэгушыIэу нэгъуэщIыбзэкIэ къыдэкI тхылъ щIыкIуэхэр. Ари ящыщщ ди сабийхэм я анэдэлъхубзэр къыдамыгуэхэм. АрщхьэкIэ, сыт ди Iэмал, ахъшэ зиIэхэр абы зыкIи пхутегузэвыхьынукъым. Пэжщ, мы IуэхумкIэ япэ лъэбакъуэу къэплъытэ хъуну, илъэсищ хуэдиз ипэкIэ Мэзкуу си зы тхылъ щIыкIу къыщыдэкIащ картон IувкIэ тедзауэ. КъыдэзыгъэкIари хэт жыпIэмэ, и сабийхэм я адыгэбзэм тегузэвыхь, мылъку егъэлея гуэри зыбгъэдэмылъ мэкъуудэ щIыхубзщ. Урысхэ ейуэ, Апхуэдэ гууэ-лыуз зиIэхэр нэхъыбэIуэу къытхэтамэ, къыдэдгъэкIыни, а къыдэдгъэкIхэм едгъэджэни дгъуэтынут.

Уи упщIэм и япэ Iыхьэм и гугъу пщIымэ, стхахэр хъуа-мыхъуам сэ сытепсэлъыхьыжыфыну къыщIэкIынкъым, ауэ стхыр щIэмащIэм, пэч хэмылъу, а жыхуэпIа щхьэусыгъуэри, нэгъуэщI гуэрхэри хэлъщ. Сыти

и мыхьэнэ щхьэусыгъуэхэм я гугъу пщlыкlэ, зытепсэлъыхьынхэр уи lэдакъэ къыщlэкlарщ.

**– Сэ сызэрыщыгъуазэмкlэ, lутlыж Борисрэ уэрэ фызэныбжьэгъуу фыкъекlуэкlащ. Псэужамэ, lэджэуи пхуигъэщlэгъуэнт абы уи илъэс 70-р. Гупщlи хэлъыр пlаскlуэ тlэкlуи къыщlэуввэжу. Уэ езым сыт жепlэнт нобэ уи ныбжьэгъужьым, узэхихыну пщlамэ?**

– Ди жагъуэ зэрыхъущи, езы Борис илъэс 70-ми нэсакъым. Дызэрихабзэу, нщыхьэщхьэм шей дызэдефэри, лэжьапlэм дыщlэкlыжати, къимыгъэзэжыну абы лъандэрэ зэи си фlэщ схуэщlакъым. Къимыгъэзэжами, тхэкlыжауи пхужыlэнукъым. Зы махуэ дэкlыркъым и ныбжьэгъуу щытахэм ар дигу къэдмыгъэкlыжу. «Бориси зэрыжиlауэ» жытlэрэ ди псалъэмакъым къыпытщамэ, ди гукъыдэжыр къэзыlэтын гуэркlэ къытхэувэжу аращ. Апхуэдэ цlыхухэр ящыгъупщэжыркъым, гъащlэм къыхонэж псэуныгъэм утригъэгушхуэу. И уахътыр къызэрысар къыщыгурыlуэжами, ар абы тегушхуэхьыфыртэ. «А фэ фи кхъэ зэхэуфэжар сытым щыщ, дыдейм елъытауэ, – жиlэрт дыхьэшхыурэ. – Дыгъэпlэ хъужауэ а сэ сызыщlэлъынур умылъэгъуауэ, къыбгурыlуэнукъым ар. Слъагъу хуэдэщ ди къуажэм ущыдэжкlэ укъызэхъуапсэу укъызэрысхуеплъэкlынур». Сыхуеплъэкlым и закъуэкъым. Дэдзыхыу и сыным сыщыбгъэдыхьи къыхохуэ. Пэж дыдэуи, Борис и сыныр дыгъэпlэ щыгум тетщ, псоми къахуеплъыхыу. Ауэ сехъуапсэрэ семыхъуапсэрэ зэи схузэхагъэкlакъым. «Дауэ щымыткми, мы дуней бэмпlэгъуэм зыщыпlэжьыныр нэхъыфlу къыщlэкlынущ. Упlэщlэlуащ си ныбжьэгъужь», – арауэ къыщlэкlынт Борис жесlэнур, нобэ сыхуэзамэ. Тхьэм ещlэт абы езым къритыжынкlэ хъуну жэуапыр. Борис зыгъэ-Борисыжыр зым еймы темыхуэ гупсысэкlэ зэрилэрт.

**– Уэ узэрылэжьакlуэшхуэр куэдым ящlэ. Лэжьыгъэри, хадэри, губгъуэри лэдэпхъу укъокlуэкl. Усэм деж щыщхьэдебгъэлъэфэхыр абыхэм къыщыпхьыжкрэ, хьэмэрэ иджы белымрэ фlанэмрэ нэхъ зэбгъэтlылъэкl ухъуа?**

– Тхэныр си псэм хэлъу сыкъалъхуарэ сыкъамылъхуарэ тхьэм ещlэ, ауэ лэжьыгъэр си лъым зэрыхэлъым шэч къытумыхьэми хъунущ. Апхуэмыдэу къапщтэми, зэрыбынищl хъу унагъуэр зэми дигъэпхэнутэкъым, щхьэж хузэфlэкl дымыщlэмэ. Икlи тщlэрт. Иджыпстуи сэ зэи сигу къэкlыркъым умылэжьэу ущыс хъуну. Дауи, уи ныбжьыр нэхъыбэ хъуху уи къаруми нэхъыбэ хъуркъым. Ауэ, тхьэм и шыкуркlэ, ноби белри, фlанэри, шэмаджри сигурэ си щхьэрэ зэтелъу къызоцтэ. Ахэр сызыгъэщхьэх lэмэпсымэхэм ящыщкъым.

**– Лъэпкъым, бзэм, хабзэм, узыншагъэм теухуауэ щlэблэм уепсэлъэн хуей хъуамэ, сыт яжепlэнт?**

– Япэ дыдэрауэ, нобэрей ди щlэблэр, дэ абыхэм я ныбжьым дыщитам елъытауэ, дэ нэхърэ куэдкlэ нэхъ губзыгъэщ, нэхъ щlэныгъэ яlэщ, я зэфlэкlри нэхъ инщ. Етlуанэрауэ, сыт хуэдэ зэманми ещхьу, щlалэгъуалэм ущиери гиенри яфlэфlкъым. Щlалэгъуалэм я закъуэ зыфlэмыфlыр, адэ-анэ куэдми къыпхуадэнукъым я бынум дагъуэ куэнщlу, уешхыдэу. Унажэ къыпхуэжыныр зыуи илъагъунукъым. Ауэ а псом къикlыркъым, хамэ бынум си lуэхуу сыт хэль жиlэу, нэхъыжьым

лъэныкъуэжьгъэз зищIын хуейуэ. Адыгэм игъащIэ лъандэрэ къыдекIуэкI унагъуэми, гъуэгъуми, уэрамми, ауэ сытми блэкI гъуэгурыкIуэми нэхъыщIэр игъасэу. Ухуэменжу къэпщытэжмэ апхуэдэ хабзэхэр хьэфIэбдзэжмэ, ди щIэблэм яхэлъын хуей гъэсэныгъэри, ди гъащIэри ныкъуэ хъунущ, сыту жыпIэмэ, ди лъэпкъыми иIэжщ езым и псэукIэм, и дуней тетыкIэм щыщ хъуа хабзэхэр. Мыри абыхэм ящыщщ. Апхуэдэхэр тщIэнуи дгъэзэщIэнуи ди къалэнщ адыгэу дызылъытэж дэтхэнэ зыми. Зи хабзэ зымыщIэжыр, зи бзэм елъэпэуэжыр, зи блэкIамрэ зи нэхъыжьымрэ къызымыдэжыр зэи фIы хуэхъунукъым. Лъабжьэ зимыIэж жыгыр пхуэгъэкIын? Абы ещхьщ цIыхури. А псор хабзэ ткIийуэ гъащIэм къыдокIуэкI. Адыгэхэр дыкъапщтэмэ, илъэс мин Iэджэм игъэунэхуауэ дэри диIэщ цIыху гъащIэм, зэхэтыкIэм, гупсысэкIэм и лъэныкъуэ псори къызэщIэзыубыдэ хабзэ дахэхэр. ДгъэзащIэ къудеймэ, дэ ахэр иджыри илъэс мин IэджэкIэ дрикъунущ, нэгъуэщI къыщIэдгупсысыни, нэгъуэщIыпIэкIэ дыщIеплъэкIыни щымыIэу. Дызэхуэзыгъэсакъыж зэрытлъэкIкIэ. Дэ зэи зыми зыри къытхуищIэнукъым. Дызэщыгугъыну щыIэр ди акъылымрэ ди зэфIэкIымрэ къыхьырщ. Ар зыщымыгъупщэн псори тхьэм дищI!

**— Арсен, иджыри зэ сыпохъуэхъу. Лъэпкъым и бзэмрэ и щэнхабзэмрэ хъумэным, гъэбеиным хуэлажьэхэм уащыщщи, фIыщIэ лей пхуэощI. Сыхуейщ уузыншэну, уи мурадхэр къохъулIэну.**



**КIыщокъуэ Алимрэ Джэрыджэ Арсенрэ.** *1985*





*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **тхакIуэхэу Джэрыджэ Арсен, Журт Биберд, дирижёр цIэрыIуэ Темыркъан Юри сымэ.** *1985*



*СэмэгумкIэ къыщыщIэдзауэ:* **«Адыгэ Хасэ» литературэ зэгухьэныгъэм хэтхэр: Джэрыджэ Арсен, Тхьэбысым Сэмихь, ХьэфIыцIэ Мухьэмэд, ЯфIэунэ Абдул, Гъуэщ Борис, Сыжажэ Маруэ, Сенэ Руслан сымэ.** *1966*





**Джэрыджэхэ Арсенрэ Риммэрэ я унагъуэр.** *2002*

*Усэхэр* **ДЖЭРЫДЖЭ Арсен**

* * *

Щымщ дунейр, щlэгъуэлъхьауэ жэщ бгъафэм,
Анэ куэщlу, мамыру щожей.
Нэгу щlокlыжыр зэгуэрым и тафэм
Щеклуэжlауэ щытауэ зауей...

Исырт псори мафlаем, ильпщlырт.
Яжьэ джанэм щlы щхьэфэр ихуэт.
Щалъхуа щlым пращlэжыр щилъагъукlэ,
lугъуэ фlыщlэм хэль уафэр кlэзызт...

Щымщ дунейр, щlэгъуэлъхьауэ жэщ бгъафэм,
Анэ куэщlу, мамыру щожей...
lэщlэклыхукlэ зы вагъуэ, жэщ уафэр
Къыхэщтыкlыу хуоплъых щlы хъурейм.



КИНОМ

Аргуэру зауэ, зауэ гущlэгъуншэ,
Топышэ къачэм щэlуу щlы дэгъэ,
Нэкlу балигъыфэ хьуа сабий зеиншэ,
Топышэ мафlэм фlыщlэу къыхиху гъуэ.

Аргуэру зауэ... лыгъэм ищта къуажэ,
Хьэщхьэрыlуэдэу ди щlыр зыфыщl бий.
Ажал зыгуэщу гъуахъуэу танкыжь къажэ,
Анэ дыим и бгъафэм щlалъ сабий.

Аргуэру зауэ — жыжьэу лъеижауэ
Сабий джэгуахэм яlэщlалъа топ.
Сэлэт «жеям» фэеплъу хуагъэжауэ
Хадэкум итым хуэкlуэу сабий гуп.

Аргуэру зауэ — залыр къигъэпсалъэу
Еджапlэр уэгум бомбэм ирепхъэж...
И нэис шыугъэр бгъэгум фlытелъалъэу
И бынхэм анэр кином щыlуоплъэж.

## АНЭ

Уэшх къожэхыр, уи нэм къыщӏэӏэбэр
Умылъагъуу бжьыхьэ жэщыр кӏыфӏщ.
Гъуэлъыжами къуажэ кӏыхьыр, щӏыбым
Уэ удэтщи, щыгъа тӏэкӏури псыфщ.

Пщӏэркъым нобэ уи къуэм къыщикӏухыр:
«Хэмыхуауэ пӏэрэ зы бэлыхь?» —
Пщӏантӏэм укъыдокӏри, пщыгъыу бжыхьыр,
Жэщ къеткӏухым и нэм ущӏопльыхь.

Ауэ уи къуэм къигъэзэжкъым, щӏэсщи
Нэгузыужьу упэ пхыдэ гуэр...
Уэри пщӏэркъым уздэкӏуэнур, жэщщи,
«Гъуащэм» жыпӏэу хубогъэблэ гур.

Къэкӏуэжатэм, псори хуэбгъэгъуэнти,
Бгъэхуэбэнт угуфӏэжауэ пхын.
Щӏэхуу уеплъу пхэхукӏэ ущысынти,
Ущӏэкӏынти щӏэбдзэнт пӏэр щӏыжын...

Ауэ зэкӏэ уэ уплъэплъ жэщ кӏыфӏым,
Къуэм еӏэтыр гумащӏауэ бжьэ:
«Бын нащӏэбжьэм зэи анэ гущӏэм
Щимыщӏыну дыркъуэ!..» Мыгъыр бжэр...

## МАФӀЭМ И ПСАЛЪЭ

Сэ сымафӏэщ,
Сэ схэлъкъым
Гущӏэгъу.
Сызэӏусэр пыссыкӏыу
Сыгуащӏэщ.
Сэ сымафӏэщ,
Схуэӏыгъкъым ныбжьэгъу —
Гъуэгъу схуэхъум
Си куэщӏыр и мащэщ.
Сэ сымафӏэщ,
Скӏуэдӏыхьри мафӏэгуц,
Дэп жьэражьэу

Мы си бгъэм къыщыблэу,
МафIэр сигуми,
ГуфIэгъуэр си нэгущ,
Псалъэм папщIэ,
Фи жьэгум
Сыщыблэм.
Ауэ сщIыркъым сэ
Зэи захэдэ:
Лыгъэу садэым —
Сылыгъэщ —
СолыпщIэр...
Сэ сымафIэщ,
МафIэнри си фарэщ,
А зы закъуэрщ
Сэ гъащIэм щысхуэщIэр.

* * *

Сэ си закъуэщ аргуэру. Жэщ унэр,
Псэ зыпыт къыщысльыхъуэу, къыздэщ.
Блын джафиплIым тещлъызэми си нэр,
Закъуэныгъэм и ныбжьым къреуцI.

Зыжьгъызэр сыщатэу. Сигу лъащIэм
ГъущI гъуэлъыпIэр нэщхъейуэ щокIыргъ...
Фэлъу щытмэ щIыхугъэ, щIыху гъащIэм
И щхьэ закъуэу къэнэну фемыбг.

## СЫХЭТ СЭ?

Сыхэт сэ, сытхэр си Iуэхущ Iафэ? —
Абы сэ куэдрэ согупсыс.
Сыдэщлъеимэ, солъагъу уафэ,
Сыкъеплъыхыжмэ — джэгу къурш ыпс.

Ауэ срещхькъым сэ а тIуми,
Си дежкIэ уафэр — гу лъауейщ,
Щыджэгур сибгъукIэ псы ерми,
Сэ дыхьэшхэну сыжьгъейщ.

Сыхэт сэ, дауэ ныжжесIэну?..
Гъэуэ щIы бжыгъэ си блэкIащ,

Си щыгу ит уафэр си тепIэну
Жэщ Iэджи губгъуэм щесхьэкIащ.

Мэкъу пыупщIащ, ба IэфIу щIылъэм
КIэрыпщIэу си пкъыр, сытIысам.
Удз къэсщыпащ, ди губгъуэм сиплъэм
Чэф сагъэгъуэту удз гъэгъам.

Сыкъэгъэгъащ щыгъатхэм гъатхэу,
Щыуэшхым — уэшхыу сыкъещхащ.
Щыжэщым, сэри жэщ мазэхэу
ПщIыхь IэфI пIэщхьагъыу сыкеящ...

Сыхэт сэ, сытхэр си IуэхущIафэ? —
Абы сэ нобэ согупсыс...
Сыдэплъеймэ, солъагъу уафэ,
Сыкъеплъыхыжмэ — джэгу къуршыпс.

* * *

Мэпапщэ жьыбгъэр
Жьы дикIэ,
Къурагъым
Уэсыр щиухуэнщIу.
ЩIымахуэр
Пасэу зэпхъуа жыгхэр
Дыкъащ.
Мэскъыскъыр, гур хагъэщIу.

МэпIыщIэр жэщыр.
Тхьэмпэ щтахэм
Я IэплIэ щхъуантIэм
ЩыкIэзызу.
Щэху дыдэ зыпщIрэ
УдэIуапэм,
КъыпфIощI
ГущIыхьэу дунейр гъэу.

* * *

Щхьэлтет дадэм и пыIэ къыпфIэщIу,
ФIэа къэхъуащ ди жыгыщхьэхэм уэс,

Кърепхъыхыр аргуэру нухуэнщlу,
Къыпфlигъэщlу жыым вагъуэхэр щес.

Къытотlысхьэ щlы щхьэфэм къауцу,
lуащхьэ щlыкlухэр пщащэбгъэу хужь ящl,
Уэгум итхэр щlы щхьэфэм къэмысу
Къэнэн хуэдэ, мэпlащlэ, зэlуищl.

Щlым къэсам и хужьыгъэ пщlыпщlыхым
Псэм кърет, дыlуплъым, насып чэф.
Догъэщlагъуэ икlыхукlи щlэщыгъуэр,
Шырыкъу ин уэс къесам пхыдолъэф.

Къыкъуокl дыгъэри, хуеlэу къуэкlийхэм,
Уэс хужьыбзэм нэпс фlыцlэ къыщlеху...
Сыт хуэдизу хужьами, къуэ джийхэм
Фlыцlэ хъуауэ уэс гъащlэр щеух.

* * *



Сыногуэкlуащ сэ lыхьэлейуэ,
Сlъэмыкlыу си гур сфlэптхьэкъуащ.
Уэ ущымытми псом я лейуэ,
Си гъащlэр зэуэ къыжьдэпкъуащ.

Убзыщlмн, сощlэр, уэри хейуэ
Ущыткъым — уигури плейтещ.
Зысхуэбгъэпагэм пфlэфlмн lейуэ,
Уигу лъащlэм си цlэр щыгъэпщкlуащ...

Сыт-тlэ хэплъагъуэр фэрыщlыгъэм
Сыэзбгъэуэзбзэмэ щхьэ пфlэфl?
Хэбдзауэ си гур мафlэ лыгъэм
Щхьэ упэплъэжрэ псалъэ lэфl?

* * *

Жэщ гупсысэхэр си лъахъэщ,
Хьэхам пщlэууэ зафыщlыж.
Сэ аргуэру, мис, си плъапlэщ
Уэ ун вагъуэу хъуар имыж.

Гум къэкӀыжыр ди блэкӀахэр,
Сохъур зыри слъэмыкӀыж.
Зэм къысщохъур хьэ щыкӀахэм
Махуэ схьыхэм зыпащӀыж.

Зэми си пщэр мазэ ныкъуэм
И зы къуапэм фӀызодзэж,
Ар, итӀани, гъащӀэ напэм
СхуемыгъэкӀуу соукӀытэж.

ПщӀэжкъэ, «Модэ, мор си вагъуэщ», —
ЖыпӀэу Ӏэпэ зыхуэпщӀар, —
«Вагъуэ нэмэ, гуэзавагъуэщ,
ГъащӀи йожьр» — щыжыпӀар?

Сопльыр нобэми уи вагъуэм,
Мэлыд, и пӀи имыкӀа.
Уэ сыт пщӀэрэ мы жэщ гугъум,
Сытхэр уи гум къысхуэкӀа?

Ущыт, сэщхьу, уепльу вагъуэм,
Теплъэгъуауэ си сурэт?
Е си вагъуэр хуэпщӀу тыгъэ
НэгъуэщӀ гуэрым убгъэдэт?

* * *

Сыножьэрт гурыль ӀэфӀхэр пхуэзгъэтӀылъуэу,
МазэщӀэр жея къуажэм щхьэщысыкӀт.
БжесӀэнухэм щыгъахуу сыпхуахэдзу
Сехауэ мы си гущӀэм къыщысщыпт.

Бэу щыкӀухэм я уэрэдыр щагъэтауэ,
Мы си гум и пшыналъэм къыщӀэдэӀут.
КъысфӀэщӀу дамэ лъэщхэм саӀэтауэ,
Уэрэдыр пшэ гущӀыӀухэм къыщызгъэӀут.

Сыножьэрт... пшапэ жьыбгъэм и дамитӀым
Пта псалъэр блэкӀа гъащӀэм хахьэжащ.
Дунейм зэублэрэкӀри, хъуаскӀэхэр си нитӀым
ХэкӀуэта жэщым вагъуэу хапхъэжащ.

* * *

Иджы псори сыткIи сэбэпыж.
Сыт къысхуищIэжын мы усэ стхыми?..
Ди гугъэхэр нобэ сэ сопIыж,
Уэ зенища щIыуэ уежьэжами.

Ауэ жэщкIэ, анэ гущIэгъуншэм
ХыфIидза сабийуэ, зафыщIыж.
АпщIондэхукIэ, си псэ Iэмалыншэм
ГъащIэм теткIуэу, нэпсхэр къыфIыщIож.

ГукъэкIыжхэм зыкъаIэтри щэIуу,
Лъэпэрапэу къалэр зэхакIухь,
Жыг щIагъ гуэрхэм щощэтэхри гуIэу,
Жыг лъэдийхэм тралъагъуэр щIыхь.

Жэщ дияхэр дакъикъэ зырызу
Гум къыпоткIури, гъащIэм хошыпсыхь...
Тхьэ солъэIу итIани, псэр кIэзызу,
Уэ уи жэщхэр хъуну тIэкIу нэхъ кIыхь...

## *Сабийхэм папщIэ*

### АДЫГЭБЗЭ

Щыхуу щыIэм яIэщ я бзэ,
ЗэраIэжым хуэдэу я псэ.
Сэри сиIэщ апхуэдэбзэ,
Хэлъу дади нани я псэ.

А сэ си бзэр адыгэбзэщ,
Пшынэ Iэпэу схуэбзэрабзэу,
Нарзаныпсым ещхьыркъабзэщ,
КъуэбыргъукIыр псынэ къабзэу.

Сэ къысфIощIыр адыгэбзэу
ЖэщкIэ мазэм къиIущэщыр,
Нэхущ бзухэм я уэрэду
Жыг къудамэм къыпыщэщыр.

Адыгэбзэщ нанэ щабзу
Пщэдджыжь къэскlэ зэрылъаlуэр:
«Ухожаер, тэдж, си тlасэ,
Блэбгъэкlынущ насып къакlуэр...»

Адыгэбзэр щыбзэрабзэм
Адыгэпсэр щымыжей,
Зымыщlэжыр анэм и бзэр
Гъащlэм куэдрэ щогужьей.

## СЭ СИ НАНЭР КЪУАЖЭМ ДЭСЩ

Сэ си нанэр дэсщ ди къуажэм,
Къуажэм сэри сыкlуэрейщ.
Гъэщlагъуэщкъэ, нани мами
Я лэжьэдзу сэ сарейщ.

Нанэ жеlэр сэрыншауэ
Мыпсэуфу тхьэмахуитl,
Джэди къази дэзгъэщхэну
Сэ ди нанэ сещlыр хуит.

Жэм къыщишкlи дызэгъусэщ,
Нанэ къешыр, сэ сыщытщ.
Ди шкlэ цlыкlури къызэбзэйуэ
Пщэхъуэр илэу къызбгъэурытщ.

Ди шкlэм и кlэр мэпlэжьажьэ,
Сэ си lупэм сыщlофыж,
Шатэгъуэблыр нанэ къишым,
Шкlэми сэри зыдотlыж.

## СЭ ЕДЖЭКIЭ ЗЫЗОГЪАЩIЭ

Сэ пщэдджыжьым садым сашэ,
Жэщ мыхъуэпэу сыкъашэж,
Сыкъэсыжым, си шыпхъу цlыкlум
Слъэгъуа псори жызоlэж.

Ар сыухым, дади нани
Шыпсэу ящlэр жаlэм сфlэфlщ.

Сэ си закъуэ ар зыфІэфІыр:
Уэри сэри — псоми тфІэфІщ.

Ауэ дадэ йощри жеІэр:
«Хъунщ ныщхьэбэкІэ, сешащ».
Нанэ дежкІэ сыхуеплъэкІми,
Нани, соцІэр, езэшащ.

Сэ а псори къызгурыІуэ,
Сэ сыщІыкІуу зызмыбжыж.
Си букварыр зэгуэсхри,
Хьэрфу сщІыхур къызобжыж.

Зызогъащ Іэ сымыщІыхухэр,
Семызэшу сыкІэрысщ,
Си шыпхъу щІыкІури къызэхъуапсэу
И нэр къыхуу къызбгъурысщ.

## ЖАННЭ ЕДЖАКІУЭЩ

Феплъыт, зигъэщІагъуэу
Жаннэ школым макІуэ.
И гуфІэгъуэщ нани —
Жаннэ хъуащ еджакІуэ!

ЖыпІэнщ езы нанэу
Япэ классым щІэсыр,
Жаннэ щІыгъуу нани
Жыпуэ школым носыр.

Махуэ къэс зэгъусэу
Хьэрфхэр зрагъащІэ,
Ауэ тхэным зэкІэ
Пуури къыхегъащІэ.

Жаннэ и сатырхэр
ФІохъур Іуш зэщІэ.
Нанэ дэІэпыкъум,
Ари занщІэу къащІэ.

Ауэ нобэ Жаннэ
Къыдохьэж нэщхъыфlэу,
Къыпежьащи нанэ,
Мыр жреlэ гуфlэу:

«Нанэ, къэхь гуфlапщlэ,
Сэ сиlэжкъым тlу –
Ар сlахыжри нобэ,
Иратащ Хьэту».

ПlЫТlЭ ЩХЬЭХЫНЭ

Нэху зэрыщу ди унагъуэр,
Бжьэ къэпщlауэ, зэрыпэохьэ,
Унэм щlэсыр Пlытlэ и пlэм
Чэзуухэурэ щхьэщохьэ.

Хэт йошхыдэ, хэт йоубэ,
Ауэ зыми емыдаlуэ.
Сыгъэжейркъым, фыlукl жиlэу,
Ар гъынанэурэ мэлъаlуэ.

Щымыхъужым, пlэм къыхахри,
Зытхьэщlыпlэм жейуэ яшэ,
Зэрынэсу псыр и напэм,
Щlыlэщ жиlэу, зызэхуешэ.

Къалъыхъуэжыр и лъэпэдхэр,
И вакъитlыр хуагъэкъабзэ,
И зэманым щlагъэкlыну,
Зэралъэкlкlэ йоубзэрабзэ.

Хущатlагъэр и кlэстумыр,
И портфелыр хузэралъхьэ,
Тlэкlу едаакъэ жаlэу, шхыныр
Щыту и жьэм хужьэдалъхьэ.

Нэса хъуныщ иджы щыжаlэм,
Къэсыжауэ мэгъыналэ:
«Щlадзагъэнщ еджэн ди классым,
Нобэрикlэм сыкъэвгъанэ!»

## ШУУЕЙ

Инал хуэдэу
Зы шуей
Тету пIэрэ
Мы дунейм?
Щыхуей дыдэм деж
Мэшэс,
Къохъур нани щигъэкIэс.
Хуеймэ, и шыр егъэщыщ,
Ар нужэгъум — егъэущ.
Ауэ дадэ къохъу щезэш —
Хъун-тIэ дадэ щIы уанэщ?

## ДАДЭ И ФО

Нанэ жеIэр:
«Си нэху щIыкIу».
Дадэ жеIэр:
«Си фо щIыкIу».
Сопльри, ещхькъым
Фом зыщIыкIу,
Щхьэ бариншэу
ФIыщIэжь щIыкIущ.
Ауэ жысIэркъым
ЗыщIыкIу —
Дауэ щытми,
Си шыпхъу щIыкIущ.



*Абдурэхьман ал-Хъэмиси Мысырым (Египетым) щыщ тхакIуэ, усакIуэ, драматург, публицист цIэрыIуэщ. Порт-Саид къалэм щыпсэу лэжьакIуэ унагъуэм 1920 гъэм къыщалъхуащ. Газетхэм я корректору, радиом и диктору, къуажэ еджапIэм и егъэджакIуэу щытащ.*

*Илъэс 12 щыхъуам усэ тхын къыщIидзащ, илъэс 15-м хъыбархэр итхыу хуежьащ. А хъыбархэм символизмэмрэ романтизмэмрэ яжь къалэрыщIихур IупщIт. Хъэмиси Достоевскэм и зэчийр зэхилъхьэ щыIэтэкъым икIи критическэ реализмэм и лъагъуэм тетт.*

*Зауэ нэужь илъэсхэм (1945 – 1952) адыгэ щIалэщIэр Мысырым щекIуэкIа лъэпкъ-щхьэхуитщIыжакIуэ зэщIэхъееныгъэм хэтащ. КъуэкIыпIэ Гъунэгъум цIыхубэм щрагъэкIуэкIа бэнэныгъэм теухуащ Хъэмиси и хъыбархэр, новеллэхэр щызэхуэхьэса тхылъхэр: «Жэщ минрэ зырэ», «КуупIэхэр» (1949), «Бэм и джэмакъ» (1952), «Дэ дыуахътынышэщ», «Лъым ириIа джанэхэр» (1953), «МафIэс жьапщэхэр» (1954), «А зыр гъуищынукъым» (1956).*

*Хъэмиси и усэ нэхъыфIхэр итщ «ЦIыху хъуэпсапIэхэр» (1958), «Нэпсымрэ мафIэмрэ» (1962), «Ал-Хъэмиси и хасэ» (1970), нэгъуэщI тхылъхэми.*

*Абы и пьесэхэмкIэ хьэрып къэралхэм я театр нэхъ пажэхэм щагъэуващ «Гъуэгуанэ» (1958), «Хьэсэнрэ Наимрэ» (1960), «ЩэхужыпщIэ» (1963), «ЛъыщIэж» (1965) спектаклхэр. Абыхэм къищынэмыщIа, Хъэмиси итхащ радио-киносценарий куэд.*

*Абдурэхьман ал-Хъэмиси и статьяхэр, очеркхэр, рецензэхэр, творческэ сурэтхэр Африкэ Ищхъэрэмрэ КъуэкIыпIэ Гъунэгъумрэ я газет, журнал нэхъ цIэрыIуэ дыдэхэм къытехуэу щытащ. Абыхэм я нэхъыфIхэр щызэхуэхьэсащ «БэнакIуэхэр», «Псори Iэмалыншэу дыхуей гъуэлджэ», нэгъуэщI тхылъхэми.*

*Хъэмиси европэ, урыс романхэр хьэрыпыбзэкIэ зэридзэкIащ. Адыгэ мамлюкхэм я щIэблэм къыхэкIа тхакIуэм и прозэ, усыгъэ нэхъыфIхэр иту Москва къыщыдэкIащ «Мысыр хъыбар пщыкIубгъу», «Иджырей хьэрып новеллэ» (1960), «КъуэкIыпIэ новеллэ» (1963), «Былъытырыкуих», «ЖыIэгъуэ» (1973) тхылъхэр.*

**ХЬЭФIЫЦIЭ** **Мухьэмэд**

*Хъыбархэр* АБДУРЭХЬМАН ал-Хъэмиси

# НАСЫПЫНШЭ

Пщащэ насыпыншэм и хъыбар феэгъэдаІуэмэ, зигу щІэгъуи къыфхэкІынкъэ? Фи лыр игъэузынкъэ жызоІэ абы игъэвамрэ и фэм дэкІамрэ?

Си нэпсым ноби къызэпежыхь, си псэр мэхыщІэ, ар си нэгу къыщІыхьэжмэ. ХуэщІэфа щыІэкъым насыпыншэм, хьэзабым къыхэсшыфакъым. И лъэужьи сытехьэжакъым зэрысфІэкІуэдрэ. Тхьэм ещІэ и натІэ хъуар. Дунейм ехыжа хьэмэ хьэзаб телъ иджыри – сэ сщІэркъым ар. Дунейм ехыжамэ, тхьэр къыхуэупсащ – хьэзабым хэкІащ. Тхьэр абыкІэ къыхуэмыупсамэ, сыт и дуней Іыхьэ абы нобэ – узыжагъуэнщ! Лей къезыхынумрэ игу хэзыгъэщІынумрэ мащІэ – аращ сыщІэгуэзэсэр. Пщащэ псыгъуэ цІыкІу, къамылыфэрэ щхьэц фІыцІабзэу; фрихьэлІэмэ, тхьэр фызогъэлъэІу: хъыбарыншэ сывмыщІ. Ар Набавиещ!

Набавие къызихьэлІэжатэми! Схуэзэфіэкі хуэсщІэнт, и ужь сикІыжынтэкъым, и гум жьы дихужыху. Лей къытезгъэхьэнтэкъым. Дэнэ укъыздисхыжынур, Набавие? Сыт пхуэсщІэфынур? Щхьэ зыкъысщыбгъэпщкІурэ? Сэри уигу къызэбгъа? Къызэбгъами, схуэфащэщ, зыри щыпхуэзмыщІэфакІэ. Пхуэсщіэфын хуейщ...

ЖыфІэнкІэ мэхъу: «Апхуэдэр мащІэ? Набавие хуэдэ Іэджэ щыІэкъэ, лей къатехьауэ?»

Ар къызжезыІэм ест жэуапыращ: цІыхум и гъащІэр къыщыІэщІэужагъуэ дунейр дуней хъуркъым, тебгэн хуейщ апхуэдэ дунейм, нэлат ехауэ зэтекъутэжын хуейщ. Къабзагъи, гущІэгъуи, гуапагъи къытенэжакъым апхуэдэ дуней гъуамэм, пабжьэм хуэдэщи, зэщІэкІэжащ, бзаджэнаджэ тІысыпІэ хъуащ. А псор щІыжысІэр къывгурыІуэнщ, Набавие и хъыбар гукъутэм феэгъэдаІуэмэ. Фигу къызэбгъэнкъым итІанэ...

Университетым сыщыщІэсам, ныбжьэгъу гуэр сиІащ. Фозий сэрэ фэтэр зырыз дыщІэсащ, ди фэтэрхэр зэпэжыжьэтэкъыми, махуэ къэс дызэрылъагъурт, еджакІуи дызэдэкІуэрт, еджакІуэ дыкъыщикІыжкІи дызэщІыгъут.

Фозий деж сыщІыхьащ махуэ гуэрым. ШхыІэнщІэбзэмрэ и джанэ-гъуэншэдж щІагъщІэлъымрэ зэкІуэцІишыхьауэ срихьэлІащ си ныбжьэгъум. «Уадежьа!а?» – жысІэри сеупщІащ. Жэуап къызитыным и пІэкІэ Набавие еджащ.

Бжэр къыІуихри, пэшым пщащэ цІыкІу къыщІыхьащ. Щхьэц фІыцІэщ, щтэІэщтаблэщи, и нэр къоху. Къуажэм къикІар фэуэ тетщ – зэрыхуэпам уеплъмэ.

– БжьыщІынумэ, къэзгъэхьэзыращ, – жиІащ Фозий, зэкІуэцІишыхьар пщащэм иригъэлъагъури.

– ЖьыщІакІуэ? – сеупщІащ Фозий.

– Хьэуэ, – жиІащ Фозий. – КъызэлъэІуати, и хьэтыр слъэгъуащ. ХуэжьыщІынрэ хуэмыжьыщІынрэ сщІэркъым.

ШхыІэнщІэбзэмрэ джанэ-гъуэншэджымрэ щызэкІуэцІипхэм, ди псалъэр зэхихати, пщащэр къыдэпсэлъейщ:

**– Уигу зэгъэбгъэнкъым, зиусхьэн: схуэжьыщIынущ. Плъагъункъэ!**

**А махуэр Фозий деж щызгъэкIуащ. Сыкъыщежьэжым, Набавие селъэIуащ: «Сэри схуэжьыщIэ», – жысIэри.**

**Набавие мэрем махуэм къэкIуащ. Пщащэр щыгъуэныджэщ, и лыр къощ, зэрешари солъагъу. СфIэгуэныхь хъуащ.**

**– ИужькIэ бжьыщIынщ. Нобэ зыгъэпсэху, нобэ псоми зигъэпсэху, – жесIащ Набавие.**

**– Хьэуэ, зиусхьэн, нобэ эжьыщIынщ. – Набавие щтэIэщтаблэщ, къыщIэщтар сыткIэ пщIэн?**

**– Уэ уешащ. Уэзрешар солъагъу, – хуэздакъым сэ.**

**– Сешауи? – къызэплъащ пщащэр. – Апхуэдэфэ стет?**

**– Птетщ. Уи фэм къеIуатэ. Нобэ умыжьыщIэкIэ, сыт къэхъун?**

**– Сэ... – зыгуэр жиIэнути, щIилъэфыжащ.**

**– Ахъшэр нобэ уэстынщ. ИужькIэ схуэжьыщIэ.**

**Пщащэр нэжэгужэ къэхъужащ. Унэкум итIысхьауэ, къысхудоплъей.**

**– Ушха? – сеупщIащ Набавие.**

**– Сышхащ, – жиIащ пщащэм. Сэ слъагъуртэкъэ зэрымэжалIэр!**

**– Сэ сышхакъым, – жысIащ. – Бээрым кIуэи, дызэдэкъэн гуэр къэщэху.**

**Дышха нэужь, Набавие нэхъ къызэрыкIащ:**

**– Зиусхьэн, унэIут сыпхуэхъунщ, сыкъабдэмэ. ПщэфIэкIэ сощIэ, сыпхъэнкIэнщ, сылъэсэнщ, сыпхуэжьыщIэнщ. Сытри пхуэсщIэнщ. Уэ... Уэ зыми уэзрихьэркъым, пэжкъэ?**

**«Пщащэ жаныфэ тетщ, ар хуэзфIэкIынущ», – сегупсысащ сэ.**

**– Дапщэ уэстынур?**

**– Зыри къызумыт. Сыбгъашхэмэ, уи фэтэрым сыщIэбгъэсмэ, нэгъуэщI сыхуейкъым.**

**– Аркъудеи! Ар мащIэщ, – жысIащ. – Пиастр щэ ныкъуэ уэстынщ мазэм.**

**Набавие арэзы хъури, си фэтэрым къыщIэнащ.**

**Университетым сыкъикIыжмэ, схуэпщэфIауэ, пэшыр зэлъыIуихауэ сыкъэрохьэлIэж – ар фIыкъэ!**

**– Уи адэ-анэр дэнэ щыпсэурэ? – сеупщIащ зэгуэрым.**

**И адэр Мансурэ дэсу, и анэр Къаир щыпсэууэ къызжиIащ. Пщы къысхуиупсауэ къыщIэкIащ иужьым: и адэ, и анэ дэнэ щыхэтми ищIэртэкъым. ИужькIэщ къыщызумысар.**

**ЩIалэ гуэр къыпылъауи къызжиIащ. ДэкIуэнут, щIалэм и адэанэр мыхъуамэ. ЩIалэм и шыфэлIыфэ сигъэщIыхуащ. «ЩIалэфI дыдэт, – жиIащ, – киноми сишэрти, сызыхуейри къысхуищэхурт. Си насып хэлъ хъунтэкъым», – жери къысхуэпыхьащ... Пщы къысхуиупсауэ къыщIэкIащ абдежми: къыпылъакъым зыри – къигупсысауэ арат, игу игъэфIын щхьэкIэ.**

**Iэджэрэ сригъэдэIуащ шыпсэ: и адэ, и анэ псэущ, цIыхум яхогъуащэ, зыхуэныкъуи щыIэкъым, фIыуэ илъагъу щIали иIэщ...**

**А псор си фIэщ хъууэ фэ зытезгъауэрт сэри. Сыт щхьэкIэ сыпэрыуэнт: ирыригъэфI игу, и щхьэр трыригъэу абыкIэ. ПщIыкIэ нэхъ мыхъуми, гъащIэ хьэлъэм пэщIэтыфмэ, ари хъаршынэкъэ? НэгъуэщI сыткIэ игъэфIынт и гур – арат, пщы къызэрысхуиупсыр сщIэми, си фIэщ хъууэ фэ зыщIытезгъауэр.**

Зэгуэр, еджапIэм сыкъикIыжри, бжэм сынэсыжауэ, пэшым Набавие и макъ къызэрыщIэIукIыр зэхэсхащ. Лъагъуныгъэ уэрэд цIыкIу къришырт Набавие! БжэщхьэIум сытеувэри, уэрэдыр и кIэм нигъэсыху, зысIэжьащ. Гъыбзэ хуэдэуи къыщохъу уэрэдыр – тхьэм ищIэнщ ар къыщIыхидзар. Набавие и уэрэд макъыр щхьэгъубжэм доIукIри жьым хошасэ, жыг пщIащэм зыхегуашэ.

БжэщхьэIум себэкъуащ.

– Сыт къыпщыщIар?

– Зыри! – жиIащ пщащэм, къыщиудауэ магъ.

Теужа нэужь, хэзгъэзыхьри, пщащэм и гукъеуэр къезгъэIуэтащ. Гъыбзэ щIиусын иIэт Набавие.

И адэри, и анэри ищIэжыркъым пщащэм. ИщIэжыр зэлIэзэфыз гуэрым зэрапIарщ. ЯфIэгуэныхь хъури зрапэлIа щхьэкIэ ягъэтыншакъым: я жьэр кIэрагъэкIыртэкъым, «щхьэхынэри», «нэмысыншэри», «адэ мыущий-анэ мыущийри» къырапэсырт.

Нэхущым къыщахурти, унэр залъыIуихырт, пхъанкIэрт, лъасэрт, бээрым жэрт, яхуэпщафIэрт – и Iэри, и лъэри увыIэртэкъым жэщ хъуху. Жэщ хъумэ, унэ лъэгум игъуалъхьэрти, напIэзыпIэм Iурихырт. Пщэдей пщэдеймыщкIи арат къызыщIэтаджэр.

Пщыхьэщхьэ гуэрым, шей къригъахъуэ пэтрэ, Набавие шейщIэтыр IэщIэкри къутащ. Зи унэ ис фызым сабэр дрипхъеящ: «ШейщIэтыр пкъутащ!» – жери. Хъыджэбз цIыкIур нубэрэжьынтэкъэ: щхьэщыкIэкIэ къырилъэфэкIащ, Набавие гъы щхьэкIэ, фызым щIигчакъым. Зыкъомрэ кIуэцIикъухьри, фыз бзаджэм Набавие плIанэпэм дидзащ, ипхри езым дзасэр мафIэм нэригъэлъэдащ.

Набавие и псэр IукIащ: «Сыт къызищIэнур?» Фызыр IэлфIыцIэу къызэкIуэкIат. Дзасэ пщтырыр къипхъуэтауэ, Набавие и лъэгум щIоуэ: «ШейщIэт зэракъутэ уэзгъэлъагъуни, куэпэч!»

Нэху щыху и нэбдзыпэ зэтрилъхьакъым а жэщым Набавие: гъыуэ хэлъащ. ЕтIуанэ махуэми кIуэцIакъухьащ. Ахъшэм хъуа нэужь, Набавие пщIантIэм дэкIащ, и лъэгу цIынэмкIэ ерагъмыгъуейуэ фIэкIа темыукэфу.

Дэнэ кIуэнт хъыджэбз цIыкIур, уэрам кIыфIым дыхьакIэ? Уэрамыщхьэм тетIысхьащ, мэкIэкуакуэ. Дзасэ пщтыркIэ щIауда и лъэгур мэуз.

Полицэр къыбгъэдыхьэри къыщIэкIиящ:

– Сыт мыбдей щыпщIэр?

Хъыджэбз цIыкIур къащтэри къыдэплъеящ:

– Зыри. Си жеин къокIуэ.

Полицэр хъыджэбз цIыкIум и нэгум иплъащ – щIалэ дыдэщ. КъеупщIащ къыщыщIамкIэ. КъыщыщIар жриIащ.

Игу къыщIэгъуа хуэдэщ:

– НакIуэ, си деж нэху укъыщекIынщ...

Набавие полицэм и ужь ивращ. Уэрам кIыфIым зыкъомрэ къыщришэкIри, зы унэ иришэлIащ. ПэштI хъурт унэр. Уэдыгъэр пигъанэри, полицэм жиIащ:

– Сэ уэрамым сыдыхьэжын хуейщ, пщэдджыжьщ къыщызгъэзэжынур. Уэ гъуэлъи, жей.

«ГущIэгъу зиIэ цIыху срихьэлIащ жысIэри сыгуфIащ», – къызжиIэжащ Набавие иужькIэ.

Хъыджэбз цIыкIум игу къихьэжащ, гущIэгъу зыхэлъ цIыхум и унэ къыщыщIэхутэм. ПэштIым я зым гъуэлъыпIэшхуэ, сырэ,

диван щIэтт, унэ лъэгум алэрыбгъу илът, адрей пэшым шэнтрэ зэгъэщIыпIэ гуэррэ щIилъэгъуащ, блыным фIэлъ сурэтхэми гу лъитащ.

Жейр къытеуэри, щIэх дыдэ Iурихащ Набавие…

Пщащэм сеупщIащ:

– Студент гуэрым уишэн мурад иIар пэж?

– Хьэуэ, къэзгупсысауэ аращ…

– Иджы сыт къысхуэбгупсысыр?

– Зыри. Пэжщ бжесIэр.

ПцIы бупсыныр зэрымыщIагъуэр жесIащ Набавие.

И жэуапым еплъ:

– Си щхьэращ пцIы зыхуэзупсыжар. ФIыуэ слъагъу гуэр сиIэмэ, си жагъуэтэкъым… Мыхъуапсэ щыIэ!

Ар жери, щым хъуащ пщащэр.

СоупщI:

– Зыгуэр къэзгупсысащэрэт жыпIэрэ иджыри?

– ЖысIэркъым. Уэ пэж фIэкIа бжесIэфынукъым, упцIыхуфIщи… Полицэм пщэдджыжьым къигъэзэжри сыкъигъэушащ. ЩIакхъуэ, кхъуей, балыджэ, хъурмэ къыздихьащ… Зэрыхъуа псор схуэIуэтэжынукъым, зиусхьэн, бжесIэмэ, полицэм лей къызихащ а пщэдджыжьым… СыныбжьыщIэ дыдэт сэ абы щыгъуэ. УнэIути щIаси сищIащ полицэм…

– Си фIэщ хъуркъым, – жысIащ сэ.

– Пэж зэфэзэщщ бжесIэр, зиусхьэн!

– ИтIанэ-щэ?

– Сыт итIанэ?

– ЛIо къохъулIар нужькIэ?

Набавие и щхьэр ирихьэхащ, жэуап къызэтыфакъым.

– И унэм укъринащ…

– IэлъэщIи, бостеи, вакъи къысхуищэхуащ. Ауэ: «Унэм уимыкI! – къызжиIащ. – Унэм уикIмэ, усIэщIэукIэнщ!»

– АдэкIэ-щэ?

– Сышынащ, сиукIынущ жысIэри. Унэм сикIакъым. Зэгуэрым и благъэ къуажэм къикIри хьэщIапIэ къыхуэкIуащ. И благъэм яжриIащ сызэриунэIутыр. Здэуэршэрым, сакIэщIэдэIухьри, къэсщIащ къррагъэшэн мурад зэраIэр, къррагъэшэни къызэрыхуагъуэтар… А махуэм щыщIэдзауэ, къыстеплъэ хъужакъым: и унэ сыкърихужын муради ищIа хъунт.

– Укърихужа?

– Сыкърихужащ, лей къызэрызихар сIуэтэжмэ, сыкъызэремылынур къызжиIэри. «Уи жьэр убыд, усIэщIэкIуэдэнщ, уфIэзгъэжынщ», – къызжиIащ, и IэштIымыр къысхуигъэдалъэри… Уэрамым сыдэтурэ, цIыхубз гуэр срихьэлIащ. Щыхубзым жесIащ унэIут сызыщIын сызэрылъыхъуэр. Студентхэр зыдэс хьэблэр къызжиIащ цIыхубзым. «ЯхуэжьыщIэн мэлъыхъуэ», – къызжиIащ. Абы и чэнджэщщ студентхэм сахуэжьыщIэ зэрыхъуар…

– УахуэжьыщIа къудей?

– Аркъудейкъым…

И бзэр пичри, Набавие зыкъомрэ щымащ. ИтIанэ къыщIигъужащ, и щхьэр къиIэтыжри:

– Сыт си къарут, хэт сыхуэтхьэусыхэнт?



9 Заказ №537

– Полицэм и унэм куэдрэ уиса?
– Илъэсиш хуэдизкIэ.
– Дэнэ щыпсэур?
– Хьэуэ, хьэуэ! Сыхьумыгъэзыхь, бжесIэнукъым! Сошынэ...
– УзэрегуакIуэщ...
– Сызэзыщэла зэлIэзфызым сакъыкIэщIэкIуэсыкIын хуеякъым. СаукIырт, армыхъу...
– ЖьыщIакIуэу узэрыхыхьэжрэ куэд щIа?
– Илъэсым щIигъуащ. Полицэм сыкъызэрырихужьэжрэ...
– Уигу умыгъэныкъуэ, Набавие. Си фэтэрым ущIэмысынумэ, къуажэм уезгъэшэнщ – си адэ-анэм я деж.
– Ушха, зиусхьэн?
– Сышхащ. Уэ-щэ?
– СымэжалIэркъым.
– Гъуэлъыж-тIэ. Жей.

Сэри сыгъуэлъыжащ. Сыгъуэлъыжа щхьэкIэ, жейм сезэгъакъым. Пщащэ тхьэмыщкIэр си нэгу щIэкIыркъым: сыт хуэсщIэфынур, сыткIэ сыдэIэпыкъуфыну? Бзаджэнаджэр куэдщ, ящысхъумэфынкIэ хъуну? Набавие и псэуни зэпыуркъыми, ари сигу къоуэ...

Нэху щащ. Жейм сезэгъатэкъыми, сыхьэлъэщ. Набавие къэушатэкъым. Къэзгъэушын идакъым си гум. Зысхуэпа къудейуэ, бжэм зыгуэр къытеуIуащ. Фозийт бжэм къытеуIуар.

– Еблагъэ.
– Уэ дэнэ уежьа?
– Университетым.
– Нобэ мэрем махуэщ, – жиIащ Фозий, дыхьэшхри. – Кином дыгъакIуэ.

Жьыуэ сыкъызэрытэджам сыхущIегъуэжащ: зэрымэрем махуэр сщIэжакъым. ДыкъыщыщIэкIым, Набавие гу лъитащ Фозий: щащыхум зыкIуэцIишыхьауэ, плIанэпэм дэлът, и щхьэри щIиуфауэ.

– Хэт мор?
– Набавиещ.
– Афэрым! Пы ухъуащ, зэрыжыпIэмкIэ?
– Уигу къэкIар хэлъкъым, Фозий.
– Езым сеупщIынщ абы щыгъуэ.
– УещхьэкIуэнщ, уеупщIмэ. Сыт хуиIуэху!

Фозий икIуэтыжащ.

– Пы ухъуа си гугъати!..

Пщащэ тхьэмыщкIэр нэху щыху зэрыпсчар жесIащ Фозий.

– Псчащ жоIэ? ЩIэхуж абы щыгъуэ!
– Хьэуэ, щIэсхужынукъым. Дохутырым спэнущ.
– УгъэщIэгъуэнщ уэ! ПщIэнумкIэ ухуитщ, дауи. Ухэзгъэзыхьыркъым. Си чэнджэщ ухуеймэ, щIэхуж!
– ЩIэсхужынукъым. Дохутыр къезгъэплъынурэ, хущхъуэ къыхуэсщэхунущ. Си фэтэрым щIэзгъэсынущ е хъужыху, е лIэху. ЛIэмэ, тыншыжащ тхьэмыщкIэр.
– Си чэнджэщым уедэIуэнукъым?
– СедэIуэнукъым.

Фозий бжэр къридзылIэжащ:

– УжыIэмыдаIуэщ. УщIегъуэжмэ, уигу сыкъэгъэкIыж! – жери.

Фозий сигу ебгъэщ. ГущIэгъуншэ си гугъэкъым иджыри къэс. Дыгъужьыгу кIуэцIылъи, къызэрыщIидзамкIэ! Хэт и гугъэнт!..

Набавие дохутырым сшащ. Лажьэшхуэ иIэтэкъым тхьэмыщкIэм: и тхьэмбылым щIыIэ еуэкIауэ арат. Дохутырым дыкъыщIэкIыжа нэужь, Набавие и нэпсым къызэпижыхьащ:

– Алыхьым и нэфI къыщцыхуэ...

... Щым хъуауэ щысщ Набавие – и бээр нубыда хуэдэщ. Хэт ищIэрэ игу къэкIыжар: игу щIэныкъуэн Iэджэ игъэващ...

И Iэр и нэкIум Iуилъхьэри, къыщиудащ, зыкъомрэ щыса нэужь.

– Сыт къыщыщIар?

– СщIэркъым.

– УощIэ! – хэзгъэзыхьащ Набавие.

– Зыри къысщыщIакъым.

– Уигу зыгуэр къэкIыжагъэнщ?

– КъэкIыжащ. Полицэм лей къызэрызихар къэкIыжащ сигу. Сишэжауэ щытамэ...

– ФIыуэ плъэгъуат?

– Хьэуэ, фIыуэ слъэгъуатэкъым. Сыщышынэрт.

– НтIэ, уигу щхьэ къэбгъэкIыжрэ?

– НэгъуэщI къызэриштарщ сигу къыщIэкIыжар...

– БлэкIам ущIэмыгупсыс, Набавие. КъэкIуэнуращ уэзгупсысын хуейр.

Набавие си фэтэрым есащ. И гур щигъэтIылъауэ къысфIэщIащ. Сэри сыгуфIащ: «И гум жьы дихужащ», – жысIэри.

Махуэ къэс бээрым макIуэ, хадэхэкI, лы, щIакхъуэ къещэху, мэпщафIэ, пэшыр зэлъыIуех, мэпхъанкIэ, мэлъасэ – и Iэр здынэмыс щыIэкъым. Мазэ щIэсащ си фэтэрым. И фэр нэхъ къыхьэжащ, жьы къыщIыхьэжащ, нэжэгужи хъуащ.

Махуэ гуэрым, шэджагъуэ хъуауэ, бжэм зыгуэр къытеуIуащ. Набавие бээрым кIуауэ къэтт, унэм исыр си закъуэт. Бжэр щыIусхым, илъэс плIыщI зи ныбжьын фыз нэджэIуджэ гуэр сыIуплъащ: фыз быртIым фэрэкIнашэщ, IэлъэщI фIыцIэ теубгъуащ.

– Хэт ухуейт? – сеупщIащ фызым.

– Набавие сыхуейщ.

– Уэ ухэт?

– Набавие сринадэ шыпхъущ.

– Набавие щIэскъым: бээрым кIуащ. КъакIуэ, къыщIыхьэ.

– Хьэуэ, сынышIыхьэнукъым! СыкъызэрыкIуар схужеIэж. Иужькiэ къытезгъэзэнщ.

Фызыр IукIыжа нэужь, сегупсысащ: «Дэнэ щищIэрэ Набавие си фэтэрым зэрыщIэсыр?» Набавие къэсыжри, сеупщIащ:

– Уи благъэ дэс Къаир?

Къызэплъа фIэкIа, жэуап къызитыжакъым Набавие.

– Благъэ Iыхьлыи уимыIэу къызжепIатэкъэ?

– Укъэзгъэпщэркъым, зиусхьэн.

– Хэт-тIэ а фызыр?

– Ар си благъэкъым сэ, зиусхьэн.

– Дэнэ щыпщIыхурэ-тIэ?

– Бэзэрым дыщызэрыцIыхуащ. КъыщызэупщIым, си Iуэху къызэрекIуэкIар жесIащ. Игу къысщIэгъуати, щыгъэ къысхуищэхури къызжиIащ: «Сэбын сиIэкъым. Ухуеймэ, пхъу уещIыпщ».

– Уи щхьэм ирумыгъажэ, Набавие, ауэ а фызыр сигу ирихьакъым. Игу фIы къыпхуилъ си гугъэкъым. ЗыщIыпIэ ухигъэпкIэнщ. Къэхъыпэ зэхуэзыпэхэм яхэмыту къыщIыукI ар!

Набавие къэшынэжащ:

– Сыт сщIэнур-тIэ, зиусхьэн?

– АфэкIа уIумыщIэ абы!

– Игу къысщIэгъуащ... Дахэ къызжиIащ...

– Мы дунейм зыри хэпщIыкIыркъым уэ, – жысIэри Набавие сыхуэхъуащIащ: дахэ къыбжаIэурэщ уазэрыхагъапкIэр.

ИтIани сфIэгуэныхь хъуащ: «ГущIэгъу къыхуэзыщIынрэ дахэ къыжезыIэнрэ щхьэкIэ и нэр къокI тхьэмыщкIэм!»

Сигу къэкIыжащ Набавие и сабиигъуэр. И ади, и анэ ищIэжыркъым, игу фIы къыхуэзыщIын, и щхьэм Iэ къыдэзылъэн илъэгъуакъым. КъыдэкIуэтейри, нэхъ Iенжым Iууащ. Сыт и гурыфIыгъуэ тхьэмыщкIэм? Игу зэщагъэуащ Iаджэрэ. Бэзэрым къыщрихьэлIа фызыр къедэхэщIати, и гур IэфI хуэхъуащ.

Фызыр сигу ирихьатэкъым, Набавие сыт жиIэми.

– КъодэхэщIамэ, игу къыпщIэгъуауэ, уэхищIыкIауэ щхьэ плъытэрэ?

– Езым къызжиIащ... IэплIи бэи къысхуищIащ...

– Хъунщ, нэхъ нужькIэ дызэчэнджэщынщ, – жесIащ Набавие.
– Укъызэдэ Iуэн си гугъэщ. Укъызэдэ Iуэнкъэ?

– Уи псалъэ сыфIэкIынкъым, зиусхьэн.

МахуитI-щы дэкIащ.

Зыпщыхьэщхьэ Набавие къызоупщI:

– Куэд щIа уи анэр зэрумылъагъурэ?

– ЩIащ, – жыпоIэ.

– Ухуэзэшагъэнщ.

– Сыт абы ущIыщIэупщIэр?

– Анэм и бэм нэхъ IэфI щыIэкъым...

– Дэнэ щыпщIэрэ ар уэ?

Абы къыфIигъэкIакъым, и псалъэр щIилъэфыжащ. Набавие и щэхум щыгъуазэ сищIын мурад иIауэ къысфIэщIащ абдежым, щIыщIилъэфыжаращ къысхуэмыщIар. Фыз нэджэIуджэр сигу къэкIыжащ, ауэ а пщыхьэщхьэм сыхущIыхьэртэкъыми, Набавие хэзгъэзыхьакъым.

Зэгуэрым, университетым сыкъикIыжауэ, Набавие фэтэрым щIэмысу сыкърихьэлIэжащ. Бэзэрым къыщыгуваուэ си гугъащ япэщIыкIэ. Сыпэплъащ – Набавие къигъэзэжакъым а махуэм. Дэнэ здэкIуэнкIэ хъунур? Хьэмэрэ къыздэгушыIэрэ е аргуэру сыкъигъэпщIауэ ара? Уигу фIы щыщIэнт?..

ЕтIуанэ махуэми сикIакъым унэм. Шэджагъуэ хъуауэ, бжэм зыгуэр къытеуIуащ. СыщIэкIмэ – фыз нэджэIуджэрщ!

– Дэнэ щыIэ Набавие? – къызжьэхэуващ фызыр.

– Уи деж щыIэкъэ Набавие? Къызумытыжмэ, полицэм яжесIэнщ.

– Полицэми? Уи щхьэр къопщI уэ, щIалэ! Дэнэ пхьа Набавие?

Фызым зехъунщIэ, и Iэ-и лъэр ещI.

– ПщIы къысхуэбупсащ: уэ абы уриадэ шыпхъукъым!

Фызыр икIуэтыжащ, и Iэлъэщl фIыцIэр зытрипхъуэжри, щыIукIыжым къызэридзэкIащ:

– Уэзахуэщ! Набавие єрнадэ шыпхъукъым сэ! Сриянэщ! Пхъу сщIащ! Си псалъэм фIэкIыуи здэнукъым. Уи нэ фIыкIэ илъагъу!..

МазиплI дэкIащ. Набавие дунейм къытехьэжыркъым, си гугъэри хэсхыжащ. Насып къеуэлIамэ, аращ сызыхуейр. Тхьэм къихъумэ.

Си гугъэ хэсхыжыпауэ, пщыхьэщхьэ гуэрым Набавие бжэщхьэIум къытехутащ. Сыкъэщтэнтэкъэ! Зыгуэр зэхищIыхьауэ щIэщтэжам ещхьт Набавие.

– КъыщIыхьэ.

БжэщхьэIум къебэкъуащ Набавие. И жьэр зэщIихыркъым.

– ТIыс! Дэнэ ущыкIуэдар?

– ЛIы сыдэкIуащ.

– Укъызэчэнджэщыни уи щхьэ теплъхьакъым?

– Сыночэнджэщамэ, сепхынутэкъым. Аращ сызыдэкIуам къызэжиIар.

– Хэт узыдэкIуар?

– Санбо.

– Ар хэт езыр?

– ЩIалэщ…

– Сыт-тIэ къыщIэбгъэзэжар?

– СыкъригъэкIыжащ.

– АфIэкIа хэлъакъэ?

– Шхын щхьэкIэ сыщIигъэлIыхьащ унэм. Иужьым сыкъригъэкIыжащ.

– Нэчыхьыр евгъэкъутэжамэ, дэнэ щыIэ тхылъыр?

– Езым деж къигъэнащ.

– Дэнэ щыпсэур?

– Зейнэб хьэблэ.

– Хъунщ. Уигу игъэхуж. ДяпэкIэ сэ къызэдаIуэ.

– СынодэIуэнщ, зиусхьэн. Уигу къызумыгъэбгъэ, – жери Набавие къыщиудащ.

Набавие зэхэщIыкIынтэкъэ: лIы дэкIуауэ, си фэтэрым щIэсыжынт – арат дунейм мазиплIкIэ къыщIытемыхьэжар. Сэ къызгурымыIуэр абы и ужькIи щIэбзэхыжарщ. КъыкъуэкIыжа нэужь, си фэтэрым махуэ тIощIкIэ щIэсри… бзэхыжащ! СекъуэншэкIауэ, игу хэзыгъэщIын псалъэ зэкезгъэхауэ сщIэжыркъым. Си щхьэращ згъэкъуаншэр: бзэхыжамэ, сэрагъэнщ зи лажьэр.

… Илъэс дэкIащ. Пщыхьэщхьэ гуэрым, пшапэр зэхэуауэ, фэтэрым сыздэкIуэжым, зыгуэр къыскIэлъыджащ:

– Зиусхьэн! Зиусхьэн!

СызэплъэкIри, Набавие къэслъэгъуащ.

– Набавие? Уэра ар?

Фагъуэщ Набавие, и нэщIащэр щIэуфIыцIыкIащ, и Iупэр къэчащ.

– Уигу къызумыгъэбгъэ, зиусхьэн.

– Дэнэ уздэщыIар, Набавие?

– УкъызэмыупщI.

Фыз нэджэIуджэр сигу къэкIыжащ.

– Уи адэ шыпхъум деж?

– Аращ… Аращ мы уэрамым сыкъэзышар…

Набавие пцэр къыхэхъыжьащ. СфIэгуэныхь хъури, сеупщIащ:

– УнэкIуэжын?

Набавие зиплъыхьащ, хьэ щта хуэдэ:

– Уэри сэри даукIынущ, дыкъалъагъумэ.

– Хэт дызыукIынур?

– А фызым и гъусэхэм!

– Iэпэ къыптралъхьэнкъым!

– Лъыифщ ахэр. Къэхьпэ мэлъыхъуэри уэрамым дэтщ. Хьэщэхурыпхъуэм хуэдэщ. Уэрамым дыщаубыдри дащэ!

Пцэр нэхъри къыхэхъыжьащ Набавие. Асыхьэтым щIалэ плIабгъуэ нэщхъыдзэ къыбгъэдыхьэри къыщIэгубжьащ:

– НакIуэ! УтIэщIэкIын уи гугъати!

И блыпкъыр иубыдри, щIалэ нэщхъыдзэм Набавие уэрам кIыфIым дилъэфащ…

# СЫТ УИ ЛАЖЬЭ, ХЬЭНЭФИЙ?



И нэгу хьэдэ къыщIыхьэ зэпытщ Хьэнэфий, и напIэр зэтрилъхьамэ. ЕщIэ зыми зэрыщIимылъхьэжынур, дыуэ зыми къызэрытримыщIэнур, и кхъащхьэм Ясин къызэрыщемыджэнур. Ар и нэгу къыщIыхьэху, Хьэнэфий и щхьэфэцым зресэ, и пэр IукIарэ и гур кIуэдауэ къыхокIиикI: «Сыхуейкъым! Сыхуейкъым! Сыпсэунуи сылIэнуи сыхуейкъым!» Ар зэхэзыхым делэ хъуа къафIощI лIыжьыр.

ЛIыжькIэ уеджэми, Хьэнэфий илъэс щэ ныкъуэрэ тхурэ хъуа къудейщ. Кхъахэщ, афIэкIа и мыныбжь пэтрэ. И гугъэр гъащIэм хихыжащ, мэжэщIалIагъэм илIыкIыныр щ зыщыщтэр.

Уэрамым къыдэнащ Хьэнэфий, сымаджэщым къыщIагъэкIыжри. И гъащIэр мэкIуасэ махуэ къэси – сыт и гурыфIыгъуэ? «СылIэнуи сыпсэунуи сыхуейкъым! Сыхуейкъым!» – аращ и бзэгупэм темыкIыр, хэгужьеихьащи.

И гъащIэр нухыху, сымаджэщым щIэлъын мурад иIащ лIыжь екIуэлIапIэнщэм. Лажьэр къытихуи санитар фызым – аращ сымаджэщым къыщIэзыхуар.

И гущIыIу дэгъэзеяуэ гъуэлъыпIэм илъ лIыжьым къыбгъэдыхьэрейт дохутырыр, къеплъырти, къыжриIэрт:

– Хьэнэфий, ухъужащ, лажьэ уиIэжкъым. УщIэстхыкIыжынущ.

Хьэнэфий гужьеяуэ къызэфIэтIысхьэрти, дохутырым елъэIурт:

– СыщIумытхыкIыж, зиусхьэн! Алыхьыр узогъэлъэIу!

Лыжь тхьэмыщкIэр фIэгуэныхьт дохутырым: жьы хъуащ, щхьэгъуси, быни, лэжьапIи иIэкъым, сымаджэщым щIитхыкIыжмэ, дунейр къытекъутэжакъэ!

Санитар фызыращ Хьэнэфий зытеунэхъуар. И щIасэлIыр сымаджэщым щIигъэгъуэлъхьэнути, арат санитар фызыр щIыкIэрымыкIыр.

КъакIуэри къыщсыхьащ санитар фызыр:

– Хьэнэфий, ухъужащ. Лажьэ уиIэжкъым. Сымаджэщым щIэкIыж. Напэ уиIэкъэ?

Дохутырым гущIэгъу зэриIэр ищIэрти, Хьэнэфий жиIащ:

– Сыхъужарэ сымыхъужарэ ещIэ дохутырым. Абы еупщI.

Санитар фызыр дохутырым деж жащ:

– Хьэнэфий лажьэ иIэжкъым, щIэтхыкIыж. Абы и пIэм нэгъуэщI сымаджэ къыпоплъэ.

– Хьэнэфий лIыжь насыпыншэщ, – жиIащ дохутырым. – Зи лъабжьэр гъуа жыгым хуэдэщ, лэжьэжыфынукъым. Сымаджэщым щIэкIыжмэ, шхын щхьэкIэ лIэнущ. Iэрызехьэ хъуа лIыжьфызыжь екIуэлIапIэншэхэм унэ яхуищIын хуейуэ и къалэнщ къыкумэтым. ЯхуищIын дэнэ къэна, и пщIыхьэпIэ къыхэхуэркъым ар и пщэ зэрыдэлъыр. Аращ Хьэнэфий хуэдэ насыпыншэхэм сащIыдэIэпыкъур.

Санитар фызым игу къэкIыжащ Хьэнэфий сымаджэхэм яжриIауэ щытар: «Щхъуэ къывахьынкIэ мэхъу, фысакъ. Санитархэм ящыщ зым зы сымаджэ щхъуэ ирихьри игъэлIащ илъэс ныкъуэ и пэкIэ. Хьэдэр щIыунэм зэрырахьэхар слъэгъуащ. ЩIыунэм сыщIэплъати, хьэдэр щIэлъщ: щIэзылъхьэжынш дыуэ тезыщIэни яIэкъым – аращ щIыунэ кIыфIым щIыщIагъэлъыр... Уанэ мыгъуэр теслъхьакъэ, мыбы сыщIэлIыхьмэ! ЩIыунэм срадзэнщи, сащыгъупщэжынщ, зыми сыщIилъхьэжынукъым, зыми сигъеижынукъым...»

Ар игу къэкIыжри, санитар фызыр Хьэнэфий и пIэ лъапэм къытетIысхьащ:

– Насыпыншэ! Ужеяуэ зыкърезгъэхьэлIэнщи, щхъухь пхэскIэнщ. Абы ухуэмеймэ, сымаджэщым щIэкIыж.

Хьэнэфий и псэр IукIащ, къэгужьейри:

– Зэхэфхрэ мыбы жиIэр? Щхъуэ къызихьынурэ сигъэлIэнущ! – жери пIэм къитIысхьащ, и фэр пыкIауэ.

Санитар фызыр дыхьэшхащ, сымаджэхэм я тхьэкIумэр щагъэкIым.

– Мыр делэщ! Мыбы жиIэр фи фIэщ фымыщI. Сымаджэщым къыщIэхуэн и пэ делэщым щIалъащ Хьэнэфий.

Хьэнэфий бэяужынт!

– Щхъухь къысхикIэнурэ сигъэлIэнущ! Щхъухь къысхикIэнурэ!

Санитархэм зыкъырадэри, Хьэнэфий япхащ: «ЛIыжьыр и акъыл итыжкъым, делэ хъуащ, дохутыр къегъэплъын хуейщ», – жари.

Санитархэм ящыщ зым шэч ищIащ:

– Лажьэ зэримыIэжыр дохутырым къыжриIати, делафэ зытрегъауэ. ЛIыжь бзаджэщ мыр!

КъеIэзэ дохутырыр къэкIуащ. ФIагъэжын щхьэкIэ япха Iэщ хуэдэ, и нэр къихуу щылъщ Хьэнэфий.

– ФтIатэ, – жиIащ дохутырым. – Дэнэ кIуэн фи гугъэ?

ЛIыжьыр ятIэтэжащ. Дохутырым и лъабжьэм зыщIидзащ Хьэнэфий, и нэпсыр къыщIолъэлъ, псалъэр хуэзэмыщэжыркъым, и псэр зэфIэзэрыхьащи:

– Тхьэрэзэ къыпхухъу! Тхьэрэзэ къыпхухъу!

Жэщыбгщ. Псори мэжей. Хьэнэфий и закъуэщ мыжейр, пIэкум исщи, бжэмкIэ маплъэ: санитар фызым щхъухь къыхикIэнумэ, жэщыбгырагъэнщ къыщыкIуэнур... СымаджэщымщIэлIыхьмэ, щIыунэм ирахьэхынщи, зыми игъеижынкъым,

дыуэ къытрищIэнкъым зыми… И хьэдэр дзыгъуэм яшхыжынщи, и хьэдэ къупщхьэр хьыфIадээжынщ… Аракъэ къыщIэлъыр лIыжь насыпыншэм? Хьэуэ, сымаджэщым щIэлIыхь нэхърэ нэхъыфIщ, уэрамым дэлIыхьмэ: хьэдэр уэрамым дагъэлъынкъым, щIалъхьэнщ…

Нэху мыщ щIыкIэ Хьэнэфий дохутырым жриIащ сымаджэщым зэрыщIэкIыжыр: лажьэ щимыIэжкIэ сыт щхьэкIэ щIэлъыжын?..

ЦIыхум чы гъурыр зэрызэпищIыкIыр флъэгъуагъэнкIэ хъуи? Бгы задэм щеххкIэ вы уадыкъуам гу хьэлъэр къытегуплIауи флъэгъуакъэ? Вы ныбаджэм и нэр къыщеху, хьэлъэ зэрыль гур къытогуплIэри, выщхьэр фIичыным тIэкIуиитIэщ иIэжыр. ГъащIэм зи гугъэр хэзыхыжа цIыхум и нэгу фиплъакъэ зэи, и псэр диярэ ажалым къигъэшынауэ? Фи нэгу къыщIэвгъэхьэ ар.

Феплъ Хьэнэфий, ар фи нэгу къыщIэвмыгъэхьэфмэ.

Зи нэр къыщыпкI Iэщ уэдыкъуа нэхъей, ажалым игъэшынауэ, и псэр дияуэ, уэрамым къыдэнащ Хьэнэфий.

Сыт уи лажьэр, Хьэнэфий? Игу щхьэ къобгъа санитар фызым, сытыт щхъуэ къущIихьынур? Уэрамым укъыщIыдадэжар сыт, дэнэ екIуэлIапIэ пхуэхъунур? Къаср-ал-Айни сымаджэщыр щхьэегъэзыпIэ пхуэхъуи уи гугъати, уи жьыщхьэ уэрамым укъыдадзэжащ, дэнэ иджы уадэкIуэнур?

Сыт уи къуаншагъэ, лIыжь кхъахэ, хэт и гъуэгу зэпыбупщIар? Пшхынури блэжьынури сыт? Улэжьэфыну щытамэ, зыгуэртэкъэ. Уи къарур кIуэжащ, Хьэнэфий, пхуэфIэкIыжын щыIэкъым.

Чырбыш щагъажьэ лъэщапIэм уIутащ, уи къару илъыху. Хьэлъэ зеплъэфащ, уи гуащIэ уеблэжакъым. Уэ умыгъэуиэхуан къэнэжа: улIыщIащ, уIэпыдэлъэпыдзащ, къэхьэуэ ефапIэми щIакхъуэ гъэжьапIэми уIутащ – лэжьапIэ мащIэ зэпхъуэкIа! Уи къару илъыху, зыщыщIебгъэх къэхъуакъым, зы махуэ уетIысэхакъым, «уэху!» жыпIакъым.

ЛэжьапIэншэ ухъуа нэужь, узыIута IэнатIэр пщIэжыркъэ? ЩIыхуэм ущIигъэнауэ упсэуащ. Джэш лыбжьэ тепщэч е щIакхъуэ Iыхьэ къызэрыпщэхуи уиIакъым, щIыхуэ къыумыщтауэ. ЩIыхуэкъэ дяпэкIи узэрыпсэунур? ЩIыхуэ къэпщтэнт, пхуэпшыныжынумэ. Пхуэмыпшыныжмэ, зи щIыхуэ птелъым зыщыбгъэпщкIунурэ пкIэунэм уисынущ, уэрамым укъыдыхьэмэ, зи щIыхуэ птелъым къыпэпкIухьынущ, уакъыIэщIэмылъэгъуэн папщIэ.

Ал-Аззэ уэрамым зы гъуэмбырэщ ущыпсэуащ. Ари уиIэжкъым иджы. Утебгэри IэщIыб пщIащи, бгъэжжынукъым. Уи тепIэнщIэлъыни, уи хьэкъущыкъуи, уи уэдыгъи, уи арджэныжьи – псори пщэжащ сымаджэщым ущыщIэгъуалъхьэм. Уи гъащIэр сымаджэщым щыпхьын уи гугъащ, Хьэнэфий. Ар къохъулIэнкIи хъунт, санитар фыз гущIэгъуншэр уи ужь къимыхьатэмэ.

Уэзхъуэпсэн хэлъкъым къэбгъэщIам, Хьэнэфий. Уи зы гурыщэ къохъулIакъым, пщэдджыжь пшагъуэ хуэдэ, кIуэдыжащ уи гурыщэхэр, гъащIэ дыджым и Iэмыщiэ уихуэжащ, аргуэрыжьти. УпэщIэтыфынкIэ хъуи абы, ухигъэщIэнкъэ? Сыт пщIэн: уи ажал къэса хъуакъым, уэрамым укъыщыдадзэжакIэ.

ПщIэнур гурыIуэгъуэкъэ: пхуэфIэкI нэхъыбэ пщIэнукъым. ПхуэфIэкIыжынIакъэ?

ЩIакхъуэ Iыхьэ къыпхуэлэжьынкъэ жыхуэсIэщ. Жы ухъуауэ, уи гуащIэр кIуэжауэ жаIэ псоми – аракъэ сигу къеуэр...

* * *

«Iэзэ гъэпщъэ!» – къыжраIащ Хьэнэфий, зигу къыщIэгъуирихьэлIэри. «Баб-аш-Шарие хьэблэм Iэзэ дэсщ, икIи Iэгуаплъэщ, дыуи ятх, – къыжраIащ. – ТIу мэхъу. Бгъаплъэмэ, къыпщIэлъымрэ уи Iуэху зэрыхъунумрэ къыбжаIэнущ».

ПэжыкIи мэхъу, Хьэнэфий, бгъаплъэркъэ! Ахъшэ жыгъей тIэкIу уи жыпым къипэжамэ, Баб-аш-Шарие хьэблэм кIуэ, тIум яз бгъэплъэнщи, уи Iуэху зэрыхъунур къыбжаIэнщ. ТIум я цIи зэхэсхащ сэри: Абдул Хьэдийрэ Хъуснайнирэ. Уи кIэр пачынкъым, сэбэп къыпхуэмыхъуми: укIуэрэ бгъаплъэркъэ Абдул Хьэдийрэ Хъуснайнирэ!

Тегушхуэри, Хьэнэфий Iэзэм я деж ежьащ. Уэрам зэвхэм дэзэрыхьауэ и щхьэр зыкъомрэ зэрихьэри, Iэзэм и унэр къигъуэтащ. Унэм тетхат: «Цlыхухъуи, цIыхубзи, сабии догъэхъуж, ди Iээгъуэ имыт щыIэкъым».

Лlыжьыр хэгупсысыхьауэ здэщытым, и дамащхьэм зыгуэр къытеIэбащ. Хьэнэфий къаскIэри зэплъэкIащ. И дамащхьэм къытеIэбар лIы жьакIэ фIыцIэ гъумыщIэт, чалмэ удзыфэ щхьэрыIуауэ. ЛIы гъумыщIэм сэлам ирихри, Хъэнэфий жиIащ:

– Зиусхьэн Абдул Хьэдийрэ зиусхьэн Хъуснайнирэ сахуейт.

Хьэнэфий и фэр пэхум хуэдэщ, псалъэр ерагъмыгъуейуэщ къызэрыдришейр, мэжэщIалIэщи, и псэр хэгъуэным нэсащ.

– Зиусхьэн Абдул Хьэдийр сэращ. СыткIэ укъытхуей хъуа? – къеплъащ лIы гъумыщIэр.

И нэр триубыдэри, Хьэнэфий Iээр зэпиплъыхьащ: «Iээр пэж хьэмэ пщIыупс гуэр?»

– ЛэжьапIэншэ сыхъуащ, – жиIащ Хьэнэфий, – си Iуэху зэрыхъунур сщIэркъым. Си натIэм къритхар къыжефIэфын? Дыуэ схуэфтхыфын? Арщ сыкъыщIыфкIэлъыкIуар.

– Си ужь къиувэ, – жери зиусхьэныр унэм щIыхьащ.

Унэм нэгъуэщI зы лIи щIэст; абы хьэрып пыIэ удзыфэ щхьэрыгъэсят, ауэ жьакIэ теттэкъым. «Куэзэуэ пIэрэ?» – игу къэкIащ Хьэнэфий.

– Хъуснайнищ мыр, – къыжриIащ Абдул Хьэдий. – КъызэрызжепIамкIэ, улэжьапIэншэщ, ы?

– СылэжьапIэншэщ.

– ЛэжьапIэ уолъыхъуэ?

– Солъыхъуэ, зиусхьэн.

Хъуснайнин къыхыхьащ псалъэм:

– Махуэм дапщэ къэблэжьмэ, арэзы ухъун?

– Сыхынрэ фэтэрыпщIэ схуэхъунрэ, – жиIащ Хьэнэфий, и щхьэр лъэныкъуабэ ищIри. – Мазэм зы фунт дэздзыхыфмэ, ари си жагъуэкъым. Зы фунт закъуэ мазэ къэс! СылIэмэ, джэбын уасэ схуэхъунщ, ерищIалъхьэжынщ. Абы нэхъыбэ сыхуейкъым.

– УщIэзылъхьэжын бгъуэтмэ-щэ? – къеупщIащ Абдул Хьэдий.

Щ1ыунэр игу къэк1ыжащ Хьэнэфий. И щ1ыфэр тхытхащ! Алыхьым жимы1эк1э! Уащыгугъ хъунукъым, укъагъэпщ1эжынщи, уи хьэдэр щ1ыунэм ирадзэжынщ…

– Хьэуэ, хьэуэ! Джэбыныр сэ къэсщэхужынщ, нэгъуэщ1ым сыщыгугъыфынукъым. Си хьэдэр щ1ыунэм ирадзэжмэ, сыунэхъужакъэ!

1эпит1ым къагурыIуагъэнкъым л1ыжьым и хьэдэр щ1ыунэм щ1радзэжынури изыдэнури. «Зыгуэр и лажьэ хъунщ», – жари зэпаплъыхьащ жыхафэм тет л1ыжьыр.

1упсыр иригъэхри, Хьэнэфий Абдул Хьэдий еплъащ:

– Дыуэ схуэтх. Щыз дыуэ. Ахъшэ т1экIу сиIэщ – пщ1эншэу уэзгъэтхынукъым.

Абдул Хьэдийрэ Хъуснайинрэ зэплъыжащ.

– Уи ахъшэр уи жып игъэлъыж. Уи ахъшэ дыхуэныкъуэкъым дэ. Арэзы ухъунумэ, ди унэ укъиднэнщ. Укъыддэ1эзэнщ жыхуэт1эщ.

Апхуэдэ насып къеуэл1энк1э гугъэнт Хьэнэфий!

– Фи унэ?! Сыт сывгъэщ1энур?

– Къэхьэуэ, шей тхуэзыгъэвэн 1эпыдэлъэпыдэ дыхуейщ. Удгъэшхэнущ, утхуэпэнущ, лэжьапщ1и уэттынущ. Уарэзы?

Хьэнэфий и гур къихьэжащ, гуф1ащэри и напсым къызэпижыхьащ. И пщэм къыщадза к1апсэлэрыгъуэр нап1эзып1эм зэпычыжащ, к1апсэлэрыгъуэр илъыжкъым и пщэм – къела хуэдэщ. Псалъэр ерагъмыгъуейуэ зэпищэри, Хьэнэфий Абдул Хьэдийрэ Хъуснайинрэ ф1ыщ1э яхуищ1ащ.

– Сырэзы къудей! Тхьэрэзэ къыфхухъу, Алыхьым и нэф1 къыфщыхуэ! Фэ къысхуэфщ1ам хуэдиз къысхуэзыщ1а срихьэл1акъым иджыри.

– Уарэзымэ, – къыжра1ащ, – мо джанэ хужьыбзэр зыщыпт1эгъэнщ, мо пы1э плъыжьыр зыщхьэрыбгъэсынщ, бгырыпх удзыфэр зыщ1эпплъэхьэнщ. Щ1ыху къихьэмэ, 1энэм шей, къэхьэуэ къытебгъэувэнщ, жыхуа1эр ихуэпщ1энщ, псалъэ янэбдзыжынкъым. Тхуэмыфащэ умылэжь, дэ пщ1э къытхуащ1, ди напэр тумых, емык1у къыдумыгъэхь… Къыбгуры1уа? Къыбгуры1уамэ, хъарзынэщ… Нобэ Зэкъазыкъ дык1уэн хуейщ. Щ1ыхуф1 куэд дэсщ Зэкъазыкъ, фыз сымаджэри щыкуэдщи, де1эзэнущ. Ди хьэпшыпыр зэк1уэщ1ыпхэ – гъуэгу дытехьэнущ. Еужьэрэк1, Хьэнэфий: маф1эгум дыкъык1эрыхунущ.

* * *

Маф1эгум, фийри, зричащ. Зэкъазыкъ нэсыху, щхьэгъубжэм къыбгъэдэк1ақъым Хьэнэфий: ф1эгъэщ1эгъуэнщ бжьэхуц хьэсэхэр, псы 1уфэ къамылыр, махъшэ жьэгъуашхэхэр… Хэт илъэгъуа апхуэдэ дуней, куэд щ1ауэ? Гуныкъуэгъуэ я1экъым, игурэ и щхьэр зэтелъщ: дэнэ щащ1эн Хьэнэфий телъ хьэзабыр…

– Хьэнэфий, Зэкъазыкъ дыкъэсащ, – жи1ащ Абдул Хьэдий, – и дамэм къыте1эбэри. – Мыбы фэтэр къыщытщтащ – дыщы1эзэн фэтэр.

1эзэхэр щалъагъук1э, ц1ыхур къоувы1эри, я жьэр 1урэху, и нэр кърагъэж: къэщ1ыху жып1эркъэ, я щыпэкъак1уэкъым Зэ-

къазыкъ, пщIэ къызэрыхуащIри нэрылъагъуц. Iэзэм щагъуэсэкIэ, Хьэнэфии хуэфащэщ пщIэ: аракъэ и Iупэр щIызэтемыхьэжыр!

Фэтэрым нэсащ. Унэм пхъэбгъу кIапэ кIэраIулIакIэт: «Лlыжьи, фызыжьи, сабии догъэхъуж, ди Iэзэгъуэ имыт щыIэкъым».

– Хьэнэфий, шей тхуэгъавэт!

– Хьэнэфий, къэхьэуэбжьэ къегъафот ди хьэщIэр!

– Хьэнэфий, дэнэ ущыщIэвэщIа?

Аращ махуэ къэси – Зэкъазыкъ къызэрыкIуэрэ. Абы къыфIамыгъэкIмэ, дыщэм хуэдэщ: шей къэхьэуи игъэвафынущ Хьэнэфий, бэзэрми кIуэфынущ, щэхуэкIи ещIэ, зыхригъалъэфынукъым.

ЦIыхуба мащIи щызэблэкIрэ Абдул Хьэдийрэ Хъуснайнирэ къащта фэтэрым! Зыр пщэрышхуэщ, зыр зэкIуэцIыгъуащи, бащым хуэдэщ, зыр фагъуэщ, зым и нэр къыщихуащ, и жьагъур къэбэгащ, зым и лъакъуэр къозауэ, зым и блэгъукIэр къыхоуэзыкI... Абдул Хьэдийрэ Хъуснайнирэ я Iэзэгъуэ имыт щыIэкъым! Зым и лIыр хьэпэщыпхэ ирегъэщI, зым и лIым и щIасэр зэуэкIэпсэ зыщIын дыуэ ирегъэтх...

ЦIыхуба пщэрышхуэ къыщIохьэ. Мэгъыиэнэ цIыхубэ пщэрышхуэр, и щхьэр зэрехьэ.

– Сыт уи лажьэр, ди пыпхъу? – йоупщI Абдул Хьэдий.

– Си бгыр мэуз, зиусхьэн. Си бгыр!

– Куэд щIа къызэроуэрэ?.. Ухигъэпыхьрэ?.. Уи Iэр къызэтыт... Уи гум сегъэдаIуэт...

ЦIыхубзым и Iэреубыдри, йопщэ Абдул Хьэдий, эрекъуэзылIэри и гум йодаIуэ. Зыгуэр къеIущэщри, щIоупщIэ:

– Уи лъэдийр уэрэ? Уи лъэгуажьэ тесыр-щэ? Уи кIэр дэхьейт.

ЦIыхубзыр зыбжанэрэ мэщэнауэ, итIани уэыр зыкIэригъэхун хуейщ, къыщIэкIуар зригъэщлъын щхьэкIэщи, и кIэр дрегъэкIуэтей. ЦIыхубзым и лъэпхъуамбэм къыщыщIедзэри, Абдул Хьэдий хуэм-хуэмурэ доIэбей, зыгуэрхэри къебж, къибжыр Хьэнэфий зэхищIыкIыркъым; Iэбэрабэурэ, цIыхубзым и бгъэм нэса нэужь, Абдул Хьэдий и щхьэр егъэсыс:

– Уунэхъуж пэтащ!

– Сыт щхьэкIэ? – къоцтэ цIыхубзыр.

– Уи гущIэлъапсэм гъуэ щызыщIар пщIэрэ, цIыхуба насыпыншэ?

– Хэт мыгъуэ?!

– Хьэрунщ!

– Ари хэт? Сыт?

– Жин фIыцIэщ!

– А сымыгъуэт! Сыунэхъужакъэ!

– Уунэхъужыпакъым! Пхэсхужыфын си гугъэщ.

– Пхуэзмыщlэн щыIэтэкъым, си псэр зышхын!

Абдул Хьэдий къотэджыжри кIуэцIыбжэр Iуех, пэш кIыфIым щIохьэри къоджэ:

– Мыдэ къакIуэ, насыпыншэ! Жин фIыцIэр зыхуейр зэбгъэщIэнумэ, мыдэ къакIуэ.

ЦIыхубзыр Абдул Хьэдий кIэлъыщIохьэ.

– Жин фIыцIэм тIысыпIэ ищIыр пщIэрэ?

– СщIэ мыгъуэкъым.

– Пэш кIыфIыращ. Арэзы щIымэ, пэш кIыфIри уи гущIэлъапсэри ибгъынэнущ жин фIыщIэм.

– Сыт хуэщIэнур? СкIэрыкIыжыну сщIатэмэ, си щхьэфэр лъэгущIыхь хуэщIынт… Сыт нэхъ зыхуейр?

– ЕупщI езым.

– Хьэрун, си псэр зышхын! Сыт нэхъ узыхуейр?

Унэ лъэгум макъ дэгу гуэр къыщIоIукI:

– Унэ лъэгум дээлытI зэриIэр плъагъурэ?

– Нэм къыщIэIэбэр слъагъу мыгъуэкъым. СыIэбэрабзурэ къэзгъуэтынщ.

– Къэгъуэти, уи Iэлъыныр къыдэдзэ!

ДээлытIыр къигъуэтри, щIыхубзым и дыщэ Iэлъыныр дидзащ.

– Уи Iэпщэхъури къыдэдзэ.

И Iэпщэхъури дигъэкIуащ.

– Уи бохъшэм дапщэ дэлъ?

– Дапщэ дэлъми, ныдызодзэ!

ЩIыхубзыр пэш кIыфIым къыщIешыж Абдул Хьэдий.

– Жин фIыщIэр пхэкIыжащ. Сэ жысIэр щIыщ, къытригъэзэмэ! КъытригъэзэнукъымигъащIэкIэ! Къыщытригъэзэнур щIэрэ?

– СщIэркъым.

– Уи бээр пхуэмыубыдмэ, къытригъэзэнущ! Мы унэм укъызэрихьари сызэроIэзари щIыхум ижумыIэ! ЯжепIэмэ, жин фIыщIэм къыгъэзэжынущ…

– ЩIыхупсэм жесIэнкъым!

Сымаджэм еIэзэр Абдул Хьэдийщ. Хъуснайин къыIэщIэлъэгъуэртэкъым Хьэнэфий. Дунейм къыщытехьэжыр сымаджэр щIэкIыжа нэужьщ. Абдул Хьэдий сымаджэм еIэзэху, Хъуснайин щыхэтыр Тхьэм ищIэнщ. Сыт хуиIуэху Хьэнэфий? Ягъашхэ, ахъшэ тIэкIун кърат – нэгъуэщI хуей Хьэнэфий! Ахъшэр зэхуихьэсмэ, джэбын уасэ хуэхъунщ, ирищIэлъхьэжынщ. И хьэдэр уэрамыжьым къыдэмынэмэ, ар къудейщ Хьэнэфий зыхуейр. Алыхьым и шыкурщ: щIыху хъэрамыпэ ирихьэлIа хуэдэщ и лIэгъуэм, уэрамыжьым къыдэнэн хуэдэкъым и хьэдэр…

* * *

Абдул Хьэдийрэ Хъуснайинрэ я фэтэрым полицэр къыщIэуащ. Зыбжанэ мэхъу, зэщIэуэзэдащи, узыIурагъэлъэдэн хьэзырщ. Полицэ нэхъ зыщыщтэ щыIакъым Хьэнэфий: «Полицэм уаIэрыхьамэ, лъэхъуэщыр унапIэ пхуэхъуащ!» – арат игъащIэм жиIэр. Ар къыщыщIауэ пIэрэ иджы?

Сыт зэхэпщIыхьар, Хьэнэфий? Сыт Абдул Хьэдийрэ Хъуснайинрэ зэхащIыхьар? Дэнэ щыIэ езы Хъуснайини?

– Уи пIэм уимыкI! – къыжьэхалъащ полицэр.

Дэнэ кIуэн Хьэнэфий: и лъэр щIокIэзызыкI, лъэбакъуэ хузэчынукъым.

– Сымаджэм фащеIэзэ пэшыр сыгъэлъагъу! – щIэкIиящ полицэр Абдул Хьэдий.

Абдул Хьэдий и Iэр кIуэцIыбжэмкIэ ишиящ.

– Дыщэр щыбгъэпщкIур мыра? – жери полицэм кIуэцIыбжэр Iуиудащ. Зы пхъэбгъу трачри, Хъуснайин щIыунэм къралъэфащ. ЩIыунэм зэригуащ полицэр. Хьэнэфий и жьэр Iурыхунтэкъэ:

щIыунэм дыщэ, дыжьын Iэпщэхъу, лэрыпс, Iэлъын, тхьэгъу IэмыщIэкIэ кърахащ.

Щыри полицэм щIалъэфащ.

* * *

ХеящIэм Iэрыхьащ Iуэхур, полицэм зыбжанэрэ къэрахуэкIри. ХеящIэм и пащхьэ иящ Хьэнэфий, и щхьэр къыфIэхуауэ. Абдул Хьэдийрэ Хъуснайинрэ я щхьэр къыфIэхуакъым, хеящIэм и пащхьэ зэрихутари къаазрыфIэIуэхушхуи щыIэкъым: я щыпэлъагъу хъункъым. Хьэнэфийщ мыгъуэр зи мыгъуар: и кIэр бжыхьым дихуэжащ и жьыщхьэ. И кIэр бжыхьым димыхуэжауэ пхужыIэнукъым, нэIибым и къуэдзэм и псалъэ ткIыбжьым ущIэдэIумэ! Абы здедаIуэм, и нэгу къыщIыхьэжащ хьэдэр зыщIэз щIыунэр... ПыкIа хъунщ джэбын уасэми! ЩIэзылъхьэжынури хэт? Уэрамыжьым къыдэнэнукъэ и хьэдэр?.. ГущIэгъу жыхуаIэр нщIэркъым нэIибым и къуэдзэм: къатритхъуэр фIэмащIэщ, къызэримыгъэкъуапшэ къигъэнэжакъым. Абдул Хьэдийрэ Хъуснайинрэ къуапшэщ – абы щэч хэлъкъым. Езым сыт и лажьэ?

Сыт и лажьэ Хьэнэфий? НэIибым и къуэдзэм фемыупщI абыкIэ. ХеящIэми фемыупщI. ХеящIэм унафэр ибэри идыжакIэщ: щыми илъэс тхурытху!

Илъэс тхурытху къытралъхьащ щыми. Илъэситху къыгъэщIэжыну Хьэнэфий? Хэт и фIэщ пщIын ар?

Хьэмэрэ лъэхъуэщым илIыхьмэ, нэхъыфI? Лъэхъуэщым илIыхьмэ, дэнэ яхьын – щIалъхьэжын хуей хъунущ. И хьэдэр уэрамыжьым къыдэмынэмэ е щIыунэм ирамыдзэжмэ, дэнэ щылIэми едэ Хьэнэфий...

# ЩIАКЪУЭ ЦIЫКIУ

Уэрамым дэтурэ, жэщ къытехъуащ Хъуснайин. Машинэхэр блож, уэздыгъэ нэхур къыжьэхадзэу. Я насыпкъэ машинэм исхэм: уэзышэщ, я ныбэ изщ, гукъеуи гуныкъуэгъуи яIэкъым. ЩIакъуэ башыр щIидзэурэ, мэбакъуэ Хъуснайин, и лъакъуэ сэмэгур щIым нэсыркъым. Лъэбакъуэ ичыху, и гур къыхоуэзыкI. Сыт и гурыфIыгъуэ тхьэмыщкIэм: игу зэщыуауэ, гупсысэр къытехьэлъауэ мэкIуэж я унэ. И щхьэр ехьыж жыпIэмэ, нэхъ тэмэмщ: ешащ, къалэр зэхикIухьурэ, игу фIы къыхуэзыщIын ирихьэлIакъым ноби.

Аращ махуэ къэси: пщIэншэрыкIуэщ. Абдул-бэч ноби къыжриIар махуэ къэс къыжриIэращ: «Алыхьыр фIыщ, умыгужьей. Пщэдей къыслъыгъуазэ». Лъыгъуэзэху, аращ къыжраIэр унафэр зыIэщIэлъхэм. Абыхэм я нэфI къыщыхуатэмэ, щIакхъуэ Iыхьэ къилэжьынт Хъуснайин. Зы бжи къыхуэзэIуахакъым, дапщэрэ якIэлъыкIуамэ. Зы бжэ закъуэ! Къалъагъумэ, бжэр къырадзылIэж, зигу къыщIэгъуи ирихьэлIэркъым.

Илъэс тIощI ирикъуа къудейщ Хъуснайин, ауэ и ныбжь ирикъуарэ къигъэщIэнур къигъэщIауэ, и гуащIэр кIуэсауэ зыкъыщохъуж – сытым къритын гукъыдэж! Жэуап зримытыфын защIэщ

махуэ къэси зыIууэ упщIэхэр, кIуэ пэтми нэхъыбэ мэхъу ахэр, кIуэ пэтми нэхъ къытохьэлъэ.

«Сынасыпыншэщ, зыми сызэхищIыкIыркъым, – и щхьэ мыгъуагъэ хуехьыж Хъуснайин. – СынъымыгъэщIами нэхъыфIт. СылIэмэ, сытыншыжынущ, сыт сэ мы дунейм теслъагъуэр, хэт игу къысщIэгъурэ? Адрейхэм сахуэдэкъэ сэ, сынэхъ акъылыншэ, сынэхъ щIэныгъэншэ? Адрейхэм я ныбэ изщ, сэ сымэжэщIалIэщ, адрейхэр щыгуфIэкIэ сэ сынэщхъейщ. Адрейхэр зыгуэрым щогугъ, сэ сызыщыгугъыни сиIэкъым. Сату еджапIэ нэхъыщхьэ къэзухащ, дипломыр си жыпым илъщ. Абдулбэч е нэгъуэщIым ягу къысщIэгъун сэ, сащтэн лэжьапIэ? Езыхэм я пыхъуэпышэрэ я благъэрэщ я нэфI зыщыхуэнур, сэр щхьэкIэ гузэвэн? Сэ жэщи махуи седжэурэ, дипломыр зыIэрызгъэхьащ, адрейхэм я нэхъыбапIэм къащэхуауэ аращ… А зыращ дызэрызэщхьэщыкIыр».

ЩIакъуэ башымкIэ еIунщIри, бжэр Iуихащ Хъуснайин, бжэщхьэIум ебакъуэри щIыунэм ихьащ. Нэм къыщIэлэбэр плъагъуркъым: кIыфIыбзэщ, дыгъэ бзийр къэсыркъым щIыунэм, шэху уэздыгъэр щIамыгъанэмэ. ЩIыунэращ я псэупIэр, зыщIэсри пэш Iэзэвлъэзэв цIыкIуитIщ.

Хъуснайин щIакъуэ башымкIэ теуIуащ щIыунэбжэм. И анэр къытеувэщ бжэщхьэIум, уэздыгъэ нэфыр IэщIэту. Щыхубэ гъур кIыхьщ и анэр, и щхьэцыр къетхъухарэ и нэкIу зэлъэжауэ. Сабий бынщ, Хъуснайиныщ я нэхъыжьыр. Быи мэжэщIалIэм унгу фIы ящIын: и щхьэр щIихьэным нэсащ я анэм, зэпхъуэнури адэжэнури ищIэркъым.

– Сыт хъыбар, си щIалэ? – къеупщIащ и анэр, ерагъмыгъуейуэ къыдришейри.

Хъуснайин и щхьэр игъэсысащ:

– Зыри хъыбаркъым.

И анэм зы псалъи къыпидзыжакъым, бжэщхьэIум текIыжри пэш кIыфIым щIыхьэжащ. КIыфI къудейкъым Хъуснайин зыщIыхьэжа пэшыр: уэщх къешхмэ, псы къыщIолъадэ, унэ лъэгур нуцIыныкIащ. ПэшитIым я зым сабийхэр щIэсщ, адрейм – я адэмрэ я анэмрэ. Хъуснайин сабийхэм яхэсщ – дэнэ кIуэн: щIыбым дэлъын?

И анэм щIэх дыдэ къигъэзэжащ:

– Ушхэн, си щIалэ?

– Хьэуэ, ди анэ, сымэжалIэркъым.

ЩIалэр зэрымэжалIэр ищIэркъэ и анэм: пышэдибэ лъандэм дэкъэгъуэ Iухуакъым. Иригъэшхынури сыт: кхъуей гъур тIэкIурэ щIакхъуэ фIыцIэ бзыгъэрэ фIэкIа щIэлъкъым унэм.

– Умыгужьей, си щIалэ. ТIэкIу зыхуэгъэшэчыж: Алыхьым жиIэмэ, пIуэтэжынщ.

Дапщэщ щиIуэтэжынур? Куэдкъэ зэрыпэплъар? Зыгуэрым игу щхьэ къыщIэмыгъурэ?..

Пхъэ гъуэлъыпIэжьым игъуэлъхьащ Хъуснайин, щIакъуэ башыр дурэшым дигъэуври. Зы щащыхущ аIэр – дапщэм яхурикъун щащыху закъуэр? Унэ лъагум арджэн нубгъуащ…

«ТIэкIу зыхуэгъэшэчыж… Шуэтэжынщ…»

Дапщэщ? Иnэчыркъэ дунейм къызэрытехьэ лъандэрэ? Унагъуэ къулейсызщ къызэралъхуар – къуаншагъэ бгъэдалъмэ, а зыращ и къуаншагъэр. Къулейсыз щхьэкIэ, напэ зиIэ унагъуэщ

Хъуснайин къызыхэкIар. Хъуснайин блы тралъхуащ – бынунагъуэшхуэщ, езыр къахэжэпхъыкIа щхьэкIэ, лэжьапIэншэщ, бынунагъуэм ятехьэлъэ фIэкIа, защIигъэкъуэфыркъым.

Хъуснайин и адэр, Абдул Мэжид, къуажэм дэсащ, зыбжанэ щIащ Къаир къызэрыIэпхъуэрэ. Сатуущlэ гуэрым деж Iуувэри, тыкуэным щIэтащ. Сатууще зыбжанэ зэблихъуащ Абдул Мэжид: укъыIуагъэкIыжынумэ, щхьэусыгъуэ ягъуэтынкъэ!

Пкъыуэ уэ къыщеуалIа махуэм щыщIэдзауэ насыпыншэщ Хъуснайин. Пкъыуэ уэ къыщеуалIэм, щIалэ цIыкIур дохутырым яхьащ. ЩIалэ цIыкIум къеплъри, дохутырыр къыщIэкIыжащ: «Хъужынукъым мыр, сэбэп къыхуэхъун хущхъуэ дунейм теткъым. АфIэкIа къысхуумыхь!»

«Алыхьым фIэкIа, хэт дыщыгугъын? Хъужынщ, Алыхьым жиIэмэ» – и гур дохутырым ящыкIащ Хъуснайин и анэм, дохутыр къригъэплъыжакъым афIэкIа.

ЩIалэ цIыкIум и зекIуэгъуэ щынэсым, щIакъуэ баш хуащIащ. «ЩIакъуэ цIыкIукIэ» къеджэ хъуащ абы лъандэрэ. И анэ, и адэ, и къуэши, и шыпхъуи, уэрамым дыхьэми, еджапIэм кIуэми, аращ абы лъандэрэ Хъуснайин къызэреджэр – ЩIакъуэ цIыкIу. Езыри есэжащ абы, и цIэ дыдэр арауэ къыщыфIэщIыр нэхъыбэщ.

Хъуснайин ищI бын нIакъым Абдул Мэжид – зэрынықъуэдыкъуэрагъэнт. «Еагъэджэнщ», – жери игу ирилъхьати, иригъэджэху етIысэхакъым. ЩIемытIысэхар гурыIуэгъуэкъэ: щIэныгъэ иIэмэ, щIалэ ныкъуэдыкъуэр цIыхум нэхъ яхэгъуэщэнщ, къытехьэлъэщэнкъым…

ЛэжьапIэм къыIуагъэкIыжри, илъэскIэ щысын хуей хъуащ Абдул Мэжид. Ахъшэр къаIэщIэухащ, еджапщIэ итын дэнэ къэна, ишхын къызэрацэхун яIэжкъым. Хъуснайин еджапIэм къыщIашыжын хуей хъуащ абы щыгъуэ. Зыбжанэ дэкIауэ, я Iуэху нэхъ зэтеувэжри, Хъуснайин еджапIэм щIагъэтIысхьэжащ, шхын зыщагъащIэурэ, ахъшэ гуэрхэри дадзых…

КъыдэкIуэтейри, щIалэ цIыкIум гу лъитащ и адэм бэлыхь зэрытелъым. ЕджапщIэ итыфыркъыми, Абдул Мэжид щIыхуэ къищтэн хуей мэхъу. ЩIыхуэкIэ пхуегъэджэн уи быныр? Къыщрамытри нэхъыбэщ. Къратын дэнэ къэна, щIыхуэ щхьэкIэ лъаIуэмэ, лэжьапIэм къыIуагъэкIыжурэ, Абдул Мэжид Iуэхунщэ щыхъур нэхъыбэщ. Хъуснайин и гур хощI, и адэр езым и зэранкIэ лэжьапIэншэ зэрыхъуар елъагъури. Тхьэм ищIэнщ Абдул Мэжид и фэм дэкIар, унэ нэщIым къыщинэкIэ: сабий быныр шхэн хуейщ, езыр лэжьапIэншэщ, зы хъурыщи къыхэхъуэркъым…

ЕджапIэр къиухыным зы илъэс къыхуэнэжауэ, Хъуснайин пщащэ гуэрым итхьэкъуащ. Езы Набави фIыуэ къилъэгъуа хуэдэт. Къишэнут, пщащэри къыдэкIуэнут, итIани еджапIэр къиухыху, зиIэжьэн мурад ищIащ. ЕджапIэр къиухмэ, лэжьыгъэ IэнатIэ зэригъуэтынум шэч къытрихьэркъым Хъуснайин. Нэхъри хикъуэащ: «Япэ сымыщмэ, я ужь зыкъызгъэнэнкъым!» жери. Йогугъу, тхылъым жэщи махуи кIэрысщ. Тхылъым здыкIэрысым, пщащэр и нэгу щIэтщ – пщащэ дахэр, пщащэ щIыкIафIэр! «ЕджапIэр къэзухыныщи, лэжьапIэ сыувынщ, итIанэ къэсшэнщи, тIуэтэжынщ!» – арат Хъуснайин и гугъапIэр.

ЩIалэр зэрыщIакъуэм еплъакъым Набавие. Араащ Хъуснайин и гур пщащэм нэхъри щIыкIэрыпщIар. ФIыуэ укъэзылъагъур зэп-

лъынур уи щэнымрэ и гурыщIэмрэщ: щIалэ щэныфIэт Хъуснайнн, и гурыщIэри къабзэт!

Дипломыр къыIэрыхьа нэужь, Хъуснайни пщацэм жриIащ:

– Куэд къэнэжакъым... Лэжьэн щIэздэмэ, унагъуэ схуэгъэпсэунущ сэ...

Хъуснайни и псалъэр нигъэсакъым. Нимыгъэсами, Набавие къыгурыIуащ псори: ара хъунщ, укIытауэ, зыщIригъэзэкIар...

ЛэжьапIэ увмэ, ахъшэ къыхэхъуэнущ Хъуснайни, ипэ къыхэхъуэ ахъшэмкIэ шылэ бостеипхъэ къыхуищэхунщ Набавие, жылэм иригъэхъуэпсэнкъым...

Абдул Мэжид и хэгъэрей гуэрым къыжриIащ: «Уи къуэм еджапIэр къиухащ. Абдул Алий-бэч деж ирекIуэ: лэжьакIуэ мэлъыхъуэ».

А жэщым унагъуэм я нэбдзыпэ къехакъым: я къуэ нахъыжьыр лэжьапIэ увынущ, бынунэм яIуэтэжынущ, я гум жьы дихужынущ!

Пщэдджыжьым жьыуэ зиусхьэн Абдул Алий-бэч деж кIуащ Хъуснайни, и дипломыр и жып ирилъхьэри. ЩIишэри къеплъащ, къепсалъащ:

– Зы тхьэмахуэ дэкIмэ, къыслъыгъуазэ, – жери къиутIыпщыжащ Абдул Алий-бэч.

Тхьэмахуэ дигъэкIри, лъыгъуэзащ. «Укъэсщтэнщ, – къыжриIащ Алий-бэч. – Дохутыр зэгъэплъи, дохутыр тхылъ къысхуэхь».

Дамэ къытекIауэ, дохутырым деж кIуащ Хъуснайни. МыкIуащэрэт игъащIэкIэ! Дохутырыр къеплъри къещащ, бжэщхьэIум зэребгъэхъуэхэу: «Уэр фIэкIа игъуэтакъэ? Щыху узыншэ мащIэ лъыхъуэрэ лэжьапIэ!»

ИужькIи Iэджэрэ зэхихащ Хъуснайни а псалъэ жагъуэр. ЛэжьапIэ къегъуэт, дохутырым деж кIуэмэ, ар дыдэрщ къыжраIэр: «Уэр фIэкIа игъуэтакъэ? Щыху узыншэ мащIэ лъыхъуэрэ лэжьапIэ!..» Нэкъуэдыкъуэм зыри къыщалъысыркъэ мы дунейм, хьэмэ ар лей?

Зэманыр макIуэ, Хъуснайни лэжьапIэ игъуэтыркъым. Игъуэтынуи къыщIэкIынкъым, и гугъэр хихыжащ...

Набавие къулыкъущIэ гуэрым дэкIуащ. Хъуснайни сыт хуэзэфIэкIынт: и пIэ итIысхьэжащ, пщащэр зыщигъэгъупщэжри.

Илъэс дэкIащ. Хъуснайни зэрылэжьапIэншэщ. И адэм и лъыр щIафыкIащ, еджапщIэ ирагъэтурэ, иджы уэрамым къыдадзэжащ. Уэрамым къыдэнащ Хъуснайни. Зэрыныкъуэдыкъуэра уэрамым къыщIыдадзэжар? Аркъудейкъым. ЩIэныгъэ зиIэ тхьэмыщкIэ хуейкъым зыри...

Абдул Алий-бэч даIимауэ къыжреIэ: «Алыхьыр фIыщ, умыгужьей. Пщэдей къыслъыгъуазэ...»

Пщэдейри къэс. ПщэдеймыщкIэри блокI. Хъуснайни зэрылэжьапIэншэщ, и гур зэщыуащи, и псэр фIэIэфIыжкъым. Дапщэрэ зэрыпэплъэн хуейр? Упэплъэнт, ягу къыпщIэгъунумэ, узэхапщIыкIынумэ.

Хъуснайни арджэным зытриубгъуауэ унэ лъэгум илъщ, и нэпсыр щIелъэщIыкIри.

– Iурихащ. Уэздыгъэр игъэункIыфIыжакъым, еплъ. – Хъуснайни зэхех и адэм и макъыр.

– Женкъым, – къоIу и анэм и макъи.

Анэр гу мыгъуэкъэ: анэм ещIэ щIалэ тхьэмыщкIэр жейм зэремызэгъынур.

И дэзр зэтрикъузэри, нэкIукIэ зыхиIубащ Хъуснайин: къыщиудын хьэзырт щIалэ тхьэмыщкIэр.

# ДЫХЭМЫКIУЭДАПЭ ЩIЫКIЭ

Уи псэр хэкIа къудейщ иджыпсту, Омар, уи хьэдэр динжакъым. Уи напIэр зэтеплъхьэжащ. ИгъащIэкIэ къызэтепхыжынукъым уи напIэр, плъагъужынукъым уи щхьэгъусэ тхьэмыщкIэри уи бынитIри. Уи псэр зэрыхэкIар ищIэркъым уи щхьэгъусэм, упсэуэрэ ухилъэфауэщ къызэрыщыхъур. Жейркъым езыри, псэр пыпчащи, уIурихауэ къыфIощI. Насыпыншэ! Унэхъужакъэ уи щхьэгъусэмрэ уи бынитIымрэ! Узэжэгъуэныр къыщIэутаджэ ахэр пщэдджыжь къызыщIэтэджэнум! Уи хьэдэм Iуплъэнурэ зафыщIыжынущ – сыт мыгъуэр я махуэ!

Дунейм уехыжри утыншыжащ уэ, хьэзабри, узри, тхьэмыщкIагъэри къызэбнэкIащ. Гуауи гукъеуи пщIащ IэщIыб, уи гуи кэщIыжынукъым, уи псэри хыщIэжынукъым. Мыгъуэр зи мыгъуар уиэ нэщIым къыщIэна уи щхьэгъусэмрэ уи бынымрэщ. Иджыпсту укъащIэркъым, нэхъыфIкъэ укъызэрамыщIэри! Нэху къатемыщхьамэ, нэхъ къащтэнт, пщэдджыжь уи хьэдэм Iуплъэ нэхъри!

ПлIанэпэм дэлъщ уи хьэдэр, узэрагъэзэхуэжакъым иджыри, уагъеижакъым. ЩIыху гущIэгъуншэ напэншэ урихьэлIэжынукъым дяпэкIэ, Омар, мы дуней хьэхур къэбгынащ. Насыпыншэр мы дуней гъуамэм къытенарщ: уи щхьэгъусэм, Хьэдрэ, джэбын уасэ къыхуэбгъэнакъым, щIыхуэ къимыщтэмэ, узэрыщIилъхьэжын нIэкъым...

Дыгъэр къыщIэкIынущ пщэдджыжьи, ауэ дыгъэ бзийр уи нэ къыщIэпсэжынукъым. Мы гъуэмбырэщым щыпхьащ уи гъащIэ дыджыр, мыращ нысащIэр къызыщIэпшар, уи бынхэр къыщалъхуар...

Гъуаплъэ щагъавэ лъэщапIэм щылэжьащ Омар. ЛъэщапIэр гъущI гъуэгу компанием ейт.

Къаир къыдэтIысхьэн и пэ Омар щыпсэуам сыщыгъуазэкъым, ауэ сощIэ зы махуэ зэрызыщIримыгъэхар. И щхьэгъусэм хуэфащэт Хьэдри: щIыхубэ жант, нэмыс хэлът, и Iэр увыIэртэкъым. Сыхьэтихым зиужьынти, пщэфIэнт, шхыныр Iэнэм къытригъэува нэужьт и лIыр къыщигъэушыр. Гу зэщахуакъым зэдэпсэуху, зыр щIэкIамэ, къыщIэмыхьэжын и гугъэт адрейм, я псэр зы чысэм илъти.

Пщэдджыжьышхэ шхэрти, лэжьакIуэ кIуэрт Омар, пщыхьэщхьэм къигъэзэжамэ, и щхьэгъусэр гуфIэу къыпежьэрт.

Зэгуэрым нэщхъейуэ, и нэгу зэхэуауэ къигъэзэжащ Омар. Мыгъуагъэ гуэр къызэрыхъуам гу лъитэнтэкъэ Хьэдрэ: еупщIа щхьэкIэ и лIым жэуап къритакъым. Iэнэм етIысылIакъым, и щхьэр къыфIэхуауэ щысщ, гъуалъыпIэм итIысхьауэ. Гупсысэм иубыдагъэнщи, и псалъэр хуэпыщэркъым Омар. Зыкъомрэ хэп-

145

10 Заказ №537

лъэри къызэфIэуващ, къикIукIщ-никIукIри игу хэзыгъэщIыр жиIащ:

– Си ныбжьэгъу дунейм ехыжащ нобэ. Илъэс тIощIрэ пщыкIутхурэ ирикъуа къудейт. БынитI къыщIэнащ. Япхыни щIэлъкъым унэм.

– Псори дунейм дехыжынущ, Омар…

– И мычэзууэ ехыжащ дунейм, Хьэдрэ. Хьэзабым хэкIакъым псэуху.

– Алыхьым и къарур инщ, Алыхьым дыщыгугъынщ. Уэ Алыхьым укъыхъумэ… – Хьэдрэ и напсым къызэпижыхьащ. – СылIэн щыхъукIэ, Ялыхь, уяпэ сигъэщ. Унэ нэщIым дыкъыщIэбнэмэ, дыунэхъужакъэ…

Ари игу щхьэ къэкIа Хьэдрэ? Нэхъ гу мыгъуэ зиIэ бгъуэтынкъым: дэзыхьыпщIэ трищIэркъым и лIымрэ и бынитIымрэ.

Пшапэр зэхэуэху зэбгъэдэсащ Омаррэ Хьэдрэрэ. Я щIалэ нэхъыжьри къабгъэдэжащ, нэщхъейуэ, псалъэмакъыншэу.

– Фатхьий балигъ хъуауэ Алыхьым дигъэлъагъу. – И щIалэ нэхъыжьым Iэ делъэ Хьэдрэ. – Едгъэджэнщ, Тхьэм жиIэмэ. Инженер хъуамэ, арат сызыхуейр…

– Дохутырыр нэхъ къэсщтэнут, – жиIащ Омар. – Дохутыру едгъэджэнщ.

– Сэ инженерщ сызыхуейр…

Омар, щым хъужри, зыбжанэрэ гупсысащ. Иужьым къыдэпльеящ:

– Инженерри дэ дызыхэтым хэтщ. Абы и Iуэхури нэхъ щIагъуэкъым.

Хьэдрэ къыгурыIуакъым и щхьэгъусэм и псалъэр.

– Фэ сыт фызыхэтыр, Омар? Сыт узыгъэгумэщIыр?

Омар жэуап къритыжащ:

– Си ныбжьэгъур илъэс тIощIрэ пщыкIутхурэ къудейщ зэрыпсэуар. ЗэрылIыкIар пщIэрэ? Ди лэжьыгъэм и гугъу пхуэсщIын мурад сиIащ зыбжанэ лъандэрэ. МафIэгу пльэгъуащ, ущыгъуазэщ мафIэгур зищIысым. МафIэгум пкъыгъуэ гуэрхэр холэжьыкI щIэх-щIэхыурэ. А пкъыгъуэхэр гъуаплъэм къыхащIыкI. Гъуаплъэр догъавэ дэ.

Хьэдрэ сыт хищIыкIрэ абы? МафIэгу илъэгъуащ, итIысхьащ уеблэмэ. Нэгъуэщ1 хищIыкIыркъым.

– Гъуаплъэр мазутIкIэ догъавэ. Гъуаплъэр зыгъэткIу мафIэр зэрыгуащIэ дыдэр пщIэркъэ? МазутIыр мафIэм щискIэ, абы къыхиху гъуэзыр лъэщапIэм щIэз мэхъу, мэм ущIеукIыхь лъэщапIэм, уигъэбауэркъым. Ар плъагъумэ, къыбгурыIуэнущ мазутI мафIэм и гъуэзым къыдишщIэр. Аращ махуэ къэс дызыхэтыр. Ди IэкIэ зыдоукIыж…

Хьэдрэ щIэупщIащ:

– Жьэн уэыр къызыхэкIыр арауэ жаIэ. Ар пэж?

– Къэуат зыщIэлъ пшхын хуейуэ ябж дохутырхэм. НэгъуэщIкIэ упэлъэщынукъым мазутI мафIэм и гъуэзым. Къэуат зыщIэлъ шхын умышхмэ, узыншагъэ доиэ къикIын? Махуэ къэс ды къытхуэщэхуркъым, къызэрытщэхун къыдагъэлэжьыркъым. Шэ къыдатын хуейщ лэжьапIэм – зэзэмызэщ къыщцыдатыр: я гурыфI къыщикIым дежщ… Ди узыншагъэри ди гуащIэри къыщIыдонэ

лэжьапIэм, къыщIэтхыр жыгъейщ, шхын щхьэкIэ узымыгъэлIэн мащIэ тIэкIущ.

Хьэдрэ зыгуэр къыгурыIуа хуэдэщ, е къыгурыIуауэ фэ зытригъэуащ, и щхьэгъусэм гупсысэ хьэлъэр IэщIигъэхун щхьэкIэ:

– Фатхьий дохутыр хъумэ, нэхъ къыщIэпщтэр къызгурыIуащ иджы.

Сабийр и Iэблэм тригъэтIысхьэри, едэхэщIащ:

– Дохутырущ, дохутырущ уэзэреджэнур, си щIалэ цIыкIу!

Омар и щхьэм илъыр нэгъуэщIт:

– Шэи лыи къыдатын хуейщ дылыщылажьэм – арaщ зэрызэхэтхар. Къыдатыркъым. Я нэфI къыпщыхуэмэ, къыуатынкIэ мэхъу. Я нэфI къыщытщыхуэнум дыпэплъэурэ, ди гуащIэр мэкIуасэ. ДелъэIукIи дыщIэдэукIи къикIыркъым. ДызэхащIыкIыркъым.

– Шей пхуэзгъэвэнщ, – жиIащ Хьэдрэ, и лIым псалъэ гуемыIур IэщIихын мурад иIэти.

Омар идакъым:

– Хьэуэ. Дунейм ехыжа си ныбжьэгъур си нэгу щIэкIыркъым... СабиитI къыщIэнащ. Унэхъужакъэ и сабийр! МэжэщIалIэуц я гъащIэр зэрахьынур. НэкIэ къеплъыни, гущIэгъу къахуэзыщIыни яIэкъым. ЛэжьапIэраци, уащIыщыгугъын щыIэкъым. УлIамэ, уащыгъупщэжащ...

Омар къэтаджри гъуэлъыпIэмкIэ бэкъуащ. Гукъыдэж иIэкъым, шхэфынукъым ныщхьэбэ. ГъуэлъыпIэм щыбгъэдыхьэм, и ныбжьыр блыным трилъэгъуащ. Кхъаблэм щIэт къыфIэщIащ, и ныбжьыр щилъагъужым. Нобэщ я ныбжьэгъур щыдахар, езыри щIэтщ кхъаблэм. Тхьэм ещIэ езым кхъаблэр къыщылъысыну уахътыр...

Зы илъэси дэкIащ, илъэситIи дэкIащ. Здэщылажьэм щолажьэ Омар: дэнэ кIуэн? Сабийхэр къыдокIуэтей. Ныбаджэщ сабийхэр, жылэм йохъуапсэ...

ГъущI гъуэгур зейхэм гущIэгъу жыхуаIэр яIэкъым: лэжьакIуэхэр къэуат зыщIэлъ шхынкIэ игъэшхэн зэрыхуейр я тхьэкIумэ иригъэхьэркъым. Я гуащIэр мэкIуасэ хуэм-хуэмурэ, уэ къьоуалIэри, зырызэ-тIурытIурэ дунейм йохыж...

Псчэр къыхэхъыжьащ Омар зэгуэрым. Къыхэхъыжьэри, щIэх увыIакъым. Апхуэдэ и хабзакъым Омар. И дзэжэналъэхэр зэрышхыу къыфIэщIащ. И гур къекIуэри, етIысэхащ. Лъы къыжьэджкIащ. Лъы къыпцыжьэдэкIым, гужьеищ Омар...

* * *

Жьэн узым щеIэзэ сымаджэщыр щIэх къылъысакъым Омар. Iэджэрэ щIэлъэIуа нэужьыщ къыщылъагъэсар. КъакIэлъыкIухьурэ и къарур триухащ.

Омар и закъуэкъым. МазутI мафIэмрэ гъуаплъэ ткIуаткIуэмрэ я гъуэзыр зэран яхуэхъуащ куэдым, жьэн уз къахухэкIащ. Арат къыпщIэлъри, уи натIэ хъуащ, Омар! Дохутыр фIэкIа, гугъапIэ уиIэжкъым иджы. ГъуэлъыпIэм уиукъуэдиинуэ уилъщ махуэр зи кIыхьыгъым, псчэр къыпхэхъыжьэмэ, жыыр къыппеубыдри укъыщымэхри мащIэкъым. Уэ пхуэдэщ уи гъусэхэри: жьэн узым зэщIиубыдауэ, я псэм йоджэ.

Гъащlэр зыужэгъужа щыlэ! Уэри пфlэlэфlщ гъащlэр, уогугъэ ухъужынкlэ. Уи унэ ущихьэжыну махуэращ уи хъуэпсапlэр. Сыт я псэукlэ Хьэдрэ, Фатхьий, Фатlимэ сымэ? Сыт яшхыр? Зигу къащlэгъум хъурыщэ зыбжанэ къахуеший – нэгъуэщl гугъапlэ яlэкъым. Лэжьапlэм уащымыгугъыххэ: къыпхуащlэнур мащlэщ. Нэхъ щlэх улlэмэ, бгъэунащ лэжьапlэр: уэрымыхъужынури зэрумыгъэзэжынури ящlэ. Сымаджэщщlэ тlэкlу кърат унагъуэм – аращ ягу пымыкlыр: улlэмэ, сымаджэщщlэр езым къахуэнэжынущ. Дохутырми ущымыгугъыщэ: ягу къыпщlэузынукъым. Санитарым жриlар зэхихащ Омар:

– Сымаджэхэм ящыщ гуэр къыпщыхьэмэ, къызжеlэ: щlэстхыкlыжынщ!

Аращ дохутырым санитарым жриlар! Абы ущыгугъ хъуэ? Хэт узыхуэтхьэусыхэнури? Утхьэусыхэмэ, сымаджэщым ущlадзыжынщи, нэхъеижщ!

Дыгъуасэ псы яlакъым сымаджэщым. Зы лlыжь псы хуэлlат. Сымаджэщ пщlантlэм дэкlри, лlыжьыр гъущl гъуэгу станцым кlуащ. Станцым телlыхьауэ къагъуэтыжащ лlыжьыр...

* * *

Хущхъуэ гуэрым и гугъу зэхихащ Омар. «Куэд щlакъым къызэрежьэрэ, сэбэп мэхъу» – аращ сымаджэщым щызэрахьэр. «Сефащэрэт! Сэбэп къысхуэхъунуми, сщlэркъым» – ар и щхьэм илъ зэпытт Омар, хущхъуэм и хъыбар зэрызэхихрэ.

Сымаджэхэм ящыщ зы къеlущэщащ Омар:

– Сэ къэзгъуэтыфынущ хущхъуэр. Пщэхун?

– Къэсщэхунщ, мылъапlэмэ.

– Лъапlэкъым. И уасэра lуэхур: сэбэп къыпхуэхъунущ.

Тегушхуэри, къищэхуащ. Палатэм къыщlыхьауэ, санитарым къыlэщlэлъэгъуащ хущхъуэр, къыздрихар къиумысащ.

Зы сыхьэт фlэкlа щlагъэлъыжакъым Омар сымаджэщым: къыщlахужащ: «Укъыдэдыгъуащ!» – жари. Хущхъуэр къезыщарат къэзыдыгъуар. Ар къыщибзыщlащ. Иlуэтакъым: езым зытрилъхьэжащ. Сыт жриlэнур и фызым? Лэжьапlэм сыт яжриlэнур? И напэр текlакъэ: сымаджэщым къыщlадзыжащ! Зы закъуэщ къыхуэнэжыр: «Сыхъужати, сыкъыщlагъэкlыжащ», – яжриlэнщ.

Омар унэм ихьэжащ: «Сыхъужащ, сыкъаутlыпщыжащ», – жери.

Унагъуэр зэрыгуфlам щlэ щlэткъым а махуэм! Хьэдрэ нэхъ щlалэ хъужа хуэдэт, сабийхэм дунейр тlэу пкlэгъуэ яхурикъуртэкъым. Я гъунэгъухэр гуфlакlуэ къахуокlуэ, Хьэдрэ къохъуэхъу...

Нэху щыху и нэбдзыпэ зэтрилъхьакъым Омар. Псчэр къыхэмыхъыжьэ закъуэмэ...

И щхьэгъусэмрэ и бынхэмрэ ищlэлэнкlэ зэрыхъунур ещlэ Омар. Сыт и lэмалыр? Сыт ищlэнур? И щхьэри лэжьэжыркъым Омар. Гупсысэм зэхиукlащ...

Нэху щыри, лэжьапlэм кlуащ. Шэджагъуэнэужьым къытехуащ Омар, псчэм иубыдри...

ЛэжьапIэм къыIуагъэкIыжащ: сыткIэ хуейт зи къарур жьэн узым ишха лэжьакIуэ!

Унэм пщэ хъуи гуэр къинэжамэ, ищэжащ Хьэдрэ. Омар и узыр е екIуэ зэпытщ, къигъэзэныфи теткъым. Гъунэгъухэми зыкъыщадзей хъуащ: Хьэдри, Фатхьии, ФатIими уэрамым щарихьэлIэмэ, я Iэр къаубыдыжыркъым. Омар дунейм къытехьэжыххэркъым...

Я гъунэгъум дей екIуэкIащ Хьэдрэ, зы гъуаплъэ кIэструл къыхуэнати:

– КIэструлыр фщэхуатэмэ...

Я гъунэгъур къытекIиящ:

– Уи жьэм дауэ къекIуэрэ! Жьэн зэрышхыкIа кIэструл хэт зыщэхунур!?

... Пшапэр зэхэуащ, жасын хъуащ, дэкъэгъуэ яIумыхуауэ гъуэлъыжащ а жэщым унагъуэр.

СабиитIыр я анэм бгъурыгъуэлъхьащ, Омар плIанэпэм пIэ щригъэщIащ. Сабийхэр хущхьэху, Омар и кIуэцIыкIыщIэм зыкъегъазэ, и щхьэр преудэкI...

Омар а жэщым лIащ...

ЛIащ, и щхьэгъусэ насыпыншэмрэ сабиитIымрэ унэ нэщIым къыщIинэри. Зы дакъикъэ закъуэ къызэщыужатэми! Зы дакъикъэ закъуэ! Уэрамым дыхьэнти, жылэм джакIуэ яхуэхъуит:

«Насыпыншэхэ! Ди лыр яшх, зыми дыкъыфIэIуэхукъым! Дызэкъуэмыувэмэ, дыунэхъупэнущ! Зедзмыгъэгъэшх, дызэкъуэвгъэуви, зыр зым дыкъыдэвгъэщI, даIэщIэмыкIуэдапэ щIыкIэ!»



# А ЛЕЙР БГЪЭГЪУ ХЪУНУКЪЫМ

Къаир мафIэс къыщыхъуа нэужь*, пащтыхьыр хъийм икIащ, инджылызхэм яхэува офицерхэр зэхэзехуэн яцIащ, яубыдурэ хьэпсым ирадзэ, хьэпсым ираукIыхьри мащIэкъым. Пащтыхьым, Фарукъ, и хьэщэхурыпхъуэхэм яIэщIэкIыфам загъэпщкIуащ, хэт къэралым икIащ, хэти щIыпIэ пхыдзахэм зыщаудыгъуащ. Си ныбжьэгъури яIэщIэкIащ пащтыхьым и хьэщэхурыпхъуэхэм, и хъыбар сымыщIэурэ екIуэкIащ, 1952 гъэм июлым и 23-м пащтыхьыр традзыху. Пащтыхьыр традза нэужьщ си ныбжьэгъум Къаир къыщигъэзэжар, и Iуэху къызэрекIуэкIар къыщысхуиIуэтэжари абы щыгъуэщ.

ЩIалэщ си ныбжьэгъур, илъэс тIощIрэ тхурэщ зэрыхъур. ЩIалэ гъур кIыхьщ, шабзэшэ хуэдэ. НатIабгъуэщ, нэшхуэщ, гуащIэшхуэ зэрыхэлъыр и фэм къыбжеIэ. ЩIыхур зрегъэдэIуэф, хъыбар къыхидзамэ. УзригъэдэIуэни и гъунэжщ, и нэгу куэд щIэкIащи. Инджылызхэм езэуэн папщIэ, Суэц кIэнауэм япэ дыдэ кIуа щIалэ хахуэхэм яхэтащ си ныбжьэгъур.

Лъы пщтыр щIэтщ си ныбжьэгъум, къыщIикIуэтын щыIэкъым, щхьэмыгъазэщ. Iуэху захуэм зэрыщIэзэур ещIэ, зыщIэзэум щIитыфынущ и гъащIэр.

Суэц кIэнауэм щыкIуэм щыгъуэ жиIар сощIэж. И нэр къыстриубыдэри къызэжиIэгъащ:

– Ди хэкум и хуитыныгъэм щIэттыфынущ ди псэр! Ди хэкур хуит хъумэ, ди псэр абы и хуитыныгъэм зэрыщIэттам

* Фарукърэ и шэхуэпашэхэмрэ зэрыгъэIуащэм, пащтыхь сырейм мафIэ щIадзауэ щытащ, пащтыхьым и бийхэр абыкIэ игъэкIуэшащи мурад яIэу.

дыхущIегъуэжынукъым. Зэрыпхъуак1уэхэм ди хэкум щагъэува хабзэ мыхъумыщIэм ирибампIэурэ, щIым щIыхьэжащ ди адэжьхэр. Сыт ди псэм дыщIеблэнур, зэрыпхъуакIуэхэр ди хэкум иткужын хуеймэ? Дяпэ итахэм япэчар куэдщ! Абыхэм я щIэблэр дыкъызэщыуащ нобэ! Ди щхьэр хэтлъхьэми, ди хэкур хуит мыхъуауэ, детIысэхыжынукъым! Ди Iуэхур зэрызахуэр тщIэуэ, бийм дыпэщIэувэ дэ. Хэкум и хуитыныгъэм гъащIэр щIэттмэ, дэркIэ насыпщ!

Си ныбжьэгъум сызэдэIуэм, си нэгу къыщIэгъэхьэжащ хуитыныгъэм къыщIэтаджа ди щIалэгъуалэр: мафIэми псыми щыщтэркъым щIалэгъуалэр, ди хэкур зэзыпхъуахэм зрадз, фочышэри топышэри къателъалъэми, бийр кIэнауэм ирагулI, ди хэкур щхьэхуит щыхъуну махуэр къэблагъэ!

– Мыр дищIщ! – жаIэ хуитыныгъэм и бэнакIуэхэм. – Ди щIыр зэрыпхъуакIуэхэм едгъэутэнукъым! Ди хэкум хъугъуэфIыгъуэ илъмэ, зейр дэращ! ЗэрыпхъуакIуэхэм зедгъэшхынукъым афIэкIа! Ди лъыр предгъэфынукъым!..

Си ныбжьэгъур си дамащхьэм къыщытеIэбэм, си нэкъыфIэщIхэр кIуэдыжащ.

– Сыт ар? – къызэплъащ си ныбжьэгъур, къэуIэбжьауэ. Гу лъита хъуит си нэр зэрыплъызам.

– Си нэгу къыщIыхьащ Iэджэ, – жысIащ сэ, гупсысэм сыкъыхэхужри. – СытехьэуленкIащ...



* * *

Инджылызхэр хэкум ирахужын мурад быдэ ящIати, цIыхур къызэрыIэтат. Сытри ящIэнут цIыхум, зэрыпхъуакIуэхэр хэкум ирахужын щхьэкIэ. Зыми еблэнутэкъым.

Пащтыхьри инджылыз зэрыпхъуакIуэхэри къэшынащ. Щыхур хигуэн щхьэкIэ, Фарукъ имыщIэн щыIэтэкъым. Инджылызхэм ягурыIуэри, Къаир мафIэ щIидзащ. МафIэс нэужьым нэхъри къызэрыкIащ пащтыхьыр, цIыхур зэхэзехуэн ищIащ: зыр еукI, зыр хьэпсым иредзэ. Къэралым хабзэ илъыжкъым, езы пащтыхьым и унафэращ къэралым щызекIуэ хабзэр: и жьэмрэ и Iэмрэ хуит хъуащи, зешхыхьыж, цIыхур зэтреукIэ, инджылызхэр къигъэсэбэпурэ.

ЗэрыжъееIащи, си ныбжьэгъур иIэщIэкIащ, зигъэпщкIури Къаир къыдыхьэжакъым пащтыхьыр традзыху – унафэр дзэм иIэрыхьэху. Тхьэмахуэ и пэкIэ къыэжиIэжащ и Iуэху къызэрекIуэкIар.

– Щыхубэ гуэрым и хъыбар уезгъэдэIуэнщ псом япэрауэ, – къригъэжьащ си ныбжьэгъум. – ИгъащIэкIэ сигу ихужынукъым ар: и теплъи, и псалъи, и лIэкIи.

– Хэт хъуну? – соупщI си ныбжьэгъум.

– БжесIэнкъэ. Апхуэдэ мащIэ яхэтакъым зэрыпхъуакIуэхэм япэщIэува цIыхубэм. Iэджэми я хъыбар зэхэпхагъэнщ уэри. А псом я хъыбарыр зэхуэпхьэсыжмэ, зы тхылъкъым зэрыхъунур...

Псоми ди мурадыр зыщ: зэрыпхъуакIуэхэр хэкум итхужыныращ, ярэщ дыщIэзэуар, лъы щIэдгъэжар, куэдым я щхьэр щIыхалъхьар...

Исмаилие пэмыжыжьэ инджылыз быдапIэ гуэрым дытеуэн мурад тщIащ зэгуэрым. Дыззэрыхъур цIыхуипщIт. Датеуэн и пэ быдапIэм и тIасхъапIэр зэдгъэщIэн хуейтэкъэ: дэнэкIэ нэхъ екIуэлIэгъуафIэ, дэнэкIэ нэхъ щыбэлэрыгъуэ инджылыз сэлэтхэр… Ар щIалищым я пщэ дэтлъхьащ. Пщэдджыжьым Исмаилие дэкIащ щIалищыр, адрейхэр хьэщIэщым дыкъыщIэнащи, дапэплъэ: сыт хуэдэ хъыбар къытхуахьынур. Догуэвэ: къехъулIэнур дэнэ щытщIэн? Яубыдмэ-щэ? Яубыдмэ, дауи, къелынукъым, яукIынущ, ди мурадри къыдэхъулIэнукъым.

Пщыхьэщхьэм къагъэзэжащ щIалищым. БыдапIэм екIуэлIэфащ, къахутащ. ЩIалищым хъыбар къызэрахьамкIэ, екIуэлIэгъуафIэ хъунукъым инджылыз быдапIэм. Зы Iэмалщ диIэр: быдапIэм пэмыжыжьэ къуажэ цIыкIум зыдэдгъапщкIуэрэ жэщ хъуху дыдэсмэ, жэщым датеуэфынущ быдапIэм. АбыкIэ дыззэгурыIуэри дежьащ. Гу къытлъатакъым къуажэ цIыкIум дынэсыху. Къуажэбгъум деж пабжьэм дыхэтIысхьащ. Пшапэр зэхэмыуэ щIыкIэ къуажэм сыдыхьэри зы унэ секIуэлIащ, бжэм сыщытеуIуэм, зы фыз къыщIэкIащ, и щхьэр Iэлъэщ] фIыцIэкIэ фIэпхыкIауэ.

– Фыкъеблагъэ! – жиIащ фызым.

– Псы дебгъэфэн? – жызоIэ фызым.

– Иджыпсту.

Псы тхуэлIауэ аратэкъым. Псалъэр зэрыдублэнт дызыхуейр. Фызым псы кхъуэщын къыщIихащ унэм.

– Фи хьэлэлщ.

– Уи унэм нэху дыкъыщебгъэкIын? – соупщI фызым, кхъуэщыныр изотыжри.

– Си унэр фи унэ хуэдэщ, – къыджиIащ фызым. – ФыкъыщIыхьэ.

– Хьэуэ, – жысIащ. – Дэ куэд дохъу. ПщIантIэм дыдэбгъэсмэ нэгъуэщI дыхуейкъым.

– ФымэжалIа хъунщ, – жиIащ фызым. – Кхъуей, щIакхъуэ, шху сиIэщ, нэгъуэщIкIэ сыхуэмыкъулейми. Сыпщэфlэху, абы федзакъэ.

Заул дэкIри, пщIантIэм зы щIалэщIэ къыдыхьэжащ. Сэлам къыдихри, унэм щIыхьэжащ щIалэщIэр. ЩIэх дыди къыщIэкIыжащ, и анэм щIыгъуу.

– Мыр си къуэщ, – къыджиIащ фызым. – Абдел Къадир.

ЩIалэм жетIащ:

– Дэ къалэм дыкъокI. Дешащи, фи деж зыщыдгъэпсэхунут…

– Ар ди гуапэкъэ дэ! – гуфIащ щIалэщIэр. – Инджылыз быдапIэм щылажьэ хьэмалхэм* фащыщ?

– Дащыщщ, – жытIащ. – БыдапIэм дыкъыдэкIыжащ, дыщылэжьэжыркъым.

– БыдапIэм щылэжьа хьэмалхэм ящыщ сощIыху сэри, – жиIащ щIалэщIэм. – Алыхьым и нэлатыр къатихуэ инджылыз сэлэтхэм. Зы хьэмал хьэм ирагъэчэтхъауэ зэхэсхащ. НэгъуэщI зыи хьэкум ирадзэри ягъэсауэ жаIэ.

Абдел Къадир къыдбгъэдэтIысхьащ.

– Ди анэ, уахуэпщафIэркъэ мы щIалэхэм: гъуэгу тетащ, зэрымэжалIэр плъагъуркъэ?

* Хьэмал – рабочи.

Щ1алэр сигу ирихьащ: гупщ1анэ гуэрщ, фэ зэрепплъынк1э. Зэрыпхъуак1уэхэми ятеплъэ хъурkъым. «Гъусэ пщ1ы хъунущ», – сегупсысащ сэ.

– Дэнэ ущылажьэрэ, Абдел? – деупщ1ащ щ1алэщ1эм.

– Сыл1ыщ1эщ, – жи1ащ Абдел Къадир.

– А зыращ си1эжыр, – жи1ащ фызым. – Зыпхъу си1ати, л1ащ… И хъэдрыхэ нэху ухъу. Щ1алэм и адэр къуажэм дэк1ри бээхащ, дэнэ щыхэтми тщ1эркъым, и хъыбар къэ1уркъым куэд щ1ауэ…

– Инджылызхэр щызэхэзек1уэрэ мы 1эхэлъахэм? Лъыщ1ак1уэ ущык1уэк1э уарихьэл1эрэ? Къып1эщ1эмылъэгъуауэ п1эрэ? – деупщ1ащ щ1алэм.

– Махуэ къэси солъагъу! – къыджи1ащ щ1алэм. – Сымылъагъужащэрэт игъащ1эк1э! Я танкхэми, я машинэхэми 1эджэрэ са1ууащ. Щ1ап1эщ1элъадэ ухъу я танки я машини!

– Инджылыз сэлэтхэм си ныбжьэгъу яук1ащ, – жыс1ащ сэ. – Махуит1-щы и пэк1э.

– Уи ныбжьэгъуи? – къызэупщ1ащ фызыр.

– Си ныбжьэгъу дыдэт.

– Илъ пщ1эжакъэ?

– Илъ сщ1эжын хуей? – жызо1э, фызым и гум илъыр зэгъэщ1эн мурад си1эщи.

– Ар уи пщэ къыдохуэ, си щ1алэ! – жи1ащ фызым. – Уи ныбжьэгъур къэзыук1а бзаджэнаджэр бгъэпсэу хъурэ!

Фызри щ1алэри гъусэ пщ1ы зэрыхъунум шэч хэлъкъым: апхуэдэм укъагъэщ1эхъунукъым, уи дзыхь ебгъэз хъунущ.

– Зэрыжып1эмк1э, ди анэ, си ныбжьэгъур къэзыук1а инджылыз сэлэтыр сымыук1ыжмэ, сыхыр си хьэрэмщ?

– Уилъ умыщ1эжауэ, 1эрэ жьэрэ зэхуэпхь хъунукъым, си щ1алэ! Ц1ыхум ухабжэжынукъым, уилъ умыщ1эжмэ! Нэху къыптецхьэ хъунукъым, уи ныбжьэгъум илъ умыщ1эжауэ! – Абы шэч къытрихьэртэкъым фызым.

– Си нэбдзыпэ зэтеслъхьэ хъунукъым, си ныбжьэгъум илъ сымыщ1эжауэ! 1эрэ жьэрэ зэхуэсхь хъунукъым!

– Игъащ1э лъандэрэ ди хабзэщ ар! – жи1ащ фызым. – Фоч уимы1эмэ, сэ уэстынщ: сэ си1эщ фоч!

Уиэм щ1ыхьэжри, фызым фоч къыщ1ихащ.

– Мыр фоч пхуэхъункъэ? Лыгъэ пхэлъ закъуэмэ…

– Шэр къомэщ1эк1ынумэ, сэ шэ си1эщ! – къыщылъэтыжащ щ1алэщ1эр. – Гъэпщк1уауэ зызохьэ!

– Нт1э, щхьэ къысщыбгъэщ1рэ? – хуэхъущ1ащ фызыр и къуэм. – Сэ дэнэ усхьыжын уи гугъэ?

Щ1алэщ1эм и 1упэр зэрызэтежам гу лъыстащ: иджыри къэс щ1алэ ц1ык1уфэ кърипльами, и анэр къымэрыхуэарэзым щыгуф1ык1агъэнщ щ1алэр.

Фызым жес1ащ:

– Тхьэразэ къыпхухъу, ди анэ. Фочи шэи ди1эщ. Фи пщ1ант1эм ныжэбэ нэху дыкъыщебгъэк1мэ, нэгъуэщ1 дыхуейкъым…

Быдап1эм дызэрытеуэну щ1ык1эм дегупсысащ. Пшапэр зэхэуа нэужь, быдап1э куэбжэм т1у ек1уэл1энщ, куэбжэм и бгъуит1ымк1э ф1эль уэздыгъэхэр къракъутэхынщ, уэздыгъэхэр къракъутэхмэ, к1ыф1 хъунущи, адрейхэр блыным щхьэпрыншынщ, быдап1эм дэлъ топышхэхэр, лагъымхэр къагъэуэн щхьэк1э. Уэздыгъэхэр

къракъутэхмэ, инджылыз сэлэтхэр бэлэрыгъынущ, апщIондэху дэ быдапIэм дыдэуэнщ…

– Дапщэщ дыщежьэнур? – къызэупщIащ си ныбжьэгъухэр.

– Дыщызэгуры Iуа пIалъэм: сыхьэтищIым деж.

Ди ныбжьэгъухэм ящыщ зы къыщылъэтащ есыхьэтым, и кIэрахъуэр къриху ъуэтри пщIантIэм дэжащ. Инджылыз машинэ цIыкIу къарикIуэрт гъуэгум. Машинэм бгъэдэлъадэри, ди ныбжьэгъум шофёрыр иукIащ. Машинэр щхьэпридзащ. ЦIыхур къызэхуэжэсат, дэ дыщыпэсам. Фызри щIалэщIэри ныткIэлъыжащ. Машинэм мафIэ щIадзащ.

– Фи унэ фекIуэлIэж! – яжетIащ цIыхум. – Мыбы сэлэт къыкIэлъыкIуэнущ. Шофёрыр зыукIам фи Iуэху хэлъкъым! Машинэр щхьэпридзэри, мафIэ къыщIэнащ.

ЦIыхур зэбгрыкIыжащ. Дэри фызымрэ щIалэщIэмрэ я пщIантIэм дыдыхьэжащ.

– Лъыгъэ хэлъщ инджылыз шофёрыр зыукIам! – жиIащ фызым, пщIантIэм дыдыхьэжа нэужь. – ХуэфащэрищIащ!

– Дилъ тщIэжын хуейуэ жызыIар уэракъэ? – сеплъащ фызым.

– Сэращ! Дилъ дымыщIэжыфынумэ, цIыхуцIэ щIызетхьэн щыIэкъым!

Заул дэкIауэ, гъуэгум инджылыз машинэ зытхух къытехьащ.

– Инджылызхэм фыкъащIащ, – жиIащ фызым. – ЗывгъэпщкIу! ФаIэрыхьэмэ, факъелынукъым!

– Дэнэ зыщыдгъэпщкIунур?

– Кхъэм фыдыхьэ! Моблейщ, жыжьэкъым. Месри, флъагъурэ сынхэр? Кхъэм зыщывгъэпщкIумэ шэч ящIынукъым!

– Сэ сиэнщ! – жиIащ щIалэщIэм.– Уэ унэм ущIэмыкI!

– Хьэуэ! – идакъым фызым. – Сэри сынэкIуэнущ!

Кхъэм дынашэсащ зэанкэкъуэм. Пшапэр зэхэуэ щIыкIэкъым, къухьэпIэмкIэ пшэплъ къыщищIащ, дыгъэр тенэцIыхьыпащ. Кхъэм кIарц жыг закъуэтIакъуэ итщ – дэнэ зыкъуэбдзэн? Зы мащэ нэщI дришэлIащ фызым.

– Мы мащэр кууущ, фихуэнущ. Мащэм зыщывгъэпщкIу. Сэ згъэзэжынщи, хъыбар къыфхуэсхьынщ.

Мащэм зидгъэпщкIуащ. Зэанзэкъуэр къуажэм дыхьэжащ. Зыдущэхуауэ дисщ мащэм, догуэзавэри. Заул дэкIауэ, фоч уэ макъ зэхэтхащ. Инджылызхэр къуажэм къыдыхьащ, дауи. Абы шэч хэлъкъым. Къуажэм шэч хуащIамэ, зэтраукIэнущ. Сыт яхуэтщIэфынур?

– Мы мащэм дивмыгъэс! Датевгъауэ! – жиIащ ди ныбжьэгъухэм ящыщ зым.

– БыдапIэр-щэ? – хуадакъым. – БыдапIэм дэуэнур хэт итIанэ?

Абын дыхегъаплъэ, жылэ цIыкIуми дигу щIогъу: инджылызхэр къащысхьынукъым, зэтраукIэнкIэ мэхъу.

Лъэ макъ къэIуащ. КIыфIщи, тлъагъуркъым кхъэм къыдыхьар, ауэ и лъэ макъымкIэ къэтцIыхужащ: зи пщIантIэм дыдэса фызыращ.

Мащэм къыщхьэщытIысхьащ фызыр.

– Сыт хъыбар, ди анэ? – доупщI фызым.

Фызым псалъэр къыхудэшейркъым, ерамыгъуейуэщ зэрызэфIэсыр.

Мащэм дыкъыщIэфтащ. Фызыр лъы защIэт.

– СыкъаукIщ! СыкъаукI мыгъуэщ! Си лъыр фщIэж!
Фызым и щхьэр си куэщIым исlъхьащ.
– Сыт къэхъуар, ди анэ?
– Си лъыр фщIэж!..
Ар жери, фызым и псэр хэкIащ.
– Щхьэ дыээхэс? Къуажэр хьэкIэкхъуэкIэм яшхащ! Ди анэр къызэраукIар флъагъуркъэ!
Фызым и хьэдэр зэпэдубыдри, кхъэм дыкъыдэкIыжащ. Къуажэ цIыкIум дынэблэгъэжауэ, зылI дыIуащ.
– Хэт и хьэдэ мыр? – къыдэупщIащ лIыр.
– Фыз хахуэм и хьэдэщ! Хэкум папщIэ зи псэр зыта цIыхум и хьэдэщ! – жытIащ дэ, ди нэпсыр къыздыщIалъалъым.
ЛIым фызыр къацIыхужащ.
– Мыбы и къуэри къаукIащ инджылызхэм…
Къуажэм дыдыхьэжа нэужь, зэрыхъуар къыджаIэжащ. Инджылызхэм къуажэ цIыкIур къаувыхьри жылэм къыпаубыдащ:
– Шофёрыр зыукIар хэт? – жари.
ЖраIакъым. Щыжрамыlэм, цIыхуипщI къыхашри яукIащ. Зы къахэпащ:
– Шофёрыр зыукIар яжедмыIэмэ, псори дызэтраукIэнущ! – Ди хэгъэрей фызым къыбгъадыхьащ къэхэшар. – ЗыукIар уощIэ! Щхьэ нумыIуэрэ и цIэр? ЯжеIэ зыукIар!
Зэанэзэкъуэр яубыдащ инджылыз сэлэтхэм. ЩIалэр и анэм еIуцэщащ:
– ЯжеIэ, ди анэ! ЯжумыIэмэ, уэ уаукIынущ!
Фызым и щхьэм лъыр къыдэуеящ. Къуажэдэсхэм еджащ:
– Си щIалэр Iуфш мыбдей!
Инджылыз шофёрыр зыукIар щIалэщIэра и гугъэри, офицерым кIэрахъуэр къытриубыдащ. ЩIалэщIэр и пIэ кърагъэкIакъым.
– Налатыр зытехуэн! Аракъым фи шофёрыр зыукIар!
Офицерыр фызым бгъэдэкIуэтащ, кIэрахъуэр триубыдэри еупщIащ:
– Хэт ди шофёрыр зыукIар? КъыджеIэ!
Фызыр офицерым жьэхэплъащ:
– Си къуэращ зыукIар! Си къуэр!
КIэрахъуэр фызым триунащIэри, офицерыр къуажэм дэкIыжащ.
Жэщыбгым зыкъищIэжащ фызым, хьэдэм къахэтэджыкIри кхъэм нэкIуащ, хъыбар нытхуихьри. И псэр кхъэм щыхэкIащ…
– А лейр бгъэгъу хъунукъым! – жиIащ си ныбжьэгъум, хъыбарыр игъэсри. – Фыз хейм илъ тщIэжыху детIысэхакъым. ИгъащIэкIэ дигу ихунукъым хэкум и хуитыныгъэм псэр щIэзыта фызыр.

*ЗэзыдзэкIар* **КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ**

# УЭТЕЙ ХЬЭЗЭМ И ЕХЪУЛIЭНЫГЪЭХЭР



*Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэм и зэхэщIыкI-гупсысэм, и лъым хэпщауэ къогъуэгурыкIуэ ди пIальэ имыкIыж, лIэщIыгъуэ бжыгъэхэми хамыкIуэдэж лъапIагъэхэр — напэр, щIыхьыр, цIыхугъэ-тыныгъэр, хэку лъагъуныгъэр. «Хамэ хэку сыщытхъэ нэхърэ си хэкужь сыщыщIэлъ»-псальэжьым и мыхьэнэр дапщэщи хуэмыдэ-жу щыжьрей лъэхъэнэм хэкурысхэм ди нэгу щIэкI зэпытщ. «Бланэ щалъху мэкIуэж»-жыхуаIэращи, хамэ щIыналъэхэм щыкъуэ-хьа адыгэхэр хуэмурэ я адэжь хэгъэгум къокIуэлIэж, зэгуэр гуузу ирагъэбгынауэ щыта щIыналъэм я жьэгу щаухуэж. Абы-хэм ящыщщ Щам къикIыжу хэкум къэзыгъэзэжа Уэтейхэ я унагъуэр. Мы унагъуэм хэхауэ гулъытэ худэзыгъэщIар и щIалэ нэхъыжь Хьэзэм и зэфIэкIхэрщ.*

*Уэтей Хьэзэм и ныбжьыр илъэсипщI къулейщ зэрыхъур, ауэ абы ималъытауэ ныбжьыщIэ аксымыфIэм ехъулIэныгъэ куэд зыIэригъэхьэну хунэсащ. Хьэзэм лъэпкъуэ куэдымкIэ зэчий бгъэдэлъщ: уэрэд жеIэ, шыкIэпшынэ йоуэ, бэ зэхуэмыдэхэм хуэмэрыкъуэщ, щыжьрей дэмбышым цIыхубзэри зрегъащIэ. Макъ гуакIуэ зиIэ щIалэ цIыкIур зэхьэзэхуэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэтащ, икIи увыпIэ хэхахэмрэ саугъэт лъапIэхэмрэ къыщыхуагъэфэщащ. Къыщынэмыщlауэ, Хьэзэм ди хэгъэгум щекIуэкI шынахьхэмрэ зэхуэсхэмрэ уэрэд щыжеIэ, шыкIэпшынэ щеуэ. Гъуэгуфэ дахэ хэзыша ныбжьыщIэм дэ упщIэ зыбжанэкIэ зыхуэдгъэзащ.*

**— Хьэзэм, сыт щыгъуэ фи унагъуэр хэкум къыщыIэпхъуэжар? ИкIи сыт абы щхьэусыгъуэ хуэхъуар?**

— 2012 гъэм ди унагъуэр — си адэшхуэр, си адэ-анэр, си къуэш нэхъыщIэ цIыкIур ди гъусэу, — Къэбэрдей-Балъкъэрым дыкъэкIуэ-жащ. Сэ абы щыгъуэ илъэситху ныбжьым ситу арат.

Щамыкlэ (Сирием) зауэ къыщыхъеинэуэ, абы дыкъыIэпхъукIыну мурад тщIащ. Си адэм и ныбжьыгъуэхэр къыддэIэпыкъуу хамэ къэрал куэдым дыIэпхъуэфыну Iэмал диIащ, си адэ-анэми здагъэзэнур ямыщIэу тIэкIурэ чэнджэщащ, итIанэ сэ къызэупщIхэри, хэкум дыкIуэжмэ зэры-нэхъ сфIэфIыр жесIащ. Сэ жысIар си адэшхуэми къыдиIыгъащ. Ап-хуэдэ щIыкIэкIэ хэкум къэдгъэзэжащ.

**— Хьэзэм, сэ зэрысщIэмкIэ, уэ уэрэд жыпIэну пфIэфIщ, абыкIэ ехъулIэныгъэ гуэрхэри зыIэрыбгъэхьащ... — Сыт хуэдэ уэрэдт нэху зэбгъэщIар?**

– Сэ уэрэд жыІэным сыдихьэхырти, япэщІыкІэ си закъуэу жысІэу, итІанэ зыгуэрхэм зэхэзгъэхыу щІэздзащ. Япэу зэзгъэщІар «ИстамбылакІуэращ». ЕтІуанэр «Адыги на земле своей живут» жыхуиІэращ… Лъэпкъым, хэкум ятеухуа уэрэдхэр нэхъ сфІэфІщ.

**– Абыхэм нэмыщІкІэ, псалъэм папщІэ, сэ зэхэсхащ Думэн Мурадин итхауэ Нэхущ Чэрим игъэзащІэ «Си дахащэ» уэрэдыр жыпІэу. Къохъулlауи къысщохъу.**

– НтІэ, а уэрэдри жысІащ. Нэхущ Чэрим и уэрэдхэр псори сигу ирохь, ахэр зызогъащІэ, жызоІэ.

**– Уи уэрэдхэр, сэ сызэрыщыгъуазэмкІэ, утыкушхуэхэм ихьащ, зэхьэзэхуэхэми ухэтащ. Абыхэм нэхъ зыубгъуауэ и гугъу къытхуэщІыт.**

– Нэгъабэрэ мы гъэмрэ (2016–2017) я гъатхэхэм хуэзэу Налшык щекІуэкІа «Налшык насыпым и налщ» («Нальчик – подкова счастья») Ещанэ, ЕплІанэ дунейпсо зэхьэзэхуэхэм сыхэтащ. Абыхэм сыхуэзыгъэхьэзырар вокалымкІэ си егъэджакІуэ Даур Иринэщ. А зэхьэзэхуэм сэ щыжызгъэзащІащ «Си дахащэ», «ИстамбылакІуэ», урысыбзэкІэ «Две души», «Адыги на земле своей живут» жыхуиІэ уэрэдхэр. ИлъэситІми зэкІэлъыкІуэу етІуанэ увыпІэхэр къэсхьри, щІыхь тхылъхэмрэ медалхэмрэ къысхуагъэфэщащ.

**– А уэрэдхэр уэ езым къыхэпхыжрэ?**

– Уэрэдхэр си егъэджакІуэ Даур Иринэ къысхухехри жызоІэ, абы къыхихыхэр сэри хуабжьу сигу ирохь.

**– Уэрэд жрыжыпІэм къыдэкІуэуи, уэ шыкІэпшынэ уоуэ. Хэт абы ухуезыгъэсар?**

– ШыкІэпшынэ еуэным сыхуезыгъэсар Шэджыхьэщ Іэ Зуретщ. Ар тхьэмахуэм тІэу къыздолажьэ, макъамэ хъуа шыкІэпшынэ соуэ.

**– Сэ сызэрыщыгъуазэмкІэ, уэ бзэ куэди уощІэ…**

– Хьэрыпыбзэр, урысыбзэр, инджылызыбзэр сощІэ. Дыкъыздэ-Іэпыхъуа Благовещенкэ къуажэм дэсхэр псори урысти, урысыбзэр абдежым тІэкІу щызэзгъэщІащ, иджы тхьэмахуэм зэ къалэм сыкъакІуэурэ, хэхауэ егъэджакІуэ сиІэу, абы урысыбзэм сыхурегъаджэ.

**– Хьэзэм, балигъ ухъумэ, сыт хуэдэ ІэщІагъэр къыхэпхыну уи мурад?**

– Нэхущ Чэрим хуэдэу уэрэджыІакІуэ сыхъуну сыхуейщ.

**– Тхьэм къуигъэхъулІэ!**

---

Уэтей Хьэзэм и хъуэпсапІэхэр къехъулІэнымкІэ къыдигъэзэжа щІыналъэми хамэ къэралхэми щыпсэу адыгэхэр дэІэпыкъуэгъу къыхуэхъуащ. Апхуэдэхэм ящыщщ «Гу къабзэхэр» («Чистые сердца»)



щIалэгъуалэ хасэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Къарэ Ратмир. Ар Хьэзэм и творческэ гъуэгуанэм псыпэхэщ хуэхъуащ: абы и фIыщIэкIэ щIалэ щыкIум и макъ гуакIуэр щыхубэм ипэу зэрызэхахар. «Хамэ щIыналъэ къикIыжа ди лъэпкъэгъухэм хьэпшып гуэрхэр яхуэтшэурэ дадэIэпыкъурти, — игу къегъэкIыж Ратмир, — Благовещенкэ дыкIуауэ, мы щIалэ щыкIум я пщIантIэм дыщыдыхьэм, уэрэд жиIэу зэхэтхри, тфIэгъэщIэгъуэни хъуащ икIи и жыIэкIэр дигу ирихьри, телефонхэмкIэ видео теткауэ щытащ. ИужькIэ ар Интернетым итлъхьэри, щыху мин бжыгъэхэр еплъащ. Сабийм зэчиишхуэ зэрыбгъэдэлъым теухуауэ Щамым, Иорданием, Тыркум, Иракым, адыгэ щыпсэу пэгъуэщI щIыпIэхэми тхыгъэ куэд къратхыкIащ».

Ратмир зэрыжиIэмкIэ, абдежым къыщыщIэдзауэ Хьэзэм щIыху куэд дэIэпыкъуэгъу къыхуэхъуащ. Псалъэм папщIэ, абы и уэрэд жыIэкIэр Германием щыпсэу ди лъэпкъэгъу щIалэ Темыркъан Зауэр зэхихри, сом мин 12 и уасэ пшынэ къыхуищэхуащ. И фащэр «Гу къабзэхэр» хасэм хэт щIалэгъуалэм я мылъкукIэ хурагъэдащ. «Си бзэ — си псэ, си дуней» проектым и щIыхькIэ къызэрагъэпэща пшыхьым уэрэд щыщыжиIам, Джадгъэф Хьэусен гу къылъытащ, и уэрэд жыIэкIэр игу ирихьри, фащэм пыт пыIэр щIэишэу хуищIащ. Фащэм дэщIыгъун хуей хьэзырхэмрэ бгырыпхымрэ Мэрзэхъу МэчрэIил тыгъэ къыхуищIащ. КIэщIу жыпIэмэ, Хьэзэм и гурылъхэр къехъулIэным, и хъуэпсапIэхэр нэрылъагъу хъуным куэдым я гуащIэ халъхьащ. «Гу къабзэхэр» хасэм хэт щIалэгъуалэм я мурадщ дяпэкIи я нэIэ Хьэзэм трагъэтыну, нахъ балигъ къэхъумэ, Налшык дэт МакъамэмкIэ колледжым и кадет корпусым щIагъэтIысхьэну.

Уэтей Хьэзэм хуэдэ щIэблэ къызэщIэхъуэ лъэпкъым къэкIуэну дахэ зэриIэм шэч хэлъкъым.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ** *Людмилэ*

# ПСАЛЪЭЗЭБЛЭДЗ





*ЕкIуэкIыу:* **1.** Дагъуэ, ныкъусаныгъэ, дерт. **6.** Залым, бзаджэ. **8.** ПщылIыпIэм имытыж мэкъумэшыщIэ. **9.** ... зыгъэдалъэм илъ япэ мажэ (*псалъэжь*). **10.** Гур мыпаъэмэ, ... плъэркъым (*псалъэжь*). **12.** «Нэсхэм я ...» — Гъубжокъуэ Лиуан и усэ. **13.** Къуршым и нэхъ лъагапIэ дыдэ, бгы лъагэм и щыгу. **14.** Дунейм и лъэныкъуиплIым я зы. **15.** Напэншэ, щIыIуэнщIыншэ. **16.** ЦIыхухъуцIэ. **19.** ... лей хъуркъым (*псалъэжь*). **21.** Дахэ дыдэ (*нэхъыбэу зыхужаIэр бзылъхугъэщ*). **23.** ... мафIэмрэ Iэубыдыпlэншэщ (*псалъэжь*). **24.** Жагъуэу ялъагъум, Iумпэм ящIым хуаIэ щытыкIэ. **27.** Сабэншэ, фейдэншэ, хэхъуэ зимыIэ. **30.** Пщым и пщIантIэм Iуэхутхьэбзащlэу дэту щыта цIыху. **32.** Хьэщlэр здихьа

унагъуэ, хэгъэрей. **33.** Удым зэрихьэ бзаджагъэ Іуэху. **34.** Зыгуэрым щІат, хуагъэув уаса. **35.** Сабий журнал. **36.** Саугъэт. **37.** … дыхьэшхрилэщ *(псалъэжь)*. **38.** Дэрэжэгъуэ. **39.** Щытхъу нэхъра … *(псалъэжь)*.

*Къехыу:* **2.** «Къанщобийрэ Гуащэгъагъэрэ» пьесэр зи Іэдакъэ къыщІэкІа тхакІуэ. **3.** Жьы хъуахэр Жьыгъеибг щрадзыхыжкІэ ярагъэтІысхьэу щытар *(нарт эпос)*. **4.** Іэщэ лІэужьыгъуэ. **5.** Хьэлъэ зэрашэч Іэмэпсымэ. **6.** Шыгуным къыхэщІыкІа зэрыпщафІэ хьэкъущыкъу. **7.** Напэншэ нэхъра … *(псалъэжь)*. **11.** … и гъунэгъу лыр мажьэ *(псалъэжь)*. **17.** Волгэ псым адыгэбзэкІэ зэреджэр. **18.** Былым къыпщІын нэхърэ … къыпщІын *(псалъэжь)*. **20.** Бийм ІэщІыхьауэ иІыгъ цІыху, щхьэхуимыт. **22.** Уи адэ и щІапІэ гъэдахэ, уи … дахэу епсалъэ *(псалъэжь)*. **23.** Япэм щыгъуэ щыІа сабий джэгукІэ. **25.** ПсэупІэ, щІапІэ зимыІэ. **26.** ГъущІ лъапІэ лІэужьыгъуэ. **28.** ГущІэгъуншагъэ. **29.** Куэд зыщх, гужьеяуэ шхэ. **31.** Пащтыхьхэм, хъанхэм я тепщэныгъэм и нагъыщэ тетІысхьэпІэ гъэщІэрэщІа. **32.** Адыгэ унэщІэ.



**ЕплІанэ къыдэкІыгъуэм тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр**

*ЕкІуэкІыу:* **5.** «ДжэнэтІ». **8.** Шабзэ. **10.** Шыпсэ. **12.** Ашэмэз. **14.** Хьэмыуэ. **16.** Жьей. **18.** Ду. **19.** Уд. **22.** ПащІэ. **25.** Мысэ. **26.** Къуэдзэ. **27.** Хьэуа. **30.** Абрадж. **31.** Нэгумэ. **32.** Амдэч. **35.** Лыгъэ. **36.** Хуарэ. **37.** Уэркъ. **39.** Гъуагъуэ. **40.** Мы. **41.** Гъуху. **43.** Сэху. **46.** ЗыІэжьэ. **48.** Уэзджэр. **50.** Унашэ. **51.** Блашэ. **53.** Мурид.

*Къехыу:* **1.** Фо. **2.** Гуимэ. **3.** Балэ. **4.** Уэ. **6.** Тыкъужь. **7.** Псей. **9.** Нал. **11.** Къуэщ. **13.** МафІэ. **15.** Лэжьум. **17.** Къанщболэт. **18.** Дыщэ. **20.** Даур. **21.** Псыхьэлыгъуэ. **23.** Гуэбнэч. **24.** Тхьэмахуэ. **28.** Дэп. **29.** Аму. **33.** Щыхум. **34.** Урыху. **38.** Къамэ. **39.** Гъубжэ. **42.** Бзэ. **43.** Сонэ. **44.** Хъуэжэ. **45.** Къру. **47.** Жьашэ. **49.** Зауэ. **52.** Лу. **54.** Иц.

**IУАЩХЬЭМАХУЭ**
(Эльбрус)

Литературно-художественный
и общественно-политический журнал

На кабардинском языке

**Учредители:**
Министерство культуры Кабардино-Балкарской Республики (360000, КБР, г. Нальчик, ул. Кешокова, 43), общественная организация «Союз писателей КБР» (360051, КБР, г. Нальчик, ул. Адмирала Головко, 6).

Главный редактор **А. Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Борис Бикоев,
Адам Гутов, Хамид Кажаров, Хамид Кармоков,
Хачим Кауфов, Хамиша Тимижев, Людмила Хавжокова,
Муаед Хаупшев (ответственный секретарь)

Корректор – Марина Жекамухова
Компьютерный набор и верстка – Зарета Князева

Свидетельство о регистрации
Управление Роскомнадзора по КБР
ПИ № ТУ07-00100 от 24.12.2014 г.
Подписной индекс: 73296

Подписано к печати 16.10.17. Формат $70x108^1/_{16}$.
Бумага офсетная №1. Печать офсетная. Усл. п. л. 14,0.
Уч-изд. л. 11,7. Тираж 2,786 экз. Заказ №537
Подписная цена на 2 месяца 31 р. 17 к.
Подписная цена на 6 месяцев 93 р. 51 к.

Адрес редакции: 360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5,
Дом Печати. Телефон: 40-04-51. Адрес электронной почты:
e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

Адрес издателя: 360000, КБР, г. Нальчик
пр. Ленина, 5, Дом печати. ГКУ «КБР-Медиа»

Отпечатано ООО «Печатный двор»
360000, КБР, г. Нальчик, ул. Калюжного, 1

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством
предоставленного электронного оригинал-макета

